ФГОС

Ахмадов М. М.
Алиева З. Л.-А.

# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

8 КЛАСС

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
А954

**Дагахь латтаде!**

– хаттарш а, тӀедахкарш а;

– текстана комментари;

– ешначух ойла е вай;

– произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;

– вайн къамел кхиадо;

– культурийн диалог;

– гӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дар;

– билгалйинчу теманашна проекташ кхолла;

– хӀума довза лууչарна.

А954 **Нохчийн литература.** 8 класс. Нохчийн Республикин юкъарадешаран учреждениешна Ӏамат / ХӀоттийнарш: Ахмадов М.М., Алиева З.Л.-А. – Соьлжа-ГӀала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2019. – 352 агӀо.
ISBN 978-5-4314-0442-9

8-чу классан дешархошна лерина Ӏамат юкъайогӀу 5–9 классийн дешаран-методически комплектана. Программин буха тӀехь хӀоттийна а, хӀинцалерачу литературин лехамашца йогӀуш а ю.

Ӏамат хьалха арахецначарех къаьсташ ю шен дӀахӀоттамца а, исбаьхьаллин-литературин материал йовзийтарца а. Ешначу произведенийн чулацам кӀорггера бовза, церан исбаьхьаллин башхаллех кхета, дешархойн дозуш долу къамел кхио аьтто бечу кепара чӀагӀйина методически агӀо.

Учебник соответствует Федеральному государственному образовательному стандарту основного общего образования

Рекомендован Министерством просвещения Российской Федерации (Приказ Министерства просвещения РФ от 28 декабря 2018 года №345)

Ӏаматца цхьаьна зорба тоьхна: «Нохчийн литература: нохчийн литература кхиорна лерина белхан тетрадь. 8 кл.», «8-чу классехь нохчийн литература хьехар. Хьехархочунна гӀоьнна методически куьйгалла», «Нохчийн литературина лерина гергтарчу хьесапехь белхан программа. 8 кл.»

ISBN 978-5-4314-0442-9

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)

© Ахмадов М.М., 2021
© Алиева З.Л.-А., 2021
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2021
Все права защищены

# МОТТ БАЦАХЬ, КЪАМ А ДАЦ

Литература заманан эс ду, я дахаран сацийна IиндагI, куьзган чохь сибат санна, хенаца сецна дахар. И дахар самадаккха – суьрташца сецна дахар – дешархо оьшу, мотт хууш волу дешархо – йозанан мотт.

Исбаьхьаллин литература йовзарца бIе шо хьалха хилла дахар самадала долало, хIетахьлера адамаш, церан Iер-дахар, баланаш, синкъерам, турпалхой гуш. Дешархо цара шайца дIавуьгу, куьг лаьцна дуьгу бер санна, шайна тIаьхьа а хIоттавой. Дешархочунна ца гуш мохк ца буьсу, йовзаза гIаланаш а, адамаш а, юха духарш а церан, Дон-Кихот вевза цунна, Д'Артаньян а, Спартак а. Цара цуьнан ойла стамйо, цунна уьш санна хила лаьа, иштта майра, доьналле, харцонца къийса, нийсонан накъост хила. Кхечу къоман турпалхоша шен мохк беза Iамаво, шен къам лара, даймахкана орцахвала. Иза, вогIу-у-уш, юхавоьрзу тIаккха шен махка – Нохчийчу, шен хиллачуьнга, хиндолчуьнга.

Шайх Мансур го цунна, Таймин воI Бийболт, Харачойн Зеламха, Дадин Айбика а. Цунна хаьа, ша цхьана мехкан векал вуйла, шен къам а, мохк а дуйла, мотт дашах лаьттийла а, дешан ницкъ боккха буй а. Вайн халкъан иллешна, туьйранашна, эшаршна, назманашна шен ойла тIехьаьвзича, цул йоккха дешан хазна кхин йоцийла хуур ду дешархочунна, вайн барта кхолларалла Iаламат боккха, маттаца нийса аьлла бахам буй а кху къоман. Цу иллийн турпалхоша – баккъал а вайн дахарехь иштта хилла болчу цу оьздачу, майрачу турпалхоша – дуьнен чохь адамна шен син мехе кхочуш цхьа а хIума доцийла хоуьйтур ду, дешархо, хьуна. Вайн иллешкахь йолчу меттан исбаьхьаллина, дешархо, хьо тIаьхьакхиъна а вер вац, де дийне мел дели цу ирсах цецвуьйлуш, воккхавеш, и иллеш юха-юха а доьшуш:

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,  
Расхачу шен дина цIен жулар ва тесна,  
Ша хьалха ва уьдуш, дин тIаьхьа ловзабеш,  
ХитIа ваха велира, тов, и Зайтан Шихмирза.  
И воьдуш хиира, бах, ворхI вешин йишина.  
Туька йиллал ва дари шен дегIе дуьйхина,  
Герзаш кхалал ва дети шен некхе дерзийна,  
Пошмакхийн цу кийрахь цIен кIархаш цIийзабеш,  
Чилхьесан бухкарца, цу цIестан кIудалца,  
Цу хIордан ва махо ездари ловзадеш,  
Эсаран ва махо кисин тIам ловзабеш,  
ХитIа яха ма елира ворхI вешин ва йиша.

Иштта бу-кх дешан ницкъ, дуьне дашца кхоьллина а ду. «Хила!» – аьлла, Дала аьллачу цхьана дашца. Поэто Кибиев Мусбека яздо:

Дош доцург дош дац,
Дашал доккха хIума дац,
Дашо, тухий, стаг во дашо,
Тухий, иза дакъазвоккху.

Хасбулатов Ямлихана иштта яздо:

Сайн некъан беза мохь
Бихкина букъ тIе,
Сайн метта даха ас
Дуьту хьо, дош!

Ша мел кхоьллинчу халкъашна шен дешнех цхьацца дош делла Дала – хIора халкъана шен-шена мотт. Вайна, нохчашна, нохчийн мотт белла, цу маттаца – Нохчийчоь – мохк а луш. ХIокху доккхачу дуьненахь, хIара цхьаъ бен, Нохчийчоь а яц, кхузахь – вайн Нохчийчохь бен – Iамош, толлуш я буьйцуш нохчийн мотт а бац цхьанхьа а.

Вайн литература нохчийн яздархоша нохчийн маттахь язъеш ю, шен къоман маттахь йоцург къоман литература ца хуьлий а хууш. Далла бу хастам, вайн мотт а, мохк а, литература а йолуш. Вайна – нохчашна – хIун дуьсу тIаккха, хIун декхар я хIун Iалашонаш?

Вайн мотт, мохк ларбар ду-кх вайн уггар а деза декхар. Мотт муха ларбо?

Мотт бийцарца ларбо-кх, цу маттахь яздарца, Iилма талларца, книгаш ешарца, шен берана нохчийн мотт Iаморца. *Литература* – иза къоман истори ю, къоман селхане, тахане, цуьнан кханенга болу некъ, хIунда аьлча шен маттахь язъечу литератури чохь яздархочо цу къоман бIешерашкахь хилла долу гIиллакх-оьздангалла, Iер-дахар вайна гайтарна.

Лев Толстойс «ТIом а, машар а» романехь шен халкъ гайтина, шен халкъо Францина дуьхьал бина тIом, цу заманахь шен халкъан хилла дахар. Толстойс и роман синкъерамна я шен, авторан, сий лакхадаккха ца язйина, цо и роман, шен къоман доьналла гайта, даймохк мостагIех ларбан безийла хаийта, тIаьхьа тIедогIучу чкъурашна шайн дайн доьналлин масал дита, язйина.

Цу лаамца язйина ю Мамакаев Мохьмада а, Айдамиров Абузара а, Окуев Шимас а, кхечара а язйина йолу романаш, повесташ, поэмаш, стихаш, эзар шераш девлча а вайна, нохчашна, вайн дIадахнарг диц ца далийта, ваьш муьлш хилла, хаийта, вай нохчий а хилла дисийта вайн махкахь, хIетахь санна, хIинца а буьйцуш нохчийн мотт а болуш.

Кхушарахь, борхIалгIачу классехь, шуна бевзарболчу яздархошна юккъехь нохчийн тоьллачех болу дешан говзанчаш бу, Бадуев СаьIид, Мамакаев Мохьмад, Сулейманов Ахьмад а волуш шайца. Иштта Хасбулатов Ямлихан а ву, Арсанукаев Шайхи а, Хамидов Iабдул-Хьамид а. ТкъолгIачу бIешеран кхузткъе уьтталгIачу шерашкахь нохчийн литературин поэзехь

а, прозехь а керла некъ биллинчех ву Абдулаев Леча а, Ахмадов Муса а, Бисултанов Апти а, Яшуркаев Султан а.

Абдулаев Лечин поэзи – дуьххьара ала мегар долуш – Іаламат чІогІа маьІне а, кІорге йолуш а ю нохчийн литературехь, Аптин поэзи васташца къаьсташ хиларе терра. Ахмадов Мусан проза нохчийн литературе керлачу некъашца еана, шен къаьстттанчу хотІаца. Шен прозехь болчу кхиамашца царах ву Яшуркаев Султан а.

«Да ца леринчу кІантах къонах ца хилла», – олуш ду. Цу кицанна тІедоьгІна аьлча, вайн литературин дай – Бадуев СаьІид, Мамакаев Мохьмад – лара а вогІу уггар хьалха.

Мохьмадан поэзехь доьналла ду, доьналлин декхар, оьздангалла, гІиллакх. Мохьмадан поэзица дерриг вайн къам ду, цуьнан къа-бала, «ЦІий хуьйдина лаьмнаш» поэма ешча, шуна шайна а гур ду иза.

Мамакаев Мохьмадан берхІитта шо а ца хилла и поэма цо язъечу хенахь. Мохьмадан «Даймехкан косташ» нохчийн къомана цо дитина весет ду, оцу масех могІанехь вайн хила деза декхарш а гойтуш. Цкъа а, дешархой, шаьш дуьнен чохь мел деха, диц ма делаш Мохьмадан хІара дешнаш:

Шен ненан мотт халкъо
Сий ойуш, Іалашбахь,
Цу халкъан паргІато
Цхьаммо а хьошур яц! –

махкана тІе Іазап-бала хІоьттича, цо даьккхина хилла долу орца шен къоме.

Хьайн къам кхечу къаьмнашна хьо дІадовзийта воьлча, уггар хьалха, харцонна дуьхьал, къоман маршо къуьйсуш белла хилла болу турпалхой буьйцу ахьа царна, шозлагІа – дуьненна гоьбевлла яздархой, Іилманчаш, художникаш, композиторш а буьйцуш.

Шен дІадахнарг цадевзачу къоман тІехиндерг, бІаьрзе кІеза санна, кханенга боьду некъ а ца гуш хир ду. Цундела, дешархой, нохчийн маттахь йолу шайн къоман литература ешалаш уггар а хьалха, цуьнгахула – цу литературехула – шайн къам а, шайн къоман истори а, шайн мотт а, Іадат а девзар ду шуна. Нохчийн тоьллачу поэтийн – Мамакаев М., Мамакаев І., Сулейманов А., Гадаев М.-С., Окуев Ш., Гацаев С., Кибиев М., Абдулаев Л., Бисултанов А. – стихашка хьовса, еша уьш, вайн меттан хазалла, исбаьхьалла, вайн дегнийн синкъерам бу шуна цу стихашкахь, вайн дегнийн аьрхалла а, вайн собар, доьналла а.

Маттаца боцу синкъерам махкаца а хир бац, мохк матто кхуллуш а бу, мотт бацахь, къам а дац. Мотт дийна хилча, къам а хир ду, Нохчийчоь а хир ю тІаккха, нохчийн шайн искусство а, литература а кхуьур ю.

***Бексултанов Муса,***
Нохчийн Республикин халкъан яздархо



# БАДУЕВ
# Сулейманан СаьІид-Салихь
## *(1903–1938)*

Нохчийн литературин бухбиллархойх цхьаъ волу Бадуев СаьІид-Салихь вина 1903-чу шеран август беттан 28-чу дийнахь Соьлжа-ГІалахь, шен схьавалар Хьалха-МартантІера долчу со-вдегаран Сулейманан доьзалехь..Дахар-Іерехь дешар коьрта хиларх дика кхеташ волчу дас Соьлжа-ГІаларчу реальни училище деша дІавелла кІант.

Амма боккхачу лаамца дІадолийна дешар чекхдаккха аьтто ца хилира: 1914-чу шарахь, тІера да а кхелхина, ненан карахь бисира БадуевгІеран боккха доьзал. Нана ца ларайора берийн дешарна тІера мах бала. И бахьана долуш 1916-чу шарахь училищера дІаваьккхира СаьІид (иштта йоца язйора Бадуевс ша шен цІе). Бакъду, реальни училищехь дешаро дика тІеІаткъам бира цуьнан дуьнене хьежарна а, исбаьхьаллин дашс безам кхиорна а. Училещехь евзира цунна оьрсийн классически литература.

Вуно жима волуш болабелира Бадуевн къинхьегаман некъ: хеназа да кхелхинчул тІаьхьа, доьзалехь ша воккхахверг хиларе терра, балха а вахна, доьзал хене баккхарехь нанна гІо дан дийзира цуьнан. 1922-чу шарахь СаьІида Буру-гІалахь кооперативни курсаш чекхъехира. Цул тІаьхьа, йоццачу хенахь, кооперацехь болх а бира. Литературоведо Арсанукаев Іабдуллас ма-яздарра, «цуьнан шовкъ йолуш болх бацара иза, цуьнан дог ца летара оцу гІуллакхех. Бадуев СаьІидан ойла кхечанхьа гІертара: шен къоман культура кхиорехьа, йоза-дешар даржорехьа, халкъ Іилманан сер-лонга доккхучу балха тІехь дакъалацарехьа. Шен Іалашо кхочушъярхьама, хьехархойн курсашка деша вахара иза. Уьш чекх а яьхна, хьехархочун болх бира цо. Школехь берашна хьехарца цхьаьна баккхийчарна йоза-дешар а Іамадора СаьІид-Салихьа».

Яздархочун дуьххьарлера произведенеш зорбанехь арайийлина 1925–1926-чуй шерашкахь «Серло» (хІинца «Даймохк») газетан агІонаш тІехь.

Бадуев СаьIид нохчийн керлачу литературин бухбиллархо ву. «Керла литература» аьлла вай билгалйоккхург, Россехь 1917-чу шарахь социале-политике карчам хиллачул тIаьхьа, керлачу Iедало (цо ша-шех «белхалойн, ахархойн Iедал» олура) вайн къомана леррина юкъадаьккхинчу оьрсийн абатан буха тIехь вовшахтоьхначу йозанца кхоьллина литература ю.

Цул хьалха а хилла нохчийн литература: Iарбийн элпашца нохчийн маттахь яздина а, Iарбийн маттера нохчийн матте даьхна а жайнаш хилла нохчийн эвлаяаша а, Iеламнаха а арахецна. Иштта дикка кхиъна хилла нохчийн динан поэзи а – назманаш.

Бадуев СаьIидан кхолларалина тIеIаткъам бина оьрсийн классически литературо а, нохчийн фольклоро а. Беркате къахьегна цо нохчийн литературин мотт кхиош, керл-керла исбаьхьаллин гIирсаш юкъабохуш, къаьсттана прозехь.

Турпалхочун дог-ойла ястаран (психологин) проза дуьххьара вайн литературехь юкъаяьккхира Бадуевс. Иштта керла дара яздархочо шен йозанехь чолхечу аламех пайдаэцар а.

Чулацаме диллича, Бадуевн говзарш, коьрта долчунна, бохамаша гатте хьовзийначу мискачу стагах, цуьнан синхьийзамех, сингаттамех, сирлачу сатийсамех ю.

Царах ду «Олдам» дийцар а. Вайн махкахь къизалла карзахъяьлла, нехан кхолламаш хьоьшуш хьийзачу хенахь, нехан синошкахь къинхетам, вовшех доглазар алсамдаккхар коьрта маьIна ду цу хенахь яздинчу оцу дийцаран а, кхечу дуккхачу а говзарийн.

Беха ца хилла Бадуев СаьIидан кхолларалин некъ – иттех шо. Амма цуьнан ницкъ кхаьчна нохчийн поэзехь, прозехь, драматургехь бIаьрла лар йита. Оцу йоццачу хенахь цо язйина пхийтта гергга пьеса, роман, дуккха а повесташ, дийцарш, стихаш. Цуьнан тоьллачарех йолу произведенеш («ЦIеран арц», «Бешто», «Iимран», «ГIу», «Олдам», «ПетIамат», дуккха кхиерш а) хрестоматийни хилла дIахIиттина. Цуьнан цIе, къасталур йоцуш, йоьзна ю нохчийн драматически театрах а. Ма-дарра аьлча, 1931-чу шарахь кхоллаеллачу нохчийн театран когахIоттар СаьIидан пьесаш тIехь хIиттийначу спектаклашца хилла ду. Театрехь еххачу хенахь болх бина СаьIидан вашас Мовлдис а. Театран тоьллачу актерех цхьаъ хилла иза.

Къаьсттана беркате къахьегна яздархочо драматургин говзарш язъеш. Цо театраца цхьаьна беш хиллачу балхах яздина шен дагалецамашкахь яздархочо Саидов Билала (цу хенахь цу театран актер хилла иза): «Бадуевс шен цIера араваьлла йоккху хан, ерриг а бохург санна, театрехь йоккхура. Массо а репетицехь, спектаклехь хуьлура иза. Ша пьеса язъян

волавелчхьана, хIора ша яздина сурт режиссерна, актерашна доьшура. И пьеса хIотто кечъечу хенахь, царна гIо деш, балхахь жигара дакъа а лоцура. Царна дагадеана пайдехь дерг магадора, шена луучух уьш тешабора. Иштта цхьаьна бинчу белхан тIаьхье, иза иштта хила ма-деззара а, боккха кхиам болуш а хуьлура.

КIошташка тхо доьлхучу хенахь СаьIид, гуттар а бохург санна, тхоьца цхьаьна хуьлура. ХIстахь хIинца санна машенаш яцара, автобусаш-м тхуна дагахь а яцара. Дукхахьолахь, тоъал ворда-хIургон а ца хуьлура. Цхьа говр южучу ворданах я цхьана хIургонах тоам бан дезаш меттиг а нислора. ТIаккха тхо, тхешан декорацеш, костюмаш, риквизит цу тIе а тарйой, тхаьш улледовлий, гIаш доьлхура. Иштачу хьелашкахь а СаьIида бIо ца къажбора, тхан гIоьнча хилла, тхуна юххе вала. Тхо дIадоьлхуш новкъахь а, тхаьш доьлхучу дIакхаьчча а, меттигерчу хьелашка хьожжий, цо шен пьеса, кIезиг-дукха хуьйций, тойора, оха цу сохьта и хийцам сцени тIехь дIахIоттабора.

Тхо даьхкина хаза а хеташ, тхоьга хьовса богIура нах. Амма, шайн бIаьргах доллу дитт санна, тхо новкъахеташ берш а бара.

Къаьсттана дагахь лаьтта суна Йоккхачу АтагIахь тхаьш «ЦIен гIап» хIоттийна цхьа де. Иза дара 1933-чу шарахь, со виц ца веллехь, 10 июлехь, Нохчийн автономин итт шо кхачар даздеш. И терахь даздеш билгалдаккхар дIадаьхьира, хIунда делахь а, Йоккхачу АтагIахь. Цига гулделла дукха адам дара, коьртачу декъана Нохчийчуьрий, ГIалгIайчуьрий партизанаш хилларш а болуш. Цу пьесехь эпсаран Юсупан а, пулеметчикан Петровн а, жухарган а ролаш ловзош а, спектакль дIахьош режиссеран гIоьнча а вара со. Пьесин кхоалгIачу суртехь яра, масала, цхьа меттиг.

Сан «да» – хьолада Тимарсолта – волчу сакъера вогIу инарла Теневич, шеца шен жима кIант Генри а валош. Цунна уллебевлла богIу пурстоп, эпсар, молла, юьртда. Шайн сакъоьруш Iаччохь цара сацадо и синкъерам эвлал арахьа цхьана хазачу меттехь дIабахьа а, циггахь, нехан цхьацца а, шишша а урд юкъадоьдуш, сан «дена» алссам мохк бала а.

Пустоьпан хьадалчаш а, юьртда а мохк бустуш бу аьлла хезна, эвлайисте девллачу адамашна юккъехь ю цхьалха йисина цхьа йоккха стаг. Цуьнан цхьаъ бен доцу урд а ду цу сан «дена» бала схьахадочу махка юкъа доьдуш. Уггар синкъерам хьерабаьллачу хенахь, шийлачу маьхьарца йогIий, схьаоьккху иза инарла волчу. Коьртара тиша корталин тIуьйлиг когашка а кхуьйсуш, цунна хьалха бертал южу иза, шен цхьаъ бен доцу урд Тимарсолтина лучу махка юкъа цадахийтар доьхуш. Цо дог Iовжош а, чIогIа а балхабо шен бала, цу цхьана уьрдах а ялахь, шен дан амал цахилар. Амма цо лелориг чIогIа кIоршаме, оьзда доцуш гIуллакх хета Тимарсолтин кIантана – эпсарна Юсупна. И роль ловзош со вара.

Цо и йоккха стаг, дешнашца човхайой, цхьа ирча мийра тухий, карчайой, дӀайохуьйтура. Сов къиза, Ӏаткъаме яра и меттиг. И сурт аса лоррий а хӀоттадора. Амма оцу сайн доггах хьовзарна дуьхьал цхьана мӀаьргона сайн дахар дӀалуш хиллера аса...

Оха пьеса хӀотточу хенахь «зала» чохь (рагӀу кӀелахь) хьовсушболчарна юккъехь Ӏаш волу цхьа воккха стаг – партизан, и сурт бакъ тарделла, тиларчу вахана, тапчанах ка а тоьхна, суна, аьлча а, эпсарна, дена а олуш, хьалаиккхича, Казалиев СаьӀида, тӀекхетта схьа а лаьцна, сацийнера: «ДӀавала! Ахьа хӀун до? Нехан стаг воь ахьа, уьш-м, иштта сурт хӀоттош, актераш бай», – аьлла. «И тайпа сурт а ма хӀиттаде-кх суна», – аьлла, вехьа а вехьаш, халла охьахиъна воккха стаг.

Иштта ницкъболуш, чулацамна кӀорга, боккхачу Ӏаткъаме яра Бадуевн пьесаш». Яздархочо шен тидамехь латтадора школехь йоза-дешар Ӏаморан а, ненан меттан литература хьехаран а гӀуллакхаш. Цо хӀиттийна къоман школашна лерина дешаран книгаш.

1932-чу шарахь нохчийн литературин проблемех лаьцна чулацаме къамел дира Бадуев СаьӀида СССР-н яздархойн Союз вовшахтохаран Оргкомитетан кхеташонехь.

1934-чу шарахь СССР-н яздархойн Союзан хьалхарчу съездехь дакъа а лецира.

1938-чу шеран юьххьехь, шен кхолларалло зазадаккхаран муьрехь, бехк-гуьнахь доцуш лоцу яздархо, оццу шеран 14-чу февралехь лаьцначохь кхалхар а хуьлу цуьнан.

XX бӀешеран 80-гӀа шераш чекхдовлуш гучуделира нохчийн кхечу яздархошца (Дудаев Ӏабдица, Нажаев Ахьмадца, Айсханов Шамсуддинца) цхьаьна цунна харц Ӏедалан къизачу кхелаца тоьпаш тоьхна хилар.

Бадуев СаьӀидна йинарг харц кхел хиларна къаро а еш, и бакъвеш, сацам тӀеоьцу 1957-чу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н Лакхарчу суьдан президиумо.

Шен дахаран, кхоллараллин некъ дукха боца хиллехь а, нохчийн къоман литература, культура кхиорехь доккха дакъалаьцначех ву Бадуев СаьӀид.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Дийца Бадуев СаьӀидан дахарх, кхолламах. МаьӀна даста «нохчийн керлачу литературин бухбиллархо» бохучун.

2. Муьлхачу жанрашкахь болх беш хилла Бадуев СаьӀид? Кхоллараллин коьрта кхиамаш муьлхачу жанрехь хилла цуьнан? ХӀун ю цуьнан прозин коьрта тема?

5. Дийца Бадуев СаьӀида драматургехь бинчу балхах.

6. Яздархочун нохчийн театраца хиллачу гергарлонах муха яздина Саидов Билала?

# ОЛДАМ

## I

…И дара буса, ОлдамгIеран гIеххьа сирлачу цIа чохь, гIеххьа йогуш лампа а йолуш. Олдама, шен хьешаца нара тIехь жижиг-галнаш диина а ваьлла, шен гIайгIа хьеше ялхийча, цу хьешо, шен хебаршка ихна ши куьг шен йоцийчу маьхьсеш тIе а хьаькхна, элира:

– Олдам! Аса цхьа хабар дийца хьуна?

– Дийцахьа, Исраил, – Олдама а аьлла, хьешо Олдамна хабар дийцира:

– Мацах цхьа воккха стаг хилла, боху, хьаннашна ха а деш, хьуьна юккъехь шен гIеххьа цхьа цIа а долуш, вехаш. Воккха стаг цхьана сарахь, гIеххьа гуш са а долуш, хьуьна юккъе вала ша аьлла, дIаволавелча, шен цIенна дукха генавалале цунна хезнера сов Iаламат хаза, исбаьхьчу озаца цхьа олхазар дека.

Цу олхазаран хазачу мукъамах, иза хазачу эшаршца декарна, чIогIа сакъераделла, са а ца тохаделла, цу воккхачу стага и олхазар, схьа а лаьцна, цунна цхьа бен а бина, кхобуш хилла, цунах шен во-цуш ца тору накъост а хеташ.

Цул тIаьхьа дукха зама ялале цу воккхачу стеган сов хаза декаш и олхазар дуйла хиънера цхьана доьзалхо ца хуьлуш, дуьненахь хIинца хьо санна… – аьлла, хьешо, цкъа соцунгIа а хилла, юха а шен къамел дIадолийра: – Дуьненахь хьо санна, цхьана а хIуманах са ца къералуш, цхьаьллиг цхьана хIуманах воккха ца веш волчу цхьана стагана.

И стаг, ван а веана, боьхху мах а белла, и олхазар эцна цIа а даьхьна, цунна башха гур а бина, дийнахь а, буса а бохург санна декачу цу олхазаре ладегIа хиънера. Цу стагана, олхазарх самукъа а даьлла, шен йоллу гIайгIа йицъеллера. Цу тайппана паргIатваьлла, даг тIера гIайгIа айаелла, коьртера бала бешна, и стаг цу олхазаран декарх чIогIа сапаргIатваьллачу меттехь, и олхазар каракхаьчна кхо бутт кхаьчначу заман чохь, цхьана дийнахь учахь бIогIамах кхозу-чу гура чуьрачу олхазаре и стаггий, цуьнан зудий ладоьгIуш Iаш, цIаьххьана, цу гурах тIам а хьакхалуш, чехкачу декарца и санна долу цхьа олхазар меллаша тIехъиккхича, гура чохь ца хеддаш дека олхазар цу тIехъиккхинчу олхазарна тIаьхьахьаьжжинчохь диснера, иза цул тIаьхьа ца декаш сецнера.

И олхазар ца декаш ши кIира далале а, даьлча а, цу стага дехха дехнера цуьнга, декахьара бохуш. Дехха хьистинера цо иза, массо а тайпана даарш хьалхадохкуш, вехха вилхинера иза цунна:

– Хьан декаро, хьан хазачу эшаро, хьан хазачу мукъамо сан кийрахь дукха хенахь дуьйна схьа лаьттина йолу гIайгIа, яшийна, дIаяьккхинера, цхьакIеззиг бен буха ца юьтуш, и бухайисинарг а дIайолуш лаьттара сан, жима олхазар! Декахьа хьайн хазачу эшар-ца!.. ХIинца хьо ца декахь, хIинца ахьа хьайн хазачу мукъамца хаза шок ца тохахь, бакъ ду-кх, сан кийрахь йисначу цхьакIеззигчу гIайгIано, ахьа дIаайъина гIайгIа юха тIе а оьзна, со, тохара хьалха санна, гIайгIанан хIорда юккъехь вуьтург хилар. Декахьа, олхазар! Тохалохьа! ХIара дуьне дитар мел хала дуьйцу, иштта хала ду-кх гIайгIанашкахь хилар, – аьлла, и стаг холчухIоттарх, и стаг дукха велхарх, и олхазар, кхин ца декаш, цу стаге дистхиллера:

– Суна ца хаара, хьан сох сакъералойла, суна ца моьттура, хьуна сайх синкъерам баьллийла. Адамна хьалха суьлхьанал бен доцу со, сох синкъерам баьлла хилла-кх хьуна. Сан гIайгIанах хьан кийрара гIайгIа ешна хилла-кх. ХIан-хIа, со кхин хьуна декар дац, аса сайн гIайгIа хьуна кхин ялхор яц, тоьур ду маситта баттахь сан бIаьргех ихна къаьхьа хин тIадамаш, хьан дегIах дулуш, чIогIачу мерзачу ма-ларо санна, хьо вахийна кеп йина латтийча. Со хьан самукъадаккха гIерташ ца даьллинера хIинццалц, аса хьуна ялхориг сайн гIайгIа яра, хьоьгара орца доьхуш. Хьо цунах кхета воллуш а ца хилла. Суна и хуур дацара, тохара суна улледеанчу олхазаро сан гIайгIанах хьуна синкъерам баьллийла соьга ца хаийтинехьара. Цо соьга и хаа а хаийтира, со хьуна кхин ца декаш саца а сецна… Ца хаьара хьуна, со суьйранна, сайн кхаа кIорнина ижу а яхьаш, сайн бена деанчу заман чохь, бухахь сайн кIорнеш а ца карийна, шийлачу маьхьарца, цIеначу дагара дуткъачу озаца сайна орца доьхуш, декча, аса деттачу цIогIанах са а къераделла, со хьуна доьхкинчу хьуьнан хехочо со лаьцнийла? Ца хаьара хьуна, сайн кIорнеш куьйранан мара яхна-теша, меца Iохку-теша, чевнаш хилла Iохку-теша бохуш, де-буьйса ца лоруш, сайна хуучу маттаца, сайн доллучу озаца и сайн доьзал лаха со маьрша дита бохуш, сан делхар дарийла?

Ца хаьара хьуна, цу сайн доьзалшна цкъа со тIекхача маьрша дита-хьара бохуш, хIинццалц доьлхуш аса хьуна ялхийначу сан гIайгIанах

хьайн коьртера бала бешийла? Кхин со хьуна декар дац! Кхин со хьуна доьлхур дац, кхин аса сайн гІайгІанах хьуна синкъерам ца бокху, – аьлла, олхазар ца декаш сецча, цу стага и олхазар дІахецнера, – аьлла. Олдамна хабар дуьйцуш волу хьаша, цкъа соцунгІа а хилла, юха а вистхилира: – Цу тайпана, ахьа хьайн гІайгІа, соьга санна, тІекхаьч-кхаьчначуьнга ялхорах, хьуна цунах цхьажимма хилла а цхьана заманна синтем хилахь а, хьан цу гІайгІанах нахана синкъерам бер бу, нахана цунах белам хир бу… ХІунда? …Хьуна хилла и гІайгІа нохчийн Іадат бахьанехь, ахьа хаа а хууш, айхьа хьайна йина дела. ХІинца ахьа и гІайгІа шайга ялхийча, нах къайлаха хьох боьлур бу, «хьенех, стаг хила дагахь Іадатехь догІург а дина, юха цунна дохко а ваьлла, хІинца тІекхаьч-кхаьчначу стагана воьлхуш лела, Делан дуьхьа, мел хала ду-кх цунах стаг хила» бохуш… Цкъа дийцина ца Іаш, уьш, пхьоьханахь юх-юха иза дуьйцуш, хьох боьлур бу, – аьлла, шайга веанчу хьешо и къамел шега дичахьана, Олдам гуттар а гІелвеллера, иза гуттар а кІелвисина вогІура, и шега дийцар бахьанехь, шен гІайгІа муьлх-муьлхачу а стаге ялхо а ца лууш, ялхийча, шена дикка синтем бер болуш санна а хеташ.

## II

Олдам кІоргерчу ойланаш чу вахана Іаш цІаьххьана гІовгІа елира кху тогІи чухула когашІуьйра лакхара охьахьаьвдда догІучу берийн. ХІара цкъа меллаша и гІовгІа яьллачухьа дІахьаьжира, тІаккха охьахьаьвдда догІучу берех шен бІаьрг кхетча, доккха са а доккхуш, да вала хьан, дуьне, аьлла, серийн кертах аркъал таьІира. И дедда догІу кхо бер шена тІехдолуш леррина цаьрга хьаьжначу кхунна шена хилларг дагаоьхура, кхуьнан даккхийчу Іаьржачу бІаьргех цхьабосса боккха шиъ хин тІадам буьйжира, хІара ша Іаччохь бертаза вегавелира. Леррина берашна тІаьхьахьоьжуш Іен хІара велхаран къурдаш дан велира.

ОлдамгІарна аьтту агІор генадоцуш лаьттачу жамІатан маьждиган кертахь, «АллохІу акбар! АллохІу акбар!» аьлла, къена молла маьркІаж-ламазна кхайкха волавелира, маьждиган кертал арахьа тІулгаш тІе а хевшина, нийсалла кхуьйсуш санна, цхьабосса бІаьллаш тІе туйнаш кхуьйсуш Іан баккхий нах кхойкхучу моллина тІаьхьа дагахь цо ол-олург а олуш Іара.

Дукха хан ялале молла а кхайкхина велира, баккхий нах а, вовшийн хьалхе а юьтуш, маьждиг чу буьйлира. Олдам а, уккал а таIийна, дIасхьа а ца хьожуш, веана, царна тIаьххье маьждиг чу тилира.

Ламазера а ваьлла шайн лохачу неIарехула тишачу цIа чу ваьлла Олдам: «Сепият, мотт биллахь суна», – аьлла, кора тIехь йогуш лаьттачу ангалин лампи улло а вахана, кора тIера куьзганан бIаьрг схьа а эцна, цу чу хьежа велира.

– ХIинца а могуш воцуш-х ца хиллий хьо? – олуш, хьалагIаьттина тиша пазаташ тохкуш Iен Сепият хууш яра сингаттам бахьанехь Олдам хеназа къанвеллийла а, дено-дено бохург санна, и гIеллуш лаьттийла а.

Куьзгана хьоьжуш лаьттачу Олдамна шен къежъеллачу ехачу юьхьа тIера беха мара болчунна тIе а цIийбелла гора, юкъ-юкъа берцан буьртигаш Iаьхкича санна йолу шен шога юьхь а Олдамна кхохкийна гора. Олдам тховса дуьххьара хилла вацара могуш воцуш. ХIара, шен гIайгIа дага а йогIий, цуьнан ойланаш а еш, шех леташ Iачу заман чохь, цхьана муьлххачу а берах шен бIаьрг ма-кхийтти, Iадат бахьанехь ша шена йина гIайгIа карла а йолий, хьере хуьлура, кхо, шен айрадоьллачу даккхийчу куьйгашца шен лекха хьаж къовллий схьа а лоций, хийла корта теIабора. Оцу меттехь кхуьнан дегIах цкъа йовхо, тIаккха шело хьаьрчара, кхуьнан лекха дегI дикка маллора; дегIах ийзо долалучу пхенех могуш воцуш а хуьлий, кхо, вужий, де а, кIира а доккхура.

Иштта хиллера-кх тховса а Олдам могуш воцуш. Сепията ехачу нара тIехь хьалабоьттина лаьттачу метттанаш юккъера шайн цхьаъ бен йоцу йоккха гоь схьа а эцна, яржош нара тIе тесира, и тIетесча, цу гоьнах хилла делахь а, бухарчу кIайчу истангах хилла делахь а, гIеххьа ченан кIур кху чохь а гIаьттира.

Мотт биллина яьллачу Сепията:

– Сискал схьа а яьлла лаьтташ-м ю, ца кхоллу ахьа? – элира, охьавижа тIера хIуманаш дIа а яьхна, нара тIе волуш воллучу Олдаме.

– Ца кхоллу хIинца-м, – аьлла, охьа а вижна, сийначу басмин юргIа шена тIеуьйзира цо.

ХIун гIайгIа яра-техьа Олдам хеназа къанвинарг, цунна кест-кеста цамгар тухург?

## III

Олдам ткъе пхиъ шо кхаьчна жима стаг волчу заман чохь, хIара цхьаъ бен шен кхин доьзалхо цахиларна а, чохь кхин зударех стаг цахиларна а, кхуьнан кхузткъа шо кхаьчначу дас Элашбис кху Олдамна зуда ялийра, хIара дегаза воллушехь, кху юьртахь гIараяьлла йолу Забин Сепият. Шена и ялийча, шен дена дуьхьало а йина, нахала ца вала, Олдам, реза а хилла, IадIийра.

Сепият дог цIена стаг хиларх а, цуьнан хазаллех а воккхавеш, Олдама дикка хан дIаяьхьира. Сепият юьртахь хаза ю а, дика йоI ю а бохуш гIара ма-яллара карийра Олдамна а, цуьнан дена Элашбина а. Сепият дехкийн церганш а йина елаелча, беснеш тIе гIеххьа кIаьгнаш а хIуьттуш, йогуш горга юьхь а йолуш, хаза стаг ян а яра. Цунна шен марда Элашби а вуно дукхавезара, Элашбина, шен кIант Олдам санна, Сепият а вуно дукхаезара.

Элашбис хIинццалц шен, цхьа Олдам воцург, кхин доьзалхо цахиларе терра кхоаварна, эвлаюккъе синкъерамашка марзвелла лелаш Олдам хиллехь а, хIинца Сепият ялийчхьана иза чIогIа шен цIен тIе вирзинера. ХIинццалц шайна, шарахь цкъа бохург санна бен, дечиган ворда яхьаш воцу Олдам хIинца, хIора денна бохург санна, дечиге а воьдура, дечиг ца дохьучу дийнахь, хьуьнах воьдий, я коьчал йохьура, я мехах киране воьдура, шайн яккхийра Iаьржа бугIанаш а южий.

Элашбис, Олдам шайн цIийнан дукъ схьалоцуш дIахIоттарх а, хIинцца ши шо хьалха еллачу шен зудчун метта шайн цIийнан нана хилла дIахIоьттинчу Сепиятах а чIогIа воккхавеш, дикка зама дIаяьхьира.

…КIант вина дукха хан ялале Элашбис, уьстагI а бийна, молланашка чу а кхайкхина, цу кIантана цIе тиллийтира «Ваха» аьлла. Ца хаьа, молланаша и цIе жайни тIера эцар-цаэцар-м, делахь а «Ваха» боху цIе Элашбиний, Сепиятний йоккхуш хазахетарал совнаха, и цIе, молланаша и тиллар бахьана долуш, чIогIа сийлахь хеташ а бара, и цIе йолу шайн кIант дикка дукха вехар ву моьттуш а бара, «Ваха» бохучу цIеран маьIна «вахийта», «вехаверг» хеташ.

Цхьана дийнахь, гуьйренан заман чохь, гуттар а ма-хиллара, кхехкачу гIабакхах цIа чохь гIотту Iаь санна, кху жимчу юьртахь къахь гIаьттинера. ХIора цIийнах, тиша дарий, цIена дарий аьлла ца Iаш, юьрта юккъерчу доккхачу маьждигна уллорчу мокхачу

хьуьжарх а тӀехь, керчаш, хьийзаш ирхъоьхуш, сийна, мокха кӀур а бара, маьӀ-маьӀехь лета хезаш жӀаьлеш а дара. Накхаран тускарш буса геннара хьаьжча го ярмакан[1] панаран серло санна, наггахь гуш йогучу лампанийн серлонаш а яра. Кху юьртан доккхачу хийистера пхиъ я ялх цӀийнах йогуш йолчу лампанашлахь цхьа лампа къаьсттана сирла йогура. И дара ОлдамгӀеран цӀа. Цу чохь товханахь хингалш дина а даьхна, дилина, тӀе гата а хьарчийна, Сепият уьш хӀинцца цӀа кхочу волчу Олдамна хьежош Ӏара, товхана хих буьззина боккха чуьйнан яй а оьллина. И яй оьллинера Сепията шен корта била а, кху чохь нара тӀехь Ӏуьллуш волу Ваха лийчо а.

Олдам цӀа кхачаре хьоьжуш йолчу Сепията, и хье а велла: «Ваха лийчийна яьлча тоьлу суна, и цӀа кхачале, тӀаккха кхано сайн корта а билина, охьайиижа атта хир ду суна», – аьлла, товхан чуьра чуьйнан яй цӀаьнкъа юккъе хӀоттийра, хи шелдалар а хир, кхиххкина кхачацадалар а хир аьлла. ТӀаккха нара кӀелхьара дечиган текх схьа а оьзна, хи шеллушехь, Вахина жимма коьртах хьожур ша аьлла, Сепият, Ваха схьа а эцна, йогуш лампа лаьттачу кора кӀел нара тӀе а хиъна, Вахина коьртах хьажа юьйлира.

Оцу заман чохь дехьа чуьра Элашби, сехьа Сепият йолчухула бен шен аравала йиш цахиларе терра, гӀумгӀа а эцна, шен дагахь, Сепият Вахина юххехь хилахь, цунна эхь хетар ду-кх шех аьлла, Сепият йолчу агӀор дӀа а ца хьожуш, охьа а таьӀна, чехка аравелира. Сепият, иза шега схьа ца хьаьжнехь а, эхь хетта, шен карара Ваха охьа а вуьллуш, чехка хьала а иккхина, нара тӀера охьайоьссира. Ваха велхаозийра. Оцу заман чохь Олдам шен бугӀанийн ворданан гӀовгӀанца шайн уьйтӀа кхечира. Сепиятна шайн ворданан кӀезигчу гӀовгӀанах а хиира цӀавеанарг Олдам вуйла. Сепията, цкъа Вахина тӀехьаьдда: «Ма велхахьа, Ваха… ХӀара-м сан дика бер дай, хӀара-м сан хаза бер дай», – аьлла, шен туьйдинчу кӀархашца уьйтӀа хьаьдира, кӀад а, гӀел а велла цӀа вогӀучу Олдаман ворда дӀахеца. Олдам а, ша хӀинццалц шена дуьхьал Сепият масазза ели чу ма-варра, хӀинца а чувеара, шен эттӀачу белхан гӀовтал тӀехула дихкина гата дӀа а достуш. Чуваьлча, ша схьадаьстина гата нара тӀе а кхуссуш, Элашби чохь волчу цӀийнан жимчу коре а хьожуш: «Элашбина гой-техьа? – аьлла, меллаша веана, воьлхуш Ӏуьллучу Вахина тӀе а хӀоьттина: – Стенна йоьлху хьо,

[1] *Ярмакан* (ярмарка – оьрс.) – ярмаркин.

тодакх?.. Стаг хир яц хьох… яц дера…» – аьлла, меллаша Олдам вистхилча, Вахас шен велхар алсамдаьккхира. Олдам, юха а цкъа шайн юккъерчу коре а хьаьжна, меллаша Ваха схьа а эцна, Сепият йолчу вига дагахь аравала дIаволавелла неIаре кхачале, уьйтIара чувогIу Элашби кху шайн лохачу неIарехула чехка чувелира. Карахь Ваха а волуш Олдам гича, иза цIаьххьана юхаиккхира. Олдаман дегIах, стелахаьштиг кхетча санна, цIе елира, шен дена ша кIант а карахь гича. Цо, Iаьржа бIагор а хьаьвзаш, шен карара Ваха, ша кхуссу, ца кхуссу ца хууш, цхьана агIор охьакхоьссира. Ваха цIаьнкъа юккъехь тIера Iаь а оьхуш лаьттачу чуьйнан яй чу вуьйжира. Цуьнан шийла мохь белира. Олдам, кхоьссина хIума санна, араиккхира. УьйтIахь ворда дIа а хецна божал чу йохка бугIанаш лаьхкина йоьду Сепият, цкъа а ца хезначу тайпана шена Вахас мохь хьокху хезча, чуян дагахь схьахьаьдира, амма, ша санна, Вахин мохь а хезна, чухьаьдда вогIу Элашби а гина, Сепият юхаиккхира. Элашби цIа чу ваьлча, шайн чохь хилларг хIун ду ца хууш кийра ша биллина Сепият, меллаша шайн уча а еана, корехула чухьаьжира. ТIаккха Сепиятна гинарг ма гойла цхьана а беран нанна, цуьнан хилла дог ма хуьлда цхьана а беран ненан. Сепиятна шена тIаьххьара бIагор хьаьвзаш гира, чуваьллачу Элашбис, мас дIаяккха кечъян довхачу хи чу а Iоьттина схьайоккху котам санна, чуьйнан яй чохь довхачу хин кийрахь наггахь мохь болуш Iуьллу Ваха хьалавоккхуш. Сепияте и ца ладелира, иза, кIажин пхенаш хадийча санна, дегI малделла, орам хадийна дитт санна, чохь садоцуш, шайн учи чохь, дог а кIадделла, охьаюьйжира, гIеххьа тата а доккхуш. Чохь воьхна хьийза Элашби, шен карара Ваха цкъа юргIи юккъе вуьллуш, тIаккха, кор доьллий, цунна хIо кхоьтуьйтуш, лелара, цунна дан догIург шена цахааре терра. ТIаьххьара а Элашбина дагадеара ягийнчу меженна нохчаша саба хьокхуш хилар. И шена дагадеача, Элашби, катоьхна шайн саба схьа а эцна, Вахин цIийделлачу дегIах и хьекха хиира. Вахина цунах хIумма а гIоли ца елира, иза дарба цахиларе терра. Ваха, цу тайпана вагор бахьанехь, шолгIачу дийнахь велира. Олдама, ша эхьан хIорда чу воьжча санна, дуьненан уггар доккха эхь шен карара даьлча санна, шен кIант Ваха веллехь а, Элашбина гучу ца волуш, цхьа бутт а, хийла хан яьккхира.

Иштта, и Ваха валар бахьанехь яра-кх хIинца вай вуьйцуш волчу къеначу Олдамна гIайгIа, тховса могуш воцуш а хилла, хорша еача

санна, шена къеначу Сенияте тIе хIуманаш а тохийтина, кIелвоьлла Олдам хеназа къанвинарг, цуьнан нахах уьйр хадийнарг, цунна нахе, тилла вуй, жинашца тайна вуй, шайтIанашца уьйр йолуш вуй бохуш, цIерш тахкийтинарг.

**Хаттарш а, тIедахкарш а.**

1. Хьуна хетарехь, хIун маьIне Iалашо хIоттийна яздархочо ша «Олдам» дийцар яздеш?
2. Мила ву коьрта турпалхо Олдам?
3. Дийца Элашбин доьзалх. Муха ю доьзалера юкъаметтигаш?
4. ХIун сингаттам бу Олдам кIоргачу гIайгIанийн Iин чу вожийнарг?
5. Шуна хетарехь, хIун бахьана ду Олдамна и сингаттам тIекхачаран?
6. Муха лов Олдама шена тIекхаьчна вон?
7. ХIун ду шуна Олдаман амалехь товш дерг, товш доцург?
8. Стенна сецна Олдам шен сингаттам нахе кхидIа а ца буьйцуш?
9. Шуна хетарехь, хIун Iалашо йолуш дуьйцу Исраила Олдамна олхазарх долу дийцар?
10. ХIун маьIна ду олхазарх долчу дийцаран? ХIун зIе ю оцу дийцарехь долчу олхазаран а, Олдаман а кхолламашна юккъехь?
11. Дийцар деша а деший, шайн дешнашца схьабийца цуьнан чулацам.
12. «Суна ца хаара, хьан сох...» дешнаш тIера «... цу стага и олхазар дIахецнера» дешнаш тIе кхаччалц долу дийцаран дакъа дагахь Iамаде.

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Дийцаран дIахIоттаман (композицин) шатайпаналлех дийца.
2. Юьхьанца Олдамера гIийла хьал а гойтий, тIаккха Исраиле олхазарх дийцар а дуьйцийтий, цул тIаьхьа бен ца дуьйцу авторо турпалхочун сингаттаман бахьана. Шуна хетарехь, хиламийн рогIалла авторо иштта нисъяр хIун Iалашо йолуш ду?
3. «Олдам» дийцаран меттан башхаллаш билгалъяха: метафораш, эпитеташ, тIедалийна маьIна долу меттигаш, Iалам гойту, турпалхойн мах хадо могIанаш.
4. Муьлхачу аламех пайда оьцу авторо шен дийцарехь?
5. Билгалбаха причастин карчамашца чолхе баьхна аламаш.
6. Билгалбаха деепричастин карчамашца чолхе баьхна аламаш.

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. «Олдам» дийцарехь адамна бохамна дуьхьал латта хIун гIо-орца оьшуш хилар гойту авторо?
2. Олдама шен деца а, хIусамненаца а, Элашбис шен несаца а лелочу гIиллакхех дийца.
3. Шуна хетарехь, вайн заманан доьзалан гIиллакхашкахь хIун хийцамаш хилла? Билгалъяха оцу хийцамийн дика а, вон а агIонаш.

**Проект**

Къинхетамах а, цо адамийн дахарехь лелочу маьIнах а доклад язъе.

**Шуна, хIума довза лууш**

**«Хьо адам ма ду...»**

*(Бадуев СаьIидан говзарш ешначул тIаьхьа яйинчу эссе тIера)*

Бадуев СаьIид... Суна ца гина иза. ХIеттe а, сайна и вевзаш хилча санна, гергара хета. Стенна? Бадуевн аьтто хилла шен чолхе а, кIорге а синхаамийн дахар шен произведенешкахь вайна тIаьхьа дита. Иза дан ницкъкхочурш дукха бац яздархошлахь. Цундела Iаламат хазахета царах цхьаъ вайн исбаьхьаллин литературин бухбиллархо хилар.

Муха къонах хилла Бадуев СаьIид? Цунна жоп цуьнан произведенеша шаьш ло. Цо ша а ма яздина: «Яздархочо шен жайна шекъанца ца яздо, цо иза деган цIийца яздо, цундела цунна и хьоме а ду, нанна бер санна».

Баккъал а, Бадуевн бакъо яра «нанна бер санна» дустар дало. Цуьнан хIора произведени ешча хаало, цо уьш шен «цIийца язйина», «сица денйина хилар».

Бадуевн хIора турпалхочуьнгахь вайна го авторан дог-ойла, цуьнан суртсибат. Церан массеран а (буьйцурш бакъхьара турпалхой бу) коьрта цхьа башхалла ю: догдикалла, къинхетаме хилар, адамалла. Бешто, Бусана, ТIелиб, ХIижан, Олдам – уьш массо а ву дог-ойла шорта йолуш, дикаллех буьззина. Бац уьш дика цхьана юкъана, массо ханна а бу. Церан берриг а ницкъ – догдикалла, цундела церан ян дуьхьало яц дахаран мехашна.

ХIан-хIа, цара ца лоьху дахарехь хьал, бахам, аьтто. Амма лоьху шайн догойланийн дуьненан цIеналла цхьаммо а бех ца еш, хIаллак ца еш йитар.

Цара лов къоьлла, хало, цара лехац, оьздангаллин бехкамаш бицбина, гIуллакхийн, леларийн маршо. Церан сатийсамаш, ирсе кхийдарш халкъан эхьбехкан дозанашкахь ду. Бакъду, эхь-бехк царна гура ца хета, цунна хьанал хилар церан цIийх доьлла, сица деха.

Бадуевн дукххаболу турпалхой вонаца долчу тасадаларехь, дукха хьолахь, хIаллакьхуьлу. Масала, Бусана шен вешин карах ле, Бешто хьераволу, Кулсум ле, Олдам халачу цамгаро лоцу, и. д. кх. а).

Амма церан Iожалла эшам бац, иза къийсамехь хIаллакьхилар ду. Иза тоьлашха хета царна, вонаца берта а бахана бехачул.

Боданца, харцонца цкъа а барт хила йиш йолуш бац уьш. И башхалла церан амалшца ю.

ХIей дика стаг, дарц долчу буса ахьа зайл ма болла хьайн цIенна! Ма къовла ков, аьчкан гIораш духкуш! Оцу дарцо берталветташ, лайн хIуро верриг кIайн а вина, шен хIусамнана лоьхуш вогIу бIаьрзе ТIелиб хIотта тарло хьан неIаре. Ахьа иза, чу а вигий, йовххачохь дIаIалашве – Хьо адам ма ду.

Пхьуьйрехь хьо араваьлча, хьо сих ма ло чуваха: рагIу кIелахь шелонах хебна Iийриг (хьуна дечиган мор тарбелларг) Кулсум ю хьуна, шен безам бахьанехь ден, вешин дош а дохийна, маре а яхна, юха майрачо, шегара даьлла сонта дош лардеш, йитина чуьра ара а яьккхина, ден цIа яха ца хIуттуш, кху бухахь, тхов кIелахь, хьоза санна, дIатийна Iаш. Ахьа гIора ма яйта иза цхьаллин шелоне, ахьа къинтIераваккха цунна да а, ваша а. – Хьо адам ма ду.

Баланийн пардоно бIаьрса артдина, яьлла бIаьсте а ца гуш, тобанах пе бетташ адам гахь, сацалахь цунна уллехь, иза Бешто ву хьуна, цхьана дийнахь цхьаъ шалан а хала долу кхо вон а деана, цара хьаьшна, хьере вина. Хьо цуьнца къамеле валалахь, ахьа цуьнан бала байбелахь. – Хьо адам ма ду.

Малхехьа букъ а берзийна, букар а сеттина, Iасан тIе корта а биллина Iаш воккха стаг гахь, хьо цунна уллехь сацалахь, ладогIалахь цо бохучуьнга – иза Олдам ву хьуна. Хьан бакъо ма яц, хьайн бенцахетарца стагах гуьйриг ян. – Хьо адам ма ду, хьо хьажа хьайн деган йовхонехь оцу гуьйриге керла маргIал хецийта.

Хьо адам ма ду, хьо адам ма ду, адам...

И дехар-мохь хIора агIон тIехь а хеза, Бадуев СаьIида яздина жайна доьшуш. ТIаккха гуттар а бека буьсу иза.

ХIан-хIа, лерсица ца буьсу иза – даг чохь.

## ИСБАЬХЬАЛЛИН ВАСТАХ КХЕТАМ

*Исбаьхьаллин васт* – иза чолхе кхетам бу. Оьрсийн вевзаш волчу литературин критико Белинский В.Г. искусствох иштта яздина: «Искусство бакъдолчун бакъонца хьакъболу чулацам бу я исбаьхьаллин суьрташкахь ойла яр ду». *Искусствехь бакъдерг билгалдаккхаран, гайтаран кепех а, адамийн дахаран, юкъара долу суртхIотторан кепех а исбаьхьаллин васт олу.*

Яздархочо исбаьхьаллин васт кхуллу дахаран бакъдолчун а, хазаллин суртхIотторан а, кхоллараллин дагалецамийн а буха тIехь. Исбаьхьаллин васт яздархочун синхаамийн а, ойланийн а, сатийсамийн а гIирс бу. Исбаьхьаллин вастан мехалла йозу цунах кхетарх, хIума довзийтарх, хазаллин марзо хиларх, кхетамца кхиоран маьIнехь хиларх. Уьш исбаьхьаллин вастан дакъош ду. Царах хIораммо а исбаьхьаллин вастан муьлхха а цхьа агIо гойту, ткъа цу дерриг дакъоша цхьаьна исбаьхьаллин вастан коьрта билгалонаш а, башхаллаш а билгалйоху. Царах цхьа дакъа бен ца лоруш турпалхочун исбаьхьаллин васт къастош хилча, вай гIалатдевр дара, къастош долу васт дуьззина хир дацара.

*Исбаьхьаллин васт – иза дахар талларан кеп ю.* Иза яздархочунний, хIуманний юккъехь йолу шатайпана юкъаметтиг ю.

Исбаьхьаллин вастан уггар коьртачу башхаллех цхьаъ ю долуш дерг хила декхар долчуьнца дустар. Кхечу дешнашца аьлча, ойланний, кхетамний лехамашца маьIна дустар. Вайна хаа деза, исбаьхьаллин васт дахарехь а, юкъараллехь а юкъара маьIна долуш хилар. Цундела литературин произведенийн васташ вайна бевзаш болчу турпалхойн амалш, гIиллакхаш, башхаллаш гойтуш долу цхьацца ша-ша долчу адамийн васташ делахь а, адамийн дахарехь хилла а, долуш а, хила декхар долуш а долу гIиллакхамалш ю, шайгара адамаша некъ лаца а, царах Iама а вайна хьехар деш йолу. ТIаккха церан юкъара маьIна муха хир дац, ца хилча ца торуш долу и маьIна дахаро схьалуш хилча!

Кхетамца кхиоран а, исбаьхьаллин а юкъара маьIна долуш исбаьхьаллин васташ кхоьллина нохчийн яздархоша: Бадуев С. «Iимран», «Олдам», «Бекхам» дийцаршкахь Iимранан, моллин, Олдаман, Илесан, Аьлбикин васташ а; Мамакаев М. «Зеламха» романехь Зеламхин васт а; Мамакаев I. «Винчу юьрта» повестехь Айдамаран, Ларкин васташ а; Хамидов I. «Бож-Iела» пьесехь Бож-Iелин, Сутарбин, Маймин васташ а. И васташ дерриш а цхьацца ша-ша долчу адамийн васташ делахь а, шеко йоцуш, адамийн дахаран юкъара маьIна долуш ду.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха кхета шу исбаьхьаллин васт бохучух?
2. Исбаьхьаллин васт кхолларан башхаллаш муьлханаш ю?
3. Шаьш ешначу произведенийн муьлхачу турпалхойн васташ дагахь дисна шуна? Жима сочинени язъе «Суна дукхавезачу турпалхочун васт» темина.



## МАМАКАЕВ
## Іамин Мохьмад

***(1910–1973)***

*Шен ненан мотт халкъо,*
*Сий ойуш, Іалашбахь,*
*Цу халкъан паргІато*
*Цхьаммо а хьошур яц!*

Дахарехь хила тарлучу массо халонех, Іазапех чекхваьлла, берахь дуьйна дех-ненах къаьстина, жималлехь ша кхиийнчу, ша тешначу Іедало тешнабехкаца лаца а лаьцна, набахтешкахь, лагершкахь гІело лайначу стага вайна дитина весет ду и лакхара дешнаш. Цул деза декхар дуьнен чохь вай йоккхучу ханна вайн хила йиш йоций хоуьйтуш. Нохчийн йозанан мотт, литературин мотт кхиош, нохчийн къоман меттан бакъонаш ларъеш, дІадаха дезаш хилар чІагІдора Мамакаев Мохьмада. Шен цхьана статьяхь иштта яздо цо: «…Вайн хенахь а наггахь карабо и шен ненан мотт цахаарх дозалла деш болу нах. Иштташ, цхьана а хІуманна пайдехь цахиларал сов, массарна а кхераме бу. ХІунда? Шечун сий дан цалуучо нехачун сий данне а дийр дац. Иштташ, цхьа хала де тІехІоьттинчохь, цхьанне а тешаме бац. Цара шайн дай а бухкур бу. Цундела цхьанне а ца беза шайн къам а, цу къоман диканиг а сийсаздаккха гІертарш». И могІанаш шовзткъе итт шо хьалха яздина ду, амма уьш, тахана яздича санна, мехала ду церан маьІна.

Нохчийн литературехь хьалхарчу чкъурах болчу яздархойн дахаран а, кхоллараллин а некъ Іаламат чІогІа хала а, чолхе а хилла. Сталинан таІзар лаьттинчу хенахь – 1930–1940-чу шерашкахь – лаьцна, хІаллакбина къоман тоьлла яздархой: Бадуев СаьІид, Айсханов Шамсудди, Актемиров Мусита, Дудаев Іабди, Нажаев Ахьмад.

Чубоьхкина, ГУЛАГ-ан лагершкахь яккхий хенаш яьхна Арсанов СаьІид-Бейс, Ошаев Халида, Мамакаев Мохьмада, Мамакаев Іаьрбис, кхечара а. Оцу инзаре халачу хьелашкахь адамаллица ца догІу Іазап шаьш токхуш, доьналлех, къонахаллех ца боьхначу яздархойх вара Мамакаев Мохьмад.

Яздархочун дахаран некъ хала а, ирсе а хилла. Революцин а, граждански а кегаре дIабирзинчул тIаьхьа да-нана а кхелхина висначу жимчу кIантана атта хуьлийла дац а дацара. Асламбековски боберийн цIа чохь кхиъна иза шен хьалхе тIеэца дезначу цхьаллица.

1926-чу шарахь дуьйна болх бан, язъян а волавелла. Литературоведо Минкаилов Эльбруса яздо: «Революцин коьртачу Іалашонех цхьаъ яра «керла стаг» кхиор. Уггар атта дара керлачу Іедална Мохьмад санначарах иза кхиор – боберех, уьш даим а шайн векалшна хьалха хиларна, цхьана низамехь долчу вижар-гIаттарна тIера хIора дош цаьрга шен цIарх цара дIаолуш долу дела. Шен «Комиссар» стихотворенехь, «Ненаца дина къамел», «Со вина де» поэмашкахь поэто дуьйцу шен кхолламах, ша оцу шерашкахь лелийначух, лайначух».

Мамакаев Мохьмадан некъ хьалха цкъа шера а, лакхенга боьдуш а хилла. 1927–1930-чуй шерашкахь цо чекхйоккху Москвара Малхбале къинхьегамхойн коммунистически университет. Иза Іедалан бусалба къаьмнаш дехачу Россин йистошкарчу регионашна куьйгалхой кечбеш йолу пхьалгIа яра. Шен ткъа шо кхаьчначу хенахь дуьйна схьа Нохчийчохь куьйгаллин даржашкахь болх бо Мохьмада: ВКП(б)-н Хьалха-Мартан окружкоман Секретарь, «Грозненский рабочий» газетан редакторан заместитель, меттан, литературин, исторname нохчийн Іилманан-талламан институтан директор, областан прокурор.

1934–1935-чуй шерашкахь шен хаарш лакхадоху ВКП(б)-н ЦК-хь йолчу партбелхахойн лакхарчу школехь. Цул тIаьхьа белхаш бо «Грозхимстрой» цхьаьнакхетараллин хьаькаман заместитель, ВКП(б)-н Нохч-ГIалгIайн обкоман дешаран, Іилманан декъан доладархо, «Ленинан некъ» газетан редактор волуш.

1937–1938-чуй шерашкахь сталински таIзар даран машенан Іаьржа ун даьржира Нохч-ГIалгIайчохь а: йинарг кхел йоцуш, бехк-гуьнахь доцуш хIаллакбира къоман тоьлла нах (яздархой, Іилманчаш, Іеламнах). «Культан заманан» хало лан дийзира Мохьмадан а. Цкъа хьалха, 1940-чу шеран мартехь, суьдо хIара бакъвеш, кхел а кхайкхийна, набахтера араваьккхинехь а, оццу шеран сентябрехь юха а лецира. Пхийтта шарахь сов, 1956-чу шеран 31 январехь, суьдан кхел харцхиларна мукIарло а деш, мукъаваккхалц, дIатеккхийра тутмакхан хала дукъ. Бакъду, оцу халонех «стогаллех ца вухуш» (ша вайга кост ма-дарра) чекхвала хьуьнар тоьира Мамакаев Мохьмадан. Республика юхаметта а хIоттийна, цIавирзинчул тIаьхьа яздархойн Союзехь болх бо цо.

1962-чу шарахь дуьйна 1973-чу шарахь ша кхалххалц «Орга» альманахан редактор лаьтта иза.

Мамакаев Мохьмад литературехь хьалхара гIулчаш яха волавелира

1926-чу шарахь. Цуьнан дуьххьарлера стихаш зорбане евлира «Серло» газетехь.

1928-чу шарахь, цо язйо нохчийн исбаьхьаллин литературехь дуьххьарлера поэма – «ЦӀий хуьйдина лаьмнаш». БерхӀитта шо бен доцчу поэтан боккха кхиам бара иза. Цо бӀаьрла гайтира Мамакаев нохчийн поэзехь ларамза некъахо цахилар, цул тӀаьхьа долчу цуьнан дахаро иза чӀагӀ а дира».

1930–1934-чуй шерашкахь стихийн маситта гулар арахеца кхиира поэт, хӀетахь язйина ю нохчийн литературехь дикачех лоруш йолу «Ненаца къамел» поэма а. Яздархочун кхоллараллин дахарехь къаьсттана токхе даьккира 1950-чу шерийн тӀаьххьара а, 1960-гӀа а шераш. ХӀетахьлерачу Ӏедало я дахаро башха дог хьаьстина-м дацара иза, «...дӀа ца луш, кхалхарна кхоьруш, Даймехкан декхарха» вала лаарна дара. Оцу шерашкахь цхьаъ цхьанне тӀаьххье араюьйлу поэтан стихийн, поэмийн гуларш: «Сан некъан кехат» (1958), «Орган тӀехь сатесна» (1958), «Ненаца дина къамел» (1959), «Ӏаьса тӀехь наж» (1961), «Хаьржинарш» (1962), «Со юхавогӀур ву» (1963), «ТӀулгаша а дуьйцу» (1966).

Йоккха лар йитина Мамакаев Мохьмада нохчийн прозехь а. Дийцарийн, очеркийн хьалхара книга «Ша меттахбаьлла» араелира 1958-чу шарахь. «Даймехкан некъаш» шолгӀаниг – 1960-чу шарахь. 1962-чу шарахь зорбане елира граждански тӀеман турпалхочунна Шерипов Асламбекана лерина роман. Ешархоша а, литературин критико а дика тӀеийцира 1968-чу шарахь араяьлла «Зеламха» роман а.

Шуьйра хилла яздархочун похӀмаллин дозанаш: тахана а шайн мехалла янза ю цуьнан литературно-критически статьяш а, нохчийн тайпанаш талларна лерина Ӏилманан болх а.

Дуккха а кхечу къаьмнийн метт анашка а гочйина Мамакаев Мохьмадан произведенеш. Цо ша а дукха болх бора кхечу къаьмнийн яздархойн произведенеш нохчийн ешархошна шайн ненан маттахь йовзийтарехь.

Яздархочун кхолларалин дахаран кхин цхьа агӀо а билгалъяккха еза. Цо шен декхар лорура къоначу литераторшна корматалла кхиарехь гӀо дар. 1960-чу шерашкахь литератури юкъа баьхкинчу дукхахболчу поэташа, яздархоша шайн хьехархо лорура Мохьмад. «Оргин» агӀонаш тӀехь а, юкъарчу гуларшкахь а дуьххьара зорбане волучу хийланнан, довха дош олуш, литературе некъ декъалбира цо. Царах бара: Сатуев Хьусайн, Дикаев Мохьмад, Окуев Шима, Рашидов Шаид, Кусаев Ӏадиз...

Йоккха лар йитина Мамакаев Мохьмада нохчийн къоман литературехь. «Даймехкан косташ» цхьа байт а, шен къонахчун вахаран масал а бен цо ца дитнехь а, и тоьур дара оцу башхачу поэтан а, бакъ нохчичун а цӀе даим нохчийн къоман эсехь йиса.

### Шуна, хIума довза луурш

**Мамакаев Мохьмадан кхоллараллех**

«Мамакаев Мохьмад, зоьртала дегI долуш, воьттина вича санна, онда вара, буьрсо юьхь-сибат а долуш, дуькъачу цIоцкъамашна кIелхьарчу бIаьргийн хьажар леррина а, ойлане а хеталора. Вистхилар а, лелар а дурс-аьлла дара. Цунна тIехьаьжна, эр дацара, иза маситта шарахь тутмакхан Iазап лайна ву, поп санна, стаг вара иза», – яздо литературоведо Арсанукаев Iабдуллас.

Ламанан вайн Iаьсца боккха наж лаьтта,
Къийсамехь ца бужуш, хийла чов лайна.
Наж Iин чохь чIагIбелла, орам а хецна,
Шен чевнаш дIайоьрзуш, моьнашца бегна.

Некхаха гар доккхуш, нажна чов хилла,
Къийсамехь цIий дайна, цIаро Iаржбина.
Делахь а, ца къарлуш, ножо заза хецна:
Раздаьлла сийна гIа бIаьстенца леста.

Наж къизчу къийсамехь чахчабеш кхиъна,
Ирча сахьт тIедоьжча, собарца бисна.
Наж лаьтта бердаца чIагIбелла, буьрса,
Даймехкан некха тIехь шурех а буьзна.

И вай лакхахь ялийна стихотворени Мамакаев Мохьмадан дахаран некъан метафора ю. Иштта къийсамех, халонех, Iазапех чекхвийлина, ца вужуш, мелхо а, халонаша вахчийна, бердаца лаьтта буьрса наж санна, Даймахке болчу безамо ницкъ луш, ваьхна Мамакаев Мохьмад.

Философски, граждански лирика ю Мамакаев Мохьмадан поэзехь коьртаниг. Цуьнан лирически турпалхо доьналлин стаг ву, ондда дека цуьнан аз, шуьйра ойла йо цо заманах, адамийн дахарх, даймахках. Даймахках хаьдда, даймахке сатуьйсуш, цунах хьоьгуш еха хан яьккхина волчу Мамакаев Мохьмада коьрта лорура даймахкаца йолу уьйраш, шен махкана, къомана хьанал хилар, церан дуьхьа муьлххачу а халонех доьналлица чекхвалар.

Бексултанов Мусас шен Мамакаев Мохьамадах йолчу эссехь яздо: «Мохьмадна Даймохк – иза дийна адам ду, доттагI, цунах дагавуьйлу иза, цуьнга маршаллаш хоьтту, цунах воккхавево, даймахках тешабо шен деган къа-бала а».

Хьо муха буьйцур бу хабарца?
Вайн безам Iалашбал дош ма дац.
Сайн безам лелор бац ас дашца –
Дош дижна, и безам тарло бан…

Шен «Матто кхуллу Даймохк» эссехь Бексултанов Мусас яздо: «Мамакаев Мохьмада шен темин йоккхаллица, ницкъаца, ша дуьйцучун йозаллица Iадаво

дешархо. Цуьнгахь, Мохьмадехь, шен дахар а, поэзи а цхьаъ хилла долу доьналлин болар ду, са нисбеш, хаздина а доцуш, шен халкъан къонахчуьнгахь хила дезаш долу болар. Иза тарх бу, цхьаммо а агаза, Іаламо ма-кхоллара. Мохьмадан поэзи – иза а ю пхьеро агаза болу Іаламан тарх, шен кийрахь дуккха а бес-бесара жовхІарш а долуш. Цу кхааннах (Мохьмадах, Іаьрбех, Ахьмадах) похІмаллица говзалла йогІуш уггар хьалха Іаьрби а ву, царах уггар кІезиг ваьхна волу. Амма, хІетте а, нуьцкъала верг Мамакаев Мохьмад ву. Мохьмадехь дерриг а ду, цхьацадерг гІиллакхца хьулдина а долуш».

Мамакаев Мохьмадан ерриг стихотворенеш шен кхолламах, шен синхаамех ю, цундела ю тахана а шайх тешош:

Къонахчун некъ
Къаьхьа безам бу.
Хьанал сий даккха атта дац.
Кхета со, хало лан хала ду.

Делахь а, стаг хила веза стаг! Оцу дешнашкахь Мамакаев Мохьмада стеган дахарх шена хетарг дуьйцу. Ша иштта чекхваьлла иза дахарехь, кхечаьрга изза лехамаш а хилла цуьнан даим а.

Бексултанов Мусас яздо Мамакаев Мохьмадах: «Суна, Мохьмад вешча, иза санна хила лаьа: цо во иштта, ша санна. Иза верриг шен дешнашца ву. Цо кепатоьхначу ойланашкахь ду цуьнан са, цуьнан хьажар, оьгІазло, доьналлица йолу амал. Муьлхха а къонахчух ша гІалат-м ца ваьлла-те боху шеко хьаьрчича, тоьур дар-кх Мохьмадан дуьххьалдІа цхьа стих ешча-м. Суна цуьнан поэзи къонахийн кхерч хета, аьчк-пхьеран нуьйжа санна, къонахий тусуш йолу...

Мамакаев Мохьмад тахана а ву кху махкахь иштта, ша дийна волуш махиллара, массарна а вуйла хууш. Иштта ду и лаьмнаш а, цо хийлазза хестийна долу; цо бийцина берд а бу иштта, цо хьахош хилла наж а».

Мамакаев Мохьмад вайн мохк мел бу вехар ву кху махкаца цхьаьна, вайн мехкан лам хилла, наж а, кху мехкан лакхенех цхьа лакхе а хилла.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Мамакаев Мохьмадан дахаран некъ муха хилла?
2. Даладе нохчийн маттах долу Мамакаев Мохьмадан дешнаш.
3. Билгалъяха Мамакаев Мохьмадан кхолларалли коьрта теманаш.
4. Яздархочун произведенийн гуларийн, романийн цІерш яха.
5. Бексултанов Мусас муха мах хадабо яздархочун а, цуьнан кхоллараллин а?
6. Мамакаев Мохьмадан суьрте хьаьжча, цуьнан дахар шайна девзича, хІун ойла кхоллало шун яздархочух? Шуна хетарехь, муха амал йолуш хилла иза?
7. Вайна хІун весет дитина Мамакаев Мохьмада?

## ЛАЬМНИЙН ДИЙЦАР

Шу, лаьмнаш, ас дукха хестадо бохуш,
Сайгара бехкбаккхар пхьоьханна дитна,
Юха а вогӀу со, сайн дагца лоруш,
Сийлахьа шу лаьмнаш – дайн онда гӀирсаш.

Ас шуьга тоьхна мохь, мокхазах кхетта,
Зевнаца бекало лекхачу лам тӀехь…
Цу зевнах къастийна со вахна лелла,
Делахь а лелий ас и зов сайн даг тӀехь.

Со аьшнашвечара ца лайра духарш:
Хьесаца кечдина сан Ӏаьржа верта,
Доьхкарца юкъ къовлуш, ас чоа духар,
Дин юха ас оьзча, цо тоьхна берг а.

Ас хьуна даре до – ма къийса вайша –
Сан дино гӀаттийна набарах ваьлларг,
Со Даймохк хестабан Ӏемина ваьлла,
Цундела хестадо ас лекха лаьмнаш…

ДӀо ножан духарца хӀиттина лаьмнаш
Сан даго безамца чуэцна шена.
Даймахках дозуш дерг, массо а аьлла,
Лаьмнашца гулдина сан синна дезна.

Айдинчу герзаца баьхна сан Даймохк,
Массо а вон, дикий хьоьца а лелла.
Кехаташ кегадеш ца Ӏийна къаной,
Яздина тептарш а ца дитна ден дас.

Амма кху лома кӀел – аьрзонан цӀен тӀехь –
Вайн дайша, ден дайша, комаьрша хилла,
Лерина тӀеэцна пачхаьйин векалш,
Собарца къамел деш, кхане а зийна.

Мехала дош хадош, кхузахь вайн дайша
Мокхазан суйнаца яьккхина ойла…
Орцанца тIевеънарг паргIатаваккха,
Дай кийчча лаьттина герзаца гIовтта.

Стешхалла, ямартло неIалтца юьйцуш,
Башлаьмнийн кортош, шу тоьшалла хIиттош,
Кхел кхузахь кхайкхийна вайн дайша буьрса,
Ямартло, кIилло а таIзаре ийзош.

Даймахке безам а, ях, сий а вайца
Кхузахь вайн нанас ша аганахь техкий,
Шен некхах дакха вай Iамадал хьалха,
Стогалла хастош, цо илли а декий:

«Хьоме воI, осала ма кхиа суна.
Кхерамах ведда, хьо вайн цIен тIе вагIахь,
ТIаьхьенна тIехтоха эхь дуьсу хьуна,
Эхь ца ловш, цхьа йиса реза ю нана…

Нагахь хьо накъостца ямарта хилла,
Нускалца чуверзахь, хуур ду суна…
Стогаллал са дезна, хьо кхиахь кIилло,
Сан некхан шурех а дIовш хуьлда хьуна».

Турпала шун кIентий иллешца толош,
Шен яккха цIе йоцу назманча ваьхна.
Дийцаршца дуьйхина, шу лаьмнийн кортош,
Сов дукха хестийна, и гIараваьлла.

Лам лакхехь бехачу доьзалшца шаьшлахь
Вовшашлахь цIе йоккхуш, назманча висна.
Иллеш а, дийцарш а, цо царна даьхнарш,
Даг тIера даге луш, тIаьхьенна дисна.

Дайн халчу некъашца, халонех ваьлла,
Дог дуьзна вогIу со гIайгIанца къийса.

Даймехкан сурт суна лаьмнашца кхоьлли,
И кхоллам сан дагна даима бисна.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Мамакаев Мохьмад ваьхначу шерашкахь къоман хIума дийцар, хестор, цунах дозалла дар Iедална дезаш ца хилла, иза дихкина а хилла. И тидаме эцча, шуна хетарехь, хьалхарчу могIанашкахь хьаьнга вистхуьлуш ву поэт?

2. «Хьомечу лаьмнийн зевнех» къастийна лелла ша, боху поэто. Муха кхета шу цу дешнийн маьIнах?

3. Поэт аьшнашвечара цуьнан амалехь ца лайна билгалонаш ягаръе.

4. Лекха лаьмнаш ша хIунда хестадо, боху поэто?

5. Муьлха амалш, гIиллакхаш долуш хилла, боху поэто, лаьмнашкахь баьхна нах? Муха тIеоьцуш хилла нохчаша харцоно хьовзийна, орца оьшуш тIевеанарг?

6. Адамийн муьлха амалш, сакхташ емалдеш, нийса кхел кхайкхийна вайн генарчу дайша?

7. Нохчийн нанас аганарчу берана уггар хьалха стенах лаьцна илли олуш хилла?

8. Нанас олучу аганан иллин дешнаш даладе стихотворени юкъара.

9. ДIаяхначу заманан турпалалла а, оьздангалла а муха кхаьчна вайга?

10. Шен цIарца ца вевза назманча муха висна халкъан эсехь?

11. ГIайгIанца къийса ницкъ луш дерг хIун ду поэтана?

12. Мамакаев Мохьмада язйина муьлха байташ Iамийна вай дIадахначу шерашкахь? Шуна хетарехь, маьIница «Даймехкан косташ» стихотворенина герга юй хIара?

13. Къастош ешарна кечам бе.

**Дагахь латтаде кицанаш**

Вина мохк мазал а merза бу.

Шен ненан сий лардечо Даймехкан сий а лардийр ду.

**Исбаьхьаллех дийца вай**

1. Муьлхачу стихкхолларан барамехь язйина ю хIара стихотворени?

2. Билгалъяккха поэто пайда оьцу рифма ялоран кеп.

3. Билгалдаха поэто пайда оьцу цхьалха а, даьржина а тIедерзарш, тIедеанчу маьIнехь далийна дешнийн цхьаьнакхетарш.

4. Лаьмнийн мохк буьйцучохь муьлха дустар даладо поэто?

5. Нохчийн къоман барта кхоллараллица хIун зIенаш го шуна стихотворенехь?

6. МаьIна де биьмогIанан:

Айдинчу герзаца баьхна сан Даймохк,
Массо а вон-дикий хьоьца а лелла.
Кехаташ кегадеш, ца Iийна къаной,
Яздина тептарш а ца дитна ден дас.

**Вайн мотт кхиабо**

1. Дешнийн маьIна де: пхьоьха, верта, чоа, кхел, кIилло, назманча, мокхаз, бехкбаккхар, тептар. Царах пайда а оьцуш, аламаш хIиттабе.

2. Билгалъяха стихотворенехь ялийна эпитеташ.

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Муьлха синъоьздангаллин мехаллаш хьахайо поэто шен стихотворенехь?

2. Вайн генарчу дайша шайна тIевеана хьаша муха тIеоьцуш хилла боху поэто?

3. Нохчийн бераш кхетош-кхиорехь доккха маьIна лелош хилла ненас жимчохь олучу аганан иллеша. Стихотворенехь далочу илли тIехь хIун хьехарш до ненас шен кIанте?

**Проект**

Реферат кечъе «Даймохк безар – ийманан дакъа» темина.

## СТИХОТВОРЕНИН РИТМАХ, РИФМЕХ, БАРАМАХ А

*Поэзин къамел* къаьста прозаически къамелах. Вайна царна юккъехь йолу башхалла атта хеза. Прозаически къамелах стихаш къаьста шатайпанчу екарций, мукъамций. Цул совнаха, стихотворени шен могIанашца екъалуш хуьлу цхьацца дакъошка.

Шеца чулацам а болуш, рифмий, ритмий, интонаций (мукъам) чулоцуш долчу могIанийн тобанах *строфа* олу. Строфан могIанаш тайп-тайпана хуьлу: биъ, ялх, бархI. Масала, Айсханов Ш. «Орга» стихотворенехь биъ могIа болу строфаш ю, Мамакаев I. «Даймохк» стихотворенин бархI могIа болу строфаш ю.

Стихаш къаьста шайн ритмически хIоттамций, мукъамций. Вайна иза дика хеза. Цундела, стих йоьшуш, цуьнан башхалла а гуш, хаза декар а хезаш, ладогIа лууш хуьлу.

Вайна хууш ма-хиллара, хIора даша тIехь тохар а хуьлу. Масала: зама, бIаьсте, гуьйре, барам. ХIора дош дещдекъе а декъало. Ткъа тохар цхьана дешдекъа тIе нислуш хуьлу. Стихан шатайпа декар а, хазалла а ритм хилар бахьанехь хуьлу. Хьовсур вай, муха хуьлу и *ритм*.

Масала: «Аренаш макхлуш ю, мажделла гIа дужуш, олхазарш къилбехьа уьдуш ду маьхьарца».

Вайна ма-гарра, кхузахь цхьа а рогIалла а, дешдакъошна юккъехь раж а цахилар го вайна. Оцу могIанаша кхузахь цхьа а синхьегам а, лирически

мукъам а, дог-ойла а ца кхуллу. Ткъа вай и стихан дешнаш цхьана билггалчу къастамаллица шайн рожехь хIоттийча, кхин сурт хIутту.

1. Мажделла гIа дужуш,
Аренаш макхлуш ю,

2. Олхазарш маьхьарца
Къилбехьа уьдуш ду.

Цара гойту стихан цхьа хатI хилар, аьлча а, стихан ритм хилар. Стихехь вайна хеза тохар долуш а, доцуш а дешдакъош. Уьш группашка (тобанашка) декъало шайн-шайн рогIаллехь рожца хийцалуш. Цунах *стопа* олу.

ХIокху хьаьркаца // тохар долу дешдакъа а гойтуш, тохар доцург кху хьаьркаца /–/ а гойтуш, йоьшур вай:

I. Маж-дел-ла гIа ду-жуш,
А-ре-наш макх-луш ю,

2. Ол-ха-зарш маь-хьар-ца
Къил-бе-хьа уь-душ ду.

Цуьнан схема иштта хир ю:

// – – // – –// – – // – –
// – – // – –// – – // – –

Стопахь дешдакъошна тIехь тохарш хийцалучу рожах *барам* олу.

Нохчийн меттан дешнашкахь тохарш, гуттар а бохург санна, дешан хьалхарчу декъа тIе кхета. Цундела нохчийн халкъан барта иллеш а, стихотворенеш а дукхахьолахь дактильца декаш хуьлу.

*Дактиль* хуьлу, нагахь санна хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъан стопа хилча. // – –

БIаьстенан аренаш
Хазъелла ма йогIу,
Зезаго сийна бай
Къарзбина ма богIу. *(Халкъан илли)*

МогIанийн чаккхенаш цхьаьна екаш хилча, цунах *рифма* олу. ХIокху лакхахь ялийнчу стихотворенин 2-чу могIанехь *йогIу*, 4-чу могIанехь *богIу* цхьаьна ека. Иза *перекрестни рифма* ю. Цара ритм а хуьлуьйту. Амма, ритмица, барамца цхьаьна дика чулацам а, ойла а, маьIна а хила деза стихотворенин.

Халкъан иллешкахь, коьртачу декъана, рифма ца хуьлу. Амма ритм даим а хуьлу, цо хаз а до иллеш.

Иллешкахь ритм дика хилийтархьама, цхьадолу дакъалгаш дaладо: тов, ва, ма, кхидерш.

Нохчийн халкъан дукхахдолу иллеш шина стопан, еа стопан дактилан барамехь лаьтта. Еа стопан дактилан барамехь ду «ГихтIерчу Iахин Тимаркъин илли».

Ва сарахь суьйренца булучу боданца,
Туька йиллал ва дари шен дегIе дерзийна,
Бере кечвал ва дети шен некхе дерзийна,
Чилхьесан бухкарца, цу цIестан кIудалца…

Дешдакъошка хьаьжжина, стопаш шина а, кхаа а дешдекъах лаьтташ хуьлу.

Шина дешдекъан стопах ерг (схема):

// – // –

Кхаа дешдекъан стопах ерг (схема):

// — // —// – –

Шина дешдекъах лаьтташ йолчу стопахь тохар хьалхарчу дешдекъа тIе нислахь, цунах *хорей* олу: // –.

Хорейн барамехь язйина ю хIара стихотворени (шина дешдекъан стопах).

Къора етташ, цIийзаш, махо
Аре ирча, ирча йо,
Буьрса тулгIе етташ, дарцо
Керташ, дитташ кегдеш го.

*(Мамакаев I.)*

Шина дешдекъах йолчу стопан тохар шолгIачу дешдекъа тIе кхеташ а хуьлу – //. Цунах *ямб* олу.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Стихотворни-къамел муха къаьста прозаически къамелах?
2. Строфа стенах олу, муха хуьлу уьш?
3. Стихан ритм, рифма бохучух муха кхета шу?
4. Стихан барам хIун ю?
5. Шаьш Iамийнчу муьлххачу а цхьана стихотворенин барам къасто хьовса.



# ЯСАЕВ
## Данкин Мовла

*(1912–1986)*

Ясаев Мовла нохчийн литературе XX бIешеран 50-гIа шераш чекхдовлуш веара. Иза, дахарехь шортта зеделларг а долуш, тIеман а, халкъ цIерадаккхаран а халонех чекхваьлла, гIеметтахIоьттина стаг вара цу хенахь. Цунна дика девзара дахар, цуьнан марзо а, къахьо а лайнера Мовлас. «Ленинан некъ» (хIинца – «Даймохк») цIе йолчу газетан а, «Орга» альманахан а агIонаш тIехь арадийла дуьйладелира Мовлин дийцарш. Цуьнан «Хьоме юрт» цIе йолчу дуьххьарлерачу пьесано Къилбседа-Кавказехь дIаяьхьначу драматически произведенийн конкурсехь хьалхара меттиг яьккхира. ТIаьхьа цу пьесин сюжета тIехь, изза цIе а йолуш, шен гIараяьлла повесть язйира Мовлас. Литературин критико а, ешархоша а чIогIа дика тIеийцира и повесть. Гуш дара литературе доккха похIма долу яздархо веана хилар.

Ясаев Мовла вина 1912-чу шарахь Шуьйтан кIоштарчу Бена-Юьртахь ахархочун доьзалехь. Мовлин воккхахволу ваша Iабдурашид а, кхушиннал жима йиша а хилла. XX бIешерийн 20-гIа шераш чекхдовлуш кхеран доьзал лам чуьра охьабеара Орган йистехь Iуьллучу Чуьйрин-Эвла. Кхузахь МовлагIеран гергара нах бара бехаш. Цара а, юьрто а дика тIеийцира хIорш.

Кхиъна вогIуш волу Iабдурашиддий, Мовлий Соьлжа-ГIала рабфаке деша воьду. Иза чекхъяьккхинчул тIаьхьа «ЦIен варзап» заводехь кIеззигчу хенахь болх бо цушиммо. ЦIечу эскаре гIуллакхдан кхайкхича, хIара шиъ дешна хилар тидаме а оьций, Буру-гIаларчу (Владикавказ) тIеман лаккхарчу училище деша хьажаво ши ваша. Дешар кхиамца чекх а доккхий, эскаре гIуллакх дан воьду къона ши лейтенант.

И хан дагалоцуш, Чуьйрин-Эвларчу, тахана юьртахь массарал воккха волчу, дезткъе кхоъ шо кхаьчначу Арсанукаев Чантас дуьйцу: «Суна дика дагавогIу Iабдурашиддий, Мовлий. ЧIогIа товш, куьцехь жима ши стаг вара и шиъ. Буру-гIалахь дешна а ваьлла, эпсарийн духарщца и шиъ юьрта

цIа веача, жима а, воккха а цаьрга хьовса оьхура. Доккха дозалла дора оха цушиннах, сел хьекъале, гIиллакхе, товш и шиъ хиларна. Лаккхара дешар дешна а, шерра оьрсийн мотт хууш а, тIеман гIуллакх а, юкъараллин дахар а девзаш волчу цушиннах юьртана а, махкана а пайде нах хилира».

Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болабелча, тIеман кадрови эпсарш болу ЯсаевгIар хьалхарчу деношкахь дуьйна мостагIах летачу цIеэскархойн магIаршкахь бара. ТIом болабелчхьана дуьйна Астраханехь тIеман летчикаш кечбечу летни училищехь хьоьхуш вара Iабдурашид, ткъа Мовла Смоленск-гIалахь гIашсалтийн полкехь батальонан командир вара.

МостагI ямартлонца тIелатарна тIеман хьалхара мур къаьсттана хала беара ЦIечу Эскарна. ГIаланаш,ярташ йохош, машаре адам хIаллакдеш чубогIучу фашисташна дуьхьал, шайн синош ца кхоош, майра летара советски бIахой. Мовлас куьйгалла ден батальон Ельна-гIала мостагIчух паргIатйоккхучу тIеман операцехь нисъелира. Шина а агIор леташ доккха ши эскар а долуш, буьрса тIом бара цу гIалина гонаха. МостагI воха а веш, Ельна-гIала паргIатъяьккхира ЦIечу Эскаро. Цу тIамехь хала чевнаш хилира Мовлина. Госпиталехь масех операци йинчул тIаьхьа Мовлин пхьарс дIабаккха дийзира лоьрийн.

Яздархочо Кагерманов Доккас дагалоьцу: «Мовла госпиталехь вуй хиъна, цуьнан юьртарчу наха стаг вохуьйту цунна тIаьхьа. Цо хоуьйту Мовлига, юьртара мел волу жима а, воккха а цунна сагатдеш хилар а, дог лозуш, таваларе сатуьйсуш хилар а. Цунна жоп ло Мовлас: «Иштта сайн юьртахошна со везийла хиъча, хIара сайн шолгIа куьг а доккхуьйтур дара-кх ас», – олий. Оццул беза бара Мовлина нехан лерам.

Эскарера мукъавала лууш вацара къона эпсар, командованига ша бIахаллин гIуллакх деш витахьара аьлла, дехар дира цо. Амма, хIара лазийна хиларна, лоьрийн комиссино паргIатваьккхира бIахочун декхарш кхочушдарх. Тыле, Нохчийчу, хьажийра Мовла. Iедало шех тешийна муьлхха а болх кхочушбеш, шен ницкъ ма-кхоччу къахьоьгура цо.

1942-чу шарера 1944-чу шеран феврале кхаччалц Шуьйтан кIоштахь прокуроран болх бира Мовлас. Нохчийн халкъ цIерадаьккхича, ГIиргIазойн махка кхечира цуьнан доьзал. Кхузахь, Токмак-гIалахь, жилкомхозехь болх бира цо. Юха, ша Нохчийчу цIаверззалц, оцу гIалахь «ГIалин дахаран урхаллехь» (Горжилуправление) куьйгалхочун даржехь къа а хьийгира.

Нохчийн мотт дика хууш а, иза даггара безаш а вара Мовла. Цундела дара иза журналистике балха вар, Нохч-ГIалгIайн республика юхаметтахIотточу мурехь ша цIавирзича. Цо ткъе итт шарахь гергга къахьийгира Нохч-ГIалгIайн АССР-н телерадиокомитетехь, оьрсийн маттера нохчийн матте материалаш гочъеш.

1986-чу шарахь, Соьлжа-ГӀалахь хиллачу некъа-хьовзамехь лазийна, дӀакхелхира Ясаев Мовла. ТӀеман, халкъ махкахдаккхаран Ӏазапах чекхваьлла, шортта халонаш а, Ӏедалан агӀор хилла цатемаш а лайначу дахаро вахчийначу Мовлин иштта Ӏожалла хилира.

*Арсанукаев Муса,*
яздархо

### Шуна, хӀума довза луурш

Ясаев Мовлица телерадиокомитетехь болх бинчу, газеташкахь, яздархойн Союзехь цхьаьнакхетарш хиллачу журналисташа, яздархоша дикачу, хастамечу дашца дагалоцу Мовла. Нохчийн Республикехь шуьйра вевзаш волчу журналисто, поэто Кусаев Ӏадиза шен «Нохчийн яздархой» книги тӀехь яздо цунах лаьцна:

«Суна дика вевзара Ясаев Мовла, хӀунда аьлча дуккха а шерашкахь цунна уллехь Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н Пачхьалкхан телерадиокомитетехь болх бинера аса. Иза лекхочу дегӀахь, зоьртала стаг вара. Цо тӀедуьйхина лелош дерг эскархойн духар дара: гимнастерка, цунна тӀехула дихкина шуьйра доьхка, галпеш йолу хеча, эткаш. Иза гочдархо вара. Цуьнан аьрру пхьарс бацара, цундела цуьнан йоза даржийна а, шуьйра а хуьлура. Ӏаламат дика нохчийн мотт хууш вара иза…»

Цунах шен болчу дагалецамашкахь Чуьйрин-Эвларчу вахархочо Арсанукаев Чантас дуьйцу: «Мовла Соьлжа-ГӀалахь вехаш вара, вай махкахдаьхначуьра цӀадирзинчул тӀаьхьа. Иза журналист а, яздархо а вуйла, хаьара тхуна. Цо язйина «Хьоме юрт» книга а ешна аса. ЧӀогӀа дика язйина ю иза. Нохчийн Ӏер-дахар, вайн гӀиллакхаш дика дуьйцу цо цу тӀехь.

Дахарехь, леларехь чӀогӀа оьзда стаг вара Мовла. Вайн юьртарчу дуккха а нахана гӀо дина а ву иза. Ӏедалера, лоьрашкара я кхечанхьара гӀо оьшуш меттиг хилча, орцахвала кийча вара Мовла. Юьртахь баккхийчарна хӀинца а дагадогӀу АбубакаровгӀеран Малика цӀе йолчу йоӀана Соьлжа-ГӀалахь тӀеман госпиталехь лоьрашка операци йойтуш цо гӀо-накъосталла дар. Цу хенахь иза атта гӀуллакх дацара, амма Мовла, бӀокъажийна, юхаволучех вацара. ЙоӀана чолхе операци еш а, юха цунна тӀехӀуттуш а, оьшучуьнга хьожуш а леррина лийлира Мовла, дукха наха цунна баркалла а элира. Иштта вара иза, хьуьнаре а, гӀиллакхе а, хаза къамел долуш а».

Мовлас шен дика цӀе йитина – дахарехь а, литературехь а. Иза ша санна, оьзда а, гӀиллакхе а бу цуьнан турпалхой, «Хьоме юрт» повестера Лох-Беташ, «Яхь» дийцарера Ӏабдулла а, дуккха а кхиберш а.

Цуьнан говзарш йоьшуш, хӀара, дагалаьцна, шегара кхоьллина ду, дахарехь иштталиг хуьлуш дац аьлла, ойла ца кхоллало ешархочун, хӀунда аьлча авторо гайтинарг шена гонаха дерг, ша я шена уллерчо лайнарг, шена гинарг, хезнарг дара.

ЦӀена а, васте а бу Ясаев Мовлин говзарийн мотт. Цо боккха пайда оьцу халкъан барта кхолларалех, ма-дарра аьлча, цо (халкъан барта кхоллаларалло), шех деза жовхӀар хилла, хазбина Мовлин прозин мотт:

«…БӀаьрг мел битти – бӀарлагӀаш! Ла мел дийгӀи – татанаш! Ойла мел йин – гӀайгӀанаш!» (Ясаев Мовла, «Хьоме юрт».)

Иштта халкъо кхоьллина аларш, кицанаш, хьекъале дустарш дуккха а ду цуьнан прозехь.

Нохчийн Ӏадаташ, ламасташ шена дика девзаш хилар гайтина авторо шен говзаршкахь а. Масала, «Хьоме юрт» повестехь цо яздо:

«Шена зуда ялийна волу жима стаг шен болехь хьийзар, кхидолчу къаьмнийн санна, догӀуш дац нохчийн къоман гӀиллакхашца. Цул сов, зуда ялийна жима стаг юьхьанца баккхийчу нахана юккъе гучувийлар а ца товш лору нохчийн гӀиллакхаша. Зуда ялийна жима стаг бехке йоцчу цхьана хӀусамехь шен нийсархошца сакъоьруш Ӏаш хуьлу».

Ша Ӏаламан хазалла гайтарехь воккха говзанча хилар а хоуьйту Мовлас: «…ламанан дукъа тӀе ваьлча, кераюкъ санна, шера гуш Ӏуьллуш цхьа тогӀи гучуелира. ХӀинца цига дӀакхаьчна лара мегар дара хӀорш. Леррина цхьана адамаша, и тогӀи чуерзош, куьйга йина йолуш санна, хаза раьгӀнаш лаьттара оцу тогӀина гонаха. Оцу раьгӀнел арахьа лаьтташ долу мокхаза тӀулгийн лаьмнаш, и тогӀи а, цуьнан хаза го а ларбан хӀиттийча санна, лаьтташ дара!» (Мовла Ясаев, «Хьоме юрт».)

Иштта Ӏаламан хаза сурт хӀоттадо авторо шен повестехь. Цу кепара Ӏаламан васташ кхечу говзаршкахь а ду цуьнан, уьш шайн чулацамца токхе а, шуьйра а, исбаьхьаллин басарша кхелина а гойтуш ду.

Ясаев Мовла нохчийн литературехь йоккха меттиг дӀалоцуш ву. Говза прозаик, драматург, гочдархо хилла иза. Шен говзарша нохчийн литература кхиийначарех, цуьнан таронаш шортта хилар гайтинчарех цхьаъ ву иза. Шена даржаш а, балхахь, дахарехь аьттонаш а ца лоьхуш, хьанал къахьоьгуш, ша яздинарг дешархошка дӀа а кхаьчна, царна иза мелла а пайде а, говза а хеттехь, цунах воккхавеш ваьхна и дика стаг, дика яздархо.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Мичахь, маца вина Ясаев Мовла?

2. Дийца, хинволчу яздархочо мичахь дешна.

3. Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тӀамехь Мовлас, цуьнан вашас дакъалацарх дийца.

4. Дийца, мичахь, хӀун белхаш бина Ясаев Мовлас.

5. Цӏерш яха цо язйинчу исбаьхьаллийн говзарийн.

6. Ясаев Мовлин юьртахоша иза ларар а, царна иза везаш хилар а муха дуьйцу яздархочо Кагерманов Доккас шен дагалецамашкахь?

## ХЬОМЕ ЮРТ

Кавказера гІаьттина олхазар а дІакхача сов гена, акха меттиг яра Тянь-Шанан лаьмнаш юккъехь яйна Іуьллу Арпа-тогІи. Оцу тогІи чохь дехаш-Іаш долчу кІеззигчу адамашна шайний бен, мегарг цхьанна а ю-яц а ца хууш, чІогІа нацкъара меттиг яра иза. Иштта нацкъара меттехь шаьш хиларна, чІир такхаран кхерам шайна тІера дІаайабелла лорура Серижас. Амма Лох-Беташа чІогІа гІад-амал дайъинера цуьнан, хан алсам дІа мел ели, дукхах сагатдеш.

Шена базбелла даг тІера бала, гуттар а санна, Серижина балхо охьахиъна вара Лох-Беташ цхьана тийна еанчу йоьхканечу суьйренца.

Къаьхьа кад мерзачел дукха а муьйлуш, махкахъяьллачу хийла шерашкахь шен тешаме накъост хилла леллачу Серижех хьулдина, дагахь дуьтуш хІумма а дацара Лох-Беташан.

Гена новкъа воьдуш, гихь базбелла мохь, накъосте ах дІа а белла, байбар санна хетара Лох-Беташна коьртана базбелла бала Серижига дІабалхор.

Ткъа Серижига и бала дІабалхо Лох-Беташ охьахиъначу йоьхначу суьйренца Арпа-тогІи чу Кавказера даьхкина адамаш кхаьчнера.

…Юкъах йихкина шаьлтанаш а йолуш, коча тийсина гІаьпнаш а, карахь пхоьазза йолу тоьпаш а йолуш, цхьацца волуш, кхо стаг гучувелира. Уьш Лох-БеташгІеран цІийнан урам-некъехьарчу неІаре кхечира. Царах шиъ некъехьарчу кора кІел ладогІа тебира, юкъ-кара корах чухьажа а гІерташ. И шиъ Джамалдий, Шамсуддий вара. КхоалгІаниг, цушинна гІарол дан санна, жимма дехьо, поп-пархйинчу керта кІел, когаш тІе охьалахвелира. Иза Джамалайла вара.

Корехь ладоьгІуш лаьтташ болчу ДжамалдигІарна Лох-Беташий, Серижассий вовшашка деш долу къамелаш ма-дарра хезаш дара.

– Дера хаац суна-м, зуда, хІара шо къаьсттана цхьа тамашийна сингаттаме деана-кх суна, стенна делахь а, – элира шен шалго-тоьпан патармаш дузуш Іачу Лох-Беташа.

– Ша вина, кхиъначу махкана сагатлуш цахилар-м башха нийса а хир дацара. Сагатдеш хилар-м айпе лара мегар дац, – аьлла, гуттар а санна, майрачун гІайгІан мохь схьаэца кечъелира Серижа.

Хан дIа дукха мел ели, вина-кхиъначу шен махкаца йолу марзо йижаран, артъяларан меттана, тIаьхь-тIаьхьа хьегар, сатийсар, сагатдалар алсамдолуш дIадоьдура Лох-Беташан.

Пхуьйтталгlа шо дара Лох-Беташ шен ненах, йишех къаьстина лела. Пхийтта шо дара берахь левзина хьоме юрт, мохк цунна ганза.

– Ян а юй-техьа кху баланан чаккхе? Ца ган йоллу-техьа гIийла нана, вайн миска йиша?

– Ма хилахьа балане сел чогIа хьайн сагатдойтуш, суждане оьхуш, хьо таьIна хилча, хьоьгара гIайгIа-бала шайга болий, бераш а хуьлу, дог духий, гIийла, – элира Серижас Лох-Беташе.

– Цхьацца хан йогIу суна, зуда, сан ойланаш цхьана боданечу кIоргенашка а йоьлхий, стенан ойла еш вара аьлла, ахьа хьаттича, цунна дала жоп а доцуш, – бохуш, Лох-Беташа къамел дIадолийнчу хенахь корехь лаьттачу Джамалдина, куй ластийна, Джамалайла а шайна тIе схьавалийра.

Коре а таьIна ладоьгIуш лаьттачу вежаршна чуьра схьа къамелаш хезара:

– Дийнан делккъехь цхьана новкъа дIавоьдуш, – дуьйцура Лох-Беташа, – суна дуьхьал гIаларташ хIуьтту, вайнярташ, цIенош гуш, вайн аьрцнаш, Iаннаш гуш, Органан бердаш, гIайренаш гуш. ГIап лаьттинчу орцан йисте а хIоьттина, оцу вайн ярташка – Дубин-Эвла, Темболата-Эвла, АтагIа, ГIойтIа – цкъа чу а хьаьжна, циггахь со велча а, гIайгIа бийр бацара аса. ГIап лаьттина арц!.. СаьIин арц! Нежни-Корта! Шишна-Iин! Iелаханан шовда! Цкъа а кхин гур юй-техьа и хьоме меттигаш?

Лох-Беташна дагахь лаьтташ, цо далхош хилларш-м сийначу хьаннаший, шийлачу шовданаший хаздина ламанан аьрцнашший, Iаннашший дара.

Ткъа Серижас шен дагахь лелош йолу ойла яра, оцу Органан гIайри тIера цхьа жима тIулг а, деза жовхIар хеташ, лелор бара, бохуш. Оцу Органан хих цхьа къурд бича, шен дегIаца мел йолу цамгарш дIаевр йолуш санна хетара цунна, сел даьржина догIуш и делахь а.

– Набарха гIенан кхоьлах а дуьхьалара дIадовла туьгуш дац вайн мехкан гIаларташ. Сийсара гIенах вайн уьйтIарчу Iожан ши дитт гуш Iиллира со сахиллалц, – элира Лох-Беташа.

– Далий, маликаший диканца дуьхьалдоккхийла! Дийцахьа суна, муха гира хьуна?

– Кхин башха хьуна дIадийца хIума а дацара иза-м: цIахь, вайн уьйтIахь, оцу Iежийн IиндагIехь, Iаш хуьлу вайша. Ткъа шайна тIехь Iуналла дан да воцуш, и Iежаш дакъалуш дара. Церан гонаш самсадохуш, царна хи детташ вара со. Охьа ца эга гIерташ, вовшашкара гIо лоьхуш санна, вовшашна тIетевжина, букар а таьIна, льттара и Iежаш. Царах къахетар тIехдаьлла, гIенах вилхина со, ахьа самаваьккхича а, юхаверза ца кхеташ, воьлхуш вара.

– Дика гIан ду иза-м. ГIенах велхар самах вела ду. Хьан нанассий, йишассий гIийла дууш долчу дуьненан суьрташ ду хьуна дуьхьалтуьйсурш. Хьайна тIерачу лураллех хьо маршаваьлла, вай цIа а дахна, ахьа хьайн ненан, йишин догдика дан ду, – аьлла, тидира Серижас гIан.

– Самах а, со новкъа дIавоьдушехь, – кхидIа а дуьйцура Лох-Беташа, – дуьхьал суьрташ хIуьтту суна, Секиматтий, Марижий, якъаеллачу шайн голаш тIехь буьйсанийн йохаллехь хевшинчуьра ца гIовттуш, азделла куьйгаш стигала хьала а кхийдош, вай Деле доьхуш, доIанаш деш Iаш, хIара йоккха гIайгIа вайна тIера дIаайар вайн Деле доьхуш.

– Ма ахьа ца лоьхуш беара-кх хIара бала вайн коча хIетахь! ЧIогIа аьрха, сиха стаг вара и хьан доттагI. Наха а олура цунна, чIогIа кIоршаме стаг ву.

– Байтамал-яI! Къонах хир волуш, дика кIант вара сан доттагI Майрбек. Оцу буьйсанна цуьнгара даьлла гIалат, барамал тIех меллачу маларо хьераваьккхина ца хиллехьара, долуьйтур дацара цо шегара. Дукхахдолчу зуламийн нана – и малар – хилла хир дара гIуллакхна бехкениг.

– Хьуний, йоIанний дукха йилхина, бIарз а елла, Iаш ю аьлла хезчахьана, нанех къахета-кх къаьсттана чIогIа, – элира Серижас, гIайгIанечу ойланехь аз дуткъа а дина.

– ХIинца, вешан доьзал кхиъначул тIаьхьа, дика хаьа вайна, денненан доьзалхочух доглазар мел чIогIа ду. Сох яьлча, дуьнен чохь кхин тIетовжийла йоццушехь, сан коьртана маршо лоьхуш, Секимата кхуза кхоьссира вайша. Ткъа дений, нанний доьзалхочух къахетаран чIогIалла массо а кепара евзинчул тIаьхьа, хIинца кхидIа хIокху

айса лелочун маьIна хууш вац со, – бохуш, Лох-Беташа Серижига деш хилла къамел, хетарехь, дуккха а шерашкахь цуьнан коьртехь гулделла дара.

– ХIинццалц санна, кхерамах ларлуш, дикане догдохуш, дIаIийр ву-кх, – элира Серижас.

– Шаьш кхетамчу мел даьхки, вайн бераша, вай муьлш дуй, мичара дуй бохуш дечу хеттарша со самавоккху, вайша дIадаьлча а, шайн мохк, мотт лахаза уьш Iийриг цахилар гойтуш. Нагахь сайн Iожаллех сан валар а хилла, шайн мохк лоьхуш, бахана, уьш дIа цIа кхаьчча, «хьенан, мичара, муьлш бу» коьртах даьлча... мел къаьхьа дуьхьалкхетар бу-кх царна иллешкахь хазалла буьйцу Кавказан исбаьхьа мохк! Ма дог доьхна хьийзар бу-кх уьш, вайн луьрачу Iадатех ца кхеташ! – дуьйцура Лох-Беташа.

– Нагахь уьш, цIа а ца боьлхуш, гуттаренна а кхузахь Iийча? – хаттар дира Серижас, йоьхначу ойланийн йийсарехь волчу Лох-Беташан гIайгIа яйаран Iалашо йолуш.

– Цуьнан а ойла йина аса. Кхузахь а маршо яц царна... Даьхкина цхьа адамаш кхуза схьакхочур ду – и суьрташ хIуьтту суна дуьхьал. «Хьо хьенан, мила ву?» – кIанте хоттур ду. Нохчийн маттахь кхин стаг вистхуьлуш хезча, цунах кхаъ хилла, дуьхьал а хьодуш, кIанта дIаэр ду, ша хьенехан кIант минех ву... «Ша дийна волуш, хьан дас, хьуна дIало аьлла, дитина совгIат ду хIара, хьуна хIара дохьуш даьхкина тхо кхуза, дIаэца хьайна», – аьлла, топ тоьхна я шаьлта тоьхна, кIант охьавуьллур ву. Хиллачух ца кхеташ, бахьана ца хууш, цIий оьхуш Iуьллучу кIантана тIе а хIиттина уьш хьовсур бу, и велладийна ву хаа. КIентан бIаьргаш хьуьйсуш хир бу, тIехIиттинчаьрга къинхетам боьхуш, шена гIо доьхуш, вахаре мерза сатуьйсуш. ХIара хIинца а дийна висаре сатуьйсуш вуйла хиъча, вукхара кхин цкъа а тоьпаш тухур ю, лийр воллучу тIе юьхьигаш а таIийна.

– Ма кIезиг бехк бара-кх оцу кIентан, оццул къиза таIзар цунна тIехь дан. Бехк-м, бакъоне диллича, хьан а бацара...

– Со сайн йишина хьалхара жоп дала дезаш ву. Амма сайн кочара и беза мохь сайн доьзалхочун кочахь бита ойла-м яц сан, – элира Лох-Беташа. – Цу тайпана суна дуьхьалхIуьттучу гIаларташа дийнахь тем а, буьйсанна наб а яйъина сан. ХIара гIайгIа кхидIа лан хьуьнар ца тоьу... Вай хIинца цIа дерза деза.

Ша Iачуьра хьала а гIаьттина, чухула дIаса а волалуш, Лох- Беташа кхидIа а къамел дора.

И къамелаш ма-дарра хезаш, ладоьгIуш лаьтта вежарий буьйсанан тийналлехь, беттасин бIаьрмецигчу серлонехь, вовшийн дагара хаа гIерташ, вовшашка хьуьйсуш бара.

– Вайна тIехь долу ДжанхотгIеран декхар аса царна айса дIалур ду, – схьахезара Лох-Беташан къамел. – Со цхьаннан меттана Секиматна кхиъна шиъ кIант хир ву. Сан каш, сан ден каш санна, пана арахь доцуш, сан нана а, доьзалш а тIекхоччехь – вайн махкахь – хир ду. Ткъа вайн бераш шайн юьртахь, махкахь, шайн къома юккъехь дехар ду, тIеоллабелла хIара кхерам а боцуш.

– Собар де, сих ма ло. ЛадугIур вай. «Сихалло са даьккхина, собаро лам баьккхина» аьлла кица ду вайнехан. Россехь паччахь воьхна а масех шо ду, боху. Кху махкахь а мискачу нехан Iедал хIуттуш ду хIинца. Хьанна хаьа, и къиза зама йохарца вайнехан цхьадолу къиза Iадаташ дIа ца девр-техьа? – бохуш, Серижас, кхидIа а далхадеш, дуьйцура: – Вай дукха хьегначу нохчийн махках кхин цкъа бIаьргтохар, хьайн доьзал цу махка маршонца юхаберзор а хьайн дегIах мерза са дIадаларан безачу мехах эца дагахь ву хьо. Оццул чIогIа махках а, юьртах а, ненах а хьоьгуш, кхузахь хIара сингаттаме хан токхуш Iаш ву хьо. Тарлур дац-техьа, кхузахь мукъана а, жимма хьайн дагна а, дегIана а паргIато яла? Кху деношкахь кIанта, дагахь а доцуш, цIаьххьана хаьттира соьга: «Дадас шен корта цкъа а дIа хIунда ца бошуьйту?» – аьлла. «Иштта и гIиллакхаш ду вайн нохчийн къоман – божарша а, зударша санна, кортош дахдолуьйтуш», – аьлла, жоп делира аса цунна. «Сан а дезар ду иштта лела?» – аьлла, хаьттира кIанта соьга. «Дезар ду» а, «дезар дац» а аьлла, шозза жоп делира аса оцу цхьана хаттарна, шина а жоьпана со реза а йоцуш. Тарлур дацара-техьа хьан а корта дIабашийта, кхузарчу гIиргIизойн къонахаша санна, ахьа лело гIиллакх ган стагга а ца хилча мукъана а?

– Доьналла долуш дика къонахий бара Джанхотан кIентий. Царна хаар, цахаар башхалла доцуш, сайн дагахь уьш лоьруш, Майрбек кхалхарца деанчу вонна Iаьржа дуьйхина, лелабо аса, зуда, хIара корта, базбалийтина. Тарлур дац сан хIара Iаьржа духар охьадилла. Декхар ду ДжанхотгIеран суна тIехь, дуьненан муьлххачу маьIIехь со хиларх, диццдан сан йиш йоцуш.

– Декхаран дайн бакъо ю шайн декхар леха а, цунах жоп деха а, хотIе воьжначун бакъо ю къинхетам беха а, паргIато еха а, – элира Серижас. – Ахьа санна, кху белхан ойланаш аса а йо: хьол тIаьхьа хIун хир-техьа хIокху берех? Мила гIоттур-техьа кху пана махкахь, кхеран верас хилла, кхарах дог лозуш, нийсачу новкъа хIорш нисбан гIерташ? Амма кхин цхьаъ-м дара суна хууш, дIадийца меттиг йоцуш, дукха хенахь дуьйна сайн дагахь аса лелош: нагахь бакъой, харцой къасто хIоттийча, хьайн доьзалан да хила а, хьайн мехкан воI хила а юьззина бакъо хьан хиларрий, адамаллин къинхетаме ойла цу тIехь ерриг а хьоьгахьа хирг хиларрий.

Шамсудди ханна уггар жима воллушехь, массо а хIуманна тIехь вежарий цунах дагабовлуш хуьлура, къасто дезачу муьлххачу а гIуллакх тIехь цуьнан хьекъал дика кхуьуш хиларна. Муьлхха а гIуллакх къасто дезачохь цунах дага а бевлла динчу тIехь цкъа а юьхьIаьржа ца хIиттинера вежарий.

Дуккха а хенахь дуьйна ша-шаха хIоьттина иштта схьадогIуш хиллачу гIиллакхна тIе а тевжина, шайн дахарехь уггар хала еанчу хIокху буьйсанна а Джамалдий, Джамалайлий Шамсуддин бIаьра хьоьжуш вара. Тховсалерачу йоьхначу буьйсанна и воккхалла шега кхочийла хууш Шамсудди вара, дог реза а дина, и муьлххачуьнга а дIалур долуш.

...Лох-Бod

Вешин омрина Джамалдис доцца жоп делира:

– Хьан даша тIера керчар вац тхойша... Хьан кхетаме дош тхойшинна тховса къилба ду.

И къамел чекхдаьллачул тIаьхьа Шамсудди, хьала а гIаьттина, Лох-БеташгIеран неIарехьа дIаволавелира. Амма, чохь юха а къамел дечу Лох-Беташан аз хезна, иза корехь кхин цкъа а ладогIа сецира, Джамалайлий, Джамалдий уллехь а волуш.

Лох-Беташий, Серижассий вовшашка дечу къамелийн дешнаш дара кхин а схьахезаш.

– Джанхотан берийн шайн дегнаш чохь сайца чІир-гамо ю аьлча, тешар вацара со, цаьрца йолу сайн ойла хІинца а цІена хиларна. Вуьшта вайгара шайн чІир леха лаарна бехк хир бац-кх церан а. Вайнехан къизачу Іадато лоьхку хир бу-кх уьш а, «аша шайн чІир ца лахахь, нахана нах хетар дац шу», бохуш. Аса сайгара декхар царна айса дІалур ду, вайн доьзал шен къома юккъехь цІахь хир бу. ЦІадоьрзур вай, зуда, кху пана махкара герггарчу хенахь, – хезара Лох-Беташан аз.

– Собар де, сих ма ло, сапаргІат хила! Буьйсанал Іуьйре сирла хуьлу! Къизаллел къинхетам нуьцкъала хуьлу. Тховсенна садаІа, дог паргІатдаккха. Кхана Іуьйранна, ладовгІна, цхьаъ дер вай. Со, тас дІа а кхоьссина, чуйогІу... Пхьуьйра-ламаз а дай, охьавижа!

И дешнаш аьллачул тІаьхьа тас дІакхосса хьалагІаьттину Серижас неІ дІайоьллуш, ШамсуддигІар, цІийнан пенаца беттасин ІиндагІе охьалахбелла, хьуламехь севцира.

Ткъа йиллинчохь неІ а йитина, цІенна жимма генадаьккхина тас дІаласто дехьаяьллачу Серижина ца тосаделира йиллина йитинчу неІарх оцу сохьта, гІар-тата доцуш, ШамсуддигІар чоьхьабовлар.

... Дагахь а доцуш, цІаьххьана, карахь герзаш а долуш мостагІий дуьхьалхІиттаро мелла а вохийна Лох-Беташ, ойланца доцуш, шашаха герзех ка а тухуш, хьалаиккхира. Цуьнца цхьаьна неІарал чоьхьаваьллачу Джамалайлас, Джамалдис Шамсуддина тІехьашха Лох-Беташна тоьпаш тІеерзийра.

Лох-Беташа, шен хаьн тІерачу тапчи тІехь хилла аьтту куьг а, шаьлтан тІе нисделла аьрру куьг а меллаша ваьштадалийра, юкъ яста.

Шамсуддис, шена хьалхаевлла хилла вежарийн тоьпийн юьхьигаш схьалецира, царах даьндарг аш ара ца йовлийта санна, тІеттІа буйнахь къуьйлуш.

Цу юкъана тас а карахь чуяьллачу Серижина ирча сурт гира. Лох-Беташна тІехьажийна тоьпаш яра. НеІарехьа гуш кхо стаг вара. Ткъа баьрчехьа лаьтташ Лох-Беташ а вара, коьртахь куй а боцуш, тІехула юхучу цхьалхачу бедарца, йихкина юкъ а йолуш.

Джамалдиний, Джамалайлиний неІарал чоьхьаяьлла Серижа гуш яра, Шамсуддина иза ца гора.

И ирча сурт шена дуьхьалхІоьттича, хиллачух ма-дарра кхийтира Серижа. ДегІера дерриг а гІора дІадаьллачу Серижин карара йоьзан тас йоккхачу гІовгІанца охьадуьйжира.

МостагІашна юьхь-дуъхьал ца хьожуш, лаьтта бІаьра хьоьжуш лаьттачу Лох-Беташна гуш а, хезаш а дацара цу хьолехь Серижа чуйолуш а, цуьнан карара тас охьадужуш а.

ЦІаьххьашха охьадоьжначу оцу тесан гІовгІано човхийначу Лох-Беташа шен пхьаьрсан гола ша-шаха шен юьхьа тІе озаррий, Шамсуддис шен буйнара Джамалдин, Джамалайлин тоьпийн юьхьигаш хьала а ластош: «Собар!» – аьлла, мохь тохаррий цхьабосса хилира.

И тоьпийн юьхьигаш хьалаластош Шамсуддис хьалаайъинчу шина куьйгах цхьаннан кераюкъ Лох-Беташехьа хьалха дІаерзийна, вукху куьйган кераюкъ вежаршкахьа юхаерзийна айъинччохь латта йисира.

Лох-Беташан юьхь-сибатехь дешалур долуш шера гуш дара, доьхначу денна къера хилла, къаьхьа къурд бина, и сецна хилар.

Лох-Беташа, меллаша шен юкъ а яьстина, вежаршна хьалха шен герз охьадиллира. И даккхий гІуллакхаш эгна йолу ерриг а хан минотащца ягарлур йолуш, кІеззиг бен яцара.

Хьалаайъина хилла шен куьйгаш жимма охьа а лахдеш, Шамсудди вистхилира, ша бохург коьртачу декъана вежаршка а долуш: «Собар де! Совцаде герзаш! Дешан рагІ соьгахь ю!»

Ирахь кхин латта ца елла, Серижа когаш тІе охьалахъелира.

Лох-Беташ, аьрру агІо мостагІашкахьа а болуш, ши куьг хьалха тІекІел а диллина, лаьтташ вара, кхеле ладоьгІуш, лаьттан бІаьра а вогІавелла.

Мотт тийсалуш, кхо-диъ дош элира Лох-Беташа:

– Ламаз а эцна... мІараш а хадийна... Іожаллина кечам бан аша пурба лахьара...

– Пурба ду хьуна. Кечам бе ахьа! – элира Шамсуддис цкъа а ца хиллачу кепара, цхьа шатайпана декачу озаца.

Лох-Беташ ша лаьттачохь Серижин бІаьра хьаьжира.

Ца догІучу дагца, ца яьллачу денна дІадолийра Серижас къаьхьа дезарш. Цо Лох-Беташна мІараш хедо тукар делира.

ЧІогІа эгош долу куьйгаш совцо гІерташ, шен пхьаьрсийн голаш дегІа тІе а теІош, Лох-Беташ мІараш хедо хІоьттира. Шамсудди букъ тухучу гІанта охьахиира, топ хьалха а хІоттош. Джамалдий, Джамалайлий ирахь лаьтташ вара.

Охьадоьжначу тесан гІовгІано самаяьккхина кхо-диъ шо кхаьчна жима йоІ – Тамара, метта кІегар а хиъна, гобаьккхина массаьрга а хьаь-

жира. ДӀахьаьжча, уллехь вижина да ца карийча, йоӀ чӀогӀа карзахъелира, цуьнга, шена улле охьавижа, бохуш. «Дада охьавижийта!» – йоьлхура йоӀ, шен нене а хьоьжуш, дегахьа дӀа тӀамарш а кхийдош.

Лох-Беташа, бӀаьрга бӀаьца а йина, Серижига йоьлхучуьра йоӀ сацае, элира. Лох-Беташна тас, хий хӀоттийна, йоӀана тӀеяхана, елхаран къурдашца Серижа цуьнга йистхилира:

– Охьайижа! Наб кхетийта! Дада а хӀинцца вуьжур ву...

Лох-Беташ, шен мӀараш хедийна а ваьлла, ламаз эца хиира, ткъа шен къамел дӀадоло хьалхара дош лоьхуш, ойла еш Ӏаш хилла Шамсудди, йоьлхучуьра лагӀъелла, къаьрззина шегахьа схьахьоьжуш меттахь Ӏаш йолчу жимчу йоӀе вистхилира:

– ЦӀе хӀун ю хьан, кӀужалш?

– Тамара ю-кх!

– Охьа хьаьнца юьжу хьо, Тамара?

– Дадица юьжу-кх! – элира йоӀа. Шена тӀехь лелориг йоккха харцо хеташ йолчу йоӀа, шена гергахь хабарна а доцуш, уллехь лаьттачу аган тӀе пӀелг а хьежош, кхидӀа а дийцира: – Тохара со наница юьжуш яра, ткъа хӀинца веана схьа а кхаьчна, оцу кӀентан къамкъарго соьгара нана дӀа а яьккхина, суна хӀинца дада кхаьчна.

Къамеле яьлла Тамара, меттара гӀаьттина, Шамсуддина тӀееара. Цуьнан кога тӀей, гоьли тӀей роггӀана ког а боккхуш, цуьнан кара а яьлла, вортанах куьйгаш хьарчош, хаза то а елла, Шамсуддин кара охьахиира, цуьнан карарчу тоьпан чапха шен берзинчу когаца дӀа а тоьттуш. И дерриг а сурт ма-дарра гуш тӀехьа лаьттащ волу Джамалдий, Джамалайлий леррина вовшашка хьаьжира. Цушиннан карарчу тоьпийн юьхьигаш охьайирзира.

Тамарас шен дуткъачу, декачу озаца хецна деш хиллачу къамело наб кхетта Ӏуьллуш хилла исс-итт шо кхаьчна кӀант а самаваьккхира. Ша Ӏуьллучохь метта охьа а хиъна, иза массаьрга а хьожуш чекхвелира. Цул тӀаьхьа кӀант нене вистхилира:

– Ва нана! Ахьа-м ма олура, кху махкахь вайн мотт хууш стагга а вац. Кхарна-м ма хаьа вайн мотт.

Бераш самадовлар а, хьалха лаьттачу инзаре буьрсачу суьртан уьш тешаш хилар а дагна ца лууш йолчу нанас шен кӀанте элира:

– Охьавижа! Охьавижа, диканиг! ХӀорш кхузара бац. Нохчийн махкара баьхкина кхин нах бу хӀорш.

Тамарас, Шамсуддин коьртара схьа а басккхина, цуьнан боккха месала куй шен коьрта а тиллина, ерриг шен юьхь къайлаяьккхира. Ткъа ша Iаччуьра дIахьаьжначу кIанта Шамсуддин корта тергалбина таро яра.

Кхо-диъ шо кхаьчначу жимчу йоIана а, исс-итт шо кхаьчна волчу кIантана а хоийла дацара Нохчийчуьра шайга баьхкинчу хьешаша деана инзаре гIуллакх.

Цундела цушиннах хIораммо а шайн гIайгIа ер-ерг дуьйцура:

– Ва нана! – элира кIанта. – Ткъа хIокхара-м ма ца лелайо еха месаш, дадас санна. Ахьа бохура, массо а нохчаша уьш лелош хуьлу.

Кегийчу берийн гуьнахь доцчу хеттарша йолчунна тIе а йохийначу ненан дог, Iийжаш, детталуш дара. Елхаран къурдаш легашкахь а сецош, нанас кIанте мерза элира:

– ДIавижа! ДIавижа, диканиг! ХIинца дезар дац хьан и месаш лело. Безачу мехах бакъо оьцуш ву хьо месаш ца лело.

Ламаз эцна ваьлла Лох-Беташ, шен кога кIарх-маьхьси а дуьйхина, ша Iачуьра, дегI нисдеш, хьала а гIаьттина, ламаз оьцуш хьаладина пхьуьйшаш охьа а карчийна, гIовталан ветанаш дIа а доьхкина, чIогIа сацар дайна, воьхна а волуш, нуьцкъала дешнаш вовшахтуьйсуш, вистхилира:

– Кийча ву-кх со хIинца... шун декхар дIатакха... Кегий бераш кхера ца далийта... уьйтIа а девр ду-кх вай...

– Хьашт дац! Ца оьшу! И арадовлар дуьтур вай хIинца!.. – элира Шамсуддис ша Iачуьра дIа дуьхьал дош дар ца тардолуьйтучу ондачу озехь.

– Делахь-хIета, и бераш дехьа чу даха!.. – элира Лох-Беташа зудчуьнгахьа а хьаьжна.

Баланан базалло хьере йина Серижа, ша хIун леладо ца хууш, социйла дайна хьийзаш яра. Наб кхеттарш а, кхетаза берш а дехьа чу кхалхийна яьллачул тIаьхьа, тIееана, Шамсуддин карара йоI дехьа чу йига схьайиийхира Серижас.

ЙоI нанна чIогIа дуьхьалйирзира, ша дехьа чу ца йогIу, дадица бен охьаюьжур яц ша бохуш.

– Ма йига! Ма йига-а! Суна ца лаьа! Со дадица йижийтийша! Дадица йижийта! – когаш а, куьйгаш а лестош, нанна дуьхьалъяьллера жима йоI.

Нуьцкъала йоI дIайига Сережа гIоьртича, аьрру куьг духьал а тесна, Шамсуддис йоI, дIа ца луш, сацийра:

– Йита йоI! Йита хIара! Харц ма ле кхуьнга! Йижийта хIара шен дадица охьа! Щенна бакъо ю кхо вайгара йоьхург, – аьлла, йоI мара а къевлина, Шамсуддис гIовталан пхьош шен бIаьргех хьаькхира.

– Кхин цхьа дехар до аса шуьга... Кавказах дуй кхуллуш, – элира Лох-Беташа, толкха а лелхаш. – Вала да воцуш, хIотта верас воцуш... кху пана махкахь байлахь диснач хенахь... дан амал доцуш, дог доьхна хьийзар ду-кх бераш а, нана а... Шаьш цIехьа доьрзуш... дIабига хIорш шайца дай баьхначу махка!..

Ша Iачу гIантара хьала а гIаьттина, Шамсудди цкъа меллаша шен шина веше юхахьаьжира, «аша хIун боху кху балхана?» цаьрга хоьттуш санна.

Цушиннан тоьпийн юьхьигаш охьаерзийна гича, дIа а вирзина, хорам бина, са ца доIуьйтуш еххачу хенахь ша латтийча санна, кийра буьззина доккха са а даьккхина, Шамсудди Лох-Беташе вистхилира:

– Генна некъ беш, къа а хьоьгуш, хьоьца чIир нисъяран Iалашо йолуш кхаьчнера тхо, Лох-Беташ, тховса хьо Iачу хIусаме. Вовшашка тховса аша деш хилла къамелаш хезаш, шун корехь ладоьгIуш лаьтташ дара тхо. Шун оьздачу къамелаша тхан дегнаш даший, ойла самаяьккхи. Хьуна гечдина, хьо вита барт хили тхан. Веза-Сийлахь АллахI-Делан дуьхьа, хIокху сан карарчу, гуьнахь доцчу жимчу йоьIан дуьхьа, кхуьнан кегийчу йижарийн, вежарийн дуьхьа, хьан къеначу ненан Секиматан дуьхьа, халонийн, баланийн кад хьоьца цхьаьна боькъуш леллачу хIокху Сережин дуьхьа, гуьнахь доцуш махкахваьлла леллачу хьан хьайн а дуьхьа, ткъа, уггар а коьрта, нийсонан дуьхьа оха гечдо хьуна!.. Бехк шен а болуш, шун карах кхелхинчу Майрбекан метта тхан ваша хир ву хьо! Схьавола, маракхета хIинца массарна а!

Лох-Беташ, ша лаьттачохь куьйгаш бIаьргашна дуьхьал а лаьцна, кIеззиг соцунгIа хилира, цхьа бIагор беача санна, кIеззиг дIаса а лесташ.

– Тхо бахьана долуш хьо маьршаваларан хьокъехь долу тхан дош хаьдда ду цу тIехь. Охьахаа, башабе корта. ДIабошур вай иза маршонан тешаман билгалонна. Вешан махка цIадоьрзур вай хIинца, доьзалца цхьаьна.

Воккхаверца, ца тешаш, хIинццалц ца хилла велхаран хиш бIаьргех а оьхуш, самах мукъане а дуй-техьа хIара бохуш, цец а вуьйлуш, шен-шена кхеташ, вежаршна массарна а маракхийтира Лох-Беташ.

Царна маракхетта ваьллачул тIаьхьа Лох-Беташ кхин цкъа вистхилира:

– Корта хIинца дIабошуьйтур бац аса цкъачунна. Тхо бахьанехь дог Iаьвжина волчу къеначу Джанхотера а, шена чохь со хотIе воьжначу юьртера а пурба хиллалц. Дас а, юьрто а суна пурба лахь, цара массара а суна гечдахь, тIаккха цигахь бошуьйтур бу аса сайн корта дIа.

Дайшкара дуьйна схьадогIуш долчу Iадаташца иза иштта хила догIуш а дара. Цундела вежарий а Лох-Беташан оцу ойланна дуьхьал ца хилира, и нийса хетта.

– Серижа, хьо хIинца а йоьлхуш гуш ма ю! Ма елха хьо хIинца! Хьеший тIеэца! – аьлла, Серижига вистхилира Джамалди.

– Сан елхар хIинца кхитайпа ду. И елхар хIинца дукха мерза хиларна, къасталац со цунах, къаста йоьлча а. Маршо йохьуш даьхкина хилла шу кхуза, марша догIийла шу! Ирс-аьтто даим а шуьца хьерчийла! Охьаховша, паргIатдовла, хIусам шун лаамехь ю, ва деза хьеший!

Оцу дешнашца Серижа вежаршна маракхийтира.

Вежарий, гIанташ тIе охьахевшина, паргIатбевлира.

Шен даг чохь дерг ма-дарра маттаца дIаалалуш вацара Лох- Беташ, воккхаверан марзонан къурдаш легашкахь сецаш.

Дуьне а, Iалам а къонделла хетара цунна хIинца. Стигал а, латта а шен дуьхьа лаьтташ санна, сапаргIатдаьлла вара и. И бодане буьйса серлаяьлла, дуьне къагийна лаьтташ ю, моьттура цунна.

– Кхин сирла нур дац-кх хIара дуьне къаго, аша тховса баьккхинчу кхоан нур кхоло! Кхин нийса кхел яц-кх кхелан дас кхайкхо, аша тховса кхайкхийна нийса кхел йохо, – аьлла, вистхилира Лох-Беташ вежаршка.

Сахуьлу седарчий серладевллера. Хьеший чIогIа кIадбелла, гIелбелла бара. Джамалдис, шаьш охьадиййшина, жимма садаIа лууш хилар хаийтича, Серижас оцу сохьта царна дехьа чу метташ дехкира.

– Лох-Бсташан мотт мичахь бу, Серижа? – хаьттира Шамсуддис.

– Кхузахь, сехьа чохь бу.

Шен вортанах куьйгаш а хьарчийна, белша тIе корта а биллина, наб кхетта йолу йоI Лох-Беташан метта охьайиллира Шамсуддис: «Охьайижа, Тамара! Охьайижа дадица! Мел къиза дог долуш хила везара-кх, дадех а яьккхина, хьан дог дохош верг», – аьлла, и хьаста а хьостуш, цуьнан гIевланга гIайба а тобеш, шен бIаьргех гIовталан пхьош а хьоккхуш.

ТIаккха шен герз Лох-Беташан метта улле охьа а диллина, вежаршка вистхилира иза:

– Охьадахка, вежарий, герзаш. Вайн герзийн барз кхузахь бакъхьа бу.

Джамалдиссий, Джамалайлассий шаьшшингара герзаш а охьадехкира.

Серижин, Лох-Беташан Iодика а йина, вежарий дIабийша дехьа чу бевлира.

Серижассий, Лох-Беташий вовшашлахь хьахийна сацам бира: кхана дуьйна кхаа дийнахь-бусий, шайн махкара баьхкинчу хьешийн сийнна Арпа-тогIи чуьра дерриг а адам гулдина, доккха той дан. ТIаккха, дог резадоллуш кхузарчу бахархойн Iодика а йина, динчу хьошаллина баркалла а аьлла, шаьш дукха хьегначу хьомечу махка цIадерза сихонца кечам бан.

– Кхана дан дезаш даккхий гIуллакхаш ду вайн. Охьавижий, ахьа жимма садаIа, – элира уьш хьалагIевттича яа хьешашна юург кечъеш лелачу Серижас. – Са ма-хиллинехь, аса Нарын-ГIала почте говрахь стаг вохуьйтур ву, хьо маршавалар хоуьйтуш, неней, йоIей кхаъ боккхуш, зIе яхьийта.

ТIера бедар дIа а ца йоккхуш агIорваьллачу Лох-Беташа наб кхетта Iуьллу жима йоI, мара а йоьллина, хьаста а хьаьстина, Серижe элира:

– Дуьненан еа а маьIIе дIахаийтахьа, Серижа, хIара сийлахь гIуллакх, хIара боккха кхаъ! Секиматей, Марижей уггар а хьалха хаийталахь!

– Охьавижа, жимма наб кхетийта! ХIинца вайна сахуьлуш ду! – элира Серижас.

– Дуьнен чохь мел долчу хIуманал мерзаниг наб ю олуш, хезнера суна, Серижа, со жима волуш. И бакъ ца хилла. ПаргIатонан марзоне

кхочуш ца хилла набаран марзо а. ПаргIатонан, маршонан марзо со набарха воьлча кхоларна кхоьруш, наб ца кхета. Со сема вита. Ахьа жимма садаIа, дийнахь хьан дезарш дуккха а хир ду.

... Iуьйренца Арпа-тогIи чуьра дукха адамаш дара тойне гулделла. Меттигерчу къоман гIиллакхехь кечбина кхача бара. Шина чIешалгаца «бишпармакх» яа ца хуучу Кавказера баьхкинчу хьешех бийла а буьйлуш, чIогIа сакъийрира цара оцу тойнехь кхаа дийнахь-бусий.

Еххачу заман чохь хьошалла дарна Арпа-тогIи чуьрчу бахархошна баркалла а аьлла, церан Iодика а йина, нохчийн махка боьду генара некъ юьхьарлецира Лох-Беташа шен доьзалца. Цунна уллебевлла, гIо деш ДжамалдигIар а бара. Уьш шерачу ара кхаччалц новкъабаха хьалхаваьлла Юсуп а вара.

1925-гIа шо дара. Ирча гIаннабарш гуш Iуьллучуьра самаяьлча санна, садоьIуш, серлайолуш лаьттара Нана-Нохчийчоьнан Лермонтовс шен иллешкахь дийцинчу «шан кховра ца девзачу Органо» шен йистош юьлучу Темболата-Эвлан гонаш сийначу бацалахь даьллачу зазано хаздина, кхелина дара. Юьрта йисттера дуьйна дIа лаьттачу юькъачу хьаннашкахь бес-бесарчу эшаршца декаш олхазарш хезара.

Дукха адамаш дара эвлайисте гулделла, шайн-шайн хенашка хьаьжжина, тобанаш а йина, къамелаш деш, хIиттина лаьтташ а, хевшина Iаш а. Шайн дахарехь дуккха а киртигаш тIехIиттина а, доьналлица уьш къестийна а болу кортош кIайделла баккхий нах а бара гулбеллачарна юккъехь. ХIара дерриг а дуьне шайн дуьхьа кхолладелла лаьтташ ду, шаьш цкъа а къан а лур дац моьттуш болу кегий нах а бара. ХIара хаза бIаьсте шайн дуьхьа хета мехкарий а бара, эвлайистехь гулбеллачу нахана цхьана агIор таьIна, шайн тоба а йина, лаьтташ.

Хетарехь, юьрта чохь жима а, воккха а висина а хир вацара оцу екхначу Iуьйренца.

Дехьа-сехьарчу ярташкара баьхкина хьеший а бара кхузахь.

Гулделлачу адамашна шена тIе тидам бохуьйтуш, шен Iасан тIе а тевжина лаьтташ къена Джанхот а вара. Цунна уллехь, цуьнца къамел деш лаьтташ – ши хьаша а. Царна генахь йоццуш Секимат а яра, шен йоIа Марижас куьг а лаьцна лаьтташ, якъаелла, хебба, жим а елла.

ХIокху тIаьххьарчу пхийтта шарахь шаьшшиммо цкъа а хийцаза хилла Iаьржа духар дара Марижиний, Секиматний тIехь.

Джанхотана уллехьа лаьтташ Маса а вара, церан къамелашка ладоьгIуш, цунах сакъералуш, наггахь ша-шена вела а луш.

Цкъа а къан ма лойла хьо аьлла йина йолуш санна, каде хьийзаш Гульджан а яра, хIинца а ша несалара ялаза йолуш санна, жимчун а, воккхачун а гIуллакхна гуттар а кийча.

Лох-Беташ шен доьзалца хьомечу юьрта цIа кхочу де дара иза. Цунна дуьхьалдеана, эвла йисте гулделла дара и адамаш.

БIаьрга бIаьца йина, Марижий, Секиматтий юьстах а яьккхина, Гульджан цушинга йистхилира:

– Вайга хIара кхаъ боккхуш зIе еанчул тIаьхьа, хIара гIуллакх шайна ма-дарра хиъча, ДжанхотгIара вовшашлахь хьахийна, дийцина ду, йоIІий, кIанттий вовшашна реза хилахь, Марижа Шамсуддина а йигна, вайн мерза машар гергарлонийн шеддашца чIагIбан.

Оцу къамеле ладоьгIначул тIаьхьа, ойла а йина, Секимата элира:

– Сан ойла хьуна хаа лаахь, со чIогIа йоккхаеш хир яра цу гергарлонах. Амма и къастор кегийчийн шайн карахь ду.

Гульджан, ша лаьттачохь цунна баркалла аларан кепара Секиматан белш тIе куьг а тоьхна, юха Марижин бIаьра хьаьжира.

Цо шега хаттар ца динехь а, шегарчу жоьпе, шен даше ладоьгIуш и лаьтташ юйла хаьара Марижина.

Ша лаьттачохь мелла а оцу дешан дика ойла а йина, Марижас цунна жоп делира:

– Оьздачу къонахийн дегнаш шайн кийрахь долуш, бакъонийн гIуллакхаш даим шайца лелош, харцонна доьналлица дуьхьалонаш еш, тIаьхьарчу тIаьхьенна а дийца доккха гIуллакх дина, махкана хьалха вайн юьртана а юьхькIолла яьккхина цIа кхочуш вежарий бу уьш. Церан доьзалехь яхар хилча, со декъалхилла хетар ю суна-м.

Оццу хенахь, хьацарна хьаж тIе куьг а хьоккхуш, веана цхьа жимха кхечира:

– ХIинца! ХIокху сохьта схьакхочу уьш! ДIахьовсал! Гой шуна, хьуьлла, шунах тIебовлуш бохкурш уьш бу-кх!

Дерриг а адам цигахьа дIахьаьжжинчохь лаьтташ дара.

– Го! Уьш бу! Уьш бу! Го! Го! Суна а го! – бохуш, цхьаболчара, пIелгаш а хьийсош, куьйгаш лестадора.

– Хьалхарчарна юккъехь верг Лох-Беташ хила веза-кх, схьахетарехь!

– Ван а-м ву юккъерниг Лох-Беташ, – элира вукхо. – Дехьий, сехьий вогIу шиъ Джамалдий, Джамалайлий ву.

– Ул-улле хIоьттина тIаьхьадогIу шиъ Шамсуддий, Серижий ду, моьтту суна, – элира кхечо. – Девза, девза, и шиъ ду!

– ЭхIей! Сан юьртан вежарий! ЦIомас дешначу Къуръанор, дийнна цхьа жIуга бераш а ма ду – кегий а, даккхий а! Вайн мотт мукъана а хаьий-техьа царна? – элира цхьаммо.

Тохара дуьйна схьа, наха дуьйцу и хабарш хаза а хезаш, уьш схьабогIучу агIор шен юьхь дIаерзае бохуш, Мариже къайлаха йиш-маIаш а еш лаьтташ хилла Секимат лерган самонца цигахьа дIайирзира.

Шен деган бIаьргашца, ненан бোккхачу безамца, уьш гергакхачар тосаделлачу Секимата элира:

– Го! Го! Суна го! Суна уьш бевза!..

Оццу хенахь баккхийбеш боьлхуш зударий, божарий мара а бетталуш, Лох-БеташгIар хьомечу юьрта цIа кхечира.

Секимат, шен-шена кхеташ, вежаршна – ДжамалдигIарна – массарна а маракхийтира:

– Сан хьоме воI Джамалди! Марша вогIийла хьо! Сан диканиг, Джамалайла, диканца вогIийла хьо! Сан дика Шамсудди, некъ беркате хуьлда хьан!

Джамалдий, Джамалайлий, Шамсуддий уллехь а волуш, Лох-Беташ Джанхотна тIевахара.

Дена хьалха лаьттан бIаьра а хьаьвсина уьш севцча, Шамсудди Джанхоте вистхилира:

– Харцой, бакъой къастор бакъ кхеле диллича, бакъонца йолу адамийн адамаллин ойла, тхаьш бакъдеш тхайгахьа хирг хиларх тешна хиларца, харцой, бакъой къастор тхаьшна тIедоьжначохь, хьо генахь хиларна, хьан пурба доцуш, сецна кхел ю хIара, дада! Цу тIехь ахьа тхаьшна бехк цабиллар доьху оха хьоьга.

Шен дош чекхдаьлча, Шамсудди дена хьалхара масех гIулч юхавелира. Джамалдий, Джамалайлий дена хьалхара иштта юха а ваьлла, Лох-Беташ ша висира къеначу Джанхотна хьалха.

КIеззиг дIасахьаьжча, шена уллера вежарий юхабевла карийна, Лох-Беташ, ша лаьттачохь шен цхьана гоьли тIе охьа а лахвелла, цуьнан юьхь-дуьхьал ца хьожуш, Джанхоте гIийла вистхилира:

– ХатIе хилла вара-кх со хьуна а, юьртана а, махкана а хьалха. Гечдар доьху аса юьрте а, хьоьга а.

Гулделла дерриг а адам, оцу хенахь Лох-Беташна тIехьашха Джанхотна дуьхьалдирзина, гора а хIоьттина, цуьнга дехар деш дара:

– Гечде, Джанхот, Лох-Беташна! Гечде! Гечде цунна! – бохуш, божарий а, зударий а, белхарщца дехарш деш, кхойкхура Джанхоте.

– Юьрто а, аса а гечдо хьуна! ХьалагIатта, маракхета къеначу голашна! – элира Джанхота Лох-Беташе.

ХьалагIаьттина, Лох-Беташ Джанхотна маракхийтира. Гора-хIиттина хилла адамаш хьалагIевттира.

– Баркалла! Баркалла шуна! Даим сий хуьлда ДжанхотгIеран! – декара адамийн аьзнаш.

– ДIабашабе хьайн корта! ДIабашийта хIинца! – элира Джанхота Лох-Беташе.

Оцу сохьта Лох-Беташан корта бешира, гонаха лаьтташ юьртахой а, Лох-Беташан доьзал а болуш, Джанхота болийна, къоьнгаша жим-жимма бошуш.

Цу юкъана Секимат юьртахошка йистхилира:

– ХIай сан хьоме юьртахой! – элира цо. – ТIаьхьарчу тIаьхьенна а масална, мокхазан тIулг огуш, дIаязъяй йитийша кху дийнан хазалла! Кху дийнан дозалла! Дерриг а дуьнене дIакхайкхаяйша ДжанхотгIеран къонахалла!

Шен корта дIабаьшначул тIаьхьа хьалагIаьттина Лох-Беташ, дIанехьо хIоьттина, шега хьоьжуш лаьттачу шен нанна тIевахара.

Гонахболчарна халла бен ца хезаш, гIелделла, дуткъаделлачу озехь: «Сан гIийла нана!» – аьлла, ший а куьг даржийна, нанна маракхийтира Лох-Беташ.

Ша гаре дукха сатийсинчу лаьмнашка бIаьрг тоьхна, шен ши куьг хьалха а тесна, доггах мохь тоьхна: «Сан Даймохк!» – элира цо.

ТIаккха айъинчу шина куьйгах цхьаъ юьртахошкахьа а тосуш: «Хьоме юрт!» – аьлла, кхин ши дош тIетуьйхира цо, кхин а чIогIачу маьхьарца.

Жима бер санна, Лох-Беташ воьлхуш, и маракъуйлуш, нана йоьлхуш, цушинга хьуьйсуш, юьртахой боьлхуш, лаьттара уьш...

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха кхаьчна Лох-Беташ шен доьзалца Тянь-Шанан лаьмнашка?

2. ХIун синхIоттаман хьал ду Лох-Беташехь а, цуьнан хIусамненехь а?

3. Муха тIеоьцу Лох-Беташ Арпа-тогIин бахархоша?

4. ЧIирхошна шаьш долу меттиг мичахь ю ца хаийта хIун бахьанаш леладо Серижас а, Лох-Беташа а?

5. Хийрачу махкахь Даймахках болу дагалецамаш стенца боьзна бу Лох-Беташан?

6. Шегара гIайгIа яйян хIун дезарш карадо Лох-Беташна?

7. Лох-Беташан амалан коьрта билгалонаш йийца.

8. Муха гайтина яздархочо къеначу Джанхотан васт?

9. Вовшашца хIун юкъаметтигаш ю Джанхотан а, цуьнан кIентийн а?

10. Лох-Беташ чIирах маьршавалар муха нисло?

**Ешначух ойла е вай**

1. Повесть ешча, хIун ойланаш кхоллаели шун?

2. Муьлха васт ду шун дагахь диснарг?

3. Повеста тIера шайна хазахета меттиг билгалъяккха, боцца чулацам схьабийца цуьнан.

4. Шуна хетарехь, шайн берийн хиндолчух са стенна гатдо Лоха-Беташа а, цуьнан хIусамнанас а?

5. Шуна хетарехь, хIун бахьана ду вежарий чIирхочуьнца къинхетаме хиларан?

6. Дийца нохчийн къоман чIиръэцаран Iадатан башхаллех. Шайна хетарг ала.

**Повестан исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Ясаев Мовлас шен повестана «Хьоме юрт» цIе хIунда тиллина?

2. Нохчийн къоман духаро, холхазан куйно хIун исбаьхьаллин маьIна леладо повестехь?

3. Адамийн сурт-сибаташ гайтарехь муьлха исбаьхьаллин басарш карадо авторна?

4. Кавказан а, Тянь-Шанан а Iаламан исбаьхьалла муха гайтина яздархочо?

5. Нохчийн барта кхоллараллица йолу исбаьхьаллин зIенаш билгалъяха повестехь?

6. Коьртачу турпалхочунна гуш долчу гIенаша хIун исбаьхьаллин меттиг дIалоцу повестехь?

7. Берийн васташ церан къамелийн башхаллица муха билгалдоху яздархочо?

### ГІиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Нохчийн доьзалехь хила деза гІиллакхаш муха гайтина повестехь?
2. Нохчийн хІусамненехь хила еза амалш муха билгалйовлу Серижин вастехь?
3. Муха гайтина яздархочо ден-ненан берашна хьалха долу жоьпалла, Іуналла?
4. Нохчийн къам, кхечу къаьмнашца бертахь, оьздангалла ларъеш, даьхна ду. ХІокху повестехь къеггина гайтина ду иза. Ала цунах хьайна хетарг.
5. Нохчийн гІиллакх-оьздангаллехь коьртачу мехаллех цхьаъ ю къинхетам. Иза муха тІечІагІдо авторо шен повестехь?

### Шуна, хІума довза луурш

Нохчийн юкъараллин дахарехь доккха маьІна лелийна чІиръэцаран Іадато. Юкъараллехь хуьлу Іоттабаккхамаш дукха гена ца бовлуьйтуш, адамийн юкъаметтигийн терза нисдина латтийна цо. ЧІиран зулам дехкаран ницкъ, коьрта долчунна, иза мацца а кхочушхирг хиларх тешарехь ду. ЧІир ца оьцуш цхьа зулам а ца дуьсу – и хетарг чІагІделла нохчийн синкхетамехь, и иштта хилар бакъдеш хилла нохчийн дахар а. Дукха масалш ду, ден чІир эца кІант ца хилча, йоІа оьцуш. Цундела кхолладелла нохчийн кица: «ГІа-бецо эцна а, эцаза ца йисна чІир». Ша динчунна бекхам сихха я хан яьлча шена хир буйла хууш, стаг ларлуш хилла зуламах, адам дерах, сийсаздарх.

ЧІир мухха а, миччахь а оьцуш ца хилла. Иза а шен Іадат долуш, бакъонаш йолуш хилла. Масала, стаг чІирашна вен магош ца хилла могуш воцуш, ламаз тІехь лаьтташ, хІума юуш, доьзална юккъехь иза волуш. Бусалба дино магош дац куьг бехке воцчуьнгара чІир эцар.

### Проект

Вайн заманахь нислой чІир эцар а, чІир йитар а? Цу темина доклад кечъе.



## ХАМИДОВ
## Хьамидан Іабдул-Хьамид

*(1920–1969)*

Нохчийн гоьваьлла драматург Хамидов Іабдул-Хьамид вина 1920-чу шарахь октябрь беттан пхуьйтталгІачу дийнахь Йоккхачу АтагІахь. Юьртарчу школехь дешначул тІаьхьа Серноводскерчу хьехархойн училище деша вахна иза.

ХІетахь иза шена вовзарх иштта яздо цу училищехь доьшуш хиллачу поэто Эдилов Хасмохьмада: «ХІетахь цу педучилищехь вевзира суна (суна хьовха, цигахь доьшуш а, хьоьхуш а мел волчунна а) Хамидов Іабдулла. ХІоранца а бохург санна, тІекере, доттагІаллин юкъаметтиг йолуш вара иза. Цунна дукха хаьара нохчийн хьалха заманахьлера а, хІетта юкъадуьйлуш долу а халкъан дийцарш, кицанаш, забарш. Студентийн дехарца цо уьш кест-кеста дуьйцура юкъараІойлин кертахь мукъачу денойн суьйренашкахь тхо гуллуш хиллачу майданахь. Цу дийцарш юккъехь цо ша кхуллуш дерш а хуьлура. Амма цо ца олура цу хенахь, уьш ша кхоьллина ду... Хамидов Іабдул-Хьамидан кхоллараллин говзаллин хьалхара суйнаш дара и гучудуьйлурш. Кхоллараллин тулгІенаш хилира оцу суйнех тІаьхьенгахь».

1938-чу шарахь Іабдул-Хьамид деша воьду Москварчу театран искусствон институте. И чекх а яккхале къоман театре балха волало. ХІетахь дуьйна цуьнан дахаран коьрта гІуллакх хуьлий дІахІутту театр, литература. Нохчийн къам махкахдаьккхинчу шерашкахь (1944–1957 шш.) тайп-тайпанчу культурин учрежденешкахь белхаш бо цо. Даймахка цІа воьрзу цигахь ша вовшахтоьхначу Нохч-ГІалгІайн халхаран, эшаран ансамблаца.

1957–1959-чуй шерашкахь оцу ансамблан директор льтта.

Йоццачу хенахь (1959–1961-гІий шераш) яздархойн Союзан правленин председатель волуш болх бо.

1962–1968-чуй шерашкахь Нурадилов Ханпашин цІарх йолчу театран директор льтта.

Яздан волавелла, лакхахь хьахийна ма-хиллара, Серноводскерчу училищехь доьшуш волуш. Хамидов Iабдул-Хьамидан дийцарийн, кегийчу пьесийн дукхахьарлера «Абубешар» гулар араелира 1958-чу шарахь.

Шарахошна дезаш тIеийцира цу тIера «Абубешар», «Дурдий, Даргий», «Пирмсолтас яьккхина са», «ДIа – коч, схьа – коч», «Хингал» дийцарш. Нохчийн драматургин классика хилла дIахIиттина тайп-тайпанчу шерашкахь Iабдул-Хьамида язйина «Совдаттий, Даудций», «Бож-Iела», «Лийрбоцурш» пьесаш. Царна тIехь хIиттийна спектаклаш тахана а ю Нурадилов Ханпашин цIарх йолчу нохчийн пачхьалкхан драмтеатран репертуарехь.

«Хамидов Iабдул-Хьамидан драматургически произведенеш, сатирически дийцарш, цо театрехь дина гIуллакх Iаламат мехала ду къоман театр, литература, культура кхиорехь», – чIагIдо литературоведо Арсанукаев Iабдуллас.

Хамидов Iабдул-Хьамид дIакхелхина 1969-чу шарахь.

## ДIА – КОЧ, СХЬА – КОЧ

*(Дийцар)*

Хьалха-МартантIе шайн гергара нах болчу хьошалгIа яхначу Хелисатна хIара хьошалгIа яханчу нехан лулахо йолчу Забус, чу а кхайкхина, кучана чилла кIади делла хиллера.

«Цкъа мацца делла а юхадала дезар ду-кх сан хIара, ма суна ца оьшу бала беш йолу-кх хьо кхунах», – аьлла, ойла а йина, ца догIучу дагца елакъежна кIади схьа а эцна, цIа яхнера Хелисат. И гIуллакх хиллера бIаьста.

Гуьйре тIекхечира. Можа бос эцна дIахIиттира дитташ. Кхийолчу ярташкахь санна, ГIойтIахь а дукха бара керла цIенош дина бевлларш а, бовла гергабахнарш а.

Бовла гергабахначарна юккъехь яра Хелисат а. Дийнахь хьелий узуш совхозехь болх а беш, кегий бераш а Iалашдеш, чохь ша йоцург гIуллакх дан воккханиг а воцуш, цунна атта дацара цIенош дан. ХIетте а, Хелисата мало йоцуш гIуллакхдар бахьана долуш, цуьнан керла кхо цIа, рамина ангали тоьхчахьана, даьлла дара. Ангали эца ахча а ца тоьъна, шайн лулахошка юхалург ахча доьхуш Хелисат лаьтташ, цхьаммо шайн ков тухуш хезира цунна. Чехка яхна цо ков схьадиллича, кетIахь ела а къежна лаьтташ яра Забу.

– Хьуна хьайн доттагIий бицбеллехь а, суна хьо-м ца йицъелла хьуна. Хьаша оьций ахьа? – аьлла, юха а елакъежира Забу.

– Оьций бохург хIун ду? Дера оьцу-кх, дукха хазахеташ-м. Забу яц хIара? Хьо я марша, схьаяло чу, – аьлла, Забуна мараиккхира Хелисат.

Хелисат Забу а эцна чуяхара. ГIойтIа бевза-безарш болчу еана Забу, Хелисата ша тIе муха оьцу хьожур ша аьлла, еанера. Шал шера и хууш йолу Хелисат шен кийчча дIаяла йоцчу кIадина жимма йоьхна яра.

Сихха йина хьешана хьалха юург а йиллина, «со хIинцца схьайогIу хьуна» аьлла, Хелисат чехка чуьра араелира.

«Там бара, кхо со кучана хIума а ца луш дIаяхийта», – бохуш, са а гатдеш, хIума кхоллуш Iара Забу.

Карара ахча дIа а даьлла, кийчча дIаяла кIадинах хIума йоцуш сингаттаме йолчу Хелисатна дагадеара, тохара бIаьста Забус шена кучана елла кIади, цхьаьнца хийца а хийцина, цунна юхаяла.

Йистерчу цIа чуьра и кIадин кийсак схьа а эцна, поппар хьохуш йоллучу шайн лулахочунна Жарадатна тIе а яхна: «Дики зуда, схьахилахьа кхуза IиндагIехьа», – аьлла, Жарадате йист а хилла, Хелисат аккази кIел дIахIоьттира.

Шен карара поппар охьа а биллина, куьйгаш хи чохь хьакха а дина, Хелисатна тIеeара Жарадат.

– Дики зуда, хIинца ахьа гIо ца дахь, чIогIа юьхьIаьржа хIуттуш ю-кх со.

– ХIун хилла? – элира Жарадата, шен тIеда ши куьг, кучан юхах хьаькхна, дакъа а деш.

– Тохара бIаьста, Хьалха-МартантIе тхешан гергара нах болчу хьошалгIа яхначохь, церан лулахочо чу а кхайкхина, со, схьаэца ца туьггушехь, йиттане а йита а ца йитина, коч еллера суна. ХIинца и суна кIади елла зуда, со йолчу еана, вайн чохь Iаш ю. Карара шайнаш, хьуна ма-хаара, цIенош деш яйъина аса. Йолуш йолу кIадинан кескаш а, аса берашна коч-хIума а тегна, дIаяьлла. Цо сайна елла кIади цунна юхаяла бегIийла а ца хетта, хьоьга, тарлахь, юхалург нахарташ лахьара ахьа, я кIади хийцахьара ахьа ала, еанера со.

– ИбраьхIим-Хьаьжин чохь Iуьллучу Къуръанор тегазчу кIадинах кийсак ма яц сан, вайна тIедаьндолчу Iаьржачу лаьгтор, Iаьржа, горга шай соьгахь ца дуьтуш, тхан декъа тIехь йолу нахарташ а гулйина, «Москвич» эца гIала вахана ма ву тхан чуьраниг. Хьо суна дуй буьл-

луш а ца йоллу, вай гIондолчу кашор, сайн таро хилча, хьо гIуллакх ца деш дIа а йохуьйтур ма яцара аса, – аьлла, шен пIелга тIехь бисина хатт, акказих хьаькхна, охьабожийра Жарадата.

– Ахьа оццул чIогIа ца аьлча а теша со-м. Доцчунна дан хIума дац. Вуьйга, доккха хIума ду-кх хьуна, хIара ца оьшу хIуманаш бахьана долуш, вай ваьшна боху сингаттамаш. Со йолчу зударех стаг хьошалгIа ярах гIайгIа хуьлу-кх суна. Таро елахь а, яцахь а цунна кучана хIума эца еза, ца эцахь, «ша йолчу еана хьаша кучана хIума а ца луш дIаяхийтинера» бохуш, хьо юьйцуш лелар бу. Схьаеллачунна дуьхьал юха дIа ца лахь, тIаккха а вочу агIор юьйцур ю хьо. ДIа – коч, схьа – коч бохуш, ца оьшу бала бу-кх хьуна вай ваьшна бинарг.

– Биронкъин да вижначу кашор, со цхьанхьа яхча, сайна кучана кIади елча, гIайгIа ма хуьлу суна, юхаялар муха нислур ду-техьа бохуш, сагатдеш. Кортин Жабраила дешначу Къуръанор, олучух ларлуш хьеша-дена шийттазза кучана кIади ма елла аса, цхьайттаза суна схьа ма елла. Елла юьсийла сан, цу сайна схьаделлачу кIадинах аса сайна цхьа коч тегнехь, я доьхкина, я хийцина юха дIаделла-кх. Мурца-Iелас дешначу Къуръанор дац уьш совгIаташ даларш, дош доцурш ду-кх.

– Ой, ахьа-м и дуьйцу, хьуна ма-хаъара, цIийнда а велла, кхо бер кхобуш, хала йоллуш ю-кх со, делахь а, сайн тароне хьаьжжина, аса ша кучана кIади а елла дIаяхийтича, Доча-Борзерчу Аьрсмирзин йоIа Бикатус, шайн юьртахь йийцина ца юьтуш, аса шена елла кIади «стагана лойла эхь дара» бохуш, Олхазар-кIотара базара баьхкинчу нахе а тIехь дийцинера-кх хьуна. ТIаккха дош ду и, совгIат далар ду и, марзо ю и? Коч яларш дац, хьаштдоцурш ду.

– Мадин Сапис дешначу Къуръанор лур яц, хьуна, и кхин Жарадата-м, лахь, сан цIе Жарадат ма яц хьуна, – аьлла, Хелисатна тIе а таьIаш, шен некха тIе тата доккхуш буй туьйхира Жарадата.

– ДIаяла, вайшиннан къамел хьелуш лаьтта, сан хьаша а хир ю сагатдеш, – аьлла, шайн важа лулахо, Iайнаъ, йолчу дIахьаьдира Хелисат.

Ша деана гIуллакх Хелисат дийцича, шена кучана ша эцна штапельни кIади а елла, дIаяхийтира Iайнаа Хелисат. И кIади а йохьуш, мох санна хьаьдда, цIа кхечира Хелисат.

– Са-м ца гатди ахьа, Забу? Цхьа гIуллакх ца нислуш хьеелира со. Бехк ма биллалахь, – аьлла, Забуна чай дотта безам болуш, чайник схьаийцира Хелисата.

– ХIан-хIа, аса ца молу хьуна, – аьлла, бошхепара схьа а эцна, стака берталхIоттийра Забус. – ХIинца со юза а юьзи, хьо мичахь Iаш ю а, муха Iаш ю а хии. МартантIе ягIахь, йола со йолчу, суна хазахетар ду, – аьлла, маьнги хьалха лаьтта шен каралоцу тIоьрмиг схьа а эцна, неIарехьа дIайолаелира Забу.

– Хьо Iийча, луьйш-олуш хаза буьйса йоккхур яра вайша. Iехьа.

– ХIан-хIа, йиш яц сан. ТIаккхахула цхьаъ дийр ду вай. Iодика йойла хьан, – аьлла, Забу, неI йиллина, араелира.

– ХIара, Забу, бен-берса яцахь а, хьуна хIара кучана хIума яла лаьа суна, – аьлла, шен карара кехат юккъе хьарчийна долу кIади дIакховдийра Хелисата.

– Деллахь, ма ца оьшура хIара. ХIунда хьоьгура ахьа хIара лоьхуш къа? – аьлла, кIади схьа а эцна, шен карарчу тIоьрмиг чу тесира Забус. – ХIан, Хелисат, хьайна ян лаахь, йогIур ю-кха хьо. Марша Iойла хьо. Со дIагIо? – аьлла, кех а яьлла, Забу дIаяхара.

Хелисат, и новкъа а яьккхина, «ма дика ду-кх хьо кочара яьлла» аьлча санна, доккха са а даьккхина, ков тIе а оьзна, чуяхара.

Кхан доххал генаялале, газет а даьстина, шена еллачу кIадига хьаьжира Забу. Дукха цунна резацахиларна, цуьнан лахара балда, деман гала санна, хьаьвзина дIахIоьттира, ши цIоцкъам айаделира, ши бIаьрг, гонаш оза а бина, эрчабелира, ирххьаьдда цуьнан хьаж, пондар санна хебаршка а дахана, дIахIоьттира. Дукха оьгIазъяхна, дог а даьттIа лаьттачу Забуна цкъа дагадеара, «дош ма дацара, хIара юха а даьхьна, цуьнан чу охьа ца кхоьссича» аьлла. ТIекIелдаьккхина кхин цкъа а кIадине хьажа а хьаьжна, и тускар чу а кхоьссина, ГIойтIара шайн шича волчу дIаяхара Забу.

Забу керта йогIу яйча, учахь куьйра лестош Iа кхуьнан шичин зуда Курбика хьалагIаьттира.

– ЙоI, хьо ма хьеелира? Хьо схьаян хьеелча, хьо дIа-х ца яхний-техьа бохуш, сагатдеш Iий-кха хьуна со.

– Мичара дIаяхнера хьуна со, цIарна а цIе яхначу Цхьоьгин Исраьпилан йоI Хелисат йолчу яхнера-кх. Евзий хьуна иза? – аьлла, Забу уча а яьлла, аннаш тIе тесначу палс тIе охьахиира.

– Евза дера-кх, суна муха ца евза иза? Хьо хIунда яхнера цаьрга? – аьлла, хаттар а дина, Курбика, яйн куьйра а ластош, Забуна юххе охьахиира.

– Кхушара, бIаьста, чуяха меттиг а боцуш, МартантIехула йорт етташ лелаш, иза цхьа адам ду моьттуш, со йолчу а йигина, йоцуш ца тору хьаша а йина, тхешан ден да Мусост веача санна, сайн долу-доцу хьошалла а деш лелийра аса. Сийначу стигалор, аса цунна йийна нIаьна цул хьалхарчу дийнахь пхи туьма делча дIа а ца луш цIа еана ма яра сан. Цу тIе, дIайоьдуш, тхешан вашас сайна Бакухара совгIатна еана олхазар санна хаза чилланан маркизет а елла ма яхийтира аса иза, – бохуш, язъяла гIерташ, аьшпаш буьттура Забус. – Тахана со ша йолчу яхча цо суна еллачуьнга хьажахьа, – аьлла, тускар чуьра схьа а яьккхина, Курбикина хьалха охьакхоьссира цо Хелисата шена елла кIади.

– Ватта, ватта, ватта, дера елла хир яц-кх хIара-м. СовгIатна ло хIара? Кхуьнан-м цхьа а бос а ма бац. ХIара хIун кIади ю, басма бу хIара? Гомашан неI санна, ма екъа а ю, – бохуш, дIасхьа а керчош, кIадига хьоьжура Курбика.

– Эхь дац, совгIатна ло аьлла, хIара ялар. Тхан ненан ненан Жогин кIалд чуьрчу шелиг тIе тосуш йолу кIади кхул дика ма яра, устазор, – аьлла, гIадъяхна елаелира Забу.

Кхеран гIовгIанаш хезна тIеесара КурбикагIеран ши лулахо а.

– Ой, ахьа хIун дуьйцу, йоI, хIара-м эхь ду! Хьовсийша, Исраьпилан йоIа Хелисата, ша чилланан маркизет а елла яийтича, дуьхьалъеллачу кIадига? Вайн эвларчу ДIобин Жабраьилан кертарчу ниттийн суьрташ дац кху тIе дехкинарш? ЙоI, кхунах коч ма яйталахь, вайн цIийнах болчу зударшкахь товр яц кху тайпанчу кIадин коч, – аьлла, куьйра ластор сихдира Курбикас.

ТIееанчу шина зудчух цхьаммо, кIадига а хьаьжна, элира: «ХIинца хьуна тIехь йолчу штапелал хаза ма хета суна-м хIара штапель».

Вукхо а: «Суна-м дика кIади ма хета хIара», – элира.

– Мичара штапель яра хIара? Штапель ца евзаш-х яций со? Гоьна тIе тухург санна моха а йоьдуш, кхо сом метрах доккхучех болу вон басма бу-кх. Тхан ден вешин Эламирзин шен говран баабеллачу когана йоьхкуш лелош яра кху тайпана кIади. Доккха хIума ду-кх,

оццул лерина ша лела а йина дӀаяхийтича, Хелисатана сел вон, сел ирча хӀара кӀади суна яла эхь цахетар, – аьлла, оьгӀазъяхна Забу, ша муха лестайо а ца хууш, Курбикица цхьаьна куьйра лесто елира.

Кхо дечу къамелана резайоцуш учин бӀогӀам юххехь латтачу Курбикин лулахо йолчу зудчо элира:

– Забу, массарал а дика и «дӀа – коч, схьа – коч» боху хӀума вай ваьшна юкъара дӀадаьккхича хир дара. И совгӀат дар дац. Цкъа-делахь, ваьшна и коч юхалур ю аьлла хетачунна бен вай и луш а яц. Цул совнаха, ваьш и елларг кех яьлла а ялале, «оха кучана кӀади а елла яхийти иза» бохуш, дозаллин къамелаш деш, ваьш елла коч массарна а хаийта гӀерташ лела вай. Иза а оьзда хӀума дац. Ваьшна схьа коч елча, «аса дӀа диканиг еллера, суна вониг елла» бохуш, тӀескхаьч-кхаьчначохь и дуьйцуш а лела вай. Нагахь санна, цхьа хӀума ца нисделла, дӀа кӀади еллачо схьа кӀади ца луш меттиг нис-лахь, цунах дийнна эладита до вай. Ма аьлла дӀадан нислуш дац и совгӀат. И шен цанисделларг, и нисдан гӀерташ, холчухӀуттий, бӀаьрза хьаьвза. Уьш совгӀаташ дарш а, я гергалонаш чӀагӀдарш а дац. Мелхо а, вовшашна цатамаш барш ду, вовшашна ца оьшу сингаттамаш бахарш ду.

Стеган вахарехь цхьа дезде деана – зуда ялийна меттиг хилча, кӀант я йоӀ дешна даьлча, я хаза шен гӀуллакх дан гӀерташ вол-лу да-нана доцу жимха хьаста, цунна я уьш санна долу кхидолу гӀуллакхаш бахьана долуш, шен дан тарлуччул совгӀат дар хаза ду. Амма, схьаелла дела, дӀаяла еза бохуш, и кучамаш дӀасхьа хуьйцуш лелош дерш цаоьшурш ду. Уьш дита деза вай.

– Деллахь, ма нийса къамел ду иза. Кхул тӀаьхьа и «дӀа – коч, схьа – коч» боху хӀума аса леладахь, аса дуьйцург дош дац-кха хьу-на, – аьлла, ша лестош латтта куьйра саца а йина, шена Хелисата делла кӀади тускар чу кхоьссира Забус.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Муха тасаделлера Хелисатан Забуца гергарло?
2. ХӀун ойла хилира Хелисатан, Забус шена совгӀат делча?
3. Муха гойту авторо Халисатан дахар?
4. Стенна холчухӀоьттира Хелисат, Забу ша йолчу еача?
5. Муха тӀеоьцу Халисата шен хьаша?
6. Забуна дала совгӀат муха карадо Халисатна?

7. Реза хуьлий Забу шена деллачу совгӀатна? Дийцар юккъера дустарш схьаязде.

8. Хьаьнца дийцаре до Забус шена делла совгӀат ледара хилар? ЦӀахь баккхийчара хьанна хӀун совгӀат деш гина шуна?

9. Курбикин лулахоша муха тӀеоьцу шена деллачу совгӀатна Забу резацахилар?

10. Муха дерзадо яздархочо шен дийцар?

11. «ДӀа – коч, схьа – коч» дийцаран коьрта маьӀна хӀун ду?

12. Адамийн амалшкахь нислуш долу хӀун сакхташ гучудоху яздархочо шен дийцарехь?

### Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Муха дӀадоладо яздархочо шен дийцар?

2. Яздархочун меттан исбаьхьаллин башхаллаш йийца.

3. Дийцарехь муьлхачу аламех пайда оьцу яздархочо дукххахьолахь: чолхечу я цхьалхачу?

4. Дийцаран турпалхойн амалш церан къамелашкахь муха билгалйовлу?

5. Халкъан барта кхоллараллех муха пайда эцна яздархочо?

6. Дийцаран турпалхойн сурт-сибат гойтуш, кега-мерсачу хӀуманех (коьчаллех) муха пайда оьцу яздархочо?

7. Шуна хетарехь, дийцарехь яздархочо билгал йолчу меттигийн цӀерш яхаро хӀун маьӀна лела до?

### Вайн мотт кхиабо

1. Дийцарехь билгалдаха халкъана юккъехь кица а хилла лелачу дешнийн цхьаьнакхетарш.

2. Дийцарехь йолчу диалогашкахь персонажийн амалш гойтуш йолу меттигаш билгалъяхий, дӀаеша.

3. Йоцца план а хӀоттаяй, оцу планаца схьабийца дийцаран чулацам.

### ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай

1. Нохчийн гӀиллакх-оьздангаллехь хьаша ларар къоман коьртачу ламастех цхьаъ ду. Юьрта веана хьаша чукхайкхаран а, цунна совгӀат даларан а гӀиллакхах дийца.

2. Хьешаца лело деза гӀиллакх муха гайтина яздархочо дийцарехь?

3. Шуна хетарехь, дийцаран турпалхошкахь нохчийн гӀиллакхашца догӀуш дерг а, доцург а хӀун ду?

# ЛИТЕРАТУРИН ПРОИЗВЕДЕНЕХЬ БЕЛАМЕ ДОЛЧУХ

Яздархоша шайн произведенешкахь тайп-тайпанчу беламе васташца гучудоккху дахарехь хуьлуш дерг. Хилам я гІуллакх беламе гайтаро гІо до воииг юкъара дІадаккха а, эшахь, емал а деш, сийсаздан а. Литературехь дахар я хилла долу гІуллакх беламца гайтар дуьххьалдІа хазахетарний, бахьана доцушший дац. Хуьлуш дерг беламца гайтар шен Іалашо а, маьІна а долуш ду.

Цхьайолчу произведенешкахь и белам, шеца волла а доцуш, дагна Іаткъам а ца беш, байн хуьлу. Кхечу произведенешкахь и белам, чІогІа а болуш, персонаж сийсаз а веш, луьрачу беламца гойту.

Цундела беламе произведенеш шина кепара хуьлу: юмористически а – хала а ца хоьтуьйтуш, тІехулара долуш санна, бегашийн тайпа; сатирически а – белам кІоргаллица а болуш, хилларг цамегачу а доккхуш, емалций, сийсазварций гайтар.

Яздархоша оцу шина а кепах пайда оьцу шайна эшаре а, произведенин Іалашоне а хьаьжжина.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Муха хуьлу беламе произведенеш? Схьадийца церан тайпанаш а, билгалонаш а.

2. «Абубешар» произведени цІахь еша а еший, схьайийца беламе кепаш.

3. Схьадийца, муьлхачу кепе ерзо тарлуш ду «ДІа – коч, схьа – коч» произведени.

4. Схьайийца оцу шина произведени юккъехь йолу башхалла.



# СУЛАЕВ
## Абун Мохьмад

*(1920–1992)*

Нохчийн поэт, прозаик, критик Сулаев Мохьмад вина 1920-чу шеран 20-чу сентябрехь Нохчийчоьнан Хьалха-Мартанан кIоштарчу ГIойтIахь совдегаран Абун доьзалехь. Шен бархI шо кхаччалц винчу юьртахь хьалакхиъна Мохьмад. 1928-чу шарахь церан доьзал Соьлжа-ГIала кхелхина. ГIаларчу №16 йолчу школехь дешна цо, цул тIаьхьа Асламбековски юьртахь (хIинца – Серноводск) дешаран городокехь школа чекхъяьккхина.

Литературоведо Сумбулатов Денис ишттa яздо шен Сулаевх йолчу статьяхь: «Шен амалца, кхоллараллица а йолу оьздангалла дайн кхерчахь, винчу юьртахь хьаст долуш яра поэтан.

Со юха а винчу юьртахь ву!..
Геннахь лаьтта,
                    курра хьоьжуш, лаьмнаш,
Ойлане а яхна, тийна хьаннаш –
Винчу юьртахь дагна хьоме ду!
Бажа балош вогIу цIехьа Iу,
Щечу аьгтан логах бехчалг кхозу,
Хьалха санна, гаьн тIехь дека хьоза –
Винчу юьртахь дагна хьоме ду!

Шовзткъе ялх шо долчу поэтана хьоме ду шен бералла дIаяхначу юьртаца мел доьзнарг. Оцу ехачу хенахь шен кхолламах дахаро мел къиза кадиттинехь а, бевзачех, безачех шен къеста дезнехь а, юх-юха а дагаоьху бералла:

Бераллехь левзинчу
                    хе ла а доьгIуш,
Со Iаш ву, со винчу
                    юьрте а хьоьжуш,
Жимачохь мел дайнарг, сама а даьлла…

Деша боккха лаам болу хинволу поэт Бакох-гІалахь йолчу хьехархойн рабфаке деша воьду. Цул тІаьхьа цо чекхйоккху Бакох лоьрийн институт. Дуьххьарлера байт «Нохчийн йиш» Мохьмада ша Бакох доьшуш волчу хенахь (1935 шо) язйира. Мохьмадан кхоллараллина беркате тІеІаткъам бира нохчийн халкъан барта кхоллараллo, оьрсийн поэзино.

Сулаев Мохьмада лоьрийн институт чекхъяьккхинчу шарахь СССР-н пачхьалкхана тешнабеххаца тІелетира фашистийн Германи. ТІеман заманахь, массо а кхоллараллин белхалойн санна, Мохьмадан дош а дара мостагІчунна дуьхьал олуш, шен махкахойн дог-ойла иракарахІоттош. 1943-чу шарахь цо язйина «Малх тоьлур бу» поэма дикачех хиларна дешархоша а, литературин критикаша а къастийра.

1944-чу шарахь шен Даймахках къастийнчу нохчийн халкъаца цхьаьна ГІум-Азехь кхойтта шо даьккхинчу Мохьмадан кхоллараллехь, цуьнан стихийн мукъамашкахь къаьсттан ешалуш, хезаш ю гІайгІа, сатийсар, сатийсам, шен дайн кхерче, махке сатийсар. Цхьа шатайпана мур бу поэтан кхоллараллехь 1958-чу шарахь «Безаман эшарш» стихийн гулар араяьлла хан. Цул тІаьхьа арахоьцу поэзин а, прозин а книгаш: «Велларг денвалар» (дийцарш, 1959 шо); «Даймехкан зІенарш» (стихаш, 1961 шо); «ДоттагІий юха вовшахкхета» (дийцарш, 1962); «Тавсолта ломара дІавоьду» (роман, 1966 шо); «Октябро кхоьллинарг» (критикин статьяш, 1967 шо). Гуш махиллара, Мохьмада поэзехь, прозехь, критикехь беркате болх бина.

1964-чу шарахь «Грозненский рабочий» (20-гІа декабрь) газетехь араяьллачу шен «Поэмы и современность» статьяхь Мамакаев Мохьмада билгалдоккхура: «Поэтан болх цуьнан книгин стомма хиларца лара мегар дац. Коьртаниг кхин ду: мел кІорга схьагайта хиъна цунна вайн дахаран а, шена гиначун а маьІна. И гайтар цуьнан нисделлехь, жима книга а дуккха а тоьлу цхьайолчу йоккхачу томал».

Гоьваьллачу поэто Мамакаев Мохьмада лаккхара мах хадийнарг Сулаев Мохьмадан «Даймехкан зІенарш» поэзин гулар яра.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь, 1944–1957-чуй шерашкахь, Сулаев Мохьмада Казахстанерчу Джамбул-гІалин поликлиникехь терапевтан лоьран болх бина, цул тІаьхьа, специализацех чекх а ваьлла, Джамбулерчу областан больницехь лор-психоневролог хилла.

Даймахка цІа веача, шен лоьран балха дІавахна иза. 1958-чу шарахь Сулаев Мохьмад республикин уьнах цІеналла яржоран ЦІийнан (Дом санитарного просвещения) коьрта лор хІоттийна.

1961–1964-чуй шерашкахь Сулаев Мохьмада Хьалха-Мартанан кІоштан больницехь коьртачу лоьран болх бина. Республикехь уггар йоккхачу кІоштан могашалла Іалашъяр тодан хьажийнера иза. Цигара ваьлча юха

а уьнах цIенална яржоран цIийне коьрта лор дIахIоттийра. Шен дахаран тIаьххьара де тIекхаччалц оцу балхахь хилла иза.

Сулаев Мохьмад цIаьххьана кхелхина 1992-чу шеран 27 июнехь Соьлжа-ГIалахь. Амма цуьнан цIе, цо нохчийн литературехь йитина сирла лар цкъа а йовр йоцуш ю.

## Цавевза доттагI

Алийша, мила ву луьстачу кху хьуьн чохь
Дитта кIел адмашна
 охьахаа гIант динарг.
Алийша, мила ву
 акхачу кху буьн чохь
Мецачу стагана
 баьпкан юьхк йитинарг.
Мила ву, алийша,
 хьуьлларчу дитта тIехь
Алкханчин кIорнешна
 цу аннех бен бинарг.
Апари яьккхина
 кху пана мокхаз тIехь,
Хьогахчу адамна
 шовда схьадалийнарг.
Мила ву аьрхачу
 кху ахка тIехула
Селхана ца хилла
 тIай тахна тиллинарг?
ГIелвелла хьо
 вогIуш кху Iина бухахула,
Мила ву садаIа
 чхар кхуза биллинарг?
Мила ву, мила ву,
 ца лоьхуш шена са,
Шен цIе а лечкъаеш,
 диканиг дийриг?
Ву иза адамийн
 цавевза доттагIа,

## Дахаран доггаха
## ву хама бийриг!

**Ешначух ойла е вай**

1. Шен стихотворенин цIе «Цавевза доттагI» хIунда тиллина поэто?
2. ХIунда ву лирически турпалхо массеран доттагI?
3. Билгалдаха цо дина диканаш, церан мехалалла а юьйцуш.
4. МаьIница даста дешнаш.

...Мила ву, мила ву,
ца лоьхуш шена са,
Шен цIе а лечкъаеш,
диканиг дийриг?

5. Стенна лечкъайо «цавевзачу доттагIчо» шен цIе?
6. Кхайкха а ца деш, къайлаха дина дика (сагIа) муха лору бусалба динехь а, нохчийн оьздангаллехь а?
7. Шуна бевзий иштта юкъара гIуллакхаш мах боцуш деш болу нах? Дийца царах.
8. ХIун жамI до поэто шен стихотворенин чаккхенехь? ХIун маьIна ду цуьнан?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу аламех льтта стихотворенин коьрта дакъа? Тидам бе, дешархоша жоьпаш дала оьшуш хаттарш дуй уьш.
2. Маса декъе екъало хIара стихотворени? Стенах льтташ ду стихотворенин хьалхара дакъа? Стенах льтташ ду стихотворенин шолгIа дакъа?
3. Лирически турпалхочун васт муха гайтина поэто?

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Маьхаза нехан юкъара гIуллакхаш дар муха лоруш хилла хьалха заманахь а, муха дIахьо иза тахана а? Масалш даладе.
2. Хьалха дуьйна нохчашна юккъехь хIора юьртахь нах хуьлуш хилла Делан дуьхьа халкъана пайде гIуллакхаш деш. Уьш дарна шайна цхьа ял а, сий а ца лоьхуш, шайн цIе къайлаха йисар дика а хеташ. Масала, хийн, шовданийн йистош цIена латтош, новкъахь садаIа нахана гIант хIоттош, шовдан тIе апари дуьллуш, некъ боккхуш, тIай туьллуш. Царах цхьаъ ву Сулаев Мохьмадан лирически турпалхо.

**Проект**

Реферат язъе «Адам санна лара деза Iалам» темина.

**Вайн мотт кхиабо**

Билгалдаха стихотворени юккъера ширделла дешнаш: юьхк, бен, мокхаз, ахк, Iин, чхар, хама. Оцу дешнийн маьIна даста.



# СУЛЕЙМАНОВ
## Сулаймин Ахьмад

*(1922–1995)*

Сулейманов Ахьмад дагалоцуш, ойланехь иза цкъа а дуьхьал ца хIутту шен хIусамехь я яздархочун кабинет чохь. Иза дагавогIу ломах хьалавоьду некъахо санна, я, шен накъостийн гонехь къамел деш, дош олуш, шуьнан да санна.

Бакъ а долуш, и ши хIума – Даймехкан шира шахьарш лаьттинчу лаьмнашкахула волавелла лелар а, шена дукхабезачу нахаца марзо эцар а – дара Ахьмадна кху дуьненахь уггар дукхадезнарг.

Сулейманов Ахьмад вина 1922-чу шеран май беттан хьалхарчу дийнахь Олхазар-кIотарахь. Цуьнан да МуртазIелин Сулайма Нохчийчохь вевзаш, цIе йоккхуш, дика къонах хилла. Советан Iедал тIедеанчул тIаьхьа а иза Нохчийчохь хиллачу дайн Iадатан кхелан тхьамда вара, иза большевикаша дIакъовллалц.

Сулайма нохчийн шира гIиллакхаш, дийцарш дика хууш, вайн махкара оьзда, цIеяхна нах шен хIусамехь соцуш стаг хилла. Цаьрга ладоьгIуш, церан хьекъал, амалш схьаоьцуш кхиира Ахьмад а, цул воккхахволу ваша Мутуш а. Эрна ца хилира цара баккхийчаьрга ладегIар. Мутушах махкахь а цIеяхна маслаIатан да а, Кунта-Хьажин мурд а хилира, Ахьмадах – иштта дика нахана вевзаш а, везаш а яздархо.

Ахьмадан дуьххьарлера стихотворени зорбане елира 1935-чу шарахь. Нохчийн воккхачу яздархочунна Бадуев СаьIидна оцу стихотворенехь гира Ахьмад корматалле поэт хила йиш йолуш хилар.

«Хьо вахьахь, ма хилал поэт!» – элира шега СаьIида, бохуш дуьйцура Ахьмада.

Вайн халкъ цIера даьккхина, Казахстане, Киргизе дIадигча, Ахьмада цхьана ханна дитира шен иллеш яздар, суьрташ дахкар. Иза мацалла лечу, къацахетачу хьаькамаша хьийзочу халкъана орцахвелира: Китайн дозане кхаччалц дIаоьхура Ахьмад а, цуьнан накъостий а хIонц[1] лоьхуш, карийча

[1] *ХIонц* – мостагIашкара тIелатарца схьайоккху дуьненан хIума.

(дукхахьолахь, и даьхни хуьлура), цара иза, нийсо еш, доькъура гІаддайначу нахана юккъехь; цуьнца цхьаьна, нийсо лоьхуш, харцоно хьийзош болу нах кІелхьарбаха гІерташ, гуттар а лакхарчу Іедале кехаташ яздеш а хиллера цо хІетахь.

Нохчий Даймахка цІабирзича, хьехархойн институт чекх а йоккхий, школе балха воьду Ахьмад. Цигахь хьехархочун, тІаьхьа директоран болх беш, цо цхьана денна а юкъах ца дуьту поэзехь къахьегар. Оцу къинхьегаман жамІ дара 1967-чу шарахь яраьлла цуьнан поэзин гулар «Безаммий, шаьлтий».

Цул тІаьхьарчу шерашкахь арадуьйлу цуьнан стихийн, поэмийн жайнаш: «Дог дохден цІе» (1968), «Ламанийн хьасташ» (1973), «Симфония гор» (оьрсийн маттахь, 1978), «Даймехкан некъаш» (1982), «Цхьа-ши дош» (1988).

«Сулейманов Ахьмадан поэзи къаьста нохчийн къоман барта кхоллараллин хьу шеца хааяларца, произведенийн чулацаман кІоргаллица, мотт цІена, хьалдолуш хиларца, исбаьхьаллин васташ къегина хиларца, – яздо цуьнан кхоллараллех Нохчийн Республикин халкъан поэто Арсанукаев ІШайхис. – Ерриг а цуьнан поэзи юьзна ю вайн чолхечу, карзахечу заманан лазамех, адаман дахаран маьІнех, адаман сийлаллех, цуьнан жоьпаллех лаьцна йолчу ойланех. Поэто балхабо шен тембоцчу деган лаамаш, сатийсамаш. ХІун мехаллаш ю уьш? ХІун ду поэтана коьртаниг?.. Машарх, нохчийн оьздачу гІиллакхех, ламастех, тешамечу доттагІаллех, цІеначу безамах ю Сулейманов Ахьмадан стихаш, поэмаш... Цуьнан поэзин лирически турпалхо вайзаманан дахар девзаш, адамаш девзаш а, дезаш а, Даймехкан а, шен халкъан а бакъволу воІ – яхьйолу къонах ву».

Сулейманов Ахьмад вевза дика гочдархо санна а. Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., Джалиль М.Н., дуккха а кхечу поэтийн стихаш нохчийн матте яьхна цо.

Кхузткъе уьтталгІачу шерашкахь Ахьмада дукха къахьоьгу вайн мехкан хийн, шовданийн, лаьмнийн, меттигийн топоними – цІерш – дІаязъеш. Уьш, церан маьІнаш а дина, Іилманан лехамашна жоп а луш, еа книгехь арахийцира цо Нохч-ГІалгІайн книгийн издательствехь. Іилманчаша билгалдоккхуш ма-хиллара, Ахьмада кхочушбинарг дийнна цхьана Іилманан-талламан институтан болх бара.

Дукха жима волуш тІеийцира Ахьмада декхарийн мохь. Цуьнан некъ мехкан, халкъан юкъара гІуллакхийн бала кхачар а, уьш кхочушдан гІертар а бара. Ша жима стаг волуш дуьйна кхеттера Ахьмад къоман дахарехь коьрта цуьнан синкхетам, оьздангалла хиларх. Цундела иза дІа а кхийтира и деза дукъ – халкъан культура кхиор – шайна тІелаьцначу нахах. Бадуев СаьІид, Мамакаев Мохьмад, Ошаев Халид, Мамакаев Іаьрби, Гадаев Мохьмад-Салахь – и цІерш дика евзаш яра халкъалахь XX бІешеран ткъе уьтталгІачу

шерашкахь. Амма Ахьмад царал дуккха а жима вара. Цундела цуьнан аьтто бара царах Iама а, цаьргара масал эца а, царна жимхалла лело а. Къаьсттана цуьнан гергарло тасаделира Мамакаев Мохьмадца.

Сулейманов Ахьмадан дахар шен махкана, халкъана хьанал къахьегаран масал дара. Иза вайн къоман кIант а, оьздангаллин хехо а вара. Шен а, шен доьзалан а гIуллакхаш тIаьхьа а теттина, цо хьалхадехира вайн мехкан, халкъан юкъара гIуллакхаш. Уьш кхочушдарехь цо даим а къонахалла а, хьекъал а гойтура.

Шераш дIаэхарх, заманна къера ца хуьлуш, къоначу шовкъаца дахаран керл-керлачу анайисташка кхочуш, керл-керла кхолларалин лакхенаш йохуш схьавеара Ахьмад.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дийца Сулейманов Ахьмадан дахарх.

2. Маца араяьлла цуьнан дуьххьарлера поэзин говзар? Муха тIеэцна Бадуев СаьIида къона поэт гучувалар?

3. ХIун гIуллакхаш деш хилла поэто халкъ махкахдаьккхинчу хенахь?

4. ЦIадирзинчул тIаьхьа мичахь дешна, хIун белхаш бина Сулейманов Ахьмада?

5. ЦIерш яха Ахьмада арахецначу книгийн, уьш араевлла шераш билгал а дохуш.

6. ХIун маьIна долуш бу поэто Нохчийчоьнан топоними гулъеш бина болх?

7. ХIун Iалашо яра поэто и болх, коьрта а лерина, хьалхабаккхаран, шен литературехь къахьегар тIаьхьа а теттина?

**Шуна, хIума довза луурш**

## ХIОРА ГIИЛЛАКХАН ШЕН КIОРГА МАЬIНА ДУ

*(Сулейманов Ахьмадца хиллачу интервью юккъера)*

**Хаттар.** Ахьмад, ахьа а, хьан вашас Мутуша а, вайн махкахь вевзаш волчу, вайн нохчийн гIиллакх, хилларг, дIадаьлларг довзар шайн дегара схьаэцна аьлла, хета суна. Иштта ца хила йиш а яц. Вайн хьалха заманахь, жима волуш дуьйна, стаг цхьана гура а хIоттавой, цо хIун ала деза воккхачунна тIекхаьчча, мича агIор вала веза, хIун ког баккха беза, деза дерг хIун ду, осала дерг хIун ду бохуш, Iамош хилла. И муха хилла, и хIума? И хIинца муха ду?

**Сулейманов Ахьмад.** Воккхачу стеган сий-ларам мел чIогIа бара-техьа аьлча, и дийцина цаваллал чIогIа лоруш вара кегийчу наха. Да иштта чIогIа лоруш вара. Да стигал ю, олура. Да тхов бу, олура. Да гIалин пенош ду, олура. Нана – иза цIаьнкъа ю, олура. Нана кха ду, олура. Нана цIе ю, олура. Да кхерч бу, олура.

Суна дийца лаьа ЦIуьнка чуьра дIа Зумса маре яхначу цхьана йоIах. Дикка хьалххехь хилла ду иза. Цуьнан цIе дага ца йогIу суна. Иза дIайига дийцина захало а долуш, Зумсара схьавеана ши накъост а волуш, замой баьхкина. Кхаа-коьрте бохучу меттехула тIехбевлла дIабоьлхуш хилла уьш, гIаш, шайн нускал а эцна. Цига дIакхаьчча, оцу маре йоьдучу доьрахочо аьлла, шен цIахь йисна цхьа чIогIа хIума ю, иза схьаэца ша юхаяха езаш ю. ТIаккха вуьш цецбевлла: «Иза хIун бохург ду, маре яха новкъаяьлла яц хьо? Вай Кхаа-коьртехула тIехдовлуш ма лаьтта. Дера яха йиш-м яц», – аьлла. Вайн захало доьхна ду-кх, аша ша юха ца яхийтахь аьлла, юххьаяьлла йоI. ХIета замой и зуда а ялош юхабаьхкина. Цо хIун дина-техьа аьлча... Шу арахь совца, ша чу а яхна арайолу аьлла, шен дех-ненах лечкъина чу а яхна, кхийра кхаба а лехна, оцу кхийра кхаби чу а дехкина шайн кхерчара кIегий даьхьна (цIе яьхьна цо) цу доьрахочо. ХIун ю ахьа яхьаш ерг, дети ду, я деши ду шега хаьттича, йоIа жоп делла, ша яхьарг деши а дац, дети а дац. Дешел а, детел а деза дерг ду ша дахьашдерг – шен дайн, доьрахойн кхерчара цIе. И цIе ша Зумсахь хьалалатор ю. И цIе цо ягийна, дIа ца йойтуш, бIе шарахь.

Иштта дара вайн гIиллакхаш. ЦIе ян йиш яцара, и йойтуш а яцара. Суна дагадогIу, буьйсанна пхьор диначул тIаьхьа, туьйранаш, хабарш дийцина, иллеш баьхна, кIордийначу хенахь охьабуьйшуш, цIийннанас, ян а йогIий, иштта мор-захашца чIеш схьа а оьций, юкъ кегош, кIегий къайладохура, юха, Iуьйкъ-хенахь хьалагIоттий, хьалалатайора цо и цIе. Оцу тхан Доьрара Зумса маре яхначу тхан доьрахочо нийсса бIе шарахь (схьахетарехь, бIе берхIитта шарахь яьхна хир ю иза) оцу Зумсахь ша шен ден кхерчара хьалалатийна и цIе ягийна, бохура. Оццул чIогIа сий дора цIеран. ХIинца лам чу бахначу нахана ца хаьа хир ду... Ламанца-м, суна дагахь, дисна кевнаш а дара, бIаьвнийн неIарш а яра. ХIинца оцу КIогарчу Доьрара бIаьвнан а ю иштта неI. Амма и неIарш лоха яра, нахана ца хаьара, иза хIун ду. ХIунда еш хилла уьш иштта? Хьаша чIогIа сий деш ву вайн. Дукха чIогIа лоруш ву вайн. Хьешал деза хIума дац. Цунна шенна дина цIа хуьлура. Цунна шенна дIабуьллий кхача хуьлура. Цунна шенна тIетаса-кIелтаса мотт хуьлура. Амма чувогIуш волу и хьаша – паччахь велахь а, милла а велахь а, – охьатаIийта дина ду и ков а, и неI а иштта лоха. ЧувогIучу заман чохь ша хьошалгIа веаний цунна хаийта, виц ца валийта. Оцу хIусаман йозалла цунна дагаяийта. Кех чу-волуш, кевнах охьатаIа везаш ву, неIарх чуволуш, неIарх охьатаIа везаш ву. Цул тIаьхьа цунна хаа деза, оцу чуьрачу доьзалца хIун юкъаметтиг лело еза, оцу чохь елахь, йоI-йиша, зуда, нус, кегий нах, баккхий нах шен гергара буй.

**Хаттар.** Ахьмад, ахьа элир-кха, хьайна ваха хала ду аьлла. Зама а хийцаел-ла, гIиллакхаш а хийцаделла. ХIинца дукха хан йоцуш дIаяьллачу «хIоьттина лаьттина хан» аьлла цIе тиллинчу заманахь чIогIа дукха даьржина дара шалхо лелор, аьшпаш биттар, трибунаш тIера а буьттуш, вовшашна а буьттуш. Цунах кхолладелла и шалха гIиллакхаш, тIехулара чкъор хилчахьана, дагца а, къайлаха а ша хIуъа лелийча а могуьйтуш. Хьо а, кхиболу яздархой а, вайн оьзда гIиллакхаш мел лардинарш, цхьа шатайпана гIайренаш хета суна хIокху сихачу, буьрсачу, кхерамечу заманан хи чохь вайн культура Iалашъеш лаьтташ. Цундела аша аьлларг

чIогIа мехала ду. ХIинца, хьалха заманахь санна, духар ца леладахь а, оха лело мегар долуш, схьаэцца мегар долуш дуккха а хIуманаш ма ду. Масала, кега-мерса хIума ду аьлла хетахь а, вайшиъ охьахуучу хенахь, со жимма озавелла сецир-кха, со мича агIор хаа веза-техьа аьлла. Иштта и тайпа хIуманаш хаар чIогIа оьшуш дара аьлла, хета суна.

**Сулейманов Ахьмад.** Говра тIехь а волуш, шена езаш йолчу йоIаца дош дийца а, цуьнан суьйре дика ян а йиш яцара кIентан. ТIе ма-кхеччи, оцу йоьIан сий деш, говра тIера охьа а воьссина, цул тIаьхьа бакъо яра цуьнан суьйре дика хуьлда хьан, Iуьйре дика хуьлда хьан, хьенех, ала. Захало дийца-м бакъо янне а яцара, говра тIехь а волуш. Оццул чIогIа лоруш хилла вайнехан зуда, йоI, йиша. ХIокху заманахь дукха чIогIа вайнахана луьйш доладелира газеташ тIехь, журналаш тIехь, радиохула, лекцешкахь. Зуда тIехьа йоккхий юьгу бохуш, йоI тIехьа йоккхий юьгу бохуш. Уьш шен хенахь кхолладелла хаза гIиллакхаш дара, царал чIогIа къомана, халкъана оьшуш гIиллакхаш дан а дацара. Вайн йоI а, зуда а аьтту агIорхьа тIехьа хIоттош юьгуш Iедал ду. ХIунда? ДуьхьалвогIуш волу стаг тешам болуш вацахь, цо тIом беш хилахь, иза аьрру агIор тоха езаш ву, и йоI а, зуда а ларъян деш ду иза. Ламанца букар дукъах ирхвоьдучу заманахь йоI хьалхаяккха езаш яра мелла а, цхьа ши-кхо гIулч. ХIунда? Масала, ког тассабелла и йоI охьа-южуш хилча, хIокху къонахчо шен турпалчу куьйгаш тIе схьаоьцур йолу дела, охьа ца южуьйтуш. Букар дукъах ламанца чувогIуш хилча, йоI а, зуда а тIехьа йоккхуш хилла, хIунда аьлча, масала, эццa ког тасабелла, ца ларийна хецаелча, охьакхетча, оцу къонахчун белшаш тIе южур йолу дела.

ХIинца салам даларан гIуллакх чIогIа телхина ду. Саламан бакъо ю, лакхахьара охьавогIучун лахара хьалавогIучуьнга дала. Говрахь вогIуш волчун гIаш дуьхьалвогIучуьнга салам дала, хица охьавогIучун хина дуьхьалвогIучуьнга салам дала. Хиъна Iаш волчуьнга новкъа дIавоьдучо дала деза. Шен хеннара ву аьлла хеташ велахь, йоккха юкъ йоьлла йоцуш, мелла а жима волчо воккхахволчуьнга салам дала дезаш ду. ТIамера вогIуш волчо – тIаме воьдучуьнга. Тезетара вогIучо – тезета воьдучуьнга. Уьш ца хилча йиш йоцуш хIуманаш ду. Тахана уьш, мухха а хIоттийна а, меттахIотто дезаш хIуманаш ду. Оцу гIиллакхаший, оцу оьздангаллой, оцу хазачу ламасташий латтош дара къам. Тайпа ца хорцуьйтуш, ца духуьйтуш... Амма цхьа хIума ду: нохчийн мотт гIеллахь, нохчийн мотт юккъера дIабалахь, оцу нохчийн маттаца цхьаьна, гIалгIайн мотт гIеллахь, гIалгIайн мотт дIабалахь, оцу маттаца цхьаьна дIадовла кечделла вайн гIиллакхаш а, оьздангалла а, хаза ламасташ а ду. Матто латтош ду шадерг а.

## ДАХАРАН ГЕНАШ

*(Поэма)*

***

ГІала яккха со ца воллу, –
Цул чІогІа ду адаман дог…
Ирчу дашца ца даккхалахь,
Тоьпе-м и ца даккхало!..

***

НеІІий, Неккъий цахаржарна,
Вайгара дуьйлу гІалаташ.
«ГІант» а, «гІаж» а шениг харжахь,
Йоцчохь югІу гІаланаш…

***

Къинхетам бу дахар латтош,
Ма го и дІабаьлла де!
Къиза адам Лаьтта дагІахь,
Дуьне дагош, ер ю цІе…

***

Лулахошкахь тезет делахь,
ДІакъовла хьайн цІера той.
БІешарахь хьо зовкхехь вахарх,
БІе цхьалгІачо-м велхавой.

***

Сай лацаре хьежа валахь,
Карара лекъ хецало.
Ткъа Іовдалниг цахиндолчу
Кхача гІерташ Іен ца ло…

***

Хи тІе кхача геннахь волуш,
Мачаш дІа ма яхалахь.
Буьрса хилахь, юхаверзий,
Хьо ма ваьллахь нахала.

***

Цкъа хьайн дин хир бара алий,
Ма лехалахь тиша лан.
НеI старгIина тIехь доллушехь,
Ма гIерталахь дабагIа дан…

***

Вон-дика – шиъ – узуш, нисдо
Вай дахаран терзанахь.
Халонашна дуъхьал нислахь,
Ницкъ эший, ма верзалахь!

***

Дерриг Дуьне даго гIертарг
Ша вагийна Дуьнено.
Дуьне цIарах догуш хилахь,
Вохвала ма гIерта хьо!

***

Даймахкана, вайн халкъана,
ЧIагIо хилий, хIотталахь.
Вайн дахаран беш совйоккхуш,
Цхьа-ши синтар догIа ахь.

***

МостагI гIийла ма хеталахь:
ГIийланиг ву кхераме.
ДоттагI осал ма хеталахь:
Цо дог лур ду хьуна шен!

***

Вуьзнарг вузо ма гIерталахь:
ДIакхоллур ву хьо а цо.
Вухавелларг юхагIортахь,
ТIаьххьара коч цунна ло.

***

Ког тасалахь, эхь дац хьуна:
ГIотту, хиларх астагIа.

Мотт тасалуш цкъа хьо вожахь,
Гонах мел верг – мостагӀа…

***

ХӀай некъахо[1]! Таро ю хьан
Сий дан хазчу дахаран.
Латта хьеша веънарг стаг вац,
Массара а бахарехь…

***

Хьуна гойца хьайна хьалха
ДӀаихначийн гӀалаташ.
Хьан дахаран сакхташ лахьо
Оьшур ма вац вала теш!

***

Гина суна: кӀилло стага,
Шаьлта яккха деззачохь,
Мотт бацкхина, етташ бага,
Хьоькхуш лергаш къардо мохь.

***

Деши диллий, кечделахь хьайн
ЦӀен тӀе догӀу неӀ, керт, ков:
Дерриг дуьне долахь хиларх,
Хьо пис велахь, дерриг дов!

***

Цкъа а хьаша ца вагӀахь а,
Кхерчахь цӀе ма яйла шун!..
Тхаьшка хьаша вогӀур вацахь,
Ас-м сайн кхерч дӀабойур бу!

***

Дийна мел ву шен декхарех
Хьо волуьйтур ма вац цо.

[1] Кхузахь: *некъахо* – ваха а, къахьега а, дахар хаздан дуьнен чу веанарг бохучу маьӀнехь далийна авторо.

ДIа ма гIолахь. И схьавеха,
Декхарана кIел ма гIо!

***

ПхьегIаш шорта хилар ма яц
Комаьршаллин билгало.
Цхьа кад тоьу – буьзна хилча! –
Комаьршонца ахь и ло.

***

– Ирс, ахь хIун до? Стенга доьду?
– Беркат долчу доьзале!
– Барт, ахь хIун до? Стенга боьду?
– Ирс хиллачу доьзале!

***

– Беркат, алахь, стенга доьду?
– Барт хиллачу доьзале!
Тхо кхоъ цхьаьний бен мегаш дац –
Цхьаъ делча, тхо кхоь а ле…

***

Доьзалан Барт боьхна гича,
Дог, ца доьлхуш, Iен ца ло.
Бертахь-ирсе доьзал гича,
Сан иллин кIеж хецало.

***

Базарахь ваьш дин оьцучохь
Когаш, церагш толлу вай.
Уьш а йитий, доттагI харжа,
Даге хьажий, къаставай.

***

Амма доттагI говр ма яций,
Хьажал, цкъа и хаставай:
Хьо леш, вала кийча вацахь,
ТIаккха ала: «Къаста вай!?»

***

Диканна хьо тӀаьхьатоьттуш,
Вонна хьалхавахахь цо,
Хьан диканийн декъашхо ву –
Халонийн мохь айхьа хьо!

***

Суна-м лаьа, сан доттагӀ, хьо
Тера хила шаьлтанах:
И баттара схьаяькккхича,
Бовдий, дӀабов кӀилло нах!

***

Суна-м лаьа, эшахь, доттагӀ,
Хьох и сирла хи хилар:
Хьан цу хазчу даг чу хьаьжна,
Лаьа цу чохь сайн са гар.

***

Хьоьца цхьаьна хало лайнарг,
Ву хьан валлалц доттагӀа.
Бохаман кад айхьа боькъуш,
Хьайна совнах ботталахь.

***

Сан дахаран стигал кхолош,
Кхана хӀоттахь йочана,
Хьайн гӀуллакхаш юкъахдитий,
Суна орцах кхачалахь.

***

Герга хилча, дегӀ дагадеш,
Іовжош, генаваьлча, дог –
Иштта доцчу доттагӀаллех,
Алал, доттагӀ, вай хӀун до?!

***

Сан доттагӀ, хьо, некъ базбелла,
Новкъахь висахь йочанехь,

Хьуна кхоллар, кхаллар дахьаш,
Со орцах ца кхочур-техь?

***

Букар бердах ирхо йоккхуш,
Хьо кIелвисахь, хIоьттина,
ТIетовжа сан белш ю хьуна,
Хьан вешина меттана.

***

ДоттагIаллаш ма хададе –
Уьшша-м вайна оьшуш дай.
Шад ца хуьлуш хотталац-кха,
Хадахь, доттагIаллин тай.

***

– Мичахь ду хьан ницкъ, кураллий? –
Ас аьрзуне хьаьттира.
Шен ницкъболу ши тIам тоьхна,
Аьрзу хьалагIаьттира.

***

Бертахь доьзал, маьрша Даймохк
Беца къонахчун ши тIам.
Бертахь доьзал – Даймохк бацахь,
Адамех ца олу къам.

***

Къонахчун дарж оза терза
ХIинца а ца дина, бах.
Дуьне цуьнца дуста гIортахь,
Беза бу къонахчун мах!

***

Гонахчарна серло а луш,
ЧIурам, богуш, кхачало.
Къийсамехь шен дегI, са дагош,
Хьуьнар долчо ша дIало.

***

Къонахашна зама йоцуш,
Хилла ма яц заманаш.
Замане ца ловзадойтуш,
Зама ловзо Іа̂малаш!

***

Къонах воцуш, ваха атта
Хилла массо заманахь.
Атта дацарх, къонах хилий,
Тахна ваха Іамалахь!

***

Вага, къонах, оьшуш хилахь,
Молханах хьо вагалахь.
Де кхоладеш, бода багІахь,
Хьо, нур хилий, къагалахь!

***

Массо ирсе волчу хенахь,
Ирсе хила Іамалахь.
Каг а ца луш, хало лар а
Ду къонахчун амалехь.

***

Чинех уггар лакхарчарах
Ду хьуна кІант – къонаха!
Цу чине хьо кхаьчна вацахь,
Лахал, хьажий, гонаха!

***

ХІора де а дисначарах
Ду хьан уггар хьалхара.
Цхьа де эрна дойуш царах,
Кхералахь хьо кхалхарна.

***

Сеттор ву хьо, чехор ву хьо…
Дарцо къиза херцаво.

Эшна-тоьлла, велла-дийна –
Сийлалло шех хер ца во.

***

ТулгIенашца дIавоьду хьо,
Ахь цхьакIеззиг нека дахь.
Къонах велахь, тулгIеш цоьстуш,
Дуьхьал гIолахь неканахь!

***

Дарц хьоькхучу агIор ваха-м
Атта хилла гуттара.
Къонах, дагах Iуьргаш дахарх,
Дарца дуьхьал хIуттура.

***

Вала санна, гуттар хала
Къонах хила, хьаха, ду.
Вала санна, гуттар хала
Къонах хилла ваха ду!

***

Къонах вацахь, латта хьоьшу –
Хьо цкъа а ца вахало.
Лекхчу лаьмнел лекха – сийлахь
И цIе хьуна наха ло!

***

Вайн син маршо, сатийсамаш
Бохамаша лакъийнехь,
Вайн Ницкъ, Хьуьнарш, Толамашший –
Ду паналлин лакхенехь!

***

Аьрзуш тасаделча, биркъаш
Идайойца хьозаша.
Лечано цIийн пхьор дуийца,
Къийгаш тIаьхьайоззушехь!

***

Майрал, Хьуьнар, Доьнал, Оьздал
Ца кхехьна ЦІойн-Бацара…
Беллачара дІахьош хиллехь,
Уьш хир а ма̇ дацара!..

***

Мукх дІабийча, мукх тІебалар
Бац-кха цуьрриг тамаша.
Къонахчун кІант кІилло кхиар
Тамаша бу, сан ваша!

***

Махкахь уггар тоьлла къонах
Шен кІанта ма вохаво,
Ледар кхиънехь, дуьхьалваьллехь,
И юха ца тохало.

***

Барт боьхна дай, доьзал бахьнехь
Сан дог ма ду набахтехь.
Доьзалан да паччахь воцчохь
Беркат хир ду хьан бах-техь!?

***

– Дада, дада, хьо – тхан Стигал!
Къинхетаман догІа – Хьо!
Дуьненан Юкъ! Доьзалан Букъ!
Хьо воцчохь тхо ца Іело!

***

Оьшшучулла догІа лора,
Оьшшучулла лора малх,
Хьоьца хало атта ловра,
Ткъа Хьо воцчохь – йоккха чалх!

***

Да дІаваьлча, тхов тІекхета,
Керта юссу йочана.

Да дIавахча, доьзал буху,
Дог а кхаьрдаш воцчуьнан!

***

– Дада, алахь, кху дуьнен чохь
Уггар эхье хIун ду-техь?
– Кху дуьнен чохь уггар эхье –
Тешнабехк ахь дена бахь…

***

– КIанта дена тешнабехк бо,
Ледар, осал и кхиъиехь.
Стаг ца хиллехь. Тешам, безам,
Деган андо йицйинехь.

***

Зудчух майра хилла бохий-ц,
Зуда хилла майрачух.
Бакъо къуьйсуш, доьзал бохий…
ХIун хир ду-техь кхана шух?!

***

Котам нIаьнех кхойкху тахна,
НIаьна ека къуьрдигах…
Корта баккхий, е чу кхосса
НIаьна, котам хилла гахь…

***

– Мебельная! Хьо хIун деш Iа?
Газеташ ца доьшу ахь?
Уггар сийлахь мебель хир ю-кх
Ахь аганаш шортта дахь!

***

Мода ширлой, сихха тишлой,
ГIанташ, стоьлаш дагадо –
Тхов тIехь лаьтташ бIе шо кхаьчна
Со теххийна ага ду.

***

Туьканахь а, базарахь а
Ага – уггар сийлахьчех.
Бакъду, бераш дан-м луур дац,
Вай мах баккхахь иштта шех!

***

Мах а боцуш ас хIоранна
Цхьацца ага лур дара,
Кхиъна ваьлча, эрна хилахь,
Кхо мах баккха цуьнгара.

***

ЦIе яьллачохь, кIелхьардоккхий,
Деса-дуьзна – бен ца деш,
Ламарочо ага дадош
Со хийлаза хилла теш.

***

…Нахе вахча, гонах хьожий,
Хадабо ас цIийнан мах:
Чохь бер техкош ага долчу
ХIусаман мах бац, ма бах!

***

Хаза хIума ян яхначу
Къийго кIорни еъна шен.
Цул ирчаниг хьанна гина?!
Вай-м ца дохку цунна лен.

***

Иштта ду бер динчу нанна:
Дерриг шен са цунна ло!
Хьанна ло вай сий, хастаммий?
Дахар деллачунна ло!

***

Гиний хьуна, мох бацахь а,
Даим дегош лаьтта мах?

Шен йоIана сагатдинчу
Ненан сих и хилла, бах…

***

Вай дагийча, шелдан гIуртий,
Ненан кийра буьллу ша…
Вай шелделча, дохдан гIуртий,
ЦIарах йогу меллаша…

***

– Хьо я хьайн бер? Муьлхарг ло ахь? –
Шега хаттахь дарц-махо,
Ойла ца еш, нанас эр ду:
– Сан бер дитий, со дIахьо! –

***

– Алахь, нана, йоIана тIехь
Товш цахетарг хIун ду-техь?
– ЙоIана тIехь товш ца хета,
Цо шен сий ца лардинехь.

***

Товш ю хьо, йоI, деши, дареш
ДегI-са кхала дуьйхинехь,
Хьайн сий, эхь уггар хазчу
ГIиллакхашца дуй хиънехь…

***

– Эхь, хьо дехаш мичахь ду-техь?
– Эхь долу йоI йоллучохь!
– Сий, ахь хIун до? Стенга доьду?
– Эхь доллучу доьду со!

***

Уггар чIогIа лардан дезарг –
ЙоьIан эххьий, оьздаллий.
КIанте езарг ца ларъеллехь,
ДIахаалаш, и веллий!

***

КІентан Яххьий, йоьІан Эххьий
Ма гойла дІадаьлла де!
Кхана уьш дІадовлуш делахь,
Ца вехаш, со тахна ле…

***

Эхь ду маймалх адам динарг!
Эхь Іалашдан Іамалаш!
Эхь дІадалахь, Лаьттахь хир ду
Нахах хилла маймалаш!

***

Ялта дижош, йокъа хІоттахь,
Лаьтте бала боьссина:
Кхиъна даьлча, кІанта, йоІа
Дай-наний дІакхоьссина…

***

Вирца латтахь, са-цІена гила-м
Вирах Іеха Іамалой!
Хьо вохор ву вочу зудчой,
Вочу говран амалой[1]…

***

Доьзал тесна веддачуьнца
Луьрачех тІом гІаттабе.
Шен бер дитна, яхначунна
КІарлагІийн барз хІоттабе.

***

«Беран цІа» а «Ден цІа» хуьлий
ДІакхоьссинчу берана?!
Сийлахь Нана, ахь дина бер
Хьайн хІунда ца лерина?!

---

[1] Ламанхойн кица.

***

ТIехь да воцуш кхиъначунна
Шех да хила хуур дуй?..
Коьртахь муьлхарг лело еза –
ЙоьIан йовлакх?.. КIентан куй?..

***

Нана йоцуш кхиъначунна
Нана хила хуур дуй?
Шен берах схьакъасталур бац
Кад-Iайг, цIаьнкъа хьокху нуй…

***

Ден цIе йоцург Даймохк боцуш
Висча санна хетало.
Ден цIе, Даймохк боцуш висахь,
Сох тешалахь, велла хьо!..

***

Къахетарг вац, доглозург вац
Хьо халоно хьаьшначохь:
«Дада!», «Нана!» – сийлахь дешнаш!
Хьаьнга тухур бу цо мохь?!

***

«ЙоIана – цу, кIантана– хIу[1]!» –
Дайша олуш хилла ду.
«ХIу – цу» нислахь, могуш тIаьхье,
Дала мукъ лахь, кхуьур ю!

***

Ас къобал дац! Дош ца хета,
Дийца дацахь нана-да!
Оьзда тIаьхье кхиорхьама,
Могуш-маьрша хIу схьада!..

[1] *«ЙоIана – цу, кIантана – хIу!»* – нохчийн кица. ЦIена, могуш хIуй, беркате, оьзда могашаллий коьрта лоруш хилла нохчаша, цIена, могуш доьзал болорхьама. Доьзалан да – Стигалан метта, доьзалан нана – Лаьттан метта лоруш хилла. *ХIу дIалуш* – Стигал, хIу дIаоьцуш – Латта.

***

«ЙоIана – цу, кIантана – хIу!» –
Ломахь олуш хилла ду.
Оьзда, хаза шу, сан бераш,
Могуш-маьрша хуьлда шу!

***

БIе шо кхаьчнарг ирахь лаьтта,
Ткъа цхьа мерIуьрг хиъна Iа.
Эхь хетийта цунна хIоттахь,
Хьожур яц и хьоьга схьа.

***

Нана-кхокха шен хIоаш тIехь
Бека, дIа ца туьйш буса.
Эр дара цо: «Сайн хIоашна
Дахар Iамош ма бу со!»

***

Дуьнене цаэшавелларг
Эшаво шен доьзало.
Iожаллех а цакхийринарг
Шен доьзалах ийзало.

***

Я вокканиг воккха а вац,
Я жиманиг жима а вац.
Эверестан лекха баххьаш,
Хьалха санна, лекха а дац…

***

Мегаш мел берш могуш бацахь,
Ма вон хьал ду-кх доьзалехь!?
Могуш мел берш мегаш бацахь,
Дуьне доха деза-техь?!

***

– Сийлахь Нана! Хастам хьуна!
Берийн дуьхьа яьхна хьо!

Генахь хиларх, тхаьш мацделча,
Хьан комаьрша куьйгаш го.

***

– Сийлахь Нана! Хастам хьуна!
Берийн дуьхьа яьгна хьо!
Бодашкахь а серло латтош,
Догу хьан комаьрша дог.

***

– Сийлахь Нана! Берийн къинна
БІаьрхи хилла, ешна хьо!
Тхо, бераш, ду-кх Хьо къанийираш!
Къона латтораш а – тхо!

***

Оьшшучулла сискал лора,
Иштта туьха лора Ахь.
Тхо ирсе ду, генахь хиларх,
Деган йовхо тхаьшна лахь.

***

Нана, хьан юьхь тІера хершнаш –
Уьш хьан берийн некъаш ду.
Хьан комаьршой, къинхетаммий,
Хан мел ели, хьекъаш ду.

***

...Ялсамани, цхьанхьа елахь,
Ненан когаш кІелахь ю.
Нана резайинчу беран,
Делахь, ялсамани а ю!..

***

Мерза дуьйцуш, хьарам стага
Лаьхьа-м гойту четара...
Матта тІехь – моз, бухахь дІовш ду
Аьлла, хьанна хетара?

***

…Дог доллучохь корта болуш,
Корта болччохь хилча дог,
ТIаккха-м хуур дара вайна,
Хьан хIун боху, хьан хIун до.

***

Кхо аьрша бен шена латта
Кхочур доций хуъушехь,
Цхьаъ ву, юрт шен дола ерзо
ГIерташ, хиларх хIуъа шех…

***

Кхузткъе итт шо, цхьа шо санна,
Ловзош, чекх ма даьккхи цо.
Кхечунна-м ло къиза-дера
Шарахь кхузткъе итт хало!

***

Кху вайн Лаьттан рицкъа даа
Бакъо йоцу боьха нах,
Вайна дахар къахьдеш, лела,
Куралла еш пхьоьханахь…

***

Шайнах схьа а оьций, шиннах
Юхаюхкуш берш а бу…
Шай а доцуш, нанас бинарш
Бухкучех ма хуьлда шу!

***

«Харцой-бакъой, – олу наха, –
Биъ пIелг биллал меттиг ю!»
Ма бакъ дац и! Царна юккъехь
Дийнна паналла ма ю!

***

«Сол тIаьхьа кхин буц ма яла!» –
Олу и буц юучо…

Миска Латта! Ишттанаш а
Кхоьллина-кх хьо Кхоьллинчо!?

***

Адамаллин Ага – Латта,
Телхина – хазделла хьо!
Адамалла шегахь доцчу
Стаг-экханах ахь хIун до?

***

Эхь дIаэций, тхан дегнашна
Ямарт-ирча хьагI ма ло!
Ямартчарна ницкъ ма лолахь,
Хьаналчарна дIовш ма ло!

***

Ма ло тхуна къонахалла
Шаьшкахь доцу божарий!
Ма ло тхуна мехкарий а,
Ца кхоьрурш эхь дожарна!

***

Iалам вайна оьгIаздахна –
ГIелдеш лаьтта хьогалло.
Сирла ойла яхьаш тахна,
Маьрша адам, схьагулло!

***

Тоьлларг-эшнарг къаста гIерташ,
Адам доьжна хьокъалла…
Уггар тоьллачун а ницкъ бац
Цхьа чуьркан тIам схьакхолла!?

***

Дела, беркат-догIа лохьа,
Лохьа оьшучулла малх!
ХIорд хьадийтий, хIаллакьехьа
«Седарчийн тIом» кечбен чалх!

***

Тхан аьрзунийн дегнашна ахь
Къийган тIемаш ма лолахь!
Аьрзун тIемаш долу къийгаш
Ма хийшае тхан лулахь!

***

Паналлехь а цхьаъ бен даций,
Адамаллин Ага, хьо-м!
Хьо, дагийна, эрчадаккха
Аккхароша кечбо тIом.

***

Шен дена воI цахиллачух
КIант хир ма вац Маххкана.
КIилло стагах къонах хилац,
Цо мел герзаш дехкарах!

***

Шен вешина ваша воцчух
Хьуна хир вац доттагIа.
Хьайца хало екъна вацахь,
Бекъий, кад ма ботталахь!

***

Вай-м дуьнен чу сакъеранний,
Тойнехь Iен ца даьхкиний –
Дуьне хаздан, кхана делча,
Сий дайта вайн даьIахкийн!

***

КIант, дин хьовзо, мангал хьакха
Хьуна цахаарх мега,
Хьекъал хила деззачохь хьан
Яцахь коьрта чохь кегаш.

***

Воккхаве со хьуна хуъчу
Кхечу къаьмнийн меттанех,

Хьайниг бицбеш, Іамо дезна
Уьш хьуна ца моьттинехь.

***

Воккхаве со ахь лелочу
Кхечу къаьмнийн гІиллакхех,
Дохковаьлла, ахь ца бахахь:
«Ас динарг хІун хилла-техь?!»

***

«Сан мохк!» «Сан къам!» – хестош айхьа,
Куралла ма бахалахь.
Массо халкъ, мохк – цхьана даржехь,
Ткъа сий-хастам – наха лахь!

***

«Сан кІант!» «Сан йоІ!» – махке, халкъе
Хьайх алийта гІорталахь.
Эр ду, кІуркІманехь вогуш,
Махкана дог ахь дІалахь.

***

Сан бераш, шу миччахь хиларх,
Даздо, хаздо собаро.
Сийлалле а кхачор ду шу
Хьанал болх аш сов баро!

***

Буто бода болччу меттехь
Латийначу сирнико
Бода эккхош гина суна,
Серлабоккхуш берриг го.

***

Иштта ду дош! Турпалхочун
Дарже воккхуш, айво цо.
Шаьлтаночул кІорга чов йо,
Чевнна хьовзабойту мо.

***

Малхо санна, дашор ду цо
Башлам тIера шийла ло.
Къонах гIаттош, кIилло вожош
Долчу дашна меттиг ло!

***

Мотт шаьлтанал ира хилар
Толам лоруш хилла дайн.
И шаьлтанал беха болчух
Цу Дала лардойла вай!

***

Шайн дешан дай боцчу наха
Лахбинийца дуйнан мах.
Гулбо цара хьарам бахам –
Шайна хьарам бу-м, ца бах.

***

…Со-м реза ву сайн кхолламна,
Турпал халкъийн доьзалехь
Къийса, Дала вай кхоьллина…
Байттамал ву, доьза лахь!

***

Вай кхийрина суьйре ягIахь,
Дохкодийлар доцуш, вайн
Даймахкана синош дIалуш,
Вай-м сапаргIат дIагIур дай!

***

Баркаллаш а баха дийзи,
Цкъа вай Сибрех дигарна,
Барташ бохуш, кортош даха
Айъиначу дагарна…

***

Дукха лайна. Дайна бIаьрга
Бохораш я бохамаш –

Орам хадош, кортош лоргуш,
Буьсуш «элий» бохураш…

***

Дайх бисна кхерч бохбан гІерташ,
Сан дог дилхи бІаьрхийн цІийх.
Куьйгаш доххалц хьисти тархаш,
Сайн хьацарций, бІаьрхиций.

***

Наханчул сов даа, духа
Хьо цкъа а ца гІиртина.
Ахь хьайна тІелаьцна ерриг
Тхан халонийн киртигаш.

***

КІанта дега ял йоьхуш дац –
Халкъо лур ду цхьа совгІат:
Велча, хьуна и хьакъ хилахь,
Тойнехь хІоттор ду сов гІант…

***

Халкъан тойнехь, тезетахь а,
Дийна волуш санна, хьо
Цуьнца хир ву, и мел деха,
Хьо бакъхилар цунна го.

***

Сан сих ийна, иллин могІа
ЦІергахь, цІийлахь беттало –
Со велла а, и бахийта,
Дош чекхдаккха гІерта со…

***

– Къайлехь кхобуш илли ду сан
Ала дезаш тІаьххьара…
И дІааьлла со валлалца,
Ахь со ма хьевахьара!

***

ЦIийца цхьаьна бIаьрхиш ийна,
Весет ду сан, кхана лахь:
ЦIий хуьйдинчу вайн лаьмнашкахь
ЦIий ма Iанадайталахь!..

***

Сийлахь Нана! Уггар дезчех
ХIара жовхIарийн кочар а,
Адам кхолла, кхаба хьуьнар
Долчу хьуна кхочура!

***

Дуьненан юьхь! Дахаран юьхь!
ЦIена, сирла, нуьре – хьо!
Уггар сийлахь, хьоме мел дерг
Ас дерриг а хьуна ло!

***

Уггар сийлахь цIе ю – НАНА,
Маьлхан нуьрехь къегарехь…
Уггар сийлахь КЪОНАХ дош ду
Вайн цIердешнийн легарехь!

***

Чинех уггар лакхарчарах
Хилла даим «Къонах» чин!
Цуьнга кхача хьуьнар делахь,
Сий ма дайа вайн нохчийн!

***

ДIасхьакъаьсташ, дехар ду сан,
ДоттагI, хьоьга тIаьххьара:
Хьо тIехь волу дахаран га
Ахь ма хададахьара!..

***

…Йоккха-топ яц ас кхоьссинарг…
Кхоьссинарг ду буьрса дош!

И тIехтилахь, гур ду хьуна,
Сайн шаьлтан тIе ас ка хьош!

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дийца, стенна тиллина, шуна хетарехь, поэто шен поэмин цIе «Дахаран генаш»?

2. Адаман дагах лаьцна хIун дешнаш даладо поэто? И дешнаш поэмин юьххьехь хIунда даладо цо?

3. Дахар латтош дерг хIун ду, боху поэто?

4. Масаллица тIечIагIде и бакъхилар.

5. Стеган комаьршалла муха, мичахь гучуйолу?

6. Доьзал ирс долуш хила хIун оьшу, боху поэто?

7. Цкъа а вовшахкъаста йиший цу хIун кхо хIума билгалдоккху авторо?

8. Караде доттагIаллех долу дешнаш. Бакъволчу доттагIчун гIиллакхаш муха дуьйцу поэто?

9. Поэми тIера Даймахках долу могIанаш даладе. Мел деза, сийлахь ду Даймохк безар а, ларбар а?

10. Кхонахчун муьлха амалш билгалйоху поэто? Муха кхета шу дешнех? МаьIница даста уьш.

Къонахашна зама йоцуш,
Хилла ма яц заманаш.
Замане ца ловзадойтуш,
Зама ловзо Iамалаш…

11. Доьзалехь ден меттиг муха билгалйоккху поэто? Доьзалехь ненан меттиг муха билгалйоккху поэто?

12. Дений, ненаций берийн хила безачу ларамах долу могIанаш дIадеша. Даста церан маьIна.

13. ХIун весет дуьту поэто тIаьхьа тIедогIучу чкъурана?

**Исбаьхьаллех дийца вай**

1. Билгалъяккха поэмин строфикин (байташ екъар) башхалла.

2. Поэма, дукхахьолахь, шеца синхаамийн а, дийцарийн а агIонаш йолуш произведени ю. Шуна ма-гарра, хIокху поэмехь дийцаран агIо (сюжет) яц. Еккъа цхьана поэтан ойланех лаьтташ ю хIара. Муьлхачу кепехь кховдайо цо шен ойланаш дешархошка?

3. Авторо поэмехь билгалйина кеп фольклоран муьлхачу жанрана гергара ю?

4. Билгалдаха поэто шен говзарехь пайда эцна нохчийн халкъан кицанаш.

5. Билгалъяха поэмин динца а, нохчийн фольклорца а, историн хиламашца а йолу зIенаш.

6. Муьлхачу стихкхолларан барамехь язйина ю поэма? ХIун башхаллаш ю поэмин куц-кепан, рифма яран?

**ГІиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. «Дахаран генаш» поэма нохчийн Іер-дахаран башхаллаш юьйцуш язйина ю. Цо чулоцу дуккха а агІонаш. Билгалъяха царах цхьаерш.

2. Доьзалан оьздангалла стенна тІехь лаьтташ хилар гойту поэто?

3. Дала шена деллачунна хьанал вуьсуш, дуьнен чохь ваха везар муха билгалдоккху авторо?

**Проект**

«Воккхаве со хьуна хуъчу
Кхечу къаьмнийн меттанех,
Хьайниг бицбеш, Іамо дезна
Уьш хьуна ца моьттинехь».
ХІокху дешнийн маьІна достуш, доклад язъе.

**Дагахь латтаде кицанаш**

Доьзал дика – беркат дукха.
Язь йолчу дагахь хьагІ яц.
Тоьпо цхьаъ бен ца вийна, матто эзар вийна.



# ЭДИЛОВ
## Эдалан Хасмохьмад

*(1922–1991)*

Нохчийн литературехь поэзин жанрехь шен говзарийн куц-кеп тоеш, хазъеш, беркате къахьегначу поэтех цхьаъ ву Эдилов Хасмохьмад. Чулацамна эшам а ца беш, цуьнан говзалла тоьна стиххIотторан барам, мукъам, исбаьхьалла ларъеш, лаккхарчу тIегIане кхача.

Эдилов Хасмохьмадан поэзи XX бIешеран нохчийн литературин хазна ю. Цуьнан кхоллараллина лерина йолчу цхьана литературин суьйренехь нохчийн поэт, критик волчу Сулаев Мохьмада элира, нохчийн уггар дикачу итт поэтан цIе яккха шега аьлча, царна юккъехь Эдилов Хасмохьмадан цIе хир яра шен, нохчийн дикачу пхеа поэтан цIе яккха аьлча, царна юккъехь Эдилов Хасмохьмадан цIе хир яра шен, нохчийн дикачу кхаа поэтан цIе яккха аьлча, царна юккъехь а Эдилов Хасмохьмадан цIе хир яра шен, уггар дикачу нохчийн цхьана поэтан цIе яккха аьлча, Эдилов Хасмохьмадан цIе йоккхур яцара ша, кхечарна хала ца хетийтархьама.

Поэт, прозаик Эдилов Хасмохьмад вина 1922-чу шарахь Нохчийчоьнан Ачхой-Мартанан кIоштарчу ВаларгтIехь ахархочун Эдалан доьзалехь.

Эдилов Хасмохьмада юьхьаьнца цIахь дешна. Юьртара школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа, 1936-чу шарахь, хьехархойн училищехь а, тIаккха Нохч-ГIалгIайн АССР-н Халкъан дешаран комиссариатехь йиллинчу политпросвет школехь а дешна цо. 1941–1944-чуй шерашкахь Эдилов Хасмохьмада белхаш бина Халкъан дешаран комиссариатехь школийн инспектор волуш а, республикин халкъан кхоллараллин цIийнан инструктор волуш а, Ачхой-Мартанехь суьдан исполнителан даржехь а. Дуккха а тIаьхьа Хасмохьмада чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институтан историко-филологически факультетан оьрсийн меттан, литературин, нохчийн меттан, литературин отделени.

Нохчийн халкъан барта кхолларалле чIогIа шовкъ йолуш хилла Эдилов Хасмохьмад. Цо дукха ешна къоман барта произведенеш, цаьргахула веана

лорура цо ша исбаьхьаллин литературе а. Ша яздан волалуш Мамакаев Іаьрбис чІогІа гІо дина шена, олура цо. Поэзехь шен хьехархо а лорура цо поэт Мамакаев Іаьрби.

Эдилов Хасмохьмад яздан волавелла 1937-чу шарахь хьехархойн училищехь доьшуш волчу хенахь. Амма шина-кхаа шарахь а шен стихотворенеш зорбане ца елла цо, уьш ледара хеташ. Дуьххьара цуьнан стихотворени зорбанехь араяьлла 1939-чу шарахь.

Сийлахь-Боккха Даймехкан тІом болабелча Нохчийчоьнан яздархоша арахийцира «Фашисташна дуьхьал стихаш» книга. Оцу книги тІехь, кхечу поэтийн стихотворенешца цхьаьна, зорба тоьхна яра Эдилов Хасмохьмадан масех стихотворени а: «ТІемало – хьоьга!», «БІаьрзе стаг», «Кавказан аьрзу», «Суьрте». Даймахка тІом бохьуш веанчу мостагІчунна дуьхьал луьрачу къийсаме хІоьттинчу бІахочун дог-ойла, иза эшо болу цуьнан лаам, доьналла гайтина авторо цу стихотворенешкахь. Исбаьхьаллин басарщца кхоьллина шен мохк йистйоцуш дукхабезаш, иза ларбеш инзаре майралла гойтуш волчу тІемалочун васт. Шен дахар а, са а дІадала кийча ву иза фашисташна тІехь толам баккхарехьа къийсам латтош, Даймохк царах паргІатбаккха.

Нохчийн къам махкахдаькхинчу хенахь Казахстанехь цхьана муьрехь юккъерчу школехь хьехархо хилла Эдилов Хасмохьмад. Цул тІаьхьа цхьацца бахамаллин меттигашкахь белхаш бина цо.

1955-чу шарахь Алма-Атахь нохчийн маттахь арахеца долийна «Къинхьегаман байракх» газет. Оцу газетан редакцехь литературин белхахо хІоттийна Эдилов Хасмохьмад. Деган айамца болх бина цо газетехь. Поэто оцу муьрехь а язйина алссам произведенеш: «Даймехкан байракх», «Ненан ирс», «Билгало», «Буьйса», «Машаран урам», «Бер дийна нана», «Алжирка», «Дацоран байракх», «Апрелан буьйса», «Или», «Ло догІуш», «Бетпак-Дала есаллехь», «Ма кховдаде лазар».

1957-чу шеран май баттахь «Къинхьегаман байракх» газетан агІонаш тІехь зорба тоха йолийра Эдилов Хасмохьмадан дуьххьарлера поэма «Сийлаха». Драматически чулацам болу и поэма хиллачийн буха тІехь язйина яра. Шен цІена, оьзда безам ца ларбина йолу поэмин турпалхо Сийлаха ша дакъаза а йолу, и бахьанехь нахана даккхий зуламаш а хуьлу.

Махкахдаьхначу адамийн дегнашка кхочуш, Даймехкан марзо хаайолуьйтуш яра оцу хенахь поэто язйина «Даймохк кхойкху» стихотворени:

КІентий цІаберзаре  
Кавказ ю хьоьжуш,  
Токхе мор баржийна  
Кечъелла ю.  
Хьомечу лаьмнаша

Баххьашца къоьжа
КIенташна кечбина
Аьхна мотт бу.

И кхойкху кIенташка,
Мехкаршка кхойкху,
Кийча ю хIоранна
Барт баккха и.
И кхойкху хи мала
Теркан я ГIойсун,
Цул чоме хи хир дац
Дуьненахь кхин.

И кхойкху дайн хIаваъ
Техкачу метта,
И кхойкху дахаре,
Баьхначохь дай.
Хьацарца я цIийца
Хьандинчу лаьтта,
Зезагца дог хьаста
ГIоттучу бай.

Кхойтта шарахь адамийн кийрахь лаьттинчу сатийсамашна жоп луш яра и стихотворени, нохчийн дегнашна аьхна дара и дешнаш.

Республика юхаметта а хIоттийна, нохчий цIа берза буьйлабелча, Соьлжа-ГIалахь юхаарахеца долийра «Ленинан некъ» газет. 1957-чу шарахь оцу газетан редакце схьакхойкху Эдилов Хасмохьмад. Еххачу хенахь «Ленинан некъан» редакцехь культурин декъан куьйгалхо лаьттина иза. Цул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн книгийн издательствон исбаьхьаллин литературин редакцехь лакхарчу редакторан болх бина.

Эдилов Хасмохьмадан дуьххьарлера стихийн гулар «Октябран серло» араяьлла 1958-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн книгийн издательствехь.

Стихийн, поэмийн хьалхара гулар араяьллачул тIаьхьа, цхьа-ши шо масазза дели, керла книгаш арайийлина поэтан. Царах ю «Лаьттан цинц», «Ненан безам», «Дуьненан юкъ», «Кханенга воьду», «ДоттагIийн дош», «Заманан лараш», «Баьццара алу», «Деган доккхадер», «Сан ирс», оьрсийн маттахь «Улица мира», кхийолу поэтически книгаш.

Поэзин эпически жанрехь кхиамца болх бина Эдилов Хасмохьмада. Зорбанехь арахецна цуьнан «Шиннан къайле», «Аьчкан борз», «Турпалхо» цIерш йолу поэмийн гуларш. Дика тIеийцира яздархочун прозехь язйина произведенеш: повесть «Кхел», дийцарийн гулар «Акхаройн лорах».

Исбаьхьаллин дешан кIорггера говзалла яра Эдилов Хасмохьмадан. Къоман барта поэзина тIе а тевжаш, шел хьалхарчу нохчийн яздархошкара мехалниг схьа а оьцуш, шен исбаьхьаллин некъ биллина цо литературехь.

Эдилов Хасмохьмадан стих нохчийн поэзин ламасташца йогIуш ю. Поэтически сурткхолларан гIирсашца, маттаца, исбаьхьаллин басаршца чолхенаш яц, чуччадаьхна хIуманаш дац. Цуьнан произведенеш гIиллакхоьздангаллин проблемаш ойуш, дахаран кIорггера ойла йойтуш ю.

Эдилов Хасмохьмада къахьегна кхечу къаьмнийн литературин произведенеш нохчийн матте йохуш а. Цо гочйина луларчу къаьмнийн а, оьрсийн а поэтийн стихаш. Нохчийн матте яьккхина Лермонтов М.Ю. «Измаил-Бей» поэма а, дуккха а кхийолу цуьнан стихотворенеш а.

Эдилов Хасмохьмада шен исбаьхьаллин произведенешца мехала хазна йиллина къоман литератури юкъа.

*(Пайда эцна Арсанукаев Iабдуллин статьях)*

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дийца поэтан дахаран шерех а, дешарх а. Мила хилла къоначу поэтана кхоллараллин некъан юьххьехь гIодинарг?

2. Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болабелча, хIун говзарш язйо поэто?

3. Поэтан лирически турпалхо мила ву?

4. Халкъ махкахдаьккхинчу заманахь хIун белхаш бо Эдилов Хасмохьмада? ЦIерш яха поэто цу заманахь язйинчу стихийн. Бинчу балхах дийца.

5. ЦIерш яха Эдиловн поэзин гуларийн. Муьлхачу поэмийн автор ву поэт?

6. Муха билгалйоккхур яра аша поэтан кхоллараллин коьрта башхалла?

## СИЙ ДЕЛАХЬ, ЛАТТА!

Чов йоцуш, цIий доцуш,
ТIом хилла бац-кха,
Ирсан стом ларбан а
Дац цуьрриг атта.
Ас дегI ца кхоийна
Сайн дуй чекхбаккха:
«Кхехка цIий саццалца
Хьо лардан, Латта!»
Хийламмо къийсамна
ДIаделла догIмаш,

Массар а шайгара
Герз майра детта.
Хьийзошший, дагошший,
Дойушший, тхох леш
Дан гІертарш ата ахь
ГІо делахь, Латта!

Дахаррий, Іожаллий
Леттачу арахь
Кешнаша шагйина
ТІом хилла хьаьтта.
«Гечдойла» аьндолччохь,
Турпалхойн магІарехь –
Кху арахь каш хилар
Сий хета, Латта.

НеІалтийн тоба!..
Сан цабезам цаьрга,
Халкъашна бен ницкъаш
Сан дагна Іеткъа.
Хинболчу сан борзах
Цинц тохий бІаьрга,
Совцабе! Ата уьш!
ХІаллакбе, Латта!

Майра а, говза а
Ахь со кхиийна,
БІеннашна юккъехь со
Хьо къуьйсуш летта.
Дерачу даьндарго
Мерцича кийра,
Хьан кийра вогІу со
ДІаэца, Латта.

Бекхаме сан бІаьрса
Малхбузе хьоьжу,
ДегІахар синпхенаш

Сан совцуш лаьтта.
Чурта тIе яздан хьан
Баркалла оьшу,
Ирс къуьйсуш веллачун
Сий делахь, Латта!

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Хьенан цIарх къамел ду «Сий делахь, Латта!» стихотворенехь далориг? Стихотворенехь схьа а карадай, даладе бIахочо йинчу чIагIонан дешнаш.

2. Муьлха тIом бу стихотворенехь буьйцург? МостагIчун къизалла муха гойту поэто?

3. Ойла е, тIом ца хилча йиш юй Лаьтто сийдаре кхача.

4. Стихотворенин коьрта маьIна хIун ду?

5. Дагахь Iамае стихотворени.

**Текстана комментари**

Эдилов Хасмохьмадан тIеман хенахьлерчу стихийн лирически турпалхочун дог-ойла къеггина гучуйолу 1943-чу шеран сентябрь баттахь язйинчу «Сий делахь, Латта!» стихотворенехь. КIорггера маьIна а, лаккхара исбаьхьалла а ю цу стихотворенин. Стеган дахар, ирс, сий цуьнан шен Даймахкаца йолчу юкъаметтигах дозуш ду. Даймехкан латта ду стаг сийлахь веш дерг, цуьнга ирс кхочуьйтург. Иза лардар хIоранна а тIехь ду. Цуьнан дуьхьа валар а сийлахь ду:

Дахаррий, Iожаллий
Летачу арахь,
Кешнаша шагйина
ТIом хилла хьаьтта.
«Гечдойла» аьндолччохь,
Турпалхойн магIарехь –
Кху арахь каш хилар
Ирс хетта, Латта.

Эдиловн лирически турпалхочо чIагIо йо «кхехка цIий саццалц» и лардан. Нагахь мостагIчуьнца къийсамехь валар нислахь, «хинболчу сан борзах цинц тохий бIаьрга, совцабе! Ата уьш! ХIаллакбе, Латта!» боху цо.

*Латта* дош шуьйрачу маьIнехь даладо поэто. Иза вина меттиг а ю, вайн дийнна боккха Даймохк а бу, адаман орамаш шеца долу, адаман ницкъ, доьналла, марзо шеца йолу массеран а юкъара меттиг ю Латта. Иза лардар хIоранна а тIехь ду.

Чов йоцуш, цIий доцуш,
ТIом хилла бац-кха,
Ирсан стом ларбан а
Дац цуьрриг атта.

Ас дегI ца кхоийна
Сайн дуй чекхбаккха:
«Кхехка цIий саццалца
Хьо лардан, Латта!»

Лирически турпалхочун кхоллам Даймахках, Лаьттах дIакъасталур боцуш бу. «Турпалхойн магIарехь» шен Iожаллин сахьт тIехIоьттича а, бовхачу безамах юьззина йолчу сирлачу ойланца боху цо: «Чурта тIе яздан хьан баркалла оьшу, ирс къуьйсуш веллачун сий делахь, Латта!»

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. «Сий делахь, Латта!» стихотворенин барам а, рифма яран кеп а билгалъяккха.

2. Билгалбаха стихотворенехь поэто пайда оьцу исбаьхьаллин гIирсаш.

3. *Латта* дешан символан маьIна билгалдаккха.

4. Стихотворенин лирически турпалхочунна тIехIоьттинарг хIун киртиг ю, мича кепехь ду цуьнан Лаьтте вистхилар?

**Вайн мотт кхиабо**

1. МаьIна даста дешнийн цхьаьнакхетарийн: *леш дан гIертарш, кешнаша шагйина, неIалтийн тоба, сан дагна Iеткъа.*

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Нохчийн къоман муьлха оьзда гIиллакхаш го вайна лирически турпалхочуьнгахь?

2. Муьлхачу дешнашкахь гучуйолу бакъволчу къонахчун амалш?

3. Стеган оьздангалла, къонахалла, къомана хала киртиг тIехIоьттича бен, гучуяла йиш юй? Даржош жоп ло цу хаттарна, дахарера масалш а далош.

**Проект**

«Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь къонахалла гайтинчу турпалхойн хьуьнарш» темина доклад язъе.



# АРСАНУКАЕВ
## Іабдулмуслиман Шайхи

***(1930–2012)***

*Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,*
*Хьо винчу ненан мотт дIатесна ахь.*
*«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ»! –*
*Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь.*

*ЛадогIа цкъа соьга, «хьекъале корта»,*
*ЛадогIа, яккхий дIа лергара потт:*
*Йистйоцу хIорд санна, бу хьуна шорта*
*Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.*

Нохчийн литературехь маьIне а, сийлахь а хьаьрк хилла льтташ ю ша нохчи ву бохучун дог тохадолуьйтуш йолу масех стихотворени. Царах ю Арсанукаев Шайхин вай лаккхахь ялийна «Ненан мотт» стихотворени, Мамакаев Мохьмадан «Даймехкан косташ», Дикаев Мохьмадан «Нохчо ву со», Сулейманов Ахьмадан «Шуьнехь дош», Гадаев Мохьмад-Салахьан «Даймахке сатийсар». Геннарчу заманашкахь и стихаш язйина елахь а, амма тIаьхьено тIаьхьенашка кхачош, оцу стихийн чулацам заманан йохаллехь бан ца бовш льттар йолуш ю, вайн дегнаш чохь нохчоллин суй къагош. Къам шен кхиарехь, цунна тIехIиттинчу халонех, декхарех, нохчаллех ю и стихаш. Дийнна къомана харцIерш тоххуш, тIемаш беш, тIаккха махкахдохуш, истори йоцуш, мотт боцуш къам ду бохуш хиллачу харцтоьшаллашна дуьхьал язйина ю и говзарш. «Со нохчи ву», – ала дозаллин дош а долуш, дуьненца а бийца мотт а болуш, адамашца лело еза юкъаметтигаш а хууш, гIиллакхан мах а бевзаш вай хилар дуьйцуш ю.

Нохчийн мотт бийцар, Iамор дихкинчу, иза сийсазбинчу заманахь язйина ю Арсанукаев Шайхис шен «Ненан мотт» стихотворени. ХIора нохчи жоьпалле озош, уггар хьалха мотт ларбан, оьздангалла, гIиллакх дIа ца дайта вайна юкъара. Меттан исбаьхьалла, цуьнан кIоргалла юьйцу Шайхис шен стихотворенехь. Мотт лар ца бича, вайх къам хуьлучуьра долий а гойтуш.

Нохчийн поэт Арсанукаев Шайхи вина 1930-чу шеран август беттан 15 дийнахь Веданан кIоштарчу Дишни-Ведана юьртахь Iабдулмуслиман а, Цуцин а доьзалехь.

Казахстанехь, нохчийн халкъ шен Даймахках дIакъастийнчу хенахь, кхелхина да, нана дIакхелхина 1974-чу шарахь.

1949–1952-чуй шерашкахь хинволчу поэто доьшу Семипалатинск-гIаларчу финансови техникумехь. Даймахка цIадирзинчул тIаьхьа чекх-йоккху Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институтан филологин факультет (цул хьалха ша заочно доьшуш хилла Москвара финансови институт дIа а тосий).

1952–1958-чуй шерашкахь Казахстанехь финансови органашкахь бел-хаш бо.

1958-чу шарахь Нохчийчу цIабоьрзу Шайхин доьзал. Кхунах шех Ве-данан кIоштан коьрта финансист хуьлу (кIоштан финотделан заведующи). И болх 1965-гIа шо тIекхаччалц бо цо.

Амма поэт хила дуьнен чу ваьлларг йозанан балхо дIаийзавора. 1965-чу шарахь «Колхозан дахар» кIоштан газетан редакторан заместитель хIоттаво Арсанукаев. КхидIа йолчу ханна цуьнан болх а, дерриг дахар а литерату-рица доьзна нисло.

1967–1973-чуй шерашкахь Нохч-ГIалгIайн книгийн издательствехь редакторан болх бо.

1973–1984-чуй шерашкахь «Орга» альманахан коьрта редактор льтта (Мамакаев Мохьмадал тIаьхьа).

1986–1997-чуй шерашкахь Нохч-ГIалгIайн яздархойн Союзан правленин председатель волуш къахьоьгу.

2000-чу шарахь дуьйна Нохчийн пачхьалкхан университетан нохчийн литературин, фольклоран кафедрехь доцент волуш болх бира Арсанукаев Шайхис.

Стихаш язъян волавелла школехь доьшуш волуш дуьйна. Дуьххьарле-ра байташ зорбане йийлина 1960-чу шерийн юьххьехь «Колхозан дахар», «Ленинан некъ» газетийн агIонаш тIехь.

«Лаьмнашкахь Iуьйре» Шайхин стихийн хьалхара гулар араелира 1965-чу шарахь. ХIетахь дуьйна цо арахецна ткъа стихийн а, поэмийн а гуларш: «Безаман шовда» (1967), «Щеран суй» (1969), «Новкъахь» (1970), «Стихи» (оьрсийн маттахь, 1971), «Сийна некъаш» (1973), «Лакхенан гIиллакх» (1975), «Вершина» (оьрсийн маттахь, 1977), «Тешам» (1979), «Керла де» (1980), «Голубые вершины» (оьрсийн маттахь, 1981), «Ушармин Ших» (1982), «Роща любви» (оьрсийн маттахь, 1988), «Лаьмнийн иллеш» (1991).

«Тимуран тур» стихашкахь повестан а, нохчийн литературехь дуьххьара стихашкахь язйинчу «Кхолламан сизаш» романан а автор ву Шайхи. 2009-чу шарахь зорбане яьлла поэтан хаьржинчу говзарийн ши том («Сийна гене», «Уьш хийца тарлуш дац»).

Арсанукаев Шайхин стихаш зорбане йийлина гуьржийн, украинийн, туркойн, казахийн, дуккха а кхечу къаьмнийн меттанашкахь арайийлинчу юкъарчу гуларшкахь. Кхечу къаьмнийн тоьллачу поэтийн стихаш нохчийн матте гочъеш а боккха болх бина Шайхис.

Российски Федерацин яздархойн V, VI, VII-чу съездийн а, СССР-н яздархойн IX-чу съездан а делегат хилла Арсанукаев Шайхи.

Кхоллараллин белхан лаккхара мах хадош, 1980-чу шарахь поэтана «Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н культурин хьакъволу белхахо» цӀе елира, 1989-чу шарахь дуьйна Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н халкъан поэт а, 2005-чу шарахь дуьйна Нохчийн Республикин сийлахь гражданин а вара Шайхи.

2009-чу шарахь Нохчийн Республикин Президентан Кадыров Рамзан Ахматовичан Указца Арсанукаев Шайхина совгӀат до «Нохчийн Республикина хьалха хьуьнарш гайтарна» мидалца.

**Шуна, хӀума довза лууьрш**

Халкъан яздархочо Бексултанов Мусас язйо Арсанукаев Шайхих йолчу шен эссехь: «Со теша, Арсанукаев Шайхин «Ненан мотт» стихотворенино дукхачу а поэташна некъ бихкина хиларх, ненан маттах кхин дика стих язьян йиш а йоцуш. Аса гуттар а Мамакаев Мохьмадан «Даймехкан косташца» юсту и стих, цушинца Гадаев Мохьмад-Салахьан «Даймахке сатийсар» а ялош. Цу кхаа стихотворенехь санна, чулацам а, декхарш а, дешнийн ницкъ а кхочушхилла произведенеш вайн маттахь дукха яц. Уьш царах коьрта а ю, дуьххьара-м – хӀетте а, дуьххьара орца даькхинчех. И орца тахана а декаш ду Шайхин «Ненан мотт» стихотвореница, вайга вайн мотт дӀа ма таса бохуш».

ТкъолгӀачу бӀешеран 60-чу шерашкахь нохчийн литературе юкъадеанчу чкъурах ву Арсанукаев Шайхи, Дикаев Мохьмад, Гацаев СаьӀид, Хасбулатов Ямлихан. Къам махкахдаьккхинчуьра цӀадирзина хан ю иза. ЦӀадерза бакъо еллехь а, цунна тӀера ца яьхнера Ӏедало техкина харццӀерш, юха цаерзийнера кхечеран йолу бакъонаш. Ишттачу заманахь угтар деза дара ненан маттахь литература кхолла, литературехула бакъ дош дӀакхайкхо, къоман амалш, гӀиллакхаш, истори йовзийта.

Ахмадов Мусас Арсанукаев Шайхих болчу шен дагалецамашкахь дуьйцу: «Пхьарматан декъашхой националисташ бу аьлла, тхо хьийзочу заманахь со кест-кеста воьдура Шайхи волчу. Шайхи цхьа шатайпана синтем, собар долуш стаг вара. Цуьнгара и синтем цуьнца къамеле волучунна а хаалора. Иза ша Соьлжа-ГӀалахь Ӏаш, вехаш вара, амма хӀора поэтан даймохк цуьнан юьртара болалуш бу. Йовхачу заманахь гӀалин урамашкахула лелаш цуьнгахь гуттар а карахь хуьлура бӀарин диттан га. Цу ган шатайпанчу архьано дагайоуьйтура цунна юрт, юьртара синтем.

Iедало юьйцучу харцонах сингаттаме волчу соьга цо олура, со волчу хIусаме волахьа, луьйш-олуш Iийр ву вайша.

Цхьана дийнахь вахара со, чIогIа синтеме, тийналла лаьттара Шайхин хIусамехь. Иза наг-наггахь шатайпанчу хазачу озаца йохайора сонехь гура чохь ехачу тотис. Шайхин къамел а дара синтеме, литературехь тхан, къоначийн, хиндолчух дог тешош: «И тайпа хIуманаш суна тIе а Iиттаделла хьуна. «Нохчийн мотт» стихотворени язйича, суна а долийра Iедалан харцъидеологин белхалоша аса нохчийн мотт, нохчийн къам тIех хестадо бохуш долу къамелаш. Вайн къоман хIума къаго, хасто арадевлла шу, цундела шун некъ халонаш йоцуш хир бац. Амма уьш цхьана ханна ю, уьш дIаевр ю, дуьсурдерг аша нохчийн маттахь яздина бакъ дош ду».

«Дуьненан литературин хоршахь, цуьнан традицешца, форманашца, амма шен къоман барта кхоллараллин, гIиллакхийн, ламастийн буха тIехь кхуьуш схьайогIу нохчийн исбаьхьаллин литература. Муьлххачу литературин а коьрта кхо «турпалхо» ву: хьалхара – Адам (Адаман амал, цуьнан ойла, сатийсам, гIиллакх, гIуллакх); шолгIа – и Адам шена тIехь дехаш долу Латта (Даймохк); кхозлагIа – и Адам шена чохь дехаш йолу зама. Нохчийн яздархоша хестош дерг а ду дезаниг, даим а сийлахьниг: Даймохк, Нана, Адамалла, Къинхетам, Къинхьегам, Оьздангалла, Къонахалла, Тешам, ДоттагIалла, Безам», – яздо Арсанукаев Шайхис.

Цу мехаллаш тIехь кхиъна ю Арсанукаев Шайхин поэзи. И мехаллаш ю цо шен поэзехула дIакхайкхош. Арсанукаев Iабдуллас яздо: «Арсанукаев Шайхин лирически турпалхо къинхетаме ву, цуьнан коьрта амал адамалла ю, гIийлачух къахета цунна, вон деанчунна орцахвала, адаман гIайгIа-бала шега схьаэца кийча ву. Масала, стихотворенеш «Ма ойла ца йо вай», «Нагахь хьан гIо оьшуш», «Догдикаллех стихаш», «Ненан доIа», «Исбаьхьчу дуьнене», «Мохкбегор», «Лаьа суна», поэма «Баркалла, адамаш», сонетийн кочар «Адам – и дуьне ду, жима планета».

«Мохкбегор» стихотворенин лирически турпалхочуьнга берриг мехкан, дерриг лаьттан бала кхочу. Цуьнан дагах кхета махке, Лаьтте беана бохам:

Цlаьххьаьна кхерийна, лаьттан дегI дегий.
ЭхI, Латта, дийцахьа хиллариг хьайна.
Алахьа,
ХIун цатам хилла хьо дегий?
Я дог хьан лазий-те,
Харцо ца лайна?
Я атам иккхина, мархаш гин гIенах?
Я жима бер ги-те къаьстина ненах?..
Алахьа, хIай Латта,
ХIун гира хьуна:
ДоттагIчо тешнабехк
Бин доттагIчунна?
Я, меттахь дIатесна

Шайн нана къена,
Сапаргlат баха-те кlентий дlа гена?..

Философски маьlна ду стихотворенин. Поэто цу тlехь дагардинарш адамийн юкъаметтигаш гойту гlуллакхаш ду: нана дlатесна йитар, ненах бер къастор, доттагlчо доттагlчунна тешнабехк бар, осалчо шех тешна йоl lехор, нахаца бенвоцуш хилар, кхидерш. Нахана юккъера адамаллин юкъаметтигаш талхахь, оьздангаллин ламастех адам юхадалахь, дуьненна а бохам хила тарлуш лору поэто, махке ца ладаллал кхераме лору. Атом эккхаран могlарехь далийна поэто и гlиллакх-оьздангалла талхорца доьзна хlуманаш. Шайхи, шен поэзехь санна, дахарехь а вара латта лазорна кхоьруш санна, байн ког буьллуш, адаман дог лазорна кхоьруш санна, тийна аз долуш.

Бексултанов Мусас иштта яздо шен Шайхих йолчу эссехь: «Арсанукаев Шайхи дахарехь а, поэзехь а цхьаъ ву, я дахарехь ма-варра ву-кх поэзехь а: дукха бlаьрлаваьлла, мохь а ца бетташ, «Со» бохуш, ийа ца луш, цхьаьнаэшшара долчу боларца, некъах бехк хеташ санна, нацкъаро вогlу некъахо, шел сихачарна некъ дlа а луш, юха царал хьалха а вуьйлуш.

Уьш дукха бара, новкъабевлларш, массо а дlа а ца кхечира, дlакхаьчначаьрца Шайхи а ву, ши Мамакаев а, Сулейманов Ахьмад а, Айдамиров Абузар а, Окуев Шима а, кхин масех а. Церан магlарера стаг а ву иза, церан хиллачу декхаршца – литература кхолллархо.

Цара хормаш ца лийхира, тайп-тайпана теченеш а – модерн а, сюрреализм а, я кхиерш а.

Цара язйира, де а, буьйса а мукъа а доцуш, тхо а ду, ала – тхо а къам ду, – шаьш язъечу юккъехула цхьацца жовхlар а дожош:

Баркалла,
баркалла,
баркалла,
баркалла,
Генара,
гергара сан некъаш,
баркалла!
Баркалла –
малхаца меттара гlитторна,
Аналлин сийналлехь,
къежаш, ирс хlитторна,
Делкъенийн малхехь со
сирварна ченаша,
Догlанаша лийчорна,
хьестарна генаша,
Генара хьаша аш
кхачорна вехаза,

Іаморна доттагІчун
неІ тоха эвхьаза.
Баркалла,
баркалла,
баркалла,
баркалла!..
Генара,
гергара сан некъаш,
баркалла!

Шайхин уьйраш адамашца ю, цу адамийн дегнашца, церан некъашца, дахарца, хІоранна а гІо дан аьлла, орцаххьаьдда са а хаалуш.

Нагахь хьайн гІо оьшуш
Велахь цхьаъ тахна,
Сихлолахь цунна тІе,
Кханеш ца йохкуш.
ХІун хаьа,
Кхана, хьайн
Аьтто а боьхна,
Вуьсий хьо,
Цунна кхин
ГІо дан йиш йоцуш.

Довха дош аьлла, цхьаъ
Хьаста дог дагІахь,
Сихлолахь дІаала,
Кханеш ца йохкуш,
ХІун хаьа,
Кхана и дагара далахь,
Я висахь,
ТІевахна,
Ала йиш йоцуш…

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Мичахь, маца вина Арсанукаев Шайхи? Муьлхачу шерашкахь нохчийн литературе веана?

2. ДІадахначу бІешеран 60-гІа шераш хІун билгалонаш йолуш дара вайн къоман Іер-дахарехь?

3. Шен поэзехь муьлха теманаш коьрта лору поэто? ХІун билгалонаш ю цуьнан поэзин, стенах?

4. Арсанукаев Шайхи поэт-интернационалист, гуманист, лирик хилар стен гойту?

5. ХІун керланиг деана цо шен кхоллараллица нохчийн поэзе?

6. Нохчийн яздархоша муха мах хадабо Шайхин кхолларалин?

7. 5–7-чу классашкахь Арсанукаев Шайхин кхоллараллех шаьш Іамийнарг карладаккха.

## ТИМУРАН ТУР

*ТІамо воІ ца вина,*
*ТІамо воІ вийна.*

ХІан-хІа, вайн дІадахнарг
Ца дов лар йоцуш,
Йиш яц и дицдан а,
Яларх хан хийла.
Деха и даима
Вайца, лийр доцуш,
ДІадахнарг тарлац вайн
Дилла архиве.

Заманан кешнашкахь
Вай и мел хьулдарх
Я ларарх и, ваьшна
Ца оьшуш, хийра,
Далац и вайха дІа,
Шена мел хьу ярх –
Хаалуш,
Хезаш,
Гуш,
Дуьжу вайн кийра.

ДІадахнарг ца дов дІа,
Самах гІан санна,
Кхел йо цо вайна шен,
Йиш йоцуш хийца.
ДІадахнарг кхолламехь
Деха хІораннан.
ХІораммо кханенга
ДІахьо и шеца.

Дика а, вон а цо
Іамадо довза,
Сийлахьниг къастадеш
Эхьечух ниййса.
Дай лара хьоьху цо,
Даймохк вайн беза,
ГІиттадо, бакъ толош,
Харцонца къийса.

ДІадахнарг, мохь хуьлий,
Белшаш тІе дазло,
Тахненах, ца къаьсташ,
ДІаоь и тІаккха.
Кханенан ков делла
Вайна цо хаздо,
Ницкъ ло цо вайна гІулч
Хиндолче яккха…

Еа а маьІІехь а,
БІогІамаш санна,
Герз карахь гІорийна
ГІаролла лаьтта:
Кху лаьмнех бац тешаш,
Хуур ду хьанна
Муьлхачу Іин чуьра
Ламанхо гІаьтти!

Тимурна садаІа
Тийначу бешахь
КІедачу баца тІе
Даржийна кузаш,
Мехкарий кийча Іа
Халхарна эшахь,
Дерзинчу догІмаш тІе
Дареш а уьйзуш.

Ша воцург баьрчехьа
Вала ца ваьхьна,
Жухарг ву кхийсалуш,
Маймалх тарвелла.
Даарийн мерза Iаь,
ХIаваъ сов аьхна –
Тахане Сийлахьчо
СадаIа елла.

Эххар а кхочу схьа,
Аьтту гIогI текхош,
Тимур, шен эмираш
ТIаьхьа а бохий.
Баьрче и воллушехь,
Жухарг дIаэккхош,
Ши гIарол хIутту дIа,
Тарраш а дохий.

Шуьйра белш. Лекха хьаж,
Мара бу воьда.
Юьхь – малхо, махо а
Щестан бос белла.
БIаьргаш чохь – къизалла,
ХIилла а къеда,
Маж, мекхаш нилха ду,
Дерриг сирделла…

И ву и – эзарнийн
Синойх пIелг туьйсург,
И ву и – цадезарг
Хьулдан шен анташ[1],
И ву и – дуьненан
Олалла къуьйсург,
И ву и – цадезарг
Паччахьийн гIанташ.

[1] Ант – сакхт.

Тимурна гонаха
Iа цуьнан пхьаьрчий.
Уьш бу уьш – и мирзаш,
Ханаш, эмираш.
Эзарнех, эзарнех
Бехкбоцуш хьаьрчий,
Iожалла кхаьчначохь
Кху тойнехь Iийраш.

Мухьаммад-Султан ву
ХIиллане, шера.
Ткъа мирза Мираншах –
ТIемало говза.
Мубашшар БахIадур –
ТаIзарна тIера,
Джеханшах сутара
Ву, доцуш доза.

Чомечу даарша
Боддина дегI шен,
КIедачу назбарш тIе
Тевжина Тимур.
Эмираш битина
Къамелаш дан шайн,
Мехкарийн халхаре
Хьоьжу и тийна…

«…Мел дукха хезнера
Дуьйцуш кху лаьмнех,
Чингизхан, бохура,
Ларвелла кхарах…
Туьйранаш! ХIоз бийр бу
Курачу къаьмнех!
Леш бийр бу,
Я хIаллакбийр бу,
Ца къарлахь…»

Тимуран ойланаш
Ша ешча санна,
Мухьаммад-Султана
Доладо дийца
Баьхначу толамех:
Цунна бен, хьанна
Хуур ду Гурганан
Иштта дог эца!

Боху цо, Тимуран
Когашкахь Іохку
Къоьжачу Кавказан
Дог кура баххьаш.
Дуьхьало ечара
Каш шайна охку,
ХІиттац и ламанхой
Гайта шайн яххьаш.

Вожийна Куьйра-хан –
Симсиман эла,
ЧІагІонаш, шахьараш
Херцийна, яьгна.
Бакълуьйш ву БахІадур –
Вац церан Дела,
Бакъ боху: нохчийн цІийх
Ду шен тур хьаьгна.

Доьху цо БахІадур
Вахийтар кхана
Лаьмнашка – хІаллакьян
Ламанхойн бІаьвнаш.
Баржор бу цо атта
Декъазнаш пана,
Белхор бу уьш, хІитталц
БІаьрхих шайн Іаьмнаш!

– Уьш къарбан кIезиг ницкъ
Оьшу, ма мотта, –
Вистхуьлу Сийлахьниг, –
Лета уьш говза.
Диц ма де, некъаш дац,
Сокхамкхаш – готта.
Эскаршна ламанан
Хьелаш ца девза.

Ларал аш, хIинцале
Хилла вайн зенаш,
Яккхийра пачхьалкхаш
Йохош ца хилла.
Пхерчий ду, стиглара
Санна, тIеIенаш…
Мел хIаллакьхилла ткъа
Лаьмнашкахь тилла?..

– Сийлахьниг, пурба ло
Цхьа стаг тIевало.
И нохчийн эла ву
Тешаме вайна.
Хир вац и, хетарехь,
Доцуш цхьаъ ала.
Цул тIаьхьа дер цунах
Лууриг хьайна…

Вадавой, валаво
Эла тIе царна.
ВоггIушехь, гор вужу
Тимурна хьалха,
Къинхетам боьху ша
Маьрша тIеварна,
Доьху ша цавитар
ГIо доцуш, цхьалха.

Теша и, Тимура
ГІо цунна дийр ду,
Цхьа деган Іалашо
Кхочушъян хІинца:
Цо кхеран туьраца
Нохчий къарбийр бу,
Дац хала цул тІаьхьа
Цаьрца дош дийца.

Хуур ду декъазчу
Цу тентакашна,
ХІун хуьлу, ца хиъча,
Лара шайн эла.
Дуьтур дац тІаккха цо
Латта кешнашна,
Ца хилахь реза уьш
Букъ сеттош лела!

– ХІай Сийлахь-воккханиг,
Къинхетам бехьа!
Хьан лай ву веанарг,
ЛадогІар доьху.
Бахьаг ю сан цІе. Со
ДІо лома тІехьа
Вехаш ву… Хьоьгара
ГІо хІинца лоьху…

Со нохчийн элех ву.
Куьйра-хан вийча,
Дан деза совгІаташ
Кечдина ваьлла,
Нохчашна къинхетам
Хьоь беха кийча
Вара со, амма нах
Кхетамах бевлла…

Дерриг а дуьйхира…
Уьш, шайн ма-хуьллу
БІо кечбан гІерташ бу…
Со, ведда, вели…
Сийлахьниг; дан дезарг
Хьан кхеле дуьллу.
Нохчашна хезаш дац
ХІинца дош элан…

– Мила ву дуьхьало
Ян ваьхьнарг, вийца!
Сонта нах гІовттийнарг
Мила ву, ала!
Хьекъалах тиллачун
ЦІе суна йийца.
Мила ву хьаьхнариг
Коьртаха вала?!

– Ширачу Іадатехь
Хаьржина баьчча,
БорзабІаьрг бохуш ю
Цхьа къена гуьйриг,
Амма нах кийча бу
Бала, цо аьлча…
Илланча-Айтамир
Ву дерриг дийриг…

И ву нах гІовттийнарг,
Емалбеш элий.
Халкъ меттадогІур дац,
И мел ву дийна.
Сийлахьниг, вац гІо дан
Воцург хьой, Делий…
ХІинццалц со тІекхача
Йиш йоцуш Іийна…

– ХьалагӀагта, эла, бакъ
Хилахь ахь дуьйцург,
Кху лаьмнийн долалла
Кховдор ду хьоьга.
Декъазнаш! Генахь ду
Цара сатуьйсург…
Дийначийн дезар ду
Беллачех хьега!

– Сийлахьниг, лаьмнашкахь,
Ца лела тилла,
Оьшур бу нах шуна…
Велахь хьо реза,
Шун йийсарш кхиъна шайн
Синойх дог дилла,
Вай царах масех стаг
Схьакъасто веза…

Хьадалчаш каде бу.
Хьен ца луш балий
Ламанхой, такхийна,
ТӀаьххьарчу кхеле.
Цхьаъ бен, кхин чаккхе яц
Цаьргарчу балин:
Іожалла ю цара
Йоьхуриг Деле.

ХӀиттий дӀа, вовшашна
ТӀеттӀа а тийжаш,
Мацаллин бӀагорехь
Техкаш ду латта,
Екхаза чевнаш ю
ДогӀмаш тӀехь Іийжаш,
Хиндолче бендоцуш
ЛадоьгӀна лаьтта.

Ма латта, декъазнаш,
ГӀорийча санна.
Нуьцкъалчу Тимурна
Хьалхахь шу латта!
Гор эгий, къинхетам
Аш беха, хьанна
Хаьа, цо гечдой а.
Же, хӀай, ма латта!

ХӀан-хӀа, уьш ца ийги,
И Бахьаг санна,
Тимуран когашка,
ХӀуъа дан кийча.
Хууш бу, къинхетам
Хир боций шайна,
Ямартло ян реза
Нагахь ца хилча.

ХӀан-хӀа, уьш хӀумма а
Боьхна ца гора,
Хьуьйсу уьш ХаьнтӀигехь
Гуш шайн Ӏожалла.
Дацахь а догӀмашкахь
Дисина гӀора,
БӀаьргаш чохь хӀинца а
Йогу куралла!

ХӀан-хӀа, уьш яц къийгаш,
Кхерамехь ека,
Ламанан аьрзуш ю,
Дихкина тӀемаш!
Гонаха ю Ӏаьржа
ХьаргӀанаш екха,
Кечъелла цӀий церан
Мала, ца Ӏебаш…

Бахьаг, и пхьагалан
Дог кийрахь цхьогал,
Хьаьстина, кхерийна,
Уьш Iехо гIерта.
Хууш ву кхерамехь
Юйла шен цIока,
Нагахь уьш ца багIахь
ХIокхаьрца берта.

– Даккхийра гIуллакхаш
Дан шуьгахь гIора
Доцийла ца хууш
Бац хIорш а, теша.
Эскарщца лаьмнашка
ГIур ву шух хIора,
Цигара некъаш аш
Довзийтар оьшу…

– Бахьаг, хьох ХаьнтIиган
Лай хилла хIинца?
– Ямартхо! Дайн лаьмнаш
Доьхки ахь атта…
– Хир дац и! Тхоьга и
Дийца а ма дийца!
– КIилло-яI, йиш хилча,
Герз карахь гIатта!..

Хьадалчаш сема бу.
ТIехьолхий, цара
Тохарца хIора а
Вожаво лаьтта.
ХIинца уьш Нуьцкъалчун
Когашкахь Iара –
Дац гIора цхьаьнггехь а,
ДегI нисдеш, гIатта.

*БахIадур*
Вац гина, хIорш санна,
Тентакаш, цкъа а!
Эшац кхин дийца а –
Хир ду и эрна.
Мецачу жIаьлешна
Тийсар бен, цхьа а
Дарба дац, вешан хан
Кхара яйарна…

*Тимур*
Тоийта! ХIинццалц хIорш
Дика ловзийна.
Баха дIа гучуьра
Декъазнаш суна.
Кхин юха суна уьш
Ма гойла дийна!
Дан дезарг хуур ду,
БахIадур, хьуна…

Я собар! ТаIзар сан
Ду царна нийса:
Уггар а лекха берд,
КIорга Iин харжий,
Куьг-ког а дехкий, уьш
Бердах чукхийса –
Шен ирс дерг, тIулгаш тIе
Кхетта, ву ваьржар!

Чекхдели! Чекхдели!
Кхел хилла ели:
Дог кура къонахий
Баха хьакъ бац!
Чекхдели! Дерриг а
ХIинца чекхдели.
Къизаллин кхел хийца
Ницкъ кхузахь бац!

Чекхдели! Хьадалчаш
Хьаьвзи тIах-аьлла –
Къарбала цалиънарш
Бац хIинца гуш.
Чекхдели. Диццдели.
СапаргIатдаьлла
Го хIинца массо а.
Бицбелла уьш!

Чекхдели, диццдели.
Юха а гIуьтту
Дааршна тIера и
Чам мерза Iаь.
Юха а мехкарий
Халхарш дан хIуьтту,
Сийлахьниг назбарш тIе
Тевжина Iа…

V
Ламанан кху ирзехь
Iуьйре гIаьтти,
Бер санна, самукъне
Ловзуш.
Месала хьаннаш, наб
Йожош, лести,
Сийна чIуг халхарехь
Хьовзош.

Iуьйрено шен къона
Болар сихди,
Къежа и, юьхь нуьре
Йогу.
ГIабалин баьццара
ТIам кхерстош, и
Дахарна барт баккха
ЙогIу.

Къеди схьа лаьмнашна
ТӀехьара цӀен
Малх, хьаннаш зӀенарщца
Юцуш.
Сема лу кӀорница
Дели гу тӀе.
Зарзар ю безам шен
Буьйцуш.

Сирла ду дерриг а,
ЦӀена ду сов.
Догдика – гонаха
Мел дерг.
Ӏаламна ца хаьа
Цабезам, дов,
Дац цуьнца дагна хьагӀ
Елларг…

ЦӀаьххьана, шина а
АгӀора схьа,
Тембоцу гӀар йолу –
ГӀовгӀа.
Ӏадийна Ӏуьйре а
Хеббинчохь Ӏа,
Меттаххьан доцуш шен
ГӀора.

Ӏаламан маьршачу
Эшарех чекх
Болатан ира зов
Дели.
Адамо адамца
Къевсина текх,
Девнна кхаж кху ирзун
Бели.

Иштта и нисдели –
ЦIаьххьана уьш
ХIоккхузахь дуьхь-дуьхьал
ХIитти.
Ткъа юккъехь – цхьа ирзу
Ду шера гуш,
Гоьмукъаш кечйина
Iитта.

Буьрса ши бIо лаьтташ
Йолу цхьа хан,
ДIадолор вовшашка
Кхуьйсуш.
Аьрха дой карзахе
Хьийза халха,
МерIуьргех йовха Iаь
Туьйсуш…

Эххар а Тимуран
БIо юккъера
Къаьста цхьа бере, куьг
Ойъий.
«Бахьаг ву!» – Анасна
И вевзира.
Баьржа мохь: «Ямартхо!» –
Олий.

*Бахьаг*
ХIай БорзабIаьрг, ларе
ЛадогIа соьга!
Нуьцкъалчу Тимуран
Догмайра леча –
БахIадур ву соьца.
Цо боху хьоьга:
Гечдийр ду, хилахь шу
Карадахка кийча!..

*БорзабӀаьрг*
Бахьаг, хьо лай товш ву,
Дезар ду хьуна,
Тхан кара вагӀахь, цхьа
Виран кож кечъян!
Ткъа цу хьайн къийге ахь
Ала, цо тхуна
Сагатдан ца оьшу.
Ца оьшу гечдан.

*Бахьаг*
БорзабӀаьрг, хӀаллак шаьш
Кхаьрга ма дайта.
Ницкъ кхеран алсам бу
БӀозза а, кхета.
Дош ло ас, кара шу
ДагӀахь, гечдайта!

*Анас*
КӀилло-яӀ, и къамел
Дан эхь ца хета!..

*БахӀадур*
ХӀай, Ӏовдал ламанхой,
Соьга ладогӀа!
Шаьш ду шу цахиънарш
Гечдайта шайна.
ХӀинца сан, ца ваьлла,
Дезар ду тоха.
ТӀаккха шух хӀун юьсур,
Гур ду-кх и вайна!

*БорзабӀаьрг*
Шуна кӀел совцучул,
ГӀоли ю делча!
Тхо къарлург хиларх шу
Догдиллий Ӏелаш.

Нуьцкъалчу Тимуран
Майра хьадалча,
Ахь дахдан ца оьшу
Эрна къамелаш…

*БахIадур*
Лата сов сихвелла,
ХIай нохчийн баьчча,
Ишттачохь, дуьхь-дуьхьал
Ши бIо нисбелча,
Товш хуьлу цкъа юккъе
Ши турпал ваьлча.
Нагтахь дов дIадоьрзу,
Царах цхьаъ тоьлча.
И муха лору ахь,
Цунна хIун олу?
Хьо юкъавала вуй
Кийча хьо тIаккха?

*БорзабIаьрг*
И товш ду! Кху сохьта
Юкъа со волу.
Схьанехьа валий, хьайн
Тур ахь а даккха!..

*БахIадур*
Iовдалчу ламанхойн
ХIай чIиркъе баьчча,
Тарлац сан, хьох летта,
Сайга хьо нисван.
Нагахь хьо цхьа эмир,
Я хан, я паччахь
Хилча, ас зуьйр бара
Хьан куьйган ницкъ а!
Кхин ву сан хьох лата
Хьакъволу турпал…

– ХIай Чаку! Кечлолахь
Хьо юкъавала!..

*БорзабIаьрг*
– Хьо санна кура вац
Со я сан тур а!
Реза ву…

*Аьрзу*
Собар цкъа!
Пурба ло ахьа…
ХIай хан я эмир, хьох
ХIун ала деза?!
Тхайн баьчча хьол оьшуш
Ца лору оха,
Ахь вуьйцу и турпал
Сох лата веза.
Реза вуй? Я хIинца
Воллу хьо воха?

Барт хили. Ши турпал,
Дой сецадеш,
Чухахка кечвелла
Лаьтта.
ХIора а, мостагIа
Шен тергалвеш,
Тур айдеш, луьйтанахь
ГIаьтти.

Чучча а хаьхкина,
Тарраш ластий.
Дийки зов, вовшах уьш
Кхетта.
Юха а, юха а
Суйнаш латий,
Болато болатах
Летта…

Лета шиъ, дуьхь-дуьхьал
Туьйсуш шайн дой,
Ший а ву тур лело
Говза.
Лета шиъ, дов доцург
Дерриг а дицлой,
Ший а шайн Іожаллех
Ловзу.

Лета шиъ, къинхетам
Къахкийна дІа,
Къизалло юккъе чим
Туьйсуш.
Шиъ лета, ткъа бІеннаш
ХІиттина Іа,
Шиннах цхьаъ вожаре
Хьуьйсуш.

Нуцкъала ду хІора
Тохар Чакун –
Іемина ву иштта
Лета.
Ткъа Аьрзу – лом санна,
Каде и ву,
Забарна тийсалуш
Хета…

ЦІаьххьана, нуьйрахь шен
Айавелла,
Аьрзус тур Чакуна
Туьйхи.
Ткъа важа-м шерши чу,
ДегІ мал а делла –
КІоршаме дозалла
Дуьйхи!

Массо а акъволий
Йолу цхьа хан,
Ца кхуьуш хиллачух
Кхета.
ХIинца хIун хуьлу-техь?
Долор ду хьан?
Тийналла хораме
Хета.

Аьрзус дин хаьхки схьа.
Массарна го:
Чаку ву воьжначохь
Iуьллуш.
Меттаххьов шина а
АгIора бIо,
Маьхьарщца гоьмукъаш
Уьйуш.

Сихвели омра шен
Дан БахIадур,
Вотанаш карзахе
Екий.
Ирхъяха байракхаш,
Болатан нур,
Лаьмнашца лестина, къеги.

БорзабIаьрг а вирзи шен
КIенташкахьа –
Кийча го мостагIий
Цеста.
Катоьхна, даькхи цо
Мехкан тур схьа,
Байраккхийн тIемаш цIен
Лести.

Омра шен чекхдаккха
И ца кхии:

ДIо хьалхахь Iаьржа кIур
ГIаьтти.
Акхачу маьхьаршца
ХIаваъ датIий,
Бергаша дегади
Латта…

ТIекхечи! Ший а бIо
Чуччабаха,
Вовшех ца къасталуш,
Ийна.
Тарлуш дац хIинца стаг
Вала вуха,
Цу къемат юккъера
Дийна…

ЭхI, маьлхан ирзу!.. И
Iаржделла ша
Буьрсачу чIагарехь
Хьийзаш.
Ховха бай бухбохуш
Бу бергаша,
Сийна букъ кхоамза
Къийзош!..

Маьхьарий… НеIалташ…
ГIийла узарш…
Зевнаца деттало
Герзаш.
Оьгу нах… Хьоьшу нах…
ЭхI, адамаш!..
Дой къехка, инзаре
Терсаш…

Шийлачу болатан
Дера и зов

Хаддаза хIаваэхь
Кхозу.
ТIемалойн шовкъ йолу
ТIеттIа а сов,
Къизалла халхарехь
Ловзу…

БорзабIаьрг – мох санна,
И хехкало,
ТIемалойн дегнаш а
ГIиттош.
Оьгу уьш. ХIинца уьш
Сов нилха го.
Цхьаъ вужу, мостагIех
Итта хьош…

Анас а, борз санна,
Го тийсалуш,
Дехьа а, сехьа а
Кхийдаш.
Амма бIо гушшехьа
Лаьтта жимлуш,
МостагIийн пенаша
Іуьйдуш.

Аьрзу – кху девнан юьхь
Йолийнарг дIа –
Ваьккхина юьстах чов
Хилла.
ЦIий ихна, дегIан ницкъ
Эшна и Іа,
Дезна ша виллинчохь
Іилла…

Бахбелла буьрса тIом,
Хьере беш нах,

МостагIийн го чIагIло
ТIеттIа.
Вайнах ца бисна шайн
Эханнан ах –
Аьтто бу, уьш бохош,
Етта.

Тоххарехь гIушлакхе
Баьлла и малх,
Къизалло Iадийна,
Хьаьбна.
Бай цIен бу… массанхьа –
Эгначийн чалх…
Къизалла-м яц соцуш,
Iаьбна…

VI
ХIан-хIа: цо бийр ма бац
Хьехамаш,
Иштачохь кхайкхамаш
Эрна бу.
Цо дегнийн синпхенаш
Хье а деш,
Дайх дисна цхьа илли
Эр ма ду!

ХIаа, цо далхор ду
Иллица
Iаьткъинарг, дегнех цIе
Летаеш.
Илланчас пондар шен
Ийци схьа,
Бийки мерз, тийналла
Егаеш!
Бийки мерз, кхерсти аз
Илланчин –

КIенташка бекхамна
Кхойкху и.

*Айтамиран илли*
«Лаьттана го лаьцна
И сийна хIорд санна,
Лаьмнашца го лаьцна
МостагIий ма лаьтта.
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь тийна-техь?

Нуьречу малхана
Го лаьцна дохк санна,
Аренаш дIалаьцна
МостагIий ма лаьтта.
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь тийна-техь?

Хьаьттаршна го лаьцна
Човкарчий ва санна,
Шахьаршна го лаьцна
МостагIий ма лаьтта.
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь тийна-техь?

Вай динчу вайн лаьмнийн
Дог кура и баххьаш,
Эхь хеташ, тахана
ТаьIна ца го шуна?
Хьацарна пIелг хьоькхуш,

Вай дийна и ардаш
МостагIийн бергаша
Хьоьшуш ца го шуна?

Вайн дайша хIиттийна
И гIийла саькkалаш,
Сийна цIе шайх кхерсташ,
Йогучу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
БIарзделла-техьа шу?

Мелачу ладарех
БIарзделла-техьа шу?
Мелачу ладарех
БIаьргаш шайн лешабеш,
Вайн наной юьхьIаьржа
Боьлхучу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Къорадоьлла-техьа шу?

Морсачу шодмашца
Пурх баккъаш хедадеш,
МостагIша баккхий нах
Чехочу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь диси-техь?

Йийсарехь эвхьазчу
Куьйгаша сийсазбеш,
Вайн эвхье мехкарий
Хебачу кху дийнахь,

Дакъаза ма довла,
ХІай нохчийн ва кІентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу хІунда диси-техь?

ТІедуха болатан
ГІагІ доцуш диси-техь?
Юкъ ехка дитт ира
Герз доцуш диси-техь?
ТІеховша йора дой
Доцуш шу диси-техь?
Я баьчча воцуш шайн
Доьхна шу диси-техь?

Сий лардан, яхь ларъян
КІентий шен кхин боцуш,
Йиси-техь Нохчийчоь,
Дан амал кхин доцуш?
Дакъаза ма довла,
Яхьйолу хІай кІентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу муха Іедели?

Доьхна де дуьххьара
Гуш шу ма дацара.
Кхерамехь хІинццалц шу
Доьхна ма дацара.
Дакъаза ма довла,
Яхьйолу хІай кІентий,
Тахана орцанна
Шу хІунда хьедели?»

Дека аз, кхерста аз
Илланчин,
Іена и дегнаш чу,
Кхойкху и.

Дека аз, кхерста аз
Илланчин –
КІенташка бекхамна
Кхойкху и…

Малх хьаьжча, деза ло
Дожадеш,
Нисло-кха диттийн и
Баххьаш а.
Иштта го-бала шайн
Божабеш,
Ийало къонахийн
Яххьаш а.

Эххар а метта шаьш
Баьхкина,
Хьаьвси нах вовшашка
Леррина.
Бендацар цІаьххьана
Къаьхкина,
МаьІ-маьІІехь маьхьарий
Девлира:

– Вай хІун деш Іа, кортош
Охкийна?!
Вай мила кхачаре
Хьуьйсуш ду?
– Къарделлехь, делла вай
Іохкийла!
– КІентий, вай хІинца а
Къуьйсур ду!

*БорзабІаьрг*
Баркалла, Айтамир,
Баркалла хьуна!
Кхераман йийсарех

Бехи ахь нах!
Баркалла, баркалла,
Илланча, хьуна,
Беза бу зевнечу
Хьан дешан мах!

Баркалла, тхан сийлахь
Илланча, ахь тхо
Къонахийн декхарна
Самадехи.
Ткъа хIинца уккалш а
ТаIийна Iахь тхо,
Эхь деца, доккханиг
Шел доцуш кхин!

БорзабIаьрг кIелонна
Кху боьрахь сецна.
ХIоккхузахь хедар бу
Некъ мостагIийн,
Гечош дIакъевлина,
Битинарг хецна –
БIагора цхьа берд бу
Аьрхачу хин.

БIох цхьаберш ламанан
Басешкахь тийна.
Хьаннашлахь хьулбелла
Iа кийча уьш.
Чхернаш чукерчо а
Цхьаберш хIиттийна,
Ткъа пхьарчой бу хIинца
Iодмаш шайн зуьйш.

Ломан дукъ хадийна
ЛегIначохь тогIи,
Анасан дошлой а

Левчкъина дIа.
Лакхара чухьоьжуш
МостагIий богIий,
Омрина кечвелла
БорзабIаьрг а Iа.
Луьстачу хьаннашлахь
Эзар стаг тебна,
Эзар стаг вац хIинца
Хезаш я гуш.
Шен бераш мара а
Хьарчийна, хебна
Нана-лам, мостагIех
Хьулдина уьш…

Эххар а тIулгаш тIехь,
Лаьмнаш цецдохуш,
Дийкира ленийн и
Болатан зов.
КIелонах шекбевлла
МогIа ца бохош,
Эскаран юьхь боьран
Багахь дIайов.

Басешкахь левчкъинарш
Тап-аьлла Iара:
Хьалхе ду хIинца а
Бовла гучу.
Къовлур бу боьра дIа,
Некъ хадош, цара,
Дерриг а эскар а
Ма-дирззи чу.

«ХIан, хIинца хан кхечи!» –
БорзабIаьрг гIаьтти,
Даьржи дIа лаьмнашца
Вотанийн дур.

Берд текхи. Хирцинчу
Пепнийн чалх хIоьтти –
Кхийти тIе мостагIна
Буьйлина гур!

Бердашца, басешца
Чхернаш чукерчий,
Моттало, хаьрци тIе
Массо а лам.
Еа а маьIIера
Детта тIе пхерчий –
Ницкъ хьенан кхочур бу
И къемат лан?!

Тимуран буьрса бIо,
БIарзбелла, боьхна,
Беттало – кху боьрахь
Бисина и.
Ца хууш мичхьара,
Хьан шайна тоьхна,
Оьгу уьш, гIа санна, –
Бекхам хили!

БIан хьаькам – БахIадур,
Куралла яйна,
ХIун дер ша цахууш,
Го хехкалуш.
Иштта эхь хIинццалц цо
Цкъа а ца лайна:
БIо хIаллакьхуьлуш бу,
МостагI ца гуш…

Ткъа чхернаш чукерча,
Пхерчий тIедетта.
Туьйранахь санна, ю
Херцаш тIе хьун.

Гатлуш бу и хьаьвхе
Боьра а тIеттIа,
Цу тIулган гали чохь
Далур ду хIун?!

БорзабIаьрг лакхара
Цу суьрте хьоьжу.
Хьалхе ду тIелата –
Ницкъ цаьргахь бу.
Ткъа иштта цара шаьш
Вовшийн а хьоьшу.
Коьртаниг – боьра чохь
Уьш къовлар ду…

– Же, кIентий! – БорзабIаьрг
Динахь ву хIинца. –
Чухахка, метта уьш
Ца бохкуьйтуш!
Махьама шечаьрца
ТIелети Iинца,
Хьаннашлахь хьулбала
Ца бита уьш…

Хьерчаш бу, керчаш бу
Ламанан боьра.
Iожалло ловзар шен
Кхузахь хIоттий.
Техкаш бу, кхехкаш бу
Ламанан боьра,
КIеж туьйсуш, яй санна,
Жоьжахатин.

Хьерча и, керча и
Хораме боьра.
Маьхьарий. ДIо терса
Болатан зов.

Гатбелла, Іаьвдина
Лаг санна, боьра,
Кху Іин чохь деттало
Дуьненан дов!..

БорзабІаьрг – ша цхьаъ ву
Иттаннан метта.
Кхочу и луьстачу
МостагІийн го.
Нуьйрахь шен ийалуш,
Ткъес санна, детта
Бекхаман сийлахь герз –
Мехкан тур – цо.

Эсира, тІехьашха
И ларвеш, лета.
Бакъ хилла, хууш ю
ЙоІ тур ловзо.
«ХІинца ас йоькъур хьо!» –
Хийланна хета,
Амма йоІ кхуьура
Тур дІахьовзо…

Анас шен дошлошца
Дехьа маьІера
Лета тІе, мостагІийн
МагІарш а хьуьйш.
Хьуьнехьа хьаьвддарш а
Бовлац юккъера –
Махьамин бІахоша
ХІаллакбо уьш.

Кхо агІо дІалаьцна,
Гечо кхин доцуш,
Гатлуш бу меллаша
Бекхаман го.

Ткъа тIехьахь – лекха берд.
Бух гуш а боцуш,
Къиза ю цундела
Ен дуьхьало.

ЩIаьххьана, иттех стаг
Цхьаьний тIелетта,
БорзабIаьрг верзийра
Шайна юкъа.
Накъостий бовлале
Хиллачух кхетта,
Вожийра, Iоьттина,
И гоьмукъа…

– БорзабIаьрг!.. БорзабIаьрг!
Баьчча вайн вийна! –
Баьржира ирча кхаъ
Массо а маьIIехь.
– Юхадовла! Чекхдели!
– БорзабIаьрг вийна!
– Анасе хаийта…
– Эхь ду-кх и, эхь!..

БахIадур, хIинца и
Веана метта,
Боллу ницкъ хIоккхуза
Берзийна цо.
Сихвелла, гома тур
Уьйуш, мохь бетта:
– ТIетаIа! ТIетаIа!
Хадабе го!..

Ца хилла дагахь-м и
Ша кхузахь тIом бан:
Сихонца даккхийти
Шена цхьа ков.
ХIоттийна гонаха

ГIаролан тоба,
Хьуьнехьа хохкий, и,
ТIап-олий, вов…

ТIелатар вайчийн а
Малделла, доьхна.
ХIинцале юхабовла
Сихбелларш го.
Баьчча шайн вожийча,
ТIемалой боьхна,
МостагIийн дуьхьало
Кхин а чIагIло…

«ХIинца хIун дан деза?
ХIорш боха бохку…
Анас тIеккхаччалц ас
Беза совцо!» –
Эсирас БорзабIаьрг
Воьжначу хохку,
Катухий, Мехкан тур
Оьцу схьа цо:

– Юхадерза! Аш хIун до?
Сих ма ло доха! –
Эсирас бевддачийн
Некъ хадабо. –
Гой шуна – Мехкан тур!
Соьга ладогIа!
Юхадерза, хIай кIиллой!
Омра ас до!..

– Мехкан тур – Эсирехь! –
Гора, Эсира!..
– ЙоI, шек ма яла, вай
Отур бу уьш!..
ЙоIах эхь хетта, дой

Юхадерзийра,
Сихонца мостагIех
Летачех уьйш…

– КIентий, тIетаIалаш!
Йиш яц вайн доха!
Цкъа дина наноша,
Цкъа бен лийр дац!
– Тоха цу йовсаршна,
Ца кхоош тоха!
Вай бехна баьхкина
Хьеший хIорш бац!..

Юха а мостагIий
Берзийна готте,
Юха а къевли дIа
Хадийна го.
Баьччалла тIеэцна
Анас дIахIоьтти,
Мехкан тур ду хIинца
Даьккхинарг цо!..

МостагIий уьдуш бу,
Бердах чулелха.
Баьржина, къаьхкина
Жа санна, уьш.
Герзаш шайн кхуьйсуш дIа,
Къинхетам беха
Сихбелларш го хIинца,
Гора оьгуш.

– Герз теснарш, ца тухуш,
Йийсаре леца!
Тоьур ду, ца оьшу
Эрна цIий кхин…
Ямартхо! Коьллашлахь

Лечкъина веца! –
Анаса, урх узий,
Сацабо дин:

– Схьаяла, кIилло, цу
Коьллаш юккъера!
Хьуна, дан догIущдерг
ЩIахь дийр ду вай!
Бахьаган мотт сецна,
Совдаьлла кхерар,
Гаррехьа вегош ву
И эла-лай…

Анасна цIаьххьана
Эсира гин:
«Дийна ю! Дийна ю!» –
Деган мохь бели.
Шад тухуш, човхийна,
Хьухьбоьлла дин
Хаьхки цо йоI йолчу,
Дерриг диццелла.

– Эсира! Эсира! –
Маракъевли. –
Ца теша хIинца а
Хиларх хьо дийна!
Эсира! Эсира!
Юьтур яц кхин…
Тахана терго хьан
Ца еш со Iийна…

БIаьргаш чу хьаьвссинчохь
Севци бIаьргаш,
Вовшашка кхевддинчохь
Деттало дегнаш.
Дерриг а цушинна
Ду хууш, кхеташ,

Безамна ишттачохь
Ца оьшу дешнаш…

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. «Тимуран тур» поэмехь гойтург историн муьлха мур бу? Поэто шен поэмина иштта цӀе хӀунда тиллина? Халкъан дӀадахна дахар дицдан йиш цахилар муха дуьйцу поэто?

2. Тимура туп тоьхна меттиг муха гойту поэто? ХӀун Ӏалашо йолуш кхаьчна Тимуран бӀо Нохчийн лаьмнашка? Нохчаша муха дуьхьалонаш йо царна?

4. Махкана тешнабехк бан кийча, ямарта некъ бохьуш Тимурна тӀе мила вогӀу?

5. МостагӀашна дуьхьало ян гӀевттинчу нохчашна хьалхабевлларш муьлш бу?

6. ХӀун дӀахьедар до Баьхьага а, БахӀадура а нохчийн баьччанашка? Нохчийн баьччанаша церан дӀахьедарна хӀун жоп ло?

7. Тимуран бӀонний, нохчашний юккъера тӀом дӀаболабалале хӀун къовсам хуьлу?

9. Илланчин Айтамиран васто хӀун маьӀна лелади поэмехь? Схьа а карадай, дӀадеша Айтамиран илли. Билгалдаккха цуьнан маьӀна.

10. ХӀун хьуьнар гойту нохчийн йоӀа Эсирас?

11. Муха дӀабоьрзу тӀом?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу стихкхолларан барамехь язйина ю «Тимуран тур» поэма?

2. Драматургин башхаллех муха пайда эцна поэто?

3. Турпалхойн сурт-сибат гойтуш муьлхачу исбаьхьаллин гӀирсех пайда эцна поэто?

4. Авторо Ӏаламан исбаьхьалла гойту меттигаш билгалъяха.

5. ТӀамна кечбеллачу нахана гонахарчу Ӏаламан тийналла, къинхетам гайтаро муьлхачу ойлан тӀе вуьгу дешархо?

6. ТӀеман карзахалла, къизалла муьлхачу исбаьхьаллин гӀирсашца гойту авторо?

7. Айтамиран илли тӀехь нохчийн къоман поэзица йолу исбаьхьаллин зӀенаш карае.

8. Схьакараде поэмехь даладо риторикин хаттарш. ХӀун маьӀна лелади цара?

9. Поэто юх-юха ялош йолу меттигаш (рефренаш) билгалъяха. Цара хӀун исбаьхьаллин маьӀна лелади?

10. Муьлхачу дешнашца гойту поэто нохчийн бӀахойн къонахалла, майралла?

11. ХӀун Ӏалашо йолуш юкъадаладо поэто дуккха а ширделла дешнаш?

12. Муха гайтина поэмехь БорзабӀаьрган, Айтамиран, Анасан, Эсирин васташ?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Схьакараде поэми юккъера ширделла дешнаш.

2. МаьIнаш де хIокху дешнийн: пхьаьрчий (пхьу), назбар, пхерчий (пха), зов, баьчча, гIарол, гоьмукъ, чхар, йийсар, гIагI, боьра, гечо, саьнгар.

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Арсанукаев Шайхис шен поэмехь бIостанехьа маьIна долу синмехаллаш бIаьрла йоху. Билгалъяха уьш.

2. Муьлхачу турпалхошкахь го вайна хIара синмехаллаш: Тешам – Ямартло?

3. Муьлхачу дешнашца гойту поэто Сийлахьниг – Сийсазниг; Къинхетам – Къизалла?

4. ТIеман халачу киртигехь муха гучуйолу нехан амалехь Майралла – Стешхалла?

5. Тимуран тIемаша нийсо, къинхетам, адамалла лардеш хилла, ала мегар дуй? ХIунда мегар дац?

### Культурийн диалог

1. Оьрсийн литературехь исторически говзарийн масал даладе.

2. Кхечу къаьмнийн шайн Даймохк ларбеш гIарабевлла муьлха турпалхой бевза шуна?

### Текстана комментари

XIV бIешеран чаккхе. 1395-чу шеран бIаьста, апрель баттахь, Нохчийчу кхочу АстагIа Тимаран доккха эскар. Оцу баттахь Терк-хин йистошца АстагIа Тимара тIом бо кхечу мехкашдIалецархочун – Тохтамышан – эскарца. Тохтамыш оьшу. Цул тIаьхьа Тимар ерриг а ДегIастанахула чекхволу. Шина шарахь сов олалла до АстагIа Тимара Къилбседа-Кавказехь. Оцу муьрехь нохчаша а, кхечу къаьмнаша а хаддаза дуьхьало йо мехкашдIалецархочун гIеранашна. Оцу къаьмнийн гIортор хилла уггар хьалха церан кIентийн майралла, доьналла, маршоне дозадоцу безам, шолгIа – юькъа хьаннаш, хийла бIеннаш шераш хьалха дуьйна уьш лардина лаьмнаш. АстагIа Тимаран бIо, ламанхой кхин къарбала а ца тигна, эрна цхьанаметта ца латтархьама, юхабоьрзу. XIV бIешеран юьххьехь дуьйна нохчий шайн аренца долчу латтанаш тIе охьакхалха буьйлало. Иштта бу оцу шерех болу историн хаамаш. Изза тIечIагIдо нохчийн ширачу хабарша. ХIинца йолуш ю оцу заманан хиламаша кхоьллина меттигийн цIерш, масала: АстагIа Тимаран Саьнгарш, Тимаран ор. Вай лаккхахь хьахийнчу историн хиламех ю нохчийн вевзаш волчу поэтан Арсанукаев Шайхин «Тимуран тур» поэма. Историн хиламаш Арсанукаев Шайхис шен поэмехь исбаьхьаллин дешнашца буьйцу, ткъа исбаьхьаллин дош синхаамашна тIеIаткъам чIогIа болуш хуьлу историкийн доццачу тоьшаллел. Произведени кхуллуш авторо шена хьалха хIоттийна Iалашо АстагIа Тимаран а, нохчийн а вовшашна дуьхь-дуьхьал латтар гайтар хилла ца Iа, цо кхузахь гайтина Нохчийчуьра хIетахьлера политикин а, Iер-дахаран а хьелаш, юкъараллин дIахIоттаман башхаллаш, луларчу къаьмнащца хилла юкъаметтигаш, хIетахьлерачу къизачу хенахь даьхначу адамийн синкхетам, дуьнене хьежамаш.



## ХАСБУЛАТОВ
## Іимранан Ямлихан

***(1935)***

Хасбулатов Ямлихан бархI шо кхаьчна хилла вайн халкъ махкахдоккхучу хенахь. И хала некъ шен халкъаца бан дийзира Ямлиханан, шен ненаца а, шина вешица а, йишица а цхьаьна. Халкъана юкъара бохам кхин тIе а базбора оцу доьзална, шайн да Іимран цIахь больницехь а витина, дIадаха дезаро. Цига дIакхаьчча а, цигарчу мацаллица, шелонца, гIелонца цхьаьна, деза дукъ хилла церан дегнаш тIехь Іуьллура и сингаттам. Маситтазза кехаташ яздира цара и шайн да Іуьллуш хиллачу больницин лоьрашка. Эххар а царах цхьаммо жоп а даийтира, кхеран да дIакхелхина, гIумкаша бусалба динехь дIа а верзийна аьлла.

Нохчийн поэт Хасбулатов Ямлихан вина 1935-чу шеран 7 августехь Соьлжа-ГIалахь.

1953-чу шарахь чекхъяьккхина Полудински юккъера школа, цул тIаьхьа Казахски пачхьалкхан университет а. ХIетахь нохчех наггахь стаг бен вацара лакхара дешар деша таро хилла.

ЦIахь, Нохчийчохь, вехаш бархI шо бен ца даьккхинехь а, Ямлиханан сица а, кхетамца а гуттаренна а диснера Даймехкан, цуьнан адамийн аматаш, аьзнаш, дешнаш… Херехь хан яккха дезаро, шена жимчохь цIахь гиначух болу дагалецамаш гIел муххале а ца бира, мелхо а, къагийра, серлабехира, иралла совъяьккхира.

Цу шерашкахь шен даг чохь ІаьIна сингаттамаш, синхьийзамаш, синхаамаш шен хьалхарчу стихашкахь бIаьрла бехира цо. Уьш цо язйира 1949-чу шарахь, шен дейтта шо кхаьчча.

1969-чу шарахь араяьллачу шен дуьххьарлерачу «Дегайовхо» гуларехь поэто исбаьхьаллин маттаца чIагIдо шена Даймахкаца доьзна долу мел кIезиг хIума а деза а, сийлахь а хилар.

Шен къоман маттахь долу аьзнаш а хьоме ду поэтана, цу аьзнашкахь го цунна къоман синъоьздангаллин шатайпаналла. «Ламанан шира аз» шен

стихотворенехь авторо даладо кхоъ аз, кхоъ орцане кхойкху мохь : «а-а-а», «во-о-о», «Іи-и-и».

Оцу хІора озана лерина, царна хІоранна догІу могІанаш карадо поэтана:

Ламанан сирла аз, Ламанан сирла аз…
Мичара дели хьо, мичара кхечи хьо
Дукъ лекхчу ламанца луьста хьун лестаеш,
Зевнечу Іаннашца шовданаш декадеш,
Орцанехь гІаьттина чехкачу Лечанах?

Меттан уггар жимчу дакъойх – аьзнех – йолу тема шен тІаьхьа араевллачу гуларш тІехь хьахайо Ямлихана. Масала, «Кхокханан йиш» (1974 шо) гулар юкъа яхна ю «Аьзнаш» стихотворени. Цу стихотворенехь поэто шен поэзин аьзнаш бІов юттуш дохкучу тІулгашца дусту.

1977-чу шарахь араяьллачу «Къан ца ло мерзаш» гуларехь яц аьзнех байт. Амма аьзнаш кхуллучу дашах ю башха стихотворени. Иштта шен къоман аьзнех, церан марзонех дуьйций, авторо оцу аьзнаша кхоьллинчу дашах дош олу, цунна тІе Іаламат деза а, сийлахь а декхар а дуьллуш:

Мацца а бІаьргашна
Ца гучу дукъ тІе
Даг чуьра йовхо дІа
ТІаьххьара хьош,
Сайн некъан беза мохь
Бихкина букъ тІе,
Сайн метта лела ас
Дуьтур хьо, Дош.

Шен дашна тІедуьллу поэто шен верас хилла дІахІоттар дуьнен чуьра некъ шен дІабирзинчул тІаьхьа а.

Оцу стихотворенехь къеггина бІаьрла йолу Хасбулатовн поэзехь керла кхин цхьа мехала агІо а – верасаллин тема.

Цунна лерина къаьсттана кІорге а, цуьнца доьзна долу тайп-тайпана маьІнаш гучудохуш а язйина ю «Лаьттан йозалла» гуларна юкъа яхна цхьамогІа стихаш. Хьан лаьтта тІехь дІадаьхьна дахар эрна ца хилла, нагахь хьан дика гІуллакхаш, хьуна сийлахь хеттарг тІедузуш, хьан тІаьхьавуьсуш верас, доттагІ, накъост велахь – иштта ду цу стихийн коьрта маьІна.

«Декъалчу аренца…» бохучу стихотворенехь шен верасе иштта вистхуьлу поэт:

Декъалчу аренца,
Декъазчу аренца
Лаьттачохь Іадийна,

Хьаьддачохь вагийна,
ГӀамаран тулгӀеша
Ша юкъахьовзавахь,
ТӀепаза вовчуьра
Ваккха ша хьо·ву шен.

Иза а, цхьамогӀа кхин стихаш а билгала ю поэто фольклорера схьаэцначу цхьана башхаллица – «со» цӀерметдешан метта «ша» боху цӀерметдош даладарца. Халкъан поэзехь «со», «ас» бахар ца лелош, «ша», «шен» леладо, нохчийн гӀиллакхца иза нийса догӀуш долу дела:

ТӀепаза вовчуьра
Ваккха ша хьо ву шен.

Вайн къоман меттан аьзнаш а, дешнаш а сел деза хетачу поэтана сийлахь ца хета йиш яц цуьнан гӀиллакхаш а, ламасташ а. Хасбулатовн поэзин шатайпана агӀо хуьлий дӀахӀутту нохчийн гӀиллакхийн тема.

Иза къаьсттана гуш ду поэтан «Лаьттан йозалла» (1985) гуларехь.

«Хеназа хьаша» стихотворенехь поэто шатайпанчу маьӀница йосту хьаша-да ларарх гӀиллакхан тема. Иза кхидӀа а кӀаргъеш, бӀаьрлайоккху цо шен «Къоьзана» поэмехь.

Цу тӀехь юрт хи буха яхарх легенда ялайо Ямлихана, цуьнан шатайпана философин а, оьздангаллин а маьӀна доккху цо, цкъа цхьана хенахь хилларг таханлерачу заманца дузуш. Оьздангалла, гӀиллакхаш (хьаша сийлахь ларар, кхидерш), генарчу вайн дайшна деза хеттарш, жил-Ӏалам аьшнашдича, Дела вицвича, таханлерачу тӀаьхьало йоцчу дуьненах Ӏехабелча, адамашна тӀеххочу бохам. Иза-м дацара-техьа вай цӀерадахаран бахьана? И хаттар хаалора поэмехь, даррехь и яздан йиш ца хиллехь а цу заманахь.

Нохчийн гӀиллакх-оьздангаллин культурех дийцина ца Ӏа поэт цу поэмехь. Цуьнца цхьаьна ийна ю хьомсарчу мехкан Ӏалам лардан дезаш хиларан тема а. Иза Хасбулатовн коьртачу теманех цхьаъ хуьлий дӀахӀутту цуьнан цхьамогӀа стихашкахь а, иштта поэто газетехь а, телевиденехь а бечу журналистан балха тӀехь а. ДӀадахначу бӀешеран 80-чу шерашкахь цо телевиденехь хаддаза дӀахьош яра Ӏаламан дола дан, иза лардан дезарх йолу передачаш.

Дуккха а шерашкахь цуьнца болх бинчу яздархочо Кусаев Ӏадиза иштта яздо шен дагалецамашкахь:

«Балха тӀехь а, тайп-тайпанчу хиламашкахь а, цӀахь а, новкъахь а даим шен ойланаш еш хуьлура Ямлихан. Цу хенахь цхьа а кхидолу хӀума гуш а, хезаш а ца хуьлура цунна. Даим кисанашкахь кехаташ, къолам хуьлура цуьнан. Воьдуш лаьтташехь, цӀаьххьана саца а соций, кисанара кехатан

цуьрг а, къолам а схьабоккхий, цхьацца йозанаш яздан волалора иза. Хетарехь, я керлачу байтан хьалхара могIанаш, я ширачу байтан чаккхе яра дIаязйинарг. Кисанашка, ларам боцуш, дIасатеIадой хуьлура цуьнан йозанаш. Наггахь дайа а дойура цо уьш. Амма, уьш дагахь латта дела, сихха юхаметтахIиттадора.

Ишттачохь, ойланашка вахханчохь цунна новкъахь дуьхьалкхетча, хьо ца гой хуъушехь: «Ванах, вист ца хуьлуш, тIехваьлча хаза ма дац», – аьлла, шега салам делча, саца а соций, бIаьргахара куьзганаш дIа а дохий, къажа а къежий, леррина хьоьга а хьожий: «Ойн, хьенех, хьо вац иза?» – олий, ондда куьг лоцуш, салам дIа а оьций, маракхетара Ямлихан. ТIаккха, хьо дIавахарна кхоьруш санна, сихха олура цо:

– ЭхI, ма дика ду хьо суна дуьхьалкхетта. Ша Дала вайити-кх хьо, аса хIинцца, хIокху минотехь, язйинчу сан керлачу байтан мах хадо! ЛадогIал, – олий, хьо сиха варий-вацарий ца хоттуш, байташ еша волалора Ямлихан, йоьшуш лаьтташехь, соцунгIа хуьлий, цхьаццадолу дешнаш, могIанаш нис а деш. Ша байт ешна ваьлча, хоттура: – Муха хийти хьуна? – Оцу минотехь мах хадо безара ахьа. Амма цу тIехь чекх ца долура гIуллакх. Хьо дIаваха тохавелча, ондда пхьарс лоций, сацавора Ямлихана: – Хьо ма сиха ву. Сан кхин а ма ю хIинцца язйина байт…

Хетарехь, суна санна, байташ новкъахь коьрта чу йогIучух тера дара поэзи шен сих йоьллачу поэтана Хасбулатов Ямлиханна».

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Мичахь дIаяхна Хасбулатов Ямлиханан бералла, къона хан?
2. ХIун кхоллам хилла Ямлиханан ден Iимранан?
3. Маца язйина поэто шен дуьххьарлера стихаш?
4. ЦIерш яха Хасбулатов Ямлиханан гуларийн, уьш маца араевлла дийца, кхолларалехь коьрта теманаш билгалъяха.
6. «Къоьзана» поэмехь уьйучу коьртачу хаттарех дийца.
7. Поэтан амал муха билгалйоккху яздархочо Кусаев Iадиза?

## ДОШ

Хьо атта ца даьккхи
Ламанан дукъ тIе,
Сирлачу шовдане
Досса а дин...
Беза мохь бераллехь
Бихкира букъ тIе.

«Нислой-те, – ца бехи, –
Аттаниг кхин?»

Іуьйренан малх лепа,
ДІо нуьрс лаьмнаш
Хестадеш, басешца
ДІадолало!
Амма цкъа галваларх,
«Кхетар вац» алий,
Со бердах вохуьйтуш,
ДІа а ма гІо!

Дагана дазделларг,
Байн тІам а тухуш,
ЛеІалахь меллаша
Даг чуьра дІа.
Мел хаза хуьлу хьо,
ХІайттехь бохь бугІуш,
Вежаршна ирс доькъуш,
Аз доькъуш хьайн!

…Мацца а… бІаьргашна
Ца гучу дукъ тІе
Даг чуьра йовхо дІа
ТІаьххьара хьош,
Сайн некъан беза мохь
Бихкина букъ тІе,
Сайн метта лела ас
Дуьтур хьо, Дош.

**Ешначух ойла е вай**

1. Стихотворенин цІе «Дош» тиллар хІун Іалашо йолуш ду?
2. Дешан йозалла а, сийлалла а муьлхачу дешнашца юьйцу поэто?
3. Дешан йозалла маца дуьйна тІелаьцна поэто?
4. Ша хаьржинчу некъах шеконаш хиллий поэтан? Шайна хетарг тІечІагІде масалца.
5. ХІун дехар деш вистхуьлу поэт Даше?

6. ХӀун маьӀна леладо Дашо вонехь а, диканехь а?
7. ХӀун весет до поэто Даше?
8. Дагахь Ӏамае стихотворени.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Стихотворенин куц-кепах дийца.
2. Хьалхарчу байтехь йолу метафораш билгалъяха, церан маьӀна де.
3. МогӀанийн маьӀна даста.

…Амма цкъа галваларх,
«Кхетар вац» алий,
Со бердах вохуьйтуш,
ДӀа а ма гӀо!..

4. Дешан ницкъ а, цуьнан тайп-тайпана агӀонаш а муьлхачу васташца билгалйоху поэто?

5. Стихотворенехь шозза даладо дешнийн цхьаьнакхетаралла *беза мохь биккина букъа тӀе*. ХӀун маьӀнийн башхалла ю цу дешнийн цхьаьнакхетаран?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Нохчаша дош чӀогӀа деза лерина ду. Цунна тоьшалла ду барта кхоллараллехь дашах лаьцна дуккха а дийцарш, кицанаш хилар. Дешан йозалла юьйцуш долу шайна хуу кицанаш даладе.

2. Стихотворени юккъера шайна хазахета могӀанаш даладе, шайн дешнашца дийца царах лаций.

3. Дешнех пайда а оьцуш, дийцар хӀоттаде.

...Сайн метта лела ас
Дуьтур хьо, Дош.

**Шуна, хӀума довза луурш**

Нохчийн гӀиллакх-оьздангаллехь даше болу лерам беза хилла. «Дош» – и къамелан дакъа хилла ца Ӏаш, иза стага деш долу гӀуллакх ду. Нагахь стагана: «Дош дацара цо лелориг», – аьлча, кхеташ ду, хадориг, цуьнан къамелан мах хилла ца Ӏаш, цуьнан гӀуллакхан мах а хилар. «Туьро йина чов йирзина, матто йинарг ца йирзина», – олуш ду вайнехан. Цундела эрна къамел дан мегар дац, шена дагадеанарг дийца а, хӀунда аьлча цкъа-делахь, хьан хӀора дош дӀаяздеш ду маликаша; шолгӀа-делахь, дашо стеган дог-ойла серлаяккха а тарло, я цунна чов ян а тарло.

«Дош» стиховоренехь поэтан кхоллам а, дашца, маттаца беш болу болх мел беза бу а, дуьйцу поэто. Шен верас а хилла, шел тӀаьхьа а дуьнен чохь даха дисар тӀедуьллу Дашна цо.

Зорбанан цӀийнан хьалха йолчу бешахь Нохчийчохь хиллачу тӀаьххьарчу тӀемашкахь дӀакхелхинчу журналисташна хӀоттийначу хӀолламна тӀехь яздина ду стихотворени юккъера дешнаш: «Шайн метта даха аша дитина дош».

***

– Стаг хила ваьллехь хьо ара,
Шийла мох хьовзорах арахь,
Хьо новкъахь дохко а валий,
Хьо юха ма хьежахьара. –
Бехирий Нанас?..

– Хьоьгара стогалла йовза,
Дашера дош долуш даррехь,
Иккхича нийсархойн къовсам,
Хьо таьIна ма латтахьара. –
Баьхний хьоь Нанас?..

– Безаман экамчу стоьмо,
Синна хьан хилла шех бала,
Йожор хьан куралла лоьман,
Дакъаза ма ваккхахьара. –
Баьхнерий, ала?

– Къонахех тарвала аьлла,
Айвелла хьо вогIуш арахь,
Ямарт верг дуьхьалавалахь,
Хьо осал ма хетахьара,
Ма валахьара хьо гIалат!

Атта а, мерза а дезна,
Юкъъехкар ца дезаш арахь,
Хьайн йоцчу ижуна тебаш,
Йовсарех ма тарлахьара. –
Баьхнерий Нанас?..

– Махкана хазна а йоккхуш,
ГIенах а гуш цуьнан гIаларт,
КIенташа лекха дукъ доккхуш,
Хьо юьстах ма латтахьара. –
Баьхнерий Нанас?..

**Ешначух ойла е вай**

1. Лирикин турпалхочуьнга хӀун хаттарш до поэто?

2. Болийна некъ дӀатаса йиш цахилар муха дуьйцу поэто?

3. Поэто билгалдаккхарехь, къовсамехь кӀанта ша муха гайта веза?

4. Шен лаамийн доза хила дезар муха хьахадо поэто стихотворенехь?

5. ГӀалатех муха ларло, боху поэто? Харц некъах ларвала везар муха билгалдоккху авторо?

6. МаьӀна даста могӀанийн. Дагахь Ӏамае стихотворени.

> ...КӀенташа лекха дукъ доккхуш,
> Хьо юьстах ма латтахьара.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. ХӀун башхалла ю стихотворенин куц-кепехь?

2. Муха гучуйолу и башхалла стихотворенин мукъамехь, байташ екъарехь, дош дашца нисдарехь (рифмашкахь)?

3. Муьлхачу барамехь язйина ю стихотворени?

4. Шуна хетарехь, хӀун Ӏалашо йолуш далийна ду стихотворенехь хаттарш?

5. Шуна хетарехь, жоьпаш оьшуш хаттарш дуй стихотворенехь хӀиттийнарш я хаттарийн кепехь беш хьехам бу иза?

6. Билгалбаха поэто пайда эцна исбаьхьаллин гӀирсаш.

7. Билгалдаккха дешнийн цхьаьнакхетаран тӀедеана маьӀна: *шийла мох хьовзорах арахь…*

8. Муха кхета шу вастах: «Хьайн йоцчу ижуна тебаш»?

**ГӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Нохчийн яхьйолчу кӀантехь хила деза хӀун гӀиллакхаш билгалдоху поэто шен стихотворенехь?

2. Нохчийн доьзалехь ненан сийлалла муха гойту авторо?

3. Нохчийн доьзалехь воккхачо жимчунна хьехар даран мехаллех дийца.

**Вайн къамел кхиадо**

1. «Стаг хила ваьллехь хьо ара…» шатайпана стихотворени ю шен маттаца а, куц-кепаца а. ХӀора байт риторикин хаттарех, тӀедожаран саттамех болчу аламех лаьтта. Доцца дийцар хӀоттаде цу тайпанчу аламех пайда а оьцуш, деца-ненаца хила беза лерам а буьйцуш.

**Проект**

1. «Воккхачо бохург динарг дохко вер вац» темина доклад язъе.



## ГАЦАЕВ
## Асламбекан СаьIид

*(1938–2013)*

«Iаламан хастамча, нохчийн Есенин» – цIеяхна ву нохчийн поэт Гацаев СаьIид. ДIадахначу бIешеран 50-гIа шераш чекхдовлучу – 60-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь нохчийн литературе баьхкинчу тоьллачу яздархойх ву иза.

Уьш тайп-тайпана бара. Сулейманов Ахьмада, нохчийн иллийн поэтикина тIе а тийжаш, шен стихийн чулацамца майрра бохабора фольклоран «бехкамаш», шен синхаамаш ма-барра а буьйцуш. Дикаев Мохьмадан поэзи къаьстара меттан говзаллица, вайн кьоман лирически эшаршкара цуьнга кхаьчначу мукъамийн тайп-тайнаналлица а, шераллица а. Кибиев Мусбека хIора дийнахь а хуьлучу дахаран (Iаламан) хийцамашкахь кIорггера философски маьIнаш лоьхура... ХIора а вара шатайпана.

Гацаев СаьIид а иштта вара. Махкахдаьхначу кхойтта шарахь вайн халкъан дагахь IаьIнарш а, цIадирзича цунна хилла хазахетар а поэтан зевнечу могIанашкахь Iорадуьйлура, лаьмнийн кийрара малхе дуьйлучу шовданех терра.

Гацаев СаьIид вина 1938-чу шеран 2 декабрехь Веданан кIоштара Дишни-Ведана юххерчу кIотарахь ахархочун Асламбекан доьзалехь. Гацаев СаIидан да Асламбек Харачойн Зеламхин йишин кIант хилла. Цу заманах лаьцна дуккха а хIуманаш хаьара цунна. Уьш эсехь латтош, говза схьадийца хууш вара иза, ткъа нана Джовзан нохчийн эшарш, назманаш хууш, дика мукъам болуш, хаза йиш локхуш яра олий, хьахадора поэто шен да-нана.

1944-чу шарахь нохчийн къам махкахдаьккхича, Казахстанан Семипалатински областе нисбелла ГацаевгIеран доьзал. Цигахь чекхъяьккхина СаьIида юккъера школа.

Нохч-ГIалгIайн Республика метта а хIоттийна, адам цIадерза доладелча, Соьлжа-ГIалахь 1957-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн педагогически институ-

тан историко-филологически факультетехь схьайиллина нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан литературин хьехархой кечбеш йолу отделени. ХӀетахь шайн доьзалца даймахка цӀавирзина волу СаьӀид, йоккхачу конкурсах чекх а ваьлла, оцу отделене деша вахна. Институтан ши курс чекхъяьлча, цхьана ханна дешарх юкъахвала дезна цуьнан. Амма, институте юха а веана, иза чекхъяьккхина 1963-чу шарахь.

Масех шарахь Веданан кӀоштара школашкахь нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархочун даржера директоран дарже кхаччалц белхаш бина СаьӀида. Цул тӀаьхьа Москвара Горькийн цӀарх йолчу Дуьненан литературин институтан аспирантуре (Институт мировой литературы имени А.М. Горького АН СССР) деша вахна. Иза чекхъяьккхича, шина-кхаа шарахь Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан университетан нохчийн меттан, литературин кафедрехь ассистент лаьттина.

Гацаев СаьӀидан стихийн коьрта цхьа маьӀна ду – Даймахке, цуьнан Ӏаламе болу безам. Амма и безам цхьана кепара бац, и тайп-тайпана бу шен гучубийларца, иза бекъабелла бу Ӏаламан тайп-тайпаналлехь, поэтан синхаамашкахь.

Коьрта долчунна, поэтан тидамехь бӀаьстенца меттахдаьлла, шовкъаща кхехка, баьццарчу «цӀарца» серладуьйлу Ӏалам ду. БӀаьстенан мелачу махах, олхазарийн эшарех, шовданийн лешарех... – Ӏалам денлучу хенан гӀовгӀанех тера бу Гацаевн стихийн мукъамаш.

«Ӏуьйре», «БӀаьстенан гӀара» гуларш тӀерачу стихаша а, царал тӀаьхьа муьран зорбанехь а, юкъарчу гуларшкахь а арайийлинчу произведенеша а гайтира Гацаев СаьӀид литературе билггал шен исбаьхьаллин хьежамаш, поэтически хатӀ долуш, дика къаьсташ стихан форма а йолуш веана хилар. Цуьнан шеко цахилар гучуделира кхидӀа поэтан арайийлинчу книгаш тӀехь: «Хазахетар» (1982), «Суьйренан Ӏеха» (1988), «Мекара цициг» (1991).

Ӏаламат исбаьхьа ю СаьӀидан лирика. Даймехкан тема коьртаниг а йолуш, шуьйра чулацам бу цуьнан. Ненан марзо доттагӀаллин, безаман уьйраш, адамийн юкъаметтигаш, хазахетарш, халахетарш, дегайовхонаш, дегаӀийжамаш – и берриг синхьегамаш гайтар шатайпанчу исбаьхьаллица кхоьллинчу Ӏаламан суьрташца доьзна ду поэтан дукхахйолчу стихашкахь.

СаьӀида болх бина драматургехь а. Цуьнан комедеш «Бале ваьлла нуц», «Пелхьонаш» кхиамца хӀиттийна къоман театрехь. Иза автор ву Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех лаьцна йолчу «Ханпашин валар» пьесин а.

Гацаев СаьӀид кхелхина Веданахь 2013-чу шеран 13 декабрехь, пӀерасканан буьйсанна.

## Шуна, хIума довза луурш

Буьйса хаза. Буьйса тийна.
Седа боду стиглахь раз.
Хьо со воцуш муха Iийна,
Ши бIаьрг Iаьржа сан Кавказ?
Со хьох ваьлла дукха лелла,
Махехь, малхехь листина.
Ас хьан марзо кIезиг мелла,
Ахь со кIезиг хьистина.
Амма сан са хьоьца дара,
Оццул хала чекхъэхарх,
Некъаш хьийзаш, гена арахь,
Юьхь шелоно чIечкъаярх.

Гацаев СаьIидан коьртачу тидамехь дара мехкан исбаьхьа Iалам. Иза го цуьнан дуьххьарлерчу книгийн цIершка хьаьжча а: «Iуьйре» (1969 шо), «БIаьстенан гIара» (1971 шо).

Коьрта долчунна, поэтан тидамехь бIаьстенца мсттахдаьлла, шовкъашца кхехка, баьццарчу «цIарца» серладуьйлу Iалам ду. БIаьстенан мелачу махах, олхазарийн эшарех, шовданийн лешарех... – Iалам денлучу хенан гIовгIанех тера бу Гацаевн стихийн мукъамаш.

Вай билгалъяьккхина маьIнийн «къоьлла» («Даймехкан Iаламе безам») шорйо, тIеюзу поэтан стихашкахь йолчу синхаамийн, синхIоттамийн, хазахетарийн шортоно. Масална цхьана стихотворени юккъера могIанаш далор вай:

Некъаш, некъаш, сийна некъаш,
Шу дIадоьлху, шу дIадов.
Шуна тIаьхьа гIийла текъхаш,
Махо болар доладо.

Мичахь дов шу? Мичахь дуьйшу?
И ца хаьа стагана.
Аш суьйренан Iеха Iуьйшу,
Тхи дIамуьйлу Iуьйренан.

ХIокху байташкахь дуьйцург дуьххьалдIа бIаьстенан Iаламехула анайисте доьлху некъаш хилла ца Iа. Кхузахь и некъаш санна дIайоьдучу заманан, дог Iаба ца кхуьуш дIаер йолчу дахаран хазаллина хьийза са а, цунах кхоллаелла «лазаман марзо» а ю.

Гацаев СаьIидан дуьххьарлерчу шина гуларна юкъаяхначу стихашкахь шерра го оьрсийн поэтан Есенин Сергейн тIеIаткъам. Ур-атталла Гацаевн «Аза» поэмин сюжето а, коьртачу васто а дагайоуьйту «Анна Снегина»... Цуьнца цхьаьна билгалдаккха деза, иза дуьххьалдIа тарвала гIертар цахилар. Нохчийн поэто

кхоллараллица пайда оьцура шел хьалха ваьхначу меттан говзанчин исбаьхьаллин кхиамех, цунна карийначух. Есенинах Iемаш дукха ца вахлуш, кхидIа а воьду СаьIид шен лехамашца кхоллараллин новкъа.

Нийса хир дацара, СаIид шен стихашкахь, деккъа цхьа Iалам, безам буьйцуш, шен чкъурана лазаме йолчу теманех ларвелла аьлча. Бакъду, и тайпа теманаш поэто дуьххьалдIа мохь туххуш, кхайкхаман кепехь ца юьйцу. Оцу тIехь а шен хотIехь (стилехь) ву поэт. Цо шен чкъуран лазам къадорца, Iаламца цхьаьна гойту. Масала:

Буьйса хаза. Буьйса тийна.
Седа боду стиглахь раз.
Хьо со воцуш муха Iийна,
Ши бIаьрг Iаьржа сан Кавказ? –

бохучу могIанашкахь тидамечу дешархочунна хаалора халкъ цIерадаьккхинчу ханахь цуьнан махке хилла сатийсам. Тахана вайна тамашийна хетахь а, цIерадахар хьахадар, я и дагадаийтар ца магош зама яра иза.

Шен кхечу стихотворенехь Гацаев СаIида юх-юха а даладо хIара дешнаш:

Мичахь ю, мичахь ю
сан хьоме Нохчийчоь?..

КхидIа оццу стихотворенехь авторо бохура:

Ирс долуш со хилча,
Сахьийзаш висича,
ГIенах цкъа гур ярий
Сан хьоме Нохчийчоь.

Иза, цхьана агIор, тамашийна а дара, Нохчийчохь вехачу поэтана Нохчийчоь мичахь ю цахаар а, иза цунна гIенах мукъане цагар а. Амма, вукху агIор, иза кхеташ а ду: поэто лоьхург, «гIенах мукъане а ган сатуьйсург» цуьнан кхетамехь еха «сийна Нохчийчоь», «ирсе Нохчийчоь», цунна ган лаьа, цо сатуьйсу Нохчийчоь ю.

Гацаев СаьIида нохчийн литературехь хьегна къа беркате а, шатайпана стоьмаш белла а ду. Цунах, дешархошна цуьнан говза агIонаш йовзуьйтуш, Iилманчаша кхин дукха а, кIорге а яздан хьакъ а ду.

Гадаев Мохьмад-Салахьа яздина: «ХIума, и хIуъа делахь а, тар, хаадалар, дагна Iеткъар (оьрсашха аьлча: наблюдательность, проницательность, чувствительность) – и бу поэтан цхьа агIо – аьрру агIо. Ткъа поэтан (яздархочун) аьтту агIо бу – и гинарг, хааделларг, дагна Iаьткъинарг дешнашца нийса, ма-дарра схьаала (дIаяздан) хаар. И ши агIо цхьаьнакхетча, хIутту поэт, яздархо. Цушиннах муьлхха а цхьа агIо бацахь, – тIаккха кхоллаpалла «са доцуш» хир ю, шийла хир ю, дегнех (нехан дегнех) ца кхеташ хир ю».

Гацаев СаьIидца и ший а агIо а хилла. ХIума ган, цуьнан тидам бан, цунах марзо эца хаьара цунна, ткъа и шена гинарг, «дагна Iаьткъинарг» кхечеран дагах кхетачу кепара дIаяздан а хиъна цунна. Iаламат исбаьхьа бу Гацаев СаьIидан поэзин мотт, цо говза пайда оьцу поэтически суртхIотторан, стихкхолларан гIирсех.

Нохчийн халкъан яздархочо Бексултанов Мусас иштта яздо: «Гацаевн поэзин цхьа хан ю – бIаьсте, цхьа мукъам а – къоналлин марзонаш я царах тIаьхьадуьсург, шерашца карла а дуьйлуш. Гацаев СаьIид нохчийн поэташна юккъехь шатайпана йозанан кеп йолуш поэт ву, массо а (поэзи езарш) атта кхетар волуш. Цуьнан поэзи – алхха цхьа бIаьсте ю, син зовкх, хазахетар, дуьненах ца Iеба ойла. Муьлххачу а темина цо язйина стих Iаламат мукъаме а, екаш а нисло цуьнан куьйга кIелахь, хуьлда иза бIаьсте, шовда я деган синхаам.

Дешнаш юх-юха карладахарца, кхечу маьIнехь ловзадарца церан кеп хуьйцуш, шена ма-тов керла васташ кхуллу СаьIида стих хазъеш, мукъаме йоккхуш, кхечу кепехь екош.

СаьIидна Дала делла похIма доккха совгIат ду вайн къомана».

## КАВКАЗ

Буьйса хаза. Буьйса тийна.
Седа боду стиглахь раз.
Хьо со воцуш муха Iийна
Ши бIаьрг Iаьржа сан Кавказ?

Со хьох ваьлла дукха лелла,
Махехь, малхехь листина.
Ас хьан марзо кIезиг мелла,
Ахь со кIезиг хьистина.

Амма сан са хьоьца дара,
Оццул хала чекхъэхарх,
Некъаш хьийзаш, гена арахь
Юьхь шелоно чIечкъаярх.

Кхачор яц сан хьоьга марзо,
Ши бIаьрг эсал къегина,
ДIаен ойла хьоьга ерзо
Со мел хьалхе Iемина.

Буьйса хаза, буьйса тийна,
Седа боду стиглахь раз.
Вайшиъ цхьаьна кIезиг Iийна,
КIезиг Iийна, сан Кавказ.

**Ешначух ойла е вай**

1. Стихотворенин юьххьехь хIотточу Iаламан суьрто хIун маьIна леладо? Стенах дагавуьйлу лирикин турпалхо?

2. МаьIна даста могIанийн. ХIун ала гIерта цаьрца автор?

Со хьох ваьлла дукха лелла,
Махехь, малхехь листина.
Ас хьан марзо кIезиг мелла,
Ахь со кIезиг хьистина.

3. Нохчийн историхь хилла муьлха бохам дагабоуьйту дешнаша?

…Со хьох ваьлла дукха лелла,
Махехь, малхехь листина.

4. Даймахкаца йолчу марзонах муха аьлла поэто шен стихотворенехь? Ша мел йо ойла Даймахке ерзо муха Iемина лирикин турпалхо?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Билгалъяккха стихотворени язъяран кеп.
2. *Ши бIаьрг Iаьржа сан Кавказ* могIанехь эпитето хIун маьIна леладо?
3. Муьлхачу исбаьхьаллин васташца гайтина поэто Даймахке болу безам?
4. Билгалъяха стихотворенин рифмаш, дийца церан башхаллех.
5. Даймахках ваьлла ша лайна халонаш муьлхачу васташца гойту поэто?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Шен стихотворени цIеран аламашца дIайолайо поэто: «Буьйса хаза. Буьйса тийна». Оцу тайпанчу аламашца хIоттаде бIаьстенан, аьхкенан сурт.

2. Шайн дешнашца даста могIанийн маьIна.

Амма сан са хьоьца дара,
Оццул хала чекхъэхарх,
Некъаш хьийзаш, гена арахь
Юьхь шелоно чIечкъаярх.

3. Стихотворенехь далийна ду даьржина тIедерзар. Оцу тайпанчу тIедерзарх пайда а оьцуш, махке я халкъе дистхуьлуш, къамел хIоттаде.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

«Сан хьоме Кавказ» темина доклад кечъе.

## БІАЬСТЕНЦА КЪАМЕЛ

ЙогІуш ю хьо, сийна лепаш,
Хазчу нана-лаьмнашка,
БІаьсте, бІаьсте, зазца леташ,
Яьржаш кІеда бошмашка.
Езаш, мерза хьо тІеоьцу
Беро, доьлуш, воккхачо,
Ахь хьайн зевнаш хьалха хоьцу,
Лаца, олий, дезачо.
Самадоккху доллу Іалам,
Тамехь, ирсе къондина…
Суна аьлла, цІе а тоьхна,
Хир ду совгІат кечдина.
Хууш вай со-м, ахь схьайоьллий
Цакхачало хьайн хазнаш.
Лохьа суна цаьрца илли,
Дешнийн мерза кочараш.
Халкъо мотт шен куьце буьйцу,
Со и бийца хууш вац,
Амма дог сан цкъа а хьоьца
Дижна, тийна Іалуш дац.
И ду ловзуш, шовкъе даьлла,
Дека хазчу аьзнашца.
Хьуна дерриг ша дІаделла,
И кхуьуш ду махкаца.
ХІай дог, суна илли ло ахь,
Керла хазнаш схьалохуш.
Халкъо иза, товш ду, алахь,
Хир ву чІогІа ирс долуш.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Муха гойту поэто лаьмнашкахь бІаьсте ялар?
2. Муха тІеоьцу и Іаламан хан бераша а, баккхийчара а?
3. ХІун маьІна ду хІокху могІанийн?

Ахь хьайн зевнаш хьалха хоьцу,
Лаца, олий, дезачо.

4. ХIун хазнаш схьайоьллу бIаьстено адамашна? Дийца царах.

5. Шена хIун совгIат доьху поэто бIаьстене? БIаьста муха хуьлу, боху цо, шен дог? Шен ирс стенца го цунна?

6. Халкъан меттан говзалле кхача шен лаам хилар муха билгалдоккху поэто?

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Стихотворенехь муьлхачу васташца гучудуьйлу бIаьстенан аматаш?

2. Стихотворенин мукъамца хаалой бIаьстенан болар? Масалшца тIечIагIде шайна хетарг.

3. МогIанашкахь долу исбаьхьаллин васташ билгалдаха. МаьIна де церан.

БIаьсте, бIаьсте, зазца леташ,
Яьржаш кIеда бошмашка.

4. Стихотворенехь хIун маьIна леладо юх-юха далочу дешнаша, цхьанатайпанарчу меженаша?

5. Стихотворенехь поэто алссам пайда оьцу причастин, деепричастин карчамех. Билгалъяха уьш. Дийца, хIун исбаьхьаллин маьIна леладо цара.

6. Билгалбаха поэто пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.

### Вайн къамел кхиадо

1. Стихотворени ешча, хIун ойланаш кхоллаелира шун?

2. Шайн дешнашца дийца бIаьстенан хазаллех.

3. Доцца дийцар хIоттаде: «БIаьсте – гIалахь, бIаьсте – юьртахь».

## САТУЕВ
## Джунидан Хьусайн

*(1939–1995)*



*Цхьа башха бIов хIотто*
*Сан ойла гIаьттина,*
*Оьмарийн теш хилла,*
*Лам санна, латтийта.*
*Къонахийн дегнех ас,*
*Йотта, тIулг баьккхина,*
*Царал кхин чIогIаниг*
*Суна ца карийна.*

Махкана херехь хьалакхиънехь а, шен орамаш мичара схьа ду хууш, шен къомо бина хала некъ бевзаш, къомаца цхьаьна бен, хиндерг шен доцийла хууш, «кху дуьненах кхиъна вогIу» поэт ву Сатуев Хьусайн.

Сатуев Хьусайн вина 1939-чу шеран 11 апрелехь Хьалха-Мартанан кIоштарчу Iалхан-Юьртахь ахархочун Джунидан доьзалехь. Дех хьалхе хаьдда доьзал. Хьусайнан нана Алпату оьзда, гIиллакхе стаг ю олий, цIе йоккхуш яра юьртахь. Беран хенахь дерриг нохчийн халкъаца цхьаьна Даймахках а ваьккхина, шен хенара кхиболу яздархой санна, хийрачу махкахь кхиъна вара иза. Юккъера школа чекхъяьккхина цIадирзинчул тIаьхьа Шелахь 1958-чу шарахь. Школера ваьлча, Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институтан филологически факультет чекхъяьккхина 1963-чу шарахь. Еххачу хенахь школехь нохчийн мотт, литература хьехна Хьусайна. Шен тIаьххьарчу шерашкахь Нохчийн Республикин Яздархойн Союзан правленехь литературин консультант вара иза.

1960-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн литературе деанчу керлачу чкъурах ву поэт Сатуев Хьусайн. Цуьнан стихаш кест-кеста араюьйлура газеташ, «Орга» альманах тIехь. Цуьнан аз кест-кеста хезара радиохь а, телевиденехь а. 1979-чу шарахь дуьйна СССР-н Яздархойн Союзан декъашхо а вара иза. Сатуев Хьусайн цхьайтта книгин автор ву: «Лаьмнийн бер» (1967), «Сахуьлу седа» (1969), «Ненан мукъамаш» (1971), «Дайн байракх» (1975), «Йистйоцу аре» (1978), «БIаьстенан мукъамаш» (1981), «ЦIий а, зезагаш а» (1981),

«Хазалла йовзар» (1984), «Дахаран абат» (1988), «Чов йина илли» (1991), оьрсийн маттахь араяьлла стихийн гулар «Знамя отцов» (1975).

Сатуев Хьусайнан стихаш оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а меттанашкахь арайийлина. Иза ша а вара говза гочдархо. Цо нохчийн матте яьхна Некрасов А. а, шен заманхойх болчу яздархойн а дуккха а стихаш. Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех лаьцна оьрсийн поэто Сергеев Н. язйина «ЦIийх буьзна малх» поэма а гочйина. Хьусайнан стихаш тIехь даьхна иллеш, эшарш а ю.

ТIекхуьучу чкъурах болчу яздархойх дегайовхо йолуш а, царна хьехамца гIо деш а вара Хьусайн.

Хьалхарчу стихашкахь дуьйна билгалйолий, Сатуев Хьусайнан кхоллараллехь, коьртачех цхьаъ хуьлий, кхиа йолало Даймехкан, къонахаллин тема. Цуьнан лирически турпалхочун дерриг дахар Даймехкан дуьхьа ду – ловш йолу хало а, хьоьгуш долу дика а.

Ларамза дац Сатуевс коьрта ойла оцу теми тIехь сацор. Шен кхоллараллина уггар чIогIа Iаткъам бинарг Мамакаев Мохьмадан дахар а, кхоллаpалла а лорура Хьусайна. Нохчийн яздархошна лерина йолчу цуьнан иттех стихотворенех кхоъ Мамакаев Мохьмадна лерина хиларо а тоьшалла до цунна. Уьш ю: «Буьрсачу арено гIелвина…», «Дарце», «Илланчин чов». КхозлагIаниг Мохьмад велча язйина ю, важа шиъ – иза дийна волуш. Нохчийн яздархошлахь, масална санна, цо уггар дукха йохург Мамакаев Мохьмадан цIе яра. Цуьнан стихаш а йоьшуш, дахарехь цо лайначух лаьцна а дуьйцуш. Мохьмад «Орга» альманахан редактор волчу хенахь «Дарце» стихотворени еллера ша цига, бохуш, дуьйцура Хьусайна. Шена лоруш лакхахь йиллина йолу цIе дIа ца яьккхича, оцу стихотворенина зорба тоха товш ца хеташ хилла Мохьмадна, ткъа Хьусайна цуьнан цIе дIайоккхуш ца хилла. Иштта оцу оьздачу гIиллакхехь чекхваьлла и бакъволу ши къонах.

Поэтан лирически турпалхо шен дог-ойланца комаьрша, гIиллакхашца цIена ву. Иза шайн гIиллакхашца, ойланашца, вовшашца йолчу юкъаметтигашца догцIена, догдика долу адамашца цхьаьна ву.

Поэто Ахматукаев Адама яздо: «Сатуев Хьусайн шен поэзехула бакъонан мурд санна хьоьжура кху дуьнене. Бакъо а, бакъдерг а лехар цуьнан Iалашо яра, цо ша-шена тIедожийна декхар. Оцу Iалашонна тIевуьгу некъаш маьрша доцчохь кхечу кепех пайда а ийцира цо, дуккха а сатирически стихаш, баснеш язъеш. Евзаш ю цуьнан баснеш: «Берзалой», «Ломмий, Цхьогаллий», «Оьпанийн арданг», «Цхьогалан хьехам», кхиерш».

Авторан дуьххьарлера поэма яра 1969-чу шарахь зорба тоьхна «Сахуьлу седа». Сатуев Хьусайна алссам язйина поэмаш. Царах ю: «Илланчин дорцехь», «Iалхан-Юрт», «Туьйранийн гIала», «Толаман дийнахь», «Алтынай»,

«Дорцан арахь», «Нашхахь», «Мартанан бердашкахь», «Чов йина илли», «Дахаран абат». Цуьнан поэмийн теманашка хьаьжча а го, Хьусайна и жанр харжаран бахьана къоман истори гайта шен, поэтан, декхар хилар. Къоман истори ю цу поэмашкахь юьйцург – евзаш йолу а, хьуламехь яллийнарг а. ДӀадахначо санна, Хьусайнан турпалхочун сагатдо къоме хӀоьттинчу ледарчу хьолой, иза кхин тӀе а галдала хьаьхна хиларой. Оцу лазамо юхаверзаво иза поэмин жанра тӀе – тоьллачех лоруш йолу «Нашхахь» (1983) поэма язъян.

Сатуев Хьусайн кхелхина 1995-чу шарахь. Поэтан цӀарх урам бу Ӏалхан-Юьртахь. ТӀаьххьара цо язбинарг хӀара биъмогӀа бу:

Орамех ваьккхина, со кхуссуш берде,
Аьрхачу тулгӀешца хьайн болар къовсуш,
ДӀагӀур ду, дахар, хьо заманца бертахь,
ТӀех дезна хӀара дуьне со воцуш ловзо.

*(Пайда эцна Арсанукаев Ӏабдуллин статьях)*

## НАШХАХЬ
*(Поэма)*

Мох-дарцаш совцучохь
Лаьмнашна юккъехь,
Вайн дайша кхоьллира
И маьлхан кхерчаш.
Хьаннаш а кхиира
Басешца юххехь,
Акхарой дийбира
Ижуна кхерста.

И стелахаьштигаш
Куьйгашца лоьцуш,
Серлонца човхийра
БӀарлагӀийн бода.
Инзаре Ӏаламат
Ойланца лоьцуш,
Дахарна даьстира
Туьйранийн догӀа.

Лам харцош, дендира
Дарбане хьаста,

Даймахках, дог Iаббош,
Чам эца мерза.
Бохамехь я ирсехь
Сема дог хьостуш,
Харачу дечиг тIехь
Декийра мерзаш.

Кха дира рицкъана,
Гихь латта кхоьхьуш,
Чахчарийн ницкъаца
Хьовзийра хьера.
Хьешан дин дIатаса
БуьйгIира гоьза,
Кхерч ларбан кхиийра
Къонахийн гIера.

Нохчичун цIарах цIе
Махкана туьллуш,
Дас даха ховшийра
Шен аьрха бераш.
Даймехкан кху кхерчан
Сийдар тIедуьллуш,
Ца хада чIагIйира
Дахаран зIенаш.

ХIусамах ца йира
Хьуламе кIара,
Маьрша тIеоьцура
Машарца вогIург.
ВорхIе дайн суй богу
Кху Нашхойн кIажахь,
ГIайгIано хьовзийча,
Со дагаволуш.

ХIан-хIа, со сакъера
Ца вогIу Нашха,
Я хьукма ца дохьу

Ас Ерда-цIунна.
Дахаран декхаршна
Доьналла дахчо,
Кхаьбначу зуьретан
ТIулгаш ду суна.

Къамел дан мотт хилча
Къоьжачу тIулгийн,
Кху лаьмнийн тептарийн
Схьалуьстуш жайна,
Лехамаш, эшамаш
Даьхначу чкъурийн
Мел шорта хир бара
Ширачу къайлехь.

Бацалахь тосалуш
Некъ хилла амат,
Кхочу со хин хьера
Хьийзинчу бена.
Дог лазош доьшу ас
Бохаман абат:
Цкъа ярташ яьхначохь –
Хирцина пенаш.

Разъяьлла цхьа саьккал
Ас юьхьарлоцу.
Шу кIелахь беш а ю
Юкъаелла, акха.
Къух даьлла кха дайна
Шен шунийн долахь,
Ша хала кхоьллина
Да воцуш аха.

Талхаран дехка тар
Схьаоьхьуш бIаьрла,
Саьккала вуьгу лар
Маццаха яйна.

ГIайгIа а, садукъдеш,
ТIехьерча Iаьржа:
«Маржа-яI, сан лаьмнаш!
Дуьсур-те байлахь?»

Гара неI ас тоьхча,
ХьошалгIа восса,
ЖIаьла ца летира,
Дера «гIалх» детташ;
«Мила ву?» – аларца
Ца хези воккха,
НеI йоьллуш, бер а дац
Дуьхьала дедда.

ХIета а, неI озош,
Со керта гIоьрти,
НеIаран кIажош а,
Цхардоьлла, цIийза.
Пен санна, луьста къух
Дуьхьала хIоьтти,
Гезгийн сур дегIаца
Додуьйтуш шийла.

Хьалхара къух дижош,
Со чоьхьа кхечи –
НеIарехь неI а яц,
Кор а дац корехь.
Ткъа кхерчан багара
Луьра ши кIега,
Со кхеро, «мIаьв!» бохуш,
Челакха гора.

Маьхьарца кхерчара
写Цициг дIаиккхи,
Овкъарийн, пелагийн
КIур аратухуш.
Юха а тийналла

ХIоьттира ирча,
Сакхоне дог дохуш
Дилхачу кIарахь.

Вай санна, дека дог,
Ойланаш хьаьвдда:
Мичахь ду кху кхерчан
Да, нана, доьзал?
ЦIенна тIе богIу некъ
ДIа муха хаьдда?
Ден цIийнах цIе йоцуш
Байна-те доьза?»

Цкъа маьнга лаьттинчу
Баьссачу баьрчехь
КIоранца дехкина
Ду берийн суьрташ.
Дехачу цIоцкъамийн
Багара бIаьргаш
Дуьненах чекхъхьуьйсу
Дегбаам барца.

КIажахьа цIелиг ду
Левззинчохь дитна,
Куьйгаш схьакховдийна
Тайниг а Iуьллу.
Хетало, и кхузахь
Кхойккхучохь йисна,
Боьлхучу бIаьргаш чу
Ченан кIур буьллуш.

Хорамо са даьхьна,
Дегочу куьйга
Байлахь ша йисна и
Ас цIанйо ченах,
Къахеташ, бер санна,
И маракъуьйлу,

Схьагушдерг тарделла
Къаьхьачу гIенах.

Коьртах куьг хьекхарца
Хьоьсту ас тайниг:
«ДIайижа, хьан баба-м
Ца яхний гена.
ЦIа йогIур яй иза-м,
Шо деъча тайна.
Хьо ларъеш ма богу
Писун ши кIега!»

Тайниг дIайижийна,
Пенехьа ерзош, –
ХIун хаьа, цо, йоьлхуш,
Йоккхий а гIовгIа –
Хиллачу дайн цIарах
И юьтуш кертахь,
ГIуда сайх хьаьрчина
Велира новкъа.

И ков-керт тарделла
Ширачу кешнех,
Къорачу тийналло
Iадорна кхоьруш,
Кешнех а эхь хеташ,
Малхах а къехкаш,
ВогIура къизачу
Хаттаре оьгуш:
«Сан дайша кхиийна
Хилла-те кIиллой?
Дайн кхерчаш бухкуберш
Коч-мачех, текхах?
Цахуурш оьгийла
Iаьржачу къила,
Хедийла цахуурш
Декъалчу декъах?!

Цеца чохь хи идор
Хуьлийца деса –
Мел идарх, къурд бан хи
Ца гулло кана.
Мехашна даьстича
Ша вина ден цIа,
Стага хIун хьоьхур ду
Берашна кхана?

Эхарте дIавоьдуш,
Цхьа шай а хьур дац,
Карор бац хан яхъян
Сина а кхача.
Вай охуш цааьлларг
Оруш а гур дац –
Осала ваьхначун
Бен буьсу чIана.

Дай хIаллакбиначу
Нашха чу хьоьжуш,
Лазаро Iовжавой,
Лоьцу ас накха...
Ас бIаьвнан пен хьоьсту,
КIеда куьг хьоькхуш,
ХIолламан тIулг санна
Оьздачу наха.

Со дийна висар а
Закъалте лоьру –
Нашха ю дайн ага
Техкийна кIошта.
Кхуззара, ойла еш,
Некъ юьхьарлоьцу –
Коьртера цIена ду
Сан мехкан хьаст.

Дарж лакха ца волу
Товжийла йоцург,

Бекхамца тIехь буьсу
ТIаьхьенийн кхардам.
«ЦIийнан кIур болда шун!» –
Сел къиза олуш,
Хьан буллуш бахнера
Вайн бенах сардам?

Кешнаш ду, чарташ ду
Дохийна дисна,
Азделла шовданаш
Саготта серса.
Гелаган цхьа бIов-м ю
Куц даза йисна,
Амма шех талхаро
Катоьхна дера.

Кхерчан цIе хьийзинчу
Дарцан кIур хьерча –
ЦIийнан кIур барал сов
Вон дац кхин довза.
Аьттачу ярташ тIехь
Аьрзалой кхерста,
Хиллачу къонахийн
ГIалартех довлий.

МостагIчо вайн кхерча
Кхийсира кхераш –
ХIета а дийна ю
Вайн дегнийн алу.
Нохчо шен орамна
Ца вели хера,
Ца шелби дайн кхерчах
Товжийна агIо.

ТIебогIуш некъ боцчохь
Кхуьуш яц кхане.
ДIахьовсал яраша
Хьулбинчу новкъа…

Вай дегайовхонах
Тахна ер кхачо,
Ткъа кхана латор ю
Дайн шира товха!

Хан кхаьчна чахчийна
ТӀулгаш схьагулдан –
ТӀулг ботта говза бу
Ламанан пхьераш,
Вай логгелц дӀатекхна
Бехкбоцу гӀуда –
Хьовзор ю Нашха чохь
Дахаран хьераш.

Иштта ду-кх ас деган
Лазамца зийнарг,
Дайн ага лаьттинчу
ТогӀешца кхерсташ.
Дахар а ма соцу,
КӀур байча цӀийнан.
Лаьмнашна дай оьшу
ЦӀе латто кхерчахь.

ЦӀе йоцчу цӀийнан бехк
Сайна а хетта,
Цу бехках хьулвала
Ас йоьхуш буьйса,
Набарах яьллачу
Тайниго бетта
Боберан мохь хеза,
Дагах чекхбуьйлуш.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. ХӀун хаьа шуна Нашхах лаьцна? Довзийта цу хьокъехь шайн хаарш.

2. Вайн генарчу дайша Нашха мичахь йиллина, боху авторо? Муха амалш йолуш адамаш хилла цигахь даьхнарш? ХӀун дезарш хилла цара деш?

3. Историн хӀун зама ю поэт Нашха веанарг?

4. ХӀун сурт дуьхьалхӀутту шуна, хӀара могӀанаш дешча?

Гара неI ас тоьхча,
ХьошалгIа восса,
ЖIаьла ца летира,
Дера «гIалх» детташ.

«Мила ву?» – аларца
Ца хези воккха,
НеI йоьллуш бер а дац,
Дуьхьала дедда.

5. ХIун бахьана ду Нашха, хьаша тIеэца стаг а воцуш, яьсса хиларан? Нашхана тIекхаьчначу бохаман къизалла муьлхачу коьчалшца бIаьрлайоху поэто?

6. Нашхахь цкъа мацах адам даьхна хиларан хIун билгалонаш гучуйовлу авторна? ДIатесна юрт стенца юсту цо? МаьIница даста могIанаш:

Нашха ю дайн ага
Теxкийна кIошта.

7. ХIун ойланаш кхуллу поэтан яьссачу юьртахь карийначу тайниго? Шен карзахъевллачу ойланийн хIун жамI до цо?

**Поэмин исбаьхьаллех дийца вай**

1. Муьлхачу барамехь язйина ю поэма? ХIун башхалла ю Сатуев Хьусайнан дош дашца нисдаран (рифмин), байташ могIанашка екъаран (строфикин)?

2. *Къух* дош хIун маьIна лелош ду поэмехь?

3. Нашхахь баьхначу нехан дахаран аматаш гойту дешнаш караде.

4. *Харачу дечиг тIехь декийра мерзаш* дешнаш далорца хIун билгалдоккху авторо? Стенан символ ю есачу юьртахь карийна тайниг?

5. Билгалбаха поэмехь авторо пайда оьцу исбаьхьаллин гIирсаш: эпитеташ, дустарш, символш.

6. Караде поэмехь авторо далийна кицанаш. ХIун маьIна леладо цара?

7. Билгалдаха таханлерчу нохчийн маттахь кIезиг пайда оьцу дешнаш.

**Вайн мотт кхиабе вай**

1. Дешнийн маьIна даста: *хьаст, хара, гоьза, гIера, кIара, саьккал, цхардоьлла, сур, цIелиг, гIуда, закъалт, кхардам, сардам, товха, чIана.* Царах пайда а оьцуш, аламаш хIиттабе.

2. ДIаеша Умхаев Хьамзата язйина «Нашха» стихотворени.

**Нашха**

Нана Нашха – нохчийн ага,
Деза совгIат Делера.
Хийла мостагIчо хьо ягий,
ТIамца вогIий арара.

Ерда-корта, Нахча хазе,
Яй лаьттина Моцкъара.

ЧIармах, ТIийста, КIайча юххе,
Нах багийна Хьайбаха.

Яцеб-коьртан когашкара,
Сахадийна, чIугъетташ,
Гих-хи догIу ХIийлахара,
Мокхаз даккъаш хедадеш.

Юькъа хьаннаш, бецан цанаш,
ТIулгийн лекха ламанаш.
Шира бIаьвнаш, маьлхан кешнаш,
Шал а шийла шовданаш.

Турпал Нохчо кхузахь ваьхна,
Нашхойн лаьттан да хилла.
Дерриг нохчийн тукхум, тайпа
Кху махкара схьадаьлла.

Болат туьрах суйнаш санна,
Керла мехкаш лоьцуш схьа,
Дуьне ма-дду уьш баьржира
Дайн кхерч тесна, гена дIа.

Нана-Нашха, хьан сий дойла
Везчу Дала даима.
Адмех юзуш, хьо денлойла,
Нохчийн къоман ирсана.

Сатуев Хьусайнан «Нашха» поэма а, Умхаев Хьамзатан «Нашха» стихотворени а, церан башхаллаш билгалйохуш, вовшашца юста.

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Нохчийн гIиллакх-оьздангаллехь коьртачу мехаллех цхьаъ ю шен лаьтта тIехь хьанал къахьегар. Иза муьлхачу дешнашца гойту Сатуев Хьусайна поэмехь?

2. Вайн дайша хьаша-да ларар муха гайтина поэмехь?

3. Поэто муьлхачу маьIнехь далийна ду *кIур байна* дешнийн цхьаьнакхетар?

**Шуна, хIума довза луурш**

Ширачу заманахь нохчийн коьрта шахьар Нашха хилла бохуш, дуьйцу халкъан барта кхолламаллехь. ХIора тайпанан аьлча санна, шира дийцарш ду, шаьш схьадовлар Нашхара хилла бохуш. Нашхахь, Моцкъара цIе йолчу юьртахь хилла, боху, нохчийн тайпанийн цIерш тIеязйина яй. Ши сту а бужий, сагIа доккхучу юьрта дIасхьахьош хилла бохуш дуьйцу и яй. Имам Шемалан заманахь и яй бохийна, боху. Нашхахь гуллуш хилла бохуш, дуьйцу, нохчийн тайпанийн векалш – Мехкан Кхел. Тахана дуккхаъчу наха шайн тайпанийн бIаьвнаш Нашхахь меттахIиттош ю.



## ЯШУРКАЕВ
## СайдаІелин Султан

*(1942–2018)*

Яшуркаев Султан 1960-гІа шерашкахь нохчийн литературе еанчу яздархойн йоккхачу тулгІенца (Дикаев Мохьмад, Хасбулатов Ямлихан, Кибиев Мусбек, Арсанукаев Шайхи, кхиберш) вацара, шен хенаца царна гергара хиллехь а. Султан кхолларалин новкъа царал тІаьхьа хІоьттира.

Яшуркаев Султан вина 1942-чу шарахь Хорачахь. КІентан ши шо дара, шен къомаца и махкахвоккхучу хенахь. Цуьнан тералла а, кхиар а дІадахара Казахстанехь. Шен халкъаца цхьаьна Даймахка вирзинчул тІаьхьа Султана юккъера школа чекхъяьккхира.

Нохчийн матте а, литературе а болчу безамо иза валийра Нохч-ГІалгІайн хьехархойн институтан филологин факультете деша. Иза кхиамца чекхъяьккхинчул тІаьхьа, шен накъосташца яхье а ваьлла, къоман бакъонаш ларъярехь къахьега долчу нигатца деша вахара Ломоносов М.В. цІарх йолчу Москварчу пачхьалкхан университете, юристан говзалла караерзо. Цу хенахь Іаламат хала дара, къаьсттана нохчичунна, Москварчу вузашка деша ваха, амма Султана кхиамца чекхъяьккхира иза.

Цул тІаьхьа Султана белхаш бира республикин талламан а, бакъонашларъяран а учрежденешкахь. Амма жимчохь дуьйна яздархо хила кхоллабеллачу, кхетаман кІоргехь бехачу лаамо иза валийра къоначу литераторийн «Пхьармат» цхьаьнакхетаралле.

Цуьнан декъашхой керлачу чкъуран векалш белахь а, Яшуркаев Султана жигара дакъалецира цхьаьнакхетараллин кхолларалин дахарехь. Цо кест-кеста йовзуьйтура ша поэзехь, прозехь язйина говзарш, дакъалоцура кхечара язйинарш йийцаре еш.

ХІетахь дуьйна цуьнан говзарш зорбане юьйлу республикин газеташкахь, «Орга» альманахехь, юкъарчу гуларшкахь («Сатийсаман анайисташ», «Іуьйренан аьзнаш», «Сатасаран сахьт»).

1988-чу шарахь зорбане елира Яшуркаев Султанан «Седарчийн буьртигаш» стихийн гулар, цул тІаьхьа прозин, поэзин кхин книгаш а.

Яшуркаев Султанан кхолларалехь билгалъелира цуьнан коьрта тема: жимчохь хийрачу махкахь лайна халонаш, хилла декъаза бералла, даймахке болу сатийсам. И тема цо поэзехь, прозехь кlорггерчу исбаьхьаллица яьстира. Ешархоша, литературин критикаша дика тlеийцира нохчаша цlерадаьхначохь лайначу lазапах долу дийцарш: «Напсат», «Хорбазан чкъоьргаш», «Картолаш», «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх» повесть. Царна тIехь дика гайтина кхалхийначара Даймахке сатийсар а, хьере хиллал хала еанчу оцу заманах, адамаллех ца бухуш, нохчий чекхбовлар а.

Нохчийчохь шолгIа тIом баьлча, 2000-чу шарахь, Яшуркаев Султанан юха а махкахвала дийзира. ТIаьххьарлерчу берхIитта шарахь цуьнан Iер-дахар дIадахара Европехь – Бельгехь. Амма шен сица, ойланашца иза даим Даймахкаца вара. Иза дика гуш ду цо тIаьхьарчу шерашкахь язйинчу говзаршкахь.

Цуьнан кхолларалехь юха а денъелира керлачу басаршца, керлачу васташца, керлачу шовкъаца даймахках къастаран тема. Яшуркаев Султана публицистикин жанрехь оьрсийн маттахь язйина «Кескаш тIехь сизаш» книга Европин дуккхаъчу меттанашкахь, гочйина, арахийцира. Султана даим кхоллараллин зIе латтайора Нохчийчоьнца, цо керла язйина стихаш, статьяш кест-кеста зорбане юьйлура цIахь арадовлучу журналашкахь, газеташ тIехь. Цо нохчийн литературехь йитина лар йовр яц цкъа а.

**Хаттарш**

1. Маца, мичахь вина Яшуркаев Султан?
2. Мичахь дIаяхна цуьнан бералла?
3. Мичахь дешна хинволчу яздархочо?
4. ХIун ю яздархочун кхоллараллин коьрта тема?
5. Яздархочун говзарийн цIерш яха.

## МАЬРКIАЖ-БОДАН ТIЕХЬ КIАЙН ХЬОЬКХ

Денош кхо дагар а ца дора. Хаьара, уьш дуккха а хир дуйла, амма и хьесапе а дацара. Коьрто шен болх бора, когаша некъ бустура. Цхьатеррачу эшарехь гIулчаш йохура цара, хIара шайца воцуш санна. Гира «вещмешок» – боккха гатанан тIоьрмиггий, когашший бара новкъахь гуш берш. ХIара ша… Симпалатехь хIара кеман тIе хууш, тIоьрмиг дIабаста а ца элира цхьаммо а. Некъахьовзам кхунна Алма-Атахь хилира.

Билетийн регистраци еш, тIоьрмиг тIебиллийтира. И берхIитта кийла хилира. Багаже дIабала беза аьлча, кхо, лур бац, элира. Оцу

тIехула, йол-йолуш, галъелира кхунний, аэропортан белхахочунний юкъара юкъаметтиг… ТIоьрмиг дIабаьстира. Цу чохь леррина тодина, дIанисдина кIайчу кIадин кегий тIоьрмигаш дара, цIечу цуьргашца бисташ а дихкина. Уьш пхиъ бара. Массо а дIабаьстира. Массарна чохь адамийн даьIахкаш яра… ХIара лартIехь хиларх шекбевлира… Долийра: «Мичара?», «Стенга?», «ХIунда?» Кхо цхьа жоп делира… И даьIахкаш шовзткъе доьалгIачу шарахь Казахстанехь кхелхинчу кхуьнан доьзалан яра, шен маххахь дIайохка цIа йохьуш… Да, нана, зуда, кIант, йоI…

Казахстанера цIавеанчул тIаьхьа хIора шарахь воьдура хIара царна тIехIотта.

Кхушара, цкъа Iуьйранна сама а ваьлла, хьала ца гIоттуш Iаш, хьалха доккхачу тезетан сурт хIоьттира. Ша лехира тезетахь, амма кара ца вора. ХIара хилча, кхуьнца хинболу Вахий, Баудий, Дикий ойлане льатташ бара, ткъа хIара цаьрца вацара. Кхо тезете ладуьйгIира. Массара йохуш шен цIе хезара. Кхийтира: тезет кхуьнан шениг дара. Цец а ца велира, воха а ца вуьйхира. ХьалагIаьттина, ша велча дIаволла гоьнах дIадиллина ахча дагардира. Кхо бIе туьма нийсса дара. Мустапе делла бIе туьма а дара кхуьнан. Ахча-м кхо хьалхалерчу хийцаделлачу ахчанан хьесапехь лорура. Дагардина ахча юха шен метта дIа а тардина, хIара Мустапа волчу вахара. Гезаршка ваха араволу Мустапий, хIарий ке-бертехь дуьхь-дуьхьал нисвелира. Цхьадика, ахча схьадалар нисделира Мустапин. Оцу дийнахь кеманна билет эца гIала ваханчу кхуьнан цигахь а аьтто нисбелира. Иштта новкъавелира хIара, шен шича йолчу Зайдатна тIе бежанан Iуналла дар а диллина… Симпалатера Семеновка олучу хIорш Iийначу юьрта автобусаш-м хIинца шортта лелара. ХIара-м автобусан шоперна а вевзира. Билеташка хьожуш, кхунна тIекхаьчча:

– А-а, дед, снова приехал, – элира цо, вела а къежаш.

– Иснова, – билет дIакховдийра кхо. Юха и схьа а оьцуш, тIетуьйхира: – Больше не пиръедем, – амма, и шопере дара а я шега дара а, ца хаьара.

Шен дешнашна дегабаам бина-те кхо аьлла хетаделла шопер бехкалвахара.

– Ты что, дед? Обиделся, что ли?

– Нету, нету, – кIеззиг къажар делира кхуьнгара…

БIе ткъа километр некъ хьалхалецира автобусо. ХIара ткъе ворхIазлагIа вогIуш вара кху новкъа. ТIаьххьарчу ворхI-бархI шарахь-м шера асфальт биллинчу новкъа атта йоьдура автобус. Автобус а кхин яра – «Икарус». Цо делкъале кхачавора Семеновке. Iодо кхоьссича санна йоьдура и, некъа йистера ялташ дагардеш. Кхунна хIора кол а евзара кху новкъахь. Кол-м ян а яцара. Аьхкенан малхо къиза ягийна, хьакхаделча, куьг а хадор долуш, нилха яьлла йоца, ира буц яра. Цхьа IиндагI а дацара бIаьрго ма-лоццу дIа анайистах хотталучу шерачу, ялта эрина чIанаяьллачу арахь. Арен тIе йижначу йовхонан юькъачу тоьвнан тулгIеш хедош йоьдучу автобус чу довха хIо детталора… Шовзткъе пхоьалгIачу шарахь кхо гIаш бинарг бара хIара. ХIетахь-м хIара берриг а гIамаран бара.Ког бaьккхича, мачаш къайлайовлура, чуьра когаш а багош… Берлин йоккхучу деношкахь йира кхунна чов. ЧогIа а йира. ХIара-м, велла аьлла, массарна а даьккхинчу «вежарийн коша» верзийра. Кхунна кхетаман кIоргехь хаьара, ша ца веллий, амма и ала ца лора. Хаалора тIетуьйсу латта а. Кхунна шена а ца хаьа, ша кошара хьала муха велира…

Цхьа а теша ца тешара, я хIара цхьа а тешо ца гIиртира… Госпиталехь масех бутт баьккхича:

– Iожалла тIекхаьчча, хьо вала а ца вели. ХIинца хьайна ма-тов вехар ву хьо, Саидов, – элира хIара араволуш лоьро.

– Мине ишо много жить надо… – Кхунна хIетахь оьрсийн мотт хIинцачул дуккха а дика хаьара. Я, хIинца иштта хетий а, хаац…

Мотт кхо дукха цабиийцарой, куча хьалха шина магIарехь йолчу орденаший, мидалший валийра хIара цIа. Нохчий бохийна бохург-м кхунна хезнера. Амма хIара шатайпана кхийтира оцу гIуллакхах: «КIиллой, яьсса хIуманаш, шайн халкъ а, мохк а боьхкинарш лаьх-кина хир ю, халкъ дохош ма ца хуьлу...»

Шилхоте хIара буса хан яьллачу хенахь кхечира. Наг-наггахь летачу жIаьлийн бен, гIара-тата дацара юьртахь. Куьг тоьхна шен доьхка а, коч-куй а тодина, дIатеттира кхо шайн цIийнан неI… И чоьхьара зайл боьллина яра! ХIан-хIа, зайл боьллина а ца Iара, кхин а гIортор яра хаалуш. Корехь богуш гуш хилла чиркхан къуьда а дIабайра… ХIара дега кхайкхира… Юха – нене… Шен зудчун Сепетан цIе яккха эхь хийтира… НеI ца йиллира. Оцу балхо чот яйъина, шен тIоьрмиг уча хьалха охьа а биллина, ден вешин керта

вахара. Изза болх хилира цигахь а. Деган кӀоргера цхьа шеконан шад бара меттаххьан гӀерташ, амма кхо, цхьа хӀун ю а ца хуу йозалла тӀетаӀайой, иза хьала ца болуьйтура.

Ден вешин кертара дӀа хӀара юьртах чекхвелира. Шовзткъе шолгӀачу шарахь шеца эскаре виг-вигначун керта воьдуш. Амма массо а неӀ чоьхьашха гӀортор хӀоттийна яра, я жоп луш а яцара. ТӀаьххьара кхо ВисхангӀеран неӀ туьйхира. Висханан кӀант Ӏумха а вара кхуьнца тӀам тӀе цхьаьна баханчех. ХӀара шиъ ши доттагӀ а вара… Цигахь а дӀаяйра чиркхан бахьана… ТӀаккха – я оьгӀазвахаро, я вохаро – кхуьнан кийрара цхьа мохь баьккхира:

– Ой, цхьа а нохчо ван а вуй кху кертахь?! – И, йилбазниг хилла, лаьмнийн кхоьлина Ӏачу баххьеххий, кхуьнан хьеххий дӀасхьабетталуш, цхьа хан елира. ВисхангӀеран неӀарх чекх вистхилира цхьаъ-м:

– Нохчий дац кхузахь. Нохчий арадаьхна… Абургаш доцурш, нохчий дац…

– Мича бахна нохчий? – хаьттира кхо, шен кийрахь меттаххьан гӀерташ хилла шад боккха хуьлуш а хаалуш.

– Сталине хатта ахьа и… Хьо дӀа ца додахь, аса топ тухур ду хьуна, – жоп а, кхерам а кховдийра суьйличо.

Луьйриг суьйли вуй-м кхунна и дуьххьара нохчийн маттахь вист ма-хилла хиира. Воккхо стаг волу таро а яра… ХӀара ма-воьдду Веданан милице вахара. Дежурни – оьрси, лакхара лейтенант вара. Цуьнца – суьйли сержант а. ДӀатаьӀначуьра самаваьккхина дежурни дикка хьийжира кхуьнга.

– А где мой отец, мать, жена, ребенка, чечен – люди где? – кхо деллачу хаттарна жоп лоьхуш а вацара и.

Цо, хетарехь, кхунна хьалхара орденашший, медалшший ягарйира шозза-кхузза, цхьана хӀуманах кхета гӀерташ: «ХӀара цхьа Ӏовдал ву-те я, кечам а бина, хӀилланца тӀелата веана обарг ву-те, шеца кхин а накъостий а болуш?» Оцу ойла-хаттарна хӀара цхьаъ хилар чӀагӀдеш деанчу жоьпо самукъадаьккхира лакхарчу лейтенантан… Къамел, кхунна махкара дӀавала ткъе диъ сахьт хан а луш, дирзира. Веданан базарахь суьйличуьнгара боккха бакъийна ши дума а эцна, новкъавелира хӀара. ХӀаъ, оцу базарахь кхийтира кхунах Алексей. И Шилхотерчу докехь механик болх беш вара. Кхо а бинера цхьана юккъехь докехь болх.

– Ой, Мада, хьо вац иза? – тIевеара Алексей кхунна, ша гале хIара гина.

– Ву, дера, – Алексейс кховдийна аьрру куьг лецира хIокхо, аьтту пхьош доьхканах чекхдаьккхина дара.

ХIокхо пхьуьйше бIаьрг тухуш гиначу цо, ша цхьа бехке волуш санна, йиш-маIаш йира, могуш долу куьг ластош. Къамел ца тасалора.

– Ахьа-м вон ца бина тIом, – элира Алексейс, кхуьнан совгIаташна тIехьажар кхуссуш.

Кхо кхин жоп а ца делира. Вукхунна хаьара, шега кхуьнан долу хаттар. И-м кхуьнан бIаьргаш чохь а хир дара. Алексейна хало дара ша санна тIамехь а Iийна цIавеанчунна жоп дала. «ЦIавар-м мича ду кхуьнан хIара дан а», – тесира дага.

ХIан-хIа, и ца валавелира кхуьнан хаттарна кIелхьара.

– Валол, ваша, цхьацца цигаьрка хьарчае вайшиммо…

Веданан ширачу гIопан пенах охьахирцинчу тIулгаш тIе охьахиира хIара шиъ. Шен аьрру куьйга кхочул хьалха хьарчийра Алексейс цигаьрка. Цунна ша хьалхавала лаьий хиъначу кхо бала а белира цунна и толам…

– Ну, кхетий хьо… Цкъа хьалха юьртахь мел верг тхоьга а, школерчу хьехархошка а дIаязвайтира… ТIаккха массо а – жима а, воккха а – боьрша стаг, собрани ю аьлла, школе гулбира… Кораш тIе пулеметаш хIиттийра… Юха, цхьацца доьзалш ара а бовлуьйтуш, машенаш тIе бехира… Ков-кертахь мел дерг а дисира, эцца зударша, бераша катоьхна схьаэцна доцург… Юьртахь бежанаш Iоьхура, жIаьлеш доьлхура… Цеццдевлла Iадийна бераш-м делха а ца доьлхура. Ирча сурт дара… Къа-м хийтира… Кхин хIун дийр дара оха… Церан бехк боций а, хаьара… Амма хьаьнга эр дара и? Мила вара ладугIуш? Бехке беш болу обаргаш бисна. Тхоьга неI йоьллуьйтуш а бац… – Шена хьалха болчу тIулга тIе а хьоьжуш дора Алексейс и къамел, цуьнга деш санна. Юха кхуьнга хьалаайъира хьажар. «Ой, хIунда?» бохучу кхуьнан бIаьргашна дуьхьалкхийтира. Шен боцу бехк хетаро юха а тIулга тIе даьхьира.

– И хууш цхьа а ма вац. ХIун эр ду аса хьоьга оцунах лаьцна? – жоп дацара Алексейс кхунна дала. ХIара кхийтира, и цахиларх. – Массо а немцошца бертахь хилла, боху. И бакъ ма дац. ТIам тIе маса вахна? ТIом болуш дезертираш-м хьенан ца хилла?.. Армеш а кара

ма эхийтина… Власовцаш хьуна а гина хир ма бу… Обаргаш-м, кху Къилбседа Кавказехь мел верг; кху вайн хьун йолчу лаьмнашка ма вогIу. Азера болчех а гина суна-м кхузахь лаьцна обарг. Нийса-м, обаргаш схьа а лецна, миска халкъ Iаддитинехь, хир дара… – кIорггера баьккхинчу цигаьркан кIуьре хьарчийра Алексейс ша хьалагIоттуш. Юха: – Извини, брат, – аьлла, шен цхьа куьг диллира кхуьнан белш тIе.

И я шена бехк ма билла бохург дара, я дерриг а халкъ эзар шерашкахь Iийначу махкара даккхарна ма билла бохург дара, хIара кхета а ца кхийтира, я вистхила карх а ца делира… Къаьсташ, шен махорка кхуьнан кисана йохказа ца Iийра Алексей…

Соьлжа-ГIалахь:

– Казахстан билет дай, – аьлча, мича ваха веза хууш санна, Симпалате билет делира кхунна кассиро.

Кийрахь буьззина цхьа беза мохь а ойуш велира хIара вагон чу. ТIаьхьа кхийтира: и мохь цIерпошто тIаьхьабуьтуш болу Даймохк хиллера. Рельсийн хоттаршка етталучу чкъургийн гIар-татано и мохь тIаьхь-тIаьхьа базбеш, кхечира Симпалате. Вокзалан хьалхарчу гIамаран майдана ваьлча когаш юккъехь, даьндарг санна, хьаьвзинчу шайтIанан махо сингаттаме къовзош хьовзийра са. Юха дегIах, коьртах чекхболуш ирхбахна, буру санна, стигалах буьйлира и. Цхьа даьсса, гIорасиз, хIуп-аьлча хаьрцар долуш хийтира шен зоьртала дегI. ДегIаца а, ойланца а дегайовхонах хIума ца дуьтуш бахначу махо хедийна, тилораш йина дIадаьхьира хиллачуьнца хIара хоьттина хилла теш. Хьалха дерг хIун ду а, ца хаьара. Кийрахь анайист йоцу есалла яра...

…ТIом луьра бара. ХIора дийнахь, сахьтехь, минотехь оьгура накъостий. Цхьана дийнахь ша вожа тарлой а, хаьара. Амма кхерам бацара. Кхехкаш тIом белахь а, и дахар дара.

Накъостий… забар, бийлар… Хинболу толам а бара хьалха лаьттачу эшамна чекх гуш. ГIамаран майдан тIехь хIумма а дацара. И доллучун а важа, яьсса, агIо яра. Аз а, къинхетам а боцуш. «…Мацах немцойн пулеметаш кIел атаке воьддучохь вийра-те со? ХIара дерриг а цул тIаьхьа… бакъ дуьне, къемат-де олург?..» – аьлла, хьакхаделира синхаамах, амма «нохчий арадаьхна» олуш ВисхангIеран неIар тIехьара деанчу суьйличун озо хаийтира, мичахь ву. Карладаьллачу оцу озо, шад тоьхна, новкъаваьккхира хIара…

Халкъан бартан пошто хоуьйтура нахана, мила мичахь ву. ДӀасхьадала йиш йоцчу адамо кхоьллина гӀирс бара и. Эзар километраш бартара-барта некъ беш кхочура хабар, кхаъ: «ХьенехгӀар эццахь бу, минехгӀар – кхузахь…». Оцу хабаро верзийра хӀара а Семеновка юьрта боьдучу новкъа…

Буьйса юкъал тӀехъяьлла хан яра, хӀара Долоне кхаьчча. Эвла юккъехь цхьа йоьхна ферма тайпанчу хӀусамехь буьйса яккха сацам бира. ГӀу а яра оцу гӀишлона хьалха. Адамийн куьйгаша шарбинчу бехачу, аьчкан хӀазарца вовшаххоьттинчу шина ургӀал тӀе тесна дечиган ведар дара. Кхо хи оьцуш, буьйсанан тар хадош, цӀевзира заразакъ. Цо самадаькххина, «гӀалх» элира, гуш дацахь а, амма генадоцчу цӀенойн кертахь жӀаьло. Шийлачу хино, дийнахь малхо Ӏийжийний, гӀамаран кӀохцалгаш леттий юьхь там беш ягайора. Хих Ӏаьбначул тӀаьхьа хӀара дикка Ӏийра, ведар тӀера хьала ца айалуш. Юха шен хаьн тӀера салтийн хутум, чуьра мела хи дӀа а ластийна, шийлачух юьзира. Эццахь буьйса яккха хӀоьттина ойла хийцаелира. Эвлахь нохчий хаалора дагна. Корера коре а хӀуттуш, ладугӀуш волавелира урамашца… Цхьа а чиркх бацара юьртахь богуш. Юхавеара гӀу йолчу. ДӀатаӀа шен тӀоьрмиг чуьра тужурка схьайоккхуш, юха а дагадеара, гӀишло чу вижа ша аьлла. УргӀалийн кертана тӀех а ваьлла, ферми тӀе вахара. ЙогӀуш даьхнин хьожа цахиларх хьесап дира, и дӀатесна ю аьлла. Пхоьазза йолучу тоьпан патармийн чкъоьргах йина цӀелаториг латийча, шена аьрру агӀор болчу пенаца аннийн неӀ гира. ДӀатеттира. Кхийтира, и арахьа еллалуш хиларх. Оллаелла йоккха чӀуг а хааелира куьйгана.

ХӀара чоьхьавелира. Егочу серлоно кхин цхьа неӀ а гучуяьккхира. И гушшехь, хӀусамехь адам хиларан хаам а хилира, амма и стен бина кхетта валале, хӀокхо неӀ йиллира. Чоьхьаваьлча, схьатоьхначу хьожаной, цӀелаточун можачу серлонехь гинчу суьртой, меттах ца волуьйтуш, Ӏадийра. ЦӀаьнкъахь а, нийсса дуьхьал болчу пенаца йинчу паднар тӀехь а, ког билла меттиг йоцуш, Ӏоxкуш адамаш дара: зударий, бераш, баккхийнаш… Цхьа «хар», цхьа узам бара массо а адамо бийриг.

– Нохчий! – аьлла, шен баьлла мохь а хьош, кийрахь мохк бегош тохаеллачу белшаша таӀийна, ша волччохь голашка ваьхьира.

Цхьа хан елира…

– Мила ву хьо? – хезира паднар тӀера схьа воккхачу стеган аз.

– Нохчи ву-кх со а, – къурд бира кхо, дегочу дегІана, озана дола дан гІуртуш.

– Мичара вогІу-те хьо? – дуьненан хІума башха хеташ дацара аз.

Боккха мохь бара и аз даздинарг: шераш, хІара тІекхаьчча дакъа…

– ТІамера вогІу со, – хезира кхунна шена чуьра дуьйлу аз. – Гергара нах лоьхуш… – тІетуьйхира оццу озо.

– Цигахь воьжнехь тоьллера хьуна, тхо гучул, эхІ… – элира воккхачу стага, хетарехь, хьалагІоттуш.

– ХІара ма доккха хІума ду! – элира кхо.

И-м шега аьлла дара, амма и, саца а ца делла, арахьаьдира.

– Делан болх бу, Делан болх... – хьалхалеррачу эшарехь деара жоп.

– ХІара дан бакъо хьенан ю?..

– Бакъо?! ЭхІ!.. Бакъоне ладоьгІуш мила ву?.. ЭхІ… Вай… да воцуш доьзал бу, сан кІант, эхІ… да воцуш. Да воцчу доьзална тІехь хІуъа дан а йиш хуьлу, эхІ…

– Ой Советан Іедал дацара вайн да, аша даьккхина?..

– ХІаа, Советан Іедал… Вара, сан десара, диканиг а волуш-м. Оха даьккхина а ма дара, эхІ… Амма саьрмак хии-кх цунна тІе… боккха… эхІ… Дера хии… – ХІинцца ян йолийна яцара воккхачу стеган ойланаш.

Кхунна хезнарг церан цхьа тилор дара. И хьалагІаьттира.

– Зударий, шайн догІмашна дола де, чиркх лато беза вай, – элира цо, хетарехь, и лато шена ницкъ а лохуш. – Латаел и хьайн цІетуху, – дийхира кхуьнга…

Кхушиммо чиркх латийра. Шайн кучамаш тойинера зударша, амма эттІа уьш гІийла лачкъар дара эхьана.

– Йолу цамгар ю тхоьгахь, кху чохь, – элира воккхачу стага.

Цуьнан кхузткъе итт шо хир дара. Цхьана хенахь куц долуш а, доьналла а хиллачу цуьнан дегІа тІехь замано шен хирг динера. Ша охьатеІочу халонна къар ца ло и, каг ца луш, сеттина, хІазаре дахнера. Кхуьнан хьажар лаьцна:

– Кегийчарна лан хало ду хІара, – элира цо, ойла йоьшуш санна.

Эццахь чувелира ши жима стаг. ВуьрхІитта-берхІитта шераш хир дара цушиннан. Вочуваьллачу шина кІентан бІаьргаш, кІорге чуэгна, халла бен ца гора. Ирахь муха лаьтта-те аьлла, дакъаделла дара ши дегІ.

Карахь ведаррий, горгачу баьпкан йолийна булкий, четахь кхин а цхьацца хIума а йолу и шиъ Iадийна лаьттара, кхунна хьалхарчу мидалша вохийна.

– Кху шина кIанта дала ца дуьту тхо… Шаьшшиъ леш воллу, тхо ца долуьйтуш, – элира воккхачу стага, кхунна охьахаа меттиг нисъян а гIерташ. Юха, цушиннан вохарх кхетта: – ХIара-м вайн ваша ву, шуна, комендант вац.

Оцу дешнаша дIахецначу шина кIанта мужалтан хьесапехь дуткъа цастарш дира баьпках. Четара схьаехира кIайн-мокха якъийна деман галнаш санна йолу казахийн тхевнаш тIера лачкъийна кхурташ олу хIуманаш.

Воккхачу стага:

– Кхоам бу-кх шуьшиннан, ши кIант, чувуллур ву-кх шуьшиъ, – аьлча, кхийтира хIара, шура а, бепиг а, кхурташ а лачкъийна хиларх.

Юха а легашка бовха шад хьаьдира.

– ХIокху метта охьахуур ву-кх хьо, – элира воккхачу стага, паднара йистехь ша яьккхинчу меттиг тIе куьг а ойуш.

– ХIан-хIа, воккха стаг, охьахуур вац со, – элира кхо, цунна улло хаа товш ца хетта.

– Э-э-э, дIавала, и гIиллакхаш лелочуьра дIадаьлла хIара, сан кIант, схьавалал хьо, охьахаал аса боххучу, – элира цо, ша хьалагIаттаро а, хIоккхул динчу къамело а кIадвиний хоуьйтуш.

ХIара охьахиира. Шовзткъа-кхузткъа стаг, зуда, бер хир дара йоккха йоцчу чохь. Цхьана сонехь йина нохчийн пеш яра. И пеш, паднар бен, хIумма а дацара чохь. Бийшинчарна кIел дукхахьолахь ча дара. Наг-наггахь – ча тIе тесна тиша гоь, модех дуьзна юргIа… Чувеачхьана шсна йогIург докъан хьожа юй хаьара кхунна, амма воккхачу стеган къамелана юккъехь и ца хьахош Iийра…

– Докъан хьожа йогIу-кх кху чохь, – элира эххар а кхо шен дегIан лазаршка я ойланашка ладоьгIуш тийначу воккхачу стаге.

– Докъан хьожа-м, дера, хедаш а ма яцара кху чохь, – жоп делира вукхо, корта ца ойуш.

– Хьожа хилла ца Iаш, кху чохь велла стаг ву аьлла, хета суна, воккха стаг, – тIетуьйхира кхо, шена хетачух шеко йоцуш.

Кхурташ ягаръеш волу ши кIант а ладугIуш сецира.

– Ахьа баккъал а боху? – хьаланисвала гӀоьртира воккха стаг ша волччохь…

Юха хӀара шиъ, чиркх а карахь, дакъа леха вуьйлира де эшна бийшина Іохкучу нахана юккъехь…

– Тхо маситта доьзал бу кху чохь.

– ЦӀера мичара ду шу?

– ГӀойтӀара ду тхо. Ши доьзал АтагӀара а бу тхоьца.

– Хьо мичара ву?

– Хорачуьра… Веданан кӀоштара…

– Евза Хорача а. Къонахий бийлина юрт яра. Цхьана Зеламхин а бара мехкан мах.

– ХӀара стаг ву-кх кхелхинарг, – элира кхо, юккъера хан йолчу стеган шелделлачу дегӀах куьг ма-кхийтти.

– ЭхӀ, пекъар, Іумар-Іела, хӀинца аттачу вели-кх хьо а, – агӀор Іуьллу дакъа нисдира воккхачу стага.

– ХӀара иштта чӀогӀа ву аьлла а, вацара со. Кхо-диъ де бен дацара воьжна а. Сан шичин кӀант ву хӀара… ГӀойтахь Деникинца тӀом беш, сан карахь кхелхира кхуьнан да а… Шен хенна кхелхира, кхузахь мезаша вууш кхалха цависар шен ирс хиллера, – гуш дара, и къамел цо ша-шега деш хилар, цундела хӀара вист а ца хуьлура.

– Сени чу вилла веза вайша хӀара сахиллалц, – олуш, воккхачу стаге дӀакховдийра кхо шегара чиркх.

Хьалаайъира дакъа. Цуьнан дай хиларо и адаман дакъа ду аьлла а ца хетийтира. Мезаша сийсош долу и са чохь хетара. ХӀара шиъ и дӀанисвина волуш, сатасаран серлонан томмагӀаш дего дуьйлира неӀаран херделлачу аннех чекх а, цхьана бӀаьрга тӀуьйлиг йоьллинчу корах чу а.

– Хьаша, ахьа накъосталла дахь, хӀокху берашний, зударшний ца оьхьуш, дӀавуллур вара хӀара пекъар, – элира воккхачу стага.

– Ахьа хӀун дуьйцу? Накъосталла дахь, ца дахь бохург хӀун ду? – элира кхо, воккха стаг шех шеквалар новкъа а догӀуш.

– КъинтӀераваьллахь суна, сан кӀант, деэшар ду хьуна аса дуьйцург, дан-м.

ТӀера хӀума дӀаяьккхина, хи кхерзира кхушиммо тӀе сийна тӀедарчий хӀиттинчу докъах. Юха, ара а яьхна, егийна, тӀеюьйхира бедарш.

– Баларш дукха хиларна, марчонна хьарчо хIума ца йисна вайн, – элира воккхачу стага, кхуьнан хаттарна жоп луш санна.

И «вайн» алар хIара тIеэцар дара… Цхьа-ши ге кIорга каш а даьккхина, дIавоьллира кхушиммо Iумар-Iела.

– Докъа-ламаз-м суна цкъа а ца хаьара, – элира воккхачу стага, хIинций-хIинций цо цхьа аят доьшу я кхин дан дезарг до бохуш лаьттачу кхуьнга. Юха тIетуьйхира: – Дерриг а Далла дика хуур ду. ХIаъ, Цунна хуур ду… Зудий, берашший стохккехь дIадевллера кхуьнан, – хьалаайавелира и кошан барза тIера…

– ЦIе хIун ю хьан, кIант? – хьаьттира хьара шиъ юьрта кхаччалц вист ца хуьлуш веанчу воккхачу стага.

– Мада ю сан цIе-м. – Юха хIокхо шаьшшиъ кешнашка веачхьана шена тIаьхьара цадериг хаьттира: – Воккха стаг, и вайша хилла кешнаш дерриг а нохчийн дуй?

– Сан десара ду-кх, – хораме дийкира жоп. ХIара шена бIахойн духарца гичахьана хатта лиънарг дара: – Хьо лелачохь Дудаев Ваха цIе йолуш кIант Iоттавелла хир вац хьох? – аьлла, делларг а.

ХIара кхийтира, цо хоьттург шен кIант вуйла. Амма кхунах и ца Iоттавеллера. И алар бен, кхин хIун жоп лойла дара?.. Оцу жоьпо кхин схьагуш цатам а ца бира воккхачу стеган юьхьа тIехь. Кхано, цхьа хан яьллачу хенахь, кхо ечу ойланийн зIе хадош:

– Ши кIант вигнера вайн чуьра а тIам тIе… Цхьаъ-м Сталинградехь кхелхина аьлла, кехат деанера вай цIера а дахале, вукхунах хезна хIумма а доцу дела, хоьттура аса-м, – аьлла, шен ойланашка вахара иза юха а.

– Сталинграде-м со а ма нисвеллера хьуна, – элира кхо, шена цигахь цуьнан кIант цагарна ша бехке волуш санна хеташ.

ХIара шиъ цIакхаччалц, кхин вист а ца хилира важа.

Малх гIеххьа лакхабаьллера. Цхьадолу бераш арахь дара. ХIинца дика гуш йолу нохчий чохь Iаш болу гIишло тишделла говрийн божал хиллера… дIатасале. Малхо човхийна мажъеллачу баца тIера, кегий нодарчий санна, горга хIуманаш юуш дара дукхахдолу божа а, зуда а, бераш а. Бай тIехь шиъ-кхоъ гоьнан, юргIанан тIуьйлиг яра. Хетарехь, тIера мезий дего тесна. Воккха стаг чу а вахийтина, буц юучу берашка хьажаро сацийна лаьттара хIара. Цхьанаэшшарехь, дIалаьхкина Iахарий санна, дежара дерзина бераш бай тIехь. Оцу берийн хIора

меттаххьарца шега лаза ма-ллу хIара лазош дагах меллаша чекхбуьйлура цхьа аьрта, дегабааме синхаам.

Чохь долу адам мелла а жимделлера.

– ИрахIотталушверг балха вахна, – элира кхуьнан хьажарехь хаттар гинчу воккхачу стага.

И паднар тIе дIатаьIнера. Гуш дара, и кIадвелла а, могуш воцуш а хилар, кху балхахь ницкъ мел оьшу хууш, и ларбан гIертар а... Амма дегIера ницкъ тоххарехь дIабаьллера. ДегI лаамо латтош дара. И бара воккха стаг мал ца веш берг а...

– Мацвелла хир ву хьо. ХIума кхалла еза ахьа, – олуш, гайтира кхунна латоза йолчу пилти тIехь шина кIанта лачкъийна деанчу баьпкан частар а, Iаржъеллачу наштаран куршки чохь бух къайлабоккхуш йоьттина шура а, улло йиллина ши кхурт а.

И воккхачу стеган дакъа дара. Кхунна дагатесира, ша Симпалатера схьаваьлчхьана, мелла хи доцург, хIума кхаьллина цахилар. Амма юучух бат тохалур йолуш хьал дацара кхуьнгахь дерг. И юург воккхачу стагана улло йиллира кхо. Амма и кхунна вевзинера. И яхьйолуш вара. Къонах стаг волу таро а яра. И цо юур яцара. И муха йоуьйтур яра-те бохуш, ойла ечу кхо чIагIдира:

– Воккха стаг, вай кхоьллинчу Делор, со и хIума яалур йолуш а ма вац, и ахьа, дIа а эцна, яа ца яахь, воьду-вуьту доцуш, хьуна чIогIа дегабаам бина, дIа а гIур ма ву.

– ЭхI, ма юьхьIаьржо ю хIара, – воьхна, ша волччохь хьаланисвелира и.

ТIоьрмиг баьстина, Симпалатехь эцна беттина чIара а хьалха биллира кхо.

– ЭхI, ахьа иштта аьлча, кхоллур ю аса хIара... Сайн де ца эшийта. Вала-м хала, дера, дацара. Делахь а, со кху нахана оьшу дела, ирахьлаьтташ вара со... ХIара чIара дIабилла. Хьо гена некъ бан дезаш ву, – тIехьарчийначу кехатца юхатеттира чIара.

– Ахьа цу чIеран, даьIахк йоцург, хIума бухахь йитахь а, вайша оьгIур ву хьуна, – элира кхо, чIара юха а тоттуш.

ТIаккха, госпиталера дуьйна дохьуш долу кIайчу тIоьрмиг чуьра шекаран бIаьлгаш а эцна, аравелира. Хьалха санна, буц юуш дара бераш. Цхьадерш, гуттар гIийланаш, малхехь набарш кхетта Iохкура. Массарна а цхьацца шекаран бIелиг белира кхо...

– Ваша, сан да вогӀур вуй, хьо санна, цӀа? – хьаьттира цӀена сийна ши бӀаьрг болчу жимчу кӀанта.

– Дера вогӀур ву.

– Цуьнан а хир ма ду, хьан санна, хьалха оьхкина дашо, дато соьмаш, дуй, ваша? – хоьттура кӀанта.

– Вашичул а дукха-м хир ду, – тешийра, маравуллуш.

– Ваша, со а воллахьа мара, – аьлла, тӀевеара кхин цхьаъ а…

– Со а... со а... со а... – бохуш, тӀеоьхура бераш.

Массо роггӀана орденех, мидалех хьакхавала гӀуртура… Чувоьдуш, кхуьнан тӀехьашха егочу белшашка а хьоьжуш лаьттара бераш…

Юха а дӀатаьӀна Ӏара воккха стаг. ЧӀерах хӀума а кхаьллинера жимма… тӀехулара чкъор.

– Баркалла хьуна, Мада. Дала дукхавахавойла хьо, – элира, хӀара чуеача.

Шен тӀоьрмиг чохь дисина шекаран бӀелигаш пеша тӀе охьадеххкира кхо.

Воккха стаг кӀегархиира.

– Мада! – аьлла, жимма соцунгӀа хилира. – Хьо новкъа воьдуш стаг ву. Хьо тхуна тӀе дуьххьара нисвелла. Семеновке кхаччалц новкъахь мел йолчу юьртахь вайн вежаршкахь, йижаршкахь ду хӀара хьал. Цигахь а ду бераш а, дӀадохка декъий а, мацалла эгнарш а.

Къамел дешшехь, кхо тӀоьрмиг чуьра схьаэцна охьабиллинчу дуьми тӀе кхечира. Дикка хьийжира цуьнга.

– Сан десара бу хӀара дума ДегӀастанара.

Меллаша, дийнна дуьне айдеш санна, караийцира. Барула-можа дума малх санна хетара воккхачу стеган карахь. И меттах ца хьовш, цхьа хан елира. Кхунна гора цуьнгара хьал. Кхачан тӀе боьжна бацара цуьнан бӀаьргах баьлла, юха юьхьа тӀерачу хершнийн боьрах чухьаьдда дуьман тӀе кхетта тӀадам. И генарчу, орамца бухдоккху дитт санна, воккха стаг ваьккхинчу Даймахка тӀе кхеттера. Оцу тӀадаман аз доцчу татано деа шарахь бомбанийн, гранатийн, яккхий-тоьпийн татанех воьлла волчу кхуьнан лерехь пот хӀоттийра…

– Со, ма-воьдду, цӀа вахнера. Вай цӀахь ду моьттуш. Цигахь ийцира аса хӀара цхьа-ши дума, – кхетийра кхо воккха стаг.

– Шиъ бах ахьа? – дӀадолийра цо шен юкъахдаьккхина къамел. – Гой хьуна, хьоьгахь шиъ бен бац дума, ткъа хьан новкъахь маса юрт

ю, маса ву тхо саннарш. Хьо-м цхьана оьздачу нехан ву. Хаьа, ахьа, юьстах а ваьлла, и ши дума а, и шекаран бIаьлгаш а дуур доций. Иштачех хилча-м, хьайн тIоьрмиг коча а тесна, дIагIур вара хьо. Иштанаш а бу хьуна. Осала а бевлла. Амма ахьа хьайн новкъа нислур болчу нахе хIокху дуьми тIе мотт хьакхийтахь а, хийла Iожаллин буйнара вер ву. Цундела хIара бита ма гIерта. Вайн дала йиш яц. Вай-м дийнна халкъ дай. Халкъ дала йиш яц! Делур а дац, тутмакх а далур дац. Замано ша кхел йийр ю кху белхан. Вон а, дика а шен-шен меттахIоттоза Iийр яц и. Тахана вайга ваьшна тIедеанарг ладала деза, доха а ца духуш, осала а ца довлуш. Хьо новкъавала веза. Хьайн доьзалх дIакхета а веза. Хьан некъ дика хуьлда! Могуш-маьрша доьзал карабойла… – ХIара валлане а къар ца велча, кхуьнан уьрсаца куьгтал цастар даьккхира воккхачу стага дуьмин. Бисина дума а, охьадеккина шекаран бIаьлгаш а ша кхуьнан тIоьрмиг чу нисдира.

– ХIара дума а, хIара бIаьлгаш а, хьо кхаьч-кхаьчначу юьртахь нахана дIадекъар тIедуьллу аса хьуна, ткъа важа – доьзале, юьртахошка а… Жижиг дукха даа марзбелла нохчий чIогIа якхбелла, сан кIант. Хьажал, шайна дан дола доцуш, и Iохку нах екхалла эгна ма бу. Аса, кху дуьмех цхьацца цастар а дина, гIовттор бу хIорш, Дала мукъ лахь…

ГIу йолча кхаччалц тIаьхьавелира кхунна воккха стаг. Эццахь маракхийтира. Марахь шаьшшиннан дуткъделлачу дегнаша бIаьргех хи тасийтича, вовшийн и ца гайта, хIара шиъ дуккха а Iийра вовшах ца волуш. Юха, синхаамаш бихкина, вовшахволуш:

– ДIавало, сан кIант, дIавало, – элира воккхачу стага.

– ДегIастанахь гойла вай. Боха ма боха, ала нохчашка, хьо кхаьчначохь. Воьхча, хIаллакьхуьлу стаг, – и дешнаш, хетарехь, шега а, кхуьнга а дара.

ХIара урам-некъах валлалц гуш вара и, юха мел хьаьжи, гIу йолччохь лаьтташ…

– Долон, – элира шоперо, автобус лагIъеш.

Хьалха лаьтта стаггий, зудий охьадоьссира. Юха а дIахьаьдира автобус, юха а кхузахь дIа дуьххьара бинчу новкъавелира хIара…

Канонерка олу юрт гуш а йолуш, хIара сецира. Охьахиира. Кхунна шена а ца хаьара, ша кIадвелла сецна, я юьрта чу ваха ца хIуттуш. Даго хьоьхура, шена цигахь, Долонехь, гиннарг гург хилар.

ЛадоьгIча, и лан ницкъ а ца карабора шегахь. Малх делкъенгара охьатаьIнера, амма дIабуза геннахь бара. Хьалхарчу кисанахь долчу сахьта тIе хьажа карх а ца долура. Шен тIоьрмиг гIовла а нисбеш, дIатаьIира. Винчу юьрта кхаьчча, неI ца еллаелча, кийра хIоьттина шад хIинца дуккха а боккха хиллера. Оцу шеда тIера дIаоьхуш хетара дегIан меженашца болу массо а пха. Аьчкан серашца уьду ток санна, цаьрца саццаза дIасаоьхура цхьа лазамаш. Юха, цхьанхьа-м кегийра хиш вовшахдетталуш кхуьу доккха хи санна, и пхенаш, вовшах а кхетий, цхьана хораман уьйриге хьаьрчара. ТIаьхь-тIаьхьа боккха хуьлучу цо, кийра ца тарлуш, ницкъ бора. Стенцца бихкина а, батийна а, и кийрахь дIатарбан гIертара хIара. И шен дегIал боккха а хилла, тола а тоьлла, арабаьлча, шега некъ балур боций хууш. Оцуьнан ойланаш еш я, ма-дарра аьлча, ойланаш ца ян гIерташ, кхунна наб озийра. И, наб аьлча а, цхьа набаран тар дара…

ХIара воьдучу некъан шина агIор лекха ши пен хIоьттира. И пенаш дина тIулг а гора кхунна дукха дика къаьсташ. И тIулгаш Кенингсберг олучу гIалина гонаха доьттина хилла зIараш дара. Кхунна хаьара, уьш мел стаммий а, андий а ду. Ткъа некъа тIехь вовшах юцаеллачу текхаргийн, лаьхьанийн хIазарш Iохкура. Луьста девлла цхьа мокха зезагаш санна, лестара цу хIазарийн гонаш тIехь лаьхьанийн кортош. ХIазаршна чоьхьа ког буьллуш бен, гIойла яцара кхунна. Юхавала хIара тIаьхьахьажча, маса йогуш цIе яра, шен саьрмакан меттанаш кхунна тIекхийдош. Аьчкан ши бIогIам санна, базбелла ши ког меттах а ца баккхалора. Амма и меттанаш шен юьхьа тIе хьекхадала доьлча, кхо беза айъина ког баькххира лаьхьанийн хIазарна тIе, масех церан корта эткан айри кIел а хьош. Кхо ког ма-буьллура хIазарех хедда Iохкуш асанаш хуьлура. Кхунна уьш а евзира. Уьш шовзткъе шолгIачу шарахь хоттала яхна йоккхатоп схьаяккха дIагIортийнчу говраша кхуьнан хедийнарш яра. Когаш жимма байбелира. Хьаша мел хьаьши, лаьхьанийн хIазарех асанаш а хуьлуш, воьдура хIара. Чехка мел волу, чехкаболура тIаьхьабогIу цIеран саьрмак а. Цхьана ор тIе кхечира. Иза шуьйра а, кIорга а дара. Чухьаьжира. Цуьнан бухахь яккхий текхаргашший, саьрмакашший сийсара. Оран пенах каетташ, стаммийчу когийн мIараш туьйсуш, хьалагIертара уьш цу чуьра, амма, йисте кхоччуьйтий, аркъал чуоьгура. Уьш а девзира кхунна. Кхарна Эскарехь гайтинчу Iаьмаркан

трофейн кино чуьра дара уьш. ТІаьхьабогІу цІеран саьрмак кхунна тІекхечира. ХІара шиъ духь-дуьхьал хІоьттира.

– Аса чим бийр бу хьох, – бохуш, кхерстара и кхунна хьалха.

– Со адам ду, – ала гІоьртира хІара, амма вист ца хилавелира.

Иза кхунна тІекхийтира, хІокхо цуьнан гуш доцчу логе ка даьхьира.

Кхунна тІехула, гонаха керчина, кхерстина, ор чу буьйжира и.

Ор чуьранашший, изий вовшаххьаьрчира. Вовшийн, каетташ схьайохуш, меженаш юура цара. Вовшийн диъна, цІаьххьана Симпалатехь вокзалан гІамаран майданахь хьаькхна мох хилла, ор чуьра нийсса ирхдахара уьш. Некъан йистошкара ши пен хаьрцира. Ор а дІадукъделира... ХІара самавелира. Малхана дуьхьал юьхьа тІе йиллина хурашка лаьтта охьакерчинера. Юьхьа тІера, Іовраш санна, охьауьду хьацар, кочахула чекхдуьйлуш, гІевлангарчу тІоьрмигах дІахудалора. ДегІ а дара хьацарна дешна. Арахула, кхунна генабоццуш хьийзаш, дІаоьхура шайтІанан мох олург. И гича, хІара кхийтира, шен юьхьа тІехь догу гІамаран буьртигаш мичара девлла. Кхунна тІехула баьлла боьдуш бара и. ГІаннабарха шена тІекхетта саьрмак и буй, хиира. Хьала ца гІоттуш, дикка гІенан ойла еш Іийра. Цо шена ницкъ бинехь а, мелла а цхьа атто йина а хийтира кхунна. Шена тІекхетта саьрмак ор чу бахаро цхьа кхунна цІе яккха ца хууш болу толам боссийнера кийра. ХІара дІатаьІаш кийрахь хилла уьйриган шад-м хІинца а бара шен меттехь, делахь а цунна улле гиначу гІенан синтем а хиира. ХІара ирахІоьттира. Наб озийна-м, дуй баа а, итт минотехь а ца Іийнера. Ша хиллачохь бара малх. Малхбузехьа, бІаьрго ма-лоццу генахь, зоьзан хьуьнан мара бара. Канонерка олучу юьрта юккъехь ирхдахна кхунна цаевзачу дечкан цхьа доккха дитт а гора. Кисанара кисет схьа а яьккхина, охьахиира. Дагадеара, сийсара Долоне гІу тІе кхаьччахьана цигаьрка оьзна цахилар. Кисет хаза яра. Говзачу куьйгийн болх бара и. Цуьнан баьццарчу бархата тІехула цІечу тирца дехкинчу элпашца яздина дара «Наташа». Кисет гоьл тІе йиллина, тІехула дайн куьг хьаькхна, дІаяьстина, цигаьрка хьарччол томка схьаэцна, кехата тІе доьхкина, и хьарчийна валале, хьалха чекхтесира сурт...

Тылера дахкийтина совгІаташ дІадоькъуш вара замполит Самойлов. Кхунна довха каранаш кхечира. Массарна а цхьацца хІума дІасаелча, цхьа кисет йисира. Замполитана, хетарехь, и шена а

езаеллера, амма шена ца йитира. И цо, лекха куьг кховдош, хьала-яьхьира, массеран а бӀаьрг сацош кисет тӀехь. Жимма латта а йина:

– Уггар хьалха фашистийн танк йохийначун ю хӀара, – олуш, кисана йиллира.

Гуш дара, массарна санна, цунна а и танк ша йохо лаар. Амма капитанан рицкъ ца хиллера кисетца. И оцу сарахь вийра. Цуьнан шина кога юккъехь иккхинера немцоша кхоьссина мина. Кисет керлачу замполита дӀайиллира. Массеран а чӀогӀа яхь гӀаттийнера кисето. Цхьа а хир вацара танкана юхавер волуш оцу юккъехь, кисет бахьана долуш. Амма танк йохо массерачул а хьалха аьтто кхуьнан нисбелира. И йохийнчу дийнахь массарна а хьалхха схьаелира кисет… Яла-м «Слава» орден а елира. И тӀаьхьа дара. Я кисетан мехе а ца кхочура…

Канонеркехь нохчий мичахь Ӏаш бу хатта, цӀенна гонаха йоьх-кинчу кхеллина йинчу аннийн кертах букъ а тоьхна хиъна Ӏачу казахана тӀевахара хӀара. Цунна тӀехь салтийн коч-хечий, эткаш-ший дара. Малхехь ягийнчу куча хьалха хӀинца а дӀаяза тӀеман совгӀаташ кхазийна пхи-ялх билгало а яра. Кхуьнга хьала а хьаьж-на, шена уллорчу гӀанта тӀе куьг а тоьхна:

– Отур, – элира казахо.

ХӀара кхийтира цо бохучух. Охьахиира. Кхуьнан хеннара хир вара казах, амма маж-мекх доцчу юьхьа тӀехь цуьнан маса шо ду а, я цуьнан дог-ойла ца ешалора.

Кхин хӀумма а алале, кисанара схьаяькkхина кисеттий, ма-ситтазза тӀекӀел диллина газеттий схьакховдийра. И салтичо сал-тичуьнга кховдош дара. Кхо схьаийцира. Цигаьрка хьарчийра. И кхунначул дика хьарчо ца хаьара цхьанна а ротехь. Казахо цуьнан тидам бира. Кхо шен кисеттий, леррина цигаьрка хьарчо кечдина кехаттий дӀакховдийра. Гуш дара, казахана кисет чӀогӀа хазахетар. Цо хьажаза, таллаза цхьа меттиг ца йитира цунна тӀехь. Юха шен оьзна яьлла цигаьрка охьа а тесна, эткан айрица и хьаша а хьаьшна, кхуьнан пачки чуьра кехат ца доккхуш, газетан кехатца кхуьнан томкин цигаьрка хьарчо волавелира. Кхо санна говза ца хьарчаяхь а, вон ца йора и казахо а. ХӀокхуьнчунна тӀеӀоьттина, латийра. Бок-кха кӀур баьккхира. ХӀара кхетара, томкийн чам баккха деш дара и. Резахиларан йовхарца шен таьӀна шуьйрачу мерах кӀур арахоьцуш:

– Жаксы таьмак, – элира.

– Харьков купил, – элира кхо, махорка хестайой хууш.

– Харкоп, – дикка ойла еш а Іийна: – Немец крепко стрелял там, – юха а, Іийна-а: – Ошен крепко, – элира казахо, хетарехь, цхьана шена гучу суьрташка а хьоьжуш.

Ша дуьххьара тІевогІуш, нохчий мичахь Іаш бу аьлла, ша деллачу хаттарна юха а жоп деха бакъахьа ца хеташ, Іара хІара. Дикка хан елира, казахой, кхой, хІораммо шен-шен ойла а еш, цигаьркаш узуш. Шен оьзна йолучу цигаьрканах тІаьххьара ши-кхо кІур а баьккхина, хьалагІаьттира казах. Виттане а ца витина, хІара чувигира. Чохь цхьа а вацара. Паднара тІе биллина мотт дІабаккхаза бара. Хетарехь, юргІанан метта лелош долу салтичун чоа дара дукха бехчалгаш вовшаххиттина йинчу гоьна тІехь Іуьллуш. Шина кора юккъе пенах тоьхна доккхачу шина стеган сурттий, цунна кІел лаьтташ, хетарехь, йоьхна, тиша чарххий, цІаьнкъа юккъехь лаьтта лоха горга столлий бен, кхин, хІара аьлла, хІума дацара чохь. Дехьа чу вуьгучу лохочу неІарна тоьхна доккха догІа дара. ХІара паднара йисте охьахаийра хІусамдас. Ша сени чу велира. Дикка хьевелла, и чувеара, карахь Іаь туьйсуш самар а йолуш. Стоьла юккъе охьайиллира и. Боданехь болчу сонехь лаьттачу хІокхо тидам ца бинчу ишкап тайпана хІуман чуьра схьаийцира цІен-къорза ши пела. Оццу чуьра жимо-о экъа а. Цу чохь кхерзина кІа дара. Паднар кІелхьара цхьа истанган ши бІегІаг схьа а таккхийна, стоьла тІе вийхира хІара. Оцу шина хІуман тІе охьахиира хІара шиъ. Кхерзинчу кІен чам кхунна дуьххьара бевзира. Дика бара. Пела эханга баллалц доьттина чай а дика даьккхина дара. Чай даккхар казахийн говзалла юй а, тІаьхьа хиира... Пела, басса а бина, кхин ца молу ша аьлла, кхо охьабиллича, шайн маттахь цхьа яппарш а тоьхна, юха а аххелц чай чудоьттира вукхо. Куьйган эшарехь, кІен буьртигашца мала, элира, чай. Шекаран бІаьлгаш эца дагахь ша паднар улле биллинчу тІоьрмиг тІе хІара дІакхевдича, резавоцуш чап тоьхна, и ма де бохуш, куьг ластийра. Иштта хІара шиъ чай молуш Іаш, я кхуьнан бІаьргаш чохь и хаттар тарделлехь а, я цхьана шен дагахь деш долчу къамелаца догІуш делахь а:

– Зуда дІаяхна, – элира.

ХІара ца кхийтира, цо и муха боху: я цхьанхьа яхна, я йитина яхна боху, амма юха чохь йолчу къепенан ойла йича, кхийтира: кху чохь зудчун куьйгаш хилаза дуккха а хан яра. И иштта хила а хиллера...

Ша тIамехь волуш кху юьртахь кхечуьнга маре а яхна, ткъа ша цIа веача, кхераелла, кхечу юьрта дIаяхна, шен бер а эцна, дийцира хIусамдас.

– Вон зуда хилла и, – элира кхо, цуьнан сингаттамах кхин ша хIун дакъа лоцур а ца хиъна.

– Дукха бах а белира и тIом, – элира вукхо, кхуьнан пела юха а самара кIел а хьош.

Корта таIийра кхо а. Дийцарехь, тIом бара цо шен йоьхначу хIусамна бехкебеш берг. Бан а бара и-м бехке. Масане чов йитина цо адамна. Юха а, хIокхо пели тIе куьг диллича а ца вуьтуш, цкъа а ца меллачул чай мийлитийра кхуьнга. И мелла ваьлча, цхьацца цигаьрка хьарчийра.

– Хьан буй доьзал? – хаьттира. Кхо белш хьайича, юха а шен ойланашка вахара. – Хьо тIамехь вара, ткъа хIинца хьайн доьзалх хIун хилла а, ца хаьа-кх хьуна? Лаьхккина кхуза схьабалийна-кх. Лахь – бала, бисахь – биса, акин Iавзун сигин! – тIетуьйхира казахо, цигаьркин юьхьиг доггах неIарехьа а ластош.

Цо шайн маттахь аьлларг цхьанна деш дов дуй кхийтира хIара, и хIун ду ца кхеттехь а.

– Пойдем, где шешен живет, покажем, – олуш, хьалагIаьттира и.

ХIара шиъ аравелира. Малх дIабузуш бара, цIарула-цIийеллачу малхбузенан анайистан серлоно юьрта чу суьйре йита геннахь хетара. ХIаваъ мела дара. Нохчий-м кхузахь дуккха а бу, амма алсам кху чохь бу аьлла, тIевигира цо хIара яьссачу школан гIишлонна уллохь долчу даккхийчу, амма, тишдаларна, цхьа агIо охьатаьIначу зоьзан ханнех динчу цIеношна. И цхьана хенахь юьртан клуб хиллера. ХIара шиъ эццахь дIасакъаьстира.

– Если надо, приходи ночевать, – аьлла, кхуьнга куьг а делла, дIаволавелира казах. – Мне Серикбай имя, – элира, юха а хьаьжна.

…ХIара дикка лаьттира, мурдоьллачу аннийн раздаьлла лаьттачу кевнал чоьхьа ца волуш. Юьрта юккъехь Iоьхуш бежанаш хезара. Кхин вогIу-воьдуш стаг а вацара гуш. ХIара кевнал чоьхьавелира. Цийнан неI йиллина яра. Чувоьдучу ученан ламийн кхаа тIегIанах юккъера цхьаъ кагделла дара. Дукха хан ца йиснера дисначу шиннан а. Сени чу ваьлча, цу чуьра цхьа беркъа духар а тIехь кхиъна йогIу йоI дехьа чу иккхира, неI йиллина а юьтуш.

Чоьнан кхунна гуш йоцчу агIорхьара схьаелира гIеххьа шерашкахь йолу зуда.

– Ма латта, стаг, чоьхьавала, схьачоьхьавала, – элира цо.

ХIара чувелира. Аьрру агIор йоккха, кIоргге дIайоьдуш хиллера чоь. Чохь паднар тайпа хIума ян а яцара. Адамаш а, церан мел долу хIума а лаьттахь дара. Тишделла а, наг-наггахь кегделла делахь а, у а дара чу тоьхна. Пенашца, цхьацца сонашка бирзина Iаш бара чуьра доьзалш. Чоь ма-ю ала мегар долуш, адамна тIедижа тесна ча дара. Цунна тIехула – гоьнаш, юргIанаш, вертанаш, зударийн корталеш… Ча тIехь хIумма йоцуш меттанаш а дуккха дара.

Цхьана пенаца, цу тIе тоьхна сурт санна, кIайн гIабали а юьйхина лекхачу куц долчу дегIахь, Iадийна, хаза аматаш а долуш йоI лаьттара. Цуьнан хазаллел а, тIерачу гIабалел а хIара цецваьлларг цуьнан цIена хилар дара. Ло санна, кIайн дара охьахецна ши куьг. Юьхьа тIехь дIабуьзначу малхах йисна корех чуоьгу серло йогура, цхьа хьоькх-мода яцара цунна тIерачу гIабали тIехь. ГIийло нур Iенош къегара гIабалин дато доьхка а, некха тIера ветанаш а. ЙоIах ерригенах а схьаюьйлуш цхьа цIена серло яра. Оцу хIусаман, нехан, чохь мел йолчу хIуманан тишаллехь, халкъе кхаьчначу къаьхьачу баланехь оцу суьрто цец а воккхура, лаза а вора. Шега хьоьжуш гича, араелира иза. Кхуьнан цецвалар гинчу кхуьнга чувола аьллачу зудчо дийцира:

– Массо а – да, нана, ши йиша, жимахволу ваша – велла Жовзанан. Воккхахволу ваша ву тIаме вахна. Цунах хIун хилла а, хаац. ТIаьххьара шен гIабали ю тIеюьйхинарг. И дIа ца йоккхуш, лийр ю ша аьлла. Кхо-диъ де ду юучух бат ца туху а… Бат тоха хIума-м дан а, дера, дацара… – пеша юххехь чен цинца тIе «кIеда болу» кортали тесна, цуьнан йистте кхуьнан тIоьрмиг а биллина, куьйга эшарехь меттиг гойтуш: – ХIоккхуза охьахаал хьайна, – элира зудчо, хIара вар хазахетар дуй хоуьйтучу озехь.

ХIара охьахиира.

– Цхьанхьара вогIуш-воьдуш хир ву-кх хьо а, – элира цо, кхуьнца къамел дар декхар хеташ.

Боцца ша арабаьккхина некъ бийцира кхо а.

– Дала цхьаьнатухийла шу. Къинхетаме ву-кх Дела, – олуш, дIасайолаелира зуда.

Юхайирзича, цуьнан карахь жимочу хорбазан ах яра, хилла яцахь а, амма цIен бос кхета йоьлла. И наштаран бошхепахь кхунна хьалха йиллира. ЧIогIа дуьхьалвелира хIара, юур яц аьлла.

– Дера юур ю-кх, ца йиъча, суна хала а хетар ма ду. Вай-м, миччахь делахь а, нохчий дай, – элира зудчо, и баккъал а шена халахетар дуй хоуьйтучу озаца.

Цунна новкъа ца дайита, цхьа хорбазан дакъа даьккхира хIокхо.

– Божарий а кхочур бу хIинцца балхара. Ирахьверг массо а балха воьду. Бепиг-хIума а ло, ялтийн буьртиг а буллу кара… ПаргIат хила хьо, – къамел дора зудчо, хетарехь, пеш лато кечам а беш.

ДIа мел кхаьллинарг легашка хIуттуш, хорбазан дакъа кхоллуш вара хIара. Гобаьккхина шега хьоьжуш бIаьргаш дуй хууш, хьала ца хьажалуш. Карара хорбазан дакъа охьадахара кхуьнан, Мада аьлла, цхьанхьа-м чохь йоккхуш шен цIе хезча. ХIара, воьхна, дIасхьахьаьажира. ХьалагIаьттира. Кхунна дуьхьаларчу сонехь цхьа стаг вара, амма цуьнан юьхь-сибат гуш дацара. Хазарехь, цигара схьадеара аз. ХIара тIевахара. Юккъерчу шерашкахь волчу худавеллачу стеган барула-можа юьхь гича, аьттехьа а дацара, кхунна и евзар ю аьлча. Стагана тIерачу тишачу кучан бахьанин четара хьалий-охьий, юьхьа тIехула, когашкара коьрттелц, лелаш мезийн ардангаш яра. Юьхьа тIера уьш дIахьакха кархдолуш дацара дегIаца охьатесча санна Iуьллу ши куьг. И шиъ а можа дара. Церан тIедевлла сийна пхенаш – даьсса а… «ЦIий а дац кхунна чохь-м», – деара дага. ТIевеана хIара хаавеллера стагана, бIаьргаш тIебийшина белахь а. ЦIоцкъамаш юккъера негIарш тIе оьгучу садуургаша хьеббора уьш.

– Хьо мила ву? – хьаьттира кхо доьхначу озаца.

Оцу хаттаран Iаткъамо чохь садоцчу стеган балдаш дегадалийтира. Ша шегахь долчу хьолах цавашар гойтуш къажа гIертара и, амма балдаш ца къажалора.

– Хьан ден шича Закри чохь хилла ботт ю-кх хIара, – элира цо, шен дегIехь иштта а бисна боцу ницкъ кхачош.

ХолчухIуттуш, хIара чехкка цуьнан пенехьа долчу лерге хьаьжира. Цуьнан ах яцара…

Юьртахь доккха дов хиллера. ХIара жима вара хIетахь. Маситта стагана шаьлтанан чевнаш йинера. Хи тIе яхначу кхеран тайпанчу йоIе оьзда доцу дош аьллера Берснокъин кIанта. ЙоIа цунна

кIудалан чами тоьхнера. Вукхо, чами схьаозош, йоIах куьг тоьхнера. Цу тIехула делкъехь доладелла дов сарралц дира. Эццахь кхеттачу шаьлтано яьккхинера Закрин лерган ах. И ша а воьлура оцунах. Закри вевзаш вара. «Борз лаьцна Закри» олий бен, йоккхуш яцара цуьнан цIе. Цо, жима стаг волуш, Iожан ирзехь лаца а лаьцнера борз, яла а йина, эвлаюккъе дIа а хIоттийнера. Юьрта веана хьаша а цунна тIе восса лууш хуьлура. ЦIеяхна вара Закри.

Кхин цхьаъ дара. Закрин ден да Биболт имам Шемалан бIохь лелла, олура. И схьаваллалц, бIо латтабо, бохура, Шемала.

«Вай хIунда лаьтта?» – хьаьттича: «Ах бен дац вай», – олу, бохура, имама. Биболт схьакхаьчча: «ХIинца йисина ах схьакхийти вайх», – олу а, бохура…

Оццул деэшна Iуьллург Закри вара! Борз лаьцна Закри! Биболтан кIентан кIант Закри!

– Дера, хIара бусалба халкъ ца далийта гIоьртина, велларг дIавуллуш, ша эшийна охьа-м вилли Закрис, – элира кхунна хьошалла динчу зудчо.

ХIокхо, кхин къамел ца деш, шен маттаца-а араваьхьира и. ТIехь а, бухахь а мел долу хIума дIадегийра. Горгам санна тIе коч хьаькхна, мезех цIандира дегI. Закри-м вистхуьлуш а вацара, амма кхо лелочух кхеташ вара. Юха, чувеана, охьавиллира. Арарчу цIеначу хIавао йинехь а, я кхуьнан куьг кхетаро йинехь а, гIеххьа атто йира цунна. Цо ши бIаьрг дIабиллира. Кхуьнга хьаьжира. Хазахетар дара бIаьргаш чохь. ХIан-хIа, и шена дечу доланна хазахетар дацара, хIара тIамера могуш-паргIат юхаверзаран хазахстар дара. ХIара кхийтира оцунах.

– ХIун хилла хьуна, Закри, хIун лозу хьан? – хьаьттира кхо, улло гора а таьIна.

– ХIокху дегIо юьхьIаьржачу хIоттий со. Кхуьнан кхин де доций, ца хаьара суна, – жоп делира Закрис. Оцу дешнийн озехь хаалора, цунна и ша юьхьIаьржачу хIоттийна дегI цадезар а, и шен цахетар а. Юха, меллаша, цхьанна а ца хазийта, хстарехь, кхунна а цхьаьна, тIетуьйхира: – Цхьана-шина пIелггал хьоналла шен тIамарх кхетча, хьалаайалур дара хIара… – Кхуьнан дукха хаттарш дара Закрига дан, амма оцу хьолехь волчу цуьнга уьш лойла дацара. Уьш цкъачунна шаьш юхататтаделира…

Беана, Закрина улле охьабиллира кхо шен тIоьрмиг. Схьаййцира болийна дума. Цкъачунна, хIара кхехккалц, дуьмех гIеххьа цастар а даьккхина:

– Закри, хьажал, хIара кхалла гIортал, – аьлла, цуьнан балдаш тIе даьхьира.

Цкъа ца кхеташ Iийра. Юха дуьмин чомо шаьш меттаххьадира балдаш. Беро санна дума цIуббечу Закрин тIедийшина долчу бIаьргнегIаршна кIелара саццаза хиш оьхура шина а агIор охьа мажделлачу лергийн кедаш чу. Цхьана кедан ах бен ян яцара. И тIехъоьхура.

Закрис дуьмин цастар кхачийча:

– ХIинца садаIа ахьа, Закри, аса дума кхехкабойтур бу вайна, – элира кхо.

Амма Закри меттах а ца хьайра. Цунна наб кхеттера. Я цхьана ойланаша дIаваьхьнера а, хаац. БIаьргех хиш-м оьхуш дара. ХIара, дума а эцна, пеша хьалха куьйгаш деттачу зудчунна тIеваха вуьйлира. Амма: «ХIара дума хьан бац, сан бу, аса хьоьга, юьртара юьрта воьдуш, бекъа луш», – вистхилира лерехь Долонехь висна гIойтIархо. ХIара, бехкалвахна, сецира. Юха дуьмех доккха дакъа даьккхира. И доккхуш, цхьа сахьовзаме Iаьткъира ша Веданахь суьйличуьнгара бухахь бисна биъ дума а схьацаэцар. Дуьмин дакъа а эцна, хIара зуда йолчухьа волавелира.

– ХIара вайна кхехко безар-кх, – элира кхо, и дIа а кховдош.

Дума ша дIаэцале, нийсса кхуьнан бIаьргаш чу хьаьжира зуда. Оцу хьажарца долчу хаттарна кхуьнан бIаьргаш чуьра жоп кхаьчча, дума дIаийцира.

– Дала ваийтина-кх хьо а, – элира цо, ша-шега санна, дIайирзина, дума цхьанхьа дIа а тобеш.

Юха шегара макъара дуьллу урс а кховдийра кхо зудчуьнга…

Закри, хетарехь, наб кхетта вара. Кхо и ца хьавира. «Араваьлла, жимма волавала-кх», – тесира ойлане, юха, сени чохь болу зударий дагабаьхкина, кхо и ойла хьаьшира.

Амма, и хезча санна:

– Вало, стаг, жимма аравала хьайна, божарий цIабахккалц синхьийзаме хир ду хьуна, – элира зудчо, ша хьалха ара а йолуш.

Кхунна бу моьттуш хиллехь а, сени чохь зударий а бацара. Хетарехь, кхин цхьа чоь а яра сенил дехьа. «Даккхий цIенош ма ду

хIорш», – дагадеара кхунна дуьххьара тIевогIуш цIенош шена гар. Дехьо кертаца, маьркIаж-бодан тIехь, лаьтташ цхьа кIайн хьоькх гира. ХIара кхийтира. И Жовзан яра… Цхьа боккха ши берд тIеттIатаьIна, цушиммо юкъаIаьвдича санна, лазийра дог, и гича. Цхьаннах, я цхьана хIуманах, тера хетара кхунна йоI, амма, и шена стенах тера хета, ца хаьара. Я и тера хетачу хIуманан сурт а ца хIуттура. ТIе а вахна, шек а ма яла хьо, Жовзан, со ву хьуна хьан ваша аьлла, цуьнан гIийла корта шен белш тIе товжо ойла хьаьдира. Амма оцу ойланца ша йоI йолчу агIор дIавоьрзуш лап-аьлла кхийтира, и шена стенах тера хета. Оцу кхетаро сацийра. И нохчийн халкъах тера яра. ХIан-хIа, тера яцара. И нохчийн халкъ дара: шен куц ца дохош, тIе эхь ца латош, юьхькIайн йолуш, кура, лекха, доьналла, ях ца луш, шена тIехь йинчу харцонна, къизаллин юккъехь гор ца доьдуш, нийсса ирахь лаьтташ. Ло санна кIайн, башломан тарх санна лаьтташ. Долонехь гинарш а, кху чохь берш а бара нохчий. Мацбелла, гIелбелла, якхбелла, мезаша бууш, цамгарша хьоькхуш. ХIора ша-ша эцча, уьш, деэшна, балано таIийна, ирс дайна, аьтто боьхна, зуламо эшийна нах бара цу дийнахь. Амма нохчийн халкъ и йоI дара, кхунна хьалха лаьтташ йолу Жовзан, юьхьсибатехь, дегIан куьцехь. Оцу йоьIан цIеналлица доьзна лаьтташ дара халкъана хилларг, ловш дерг, кхана хиндерг.

ХIан-хIа, хIара цуьнан ваша вацара. ТIе а вахна, и олийла дацара цуьнга. И доллучу халкъан васт дара. ХIара цуьнан кIант, цуьнан меженех цхьа дакъа дара. Лаьттачу Жовзанан дегIан хьоькхах цхьа сирла доккха дуьне хилира. Цхьа жим-жима, бIаьрго ца лоцу мискъалан зарратал хилла, дIаяйра цуьнан корта шен белш тIе товжо аьлла хIоьттина ойла, ша хийтира жима, гIорасиз, тIам бойна хьоза. «Хьайн корта билла оцу лаьттачу хьайн халкъан ненан голаш тIе», – элира керла еанчу ойлано.

Дагадеара Долонехь висначу воккхачу стеган дешнаш: «…Вайна юккъера нах а лийр бу, мацалла а ю, гIело а ю, амма вай халкъ ду. Халкъ лийр дац. Халкъ ден ницкъ бац. И чудоллал набахти ян ницкъ а бац мел доккхачу зуламан. Вон а, дика а, харцо-бакъо а шен меттахIоттор ю заманан кхело… Халкъ лаьмнаш ду…»

Оцу ойланашна юххехула яьлла, чуяхара Жовзан. ХIара ойланаша урам-новкъахула охьавигира. И беха хиллера. Цхьа а дегI дацара арахь. ТIе ца Iоттавелча-м, стаг гур а вацара буькъачу бодашкахь.

Цхьа седа бацара стигалан Іаьржачу маши тІехь. Некъа йистерчу цІенойн кертах букъ а тоьхна, цигаьрка хьарчийра кхо. И а узуш, хьалавеара…

Чохь адамаш хьалхалерачул дуккха алсамдевллера. ТІекхетта масех гІеметтахІоьттина стаг а, кхо-виъ кегийрхо а, кхойтта-дейтта шераш хир долуш пхи-ялх кІант а, хетарехь, масех йоІ-зуда а. Уьш кхо, чуьрчу божаршка салам лушшехь, багарбира. Массо а худавелла, бос баьхьна вара, амма уьш ирахь, арабовлалуш, болх балуш хиларо кхунна дуккха а гІоли йира. Долонехь, сарахь кхузахь гиначо а: «Нохчий белла, охьаэгна, деэшна, лар йоцуш хІаллакьхуьлуш ма лаьтта», – хІоьттина ойла цхьанхьа-м юьстаххилира. Схьахетарехь, массо а балхара цІавеанарг кхуьнга хьоьжуш хиллера. Кхо салам делира. Массо а хьалагІаьттира. Божарий а, божабераш а, кхунна маракхеташ, чекхбевлира. ХІара охьахаийра шайна юккъе. Хеттарш дукха дара. Церан а, кхуьнан а. Дукххачеран а, хІара санна, тІаме бахна нах бара, уьш хоьттура. ДегІастанахь хІун дара, хоьттура. Шайн белхан хьал дуьйцура. Къамелехь хиира кхунна, юьртахь наха, саманаш олу поппаран кибарчигаш а еш, дина а, деш а цІенош хилар. Къамел деш болчарна юккъехь а бара иштанаш. ХІара кхийтира цхьана хІуманах. Цомгуш, меца, чов хилла делахь а, халкъ гІишло еш дара – даха кечлуш. Халкъехь карийначо вохийна волчу кхунна кхаъ хуьлура оцу къамелех. Юха а меттаххьайра дагахь воккхачу стеган «халкъ лийр дац» дешнаш.

– Харачой Ромаданехь а, Николаевскехь а, Семеновкехь а, Бегинехь а, кхин а оцу агІор йолчу ярташкахь а бу дукхахберш. Кхузахь-м хІара Закри бен ца висна. ХІара ца хиллехь, тхох хІун хир дара а, ца хаьара…

– Оха охьа-м вилли хІара, – элира шуьйра юьхь-сибат а долуш, амма вочаваларна, юьхьа тІера чкъор охьаолладеллачу юккъерчу шерашкахь волчу стага.

И, хетарехь, цхьана хенахь зоьртала а, дилхалахь а хилла вара.

– Деллахь, хьо лелачохь вай дохоран бахьана ца хии хьуна? – хаьттира кхунна дуьхьал хиъна волчу хьалха ша ГихтІера Муса ву аьллачо.

Кхуьнан-м хІун жоп дара хаттарна дала?

– Сталинна хаьий-те хІара гІуллакх? – элира цхьана кхечо.

– Ой, паччахьна а ца хууш до иштттаниг?

– Цо куьг ца таIийна, ма боху, вай дохочу кехат тIе. Берийс тоьхна, бохуш дуьйцу, вайн шалонна догIа.

– Сан десара, ца тоьхна, Сталинан пирказ а доцуш-м.

– Доха ца динехь, Германан кара доьлхуш хилла, боху, вай.

– Делан Къуръанор, ца хилла! Вай муха доьлху немцойн кара, уьш вайн махка кхаьчна а ца хилча? Шовзткъе доьалгIачу шарахь немцой мичахь бу, вай мичахь ду!

– ТIом болалуш ма хилла уьш вайн махкахь.

– Сан десара, ца хилла! МаьлгIбигал[1] а, я Теркал сехьа а ма ца боввлийтина. Цигахь саьнгарш яьхна вац со?

– Нальчикехь-м хилла уьш. ГIебартхойх стаг хьаькам а хIоттийна…

– Нохчаша Гитлерна, дашо нуьйр а тиллина, кIайн говр елла, боху тхан биргадир волчу Николайс-м.

– Делан Къуръанор, ца елла. Я нохчийн дашо нуьйр а ма ца хилла. Гитлераниг лачкъор яр-кха вай, каяьлча.

– ГIазоташ а доьхкуш, вайн тIаме ихна кIентий мича хьо ахьа?

– Масала, Гуьржийн махкара маситта эзар жа лаьхкина, бохура, обаргаша… Шун МахкатIера Берлине лелаш кема ду а, бохура. Шун Расул-обарг, немцойн эпсаран хорма а юьйхина, лелаш ву а, бохура, парашуташца чуккхийсинчу немцошна хьошалла деш.

– ДIавалахь, хIун дуьйцу ахьа?! Обаргаш евлла лелаш ткъех а, бIе а хилийтахьа. Стага лелийнчу хIуманашна дерриг а халкъ бехке хила деза? Я МахкатIера Берлине кема а ца лелла. Цхьаммо йолийна Iовдал забар ю и. Немцой а схьалецнера я байъинера. Ахьа вуьйцу Расул а шайн волчара вийнера. Колхозан гота охуш а лелла, хIинца кхуза мезашна ваа тесначу соьга хIунда буьйцу ахьа уьш?

– Цо-м забар йо, Сайди, оьгIаз ма гIол хьо.

– Обаргаш леца веза НКВД-н начальник а ведда-м, бохура.

– И ведча, со вохо-м ца веза?

– Сан десара, оцу наха вай хIаллак ма дин.

– Обаргаш-м боха а ца бин. Уьш-м шайн гIуллакх дIакхоьхьуш хир бу. Уьш а ах оцу хьаькамаша беш а ма бара.

– Бакъ ду хьуна. Тхан Ножи-Юьртарчу НКВД-ена тIе тоьхна палан ю, бохура, ткъа топ схьаяккха нахера аьлла. Баттана хилла

---

[1] МаьлгIбиг – Малгобек.

таро ю и. НКВД-ехь цхьа топ ю, бохура. Ткъа палан кхочушъян ма еза. Боьха стаг а вара и НКВД-ен хьаькам. Цхьаъ схьа а кхойкхий, пхоьазза йолу топ охьайилла олу, бохура. Яц, аьлча… Кабинет чохь тас ду, бохура, леррина лелош. Меллаша хьоьга тас схьа а хиладой-тий, цу тIе а хIоттавой, етта, бохура, топ яхьар ю аллалц.

– Ой, тас хIунда лелош хилла?

– ЦIий дIасхьа ца деттийта чухула…

– ОстопирлахI!

– …ТIаккха важа араваьлча, дуьхьалволу, бохура, НКВД-ен цхьа белхало. ХIун боху хьоьга, олий. Иштта а, иштта а, шен къа-бала балхош хилла вукхо. ДIаяла топ ша нисйийр ю хьуна олий, НКВД-ен топ цунна юхкуш хилла. Юха и цо дIалуш хилла, иштта ткъозза йоьхкина хиллера и топ. Палан кхочушйинера. Цу белхан ойла ел аша.

– Ой, ой, ой!..

– ТIаьххьара и муха дерзийнера а дуьйцур ду-кх шуна аса.

– ХIан?

– Де а оцу хIуманашца бала а боцуш, шен хьанал къахьоьгуш Iаш волу цхьа стаг тIекхайкхина хилла НКВД-ен хьаькамо, герз охьа-дилла деза аьлла. Вукхо, дац, аьлла. Тас схьахилийна. ЧIогIа дийхи, бохура, оцу стага, лалур дац шега, ма тохахьара ахьа шена аьлла. Йиттина, бохура. Дика ду, схьадахьар ду ша герз аьлла, дIавахна и стаг. Юха, дерг-доцург делла, цаьргара топ а эцна, цхьанхьара-м ши накъост цхьаьна а волуш вогIучу оцу хьаькамна дуьхьал а ваьлла, хье юккъе топ тоьхна, и охьа а виллина, дIавахна, бохура. Обарг ваьлла хир ву-кх иза, кхин мича гIур вара иза?!

– Дан-м дан деззарг динера цо, амма зулам ма гулло ишттачу хIуманех а.

– Вайн хьаькамаш ю шаьш бохуш лелла хIуманаш-м вайна ма евзара. Уьш хьанах схьаевлла яра а, вайн Советан Iедал цара мел лорура а, мел дезара а…

– Уьш шайн гIуллакхаш нисдеш лелаш нах бара дукхахберш. Халкъан бала а боцуш, я цунах дог а ца лозуш.

– ХIара Iедал тIедале цIубдарш хилла я царах схьаевлла хIуманаш яр-кх…

– Цундела, Къуръанор, тIаме а ца боьлхуш, шайн партбилеташ а дагош, коьллаш кIел ма лилхира уьш. Герман вогIу аьлла уггар а

халчу муьрехь. Кхузахь а ма ю уьш! Эцца шайна ахьар йол-йолчу евлла лелаш, халкъехь долчу Іазапан бала а ма бац царна.

– Ахьа вуьйцу партбилет дагийна лелларг цхьаъ вайн МТСехь бухгалтер ву-кх. Вай дохоле лакххахь а ма вара.

– Ткъа дезертир хилла лелла хІинца вайн учетчик волу Сайдулла?

– Ишколан директор волчуьра ведда лелла Шарпуддин? Кхузахь а учитал дІаэцна.

– Уьш нислур бу хьуна дІа.

– Уьш ма бара бохо безарш. Ахархой, зударий, берашший, баккхий наххий Іадда а битина.

– Вайн Капказера хьаькамаш дІа а гулбина, Сталина хьаттира, боху, шайн-шайн махкахь низам латталур дуй шуьга аьлла. Массара а латталур ду аьлча, вайн хьаькамо Моллаевс аьлла, боху, шега латталур дац аьлла. ТІаккха дохийна, боху, вай.

– И а хабар ду, хьуна. И аьлча, Моллаев вохо везаш хиллера-кх. И низам латто дезарш ма бу кху тІе хІара далийнарш. Халкъ низамера ца долу. Со Теркйистехь колхозан жа тІехь волчуьра валийна-кх кхуза, сайн доьзалх а ваькххина, я царах хІун хилла а, ца хаьа…

– Вай, Дала мукъ лахь, юха цІадерзор ду Сталина.

– Дерзор ду!

– Вай Казахстанера дІасахеххкар бен, кхин дан хІума доцуш-м вац иза?

– Сталин къонах стаг ву шуна, оццул волчу Германан паччахьна бІо ца къажий цо.

– И а хабар ду, хьуна, ахьа дуьйцург. БІо, Къуръанор, ца къажий Советан пачхьалкхан халкъо. ХІара вайн хьаша Мада а ву хьуна оцу бІоцакъажийначарех.

– ХІе, Сталин ца хиллехь, дара хІара вайн Іедал а кхераме…

– Сан десара, дацара. И боьха стаг а ма ву…

– Э-э-э, хуур дар-кх, Ленин велахьара. Ма кхерам бацара вайна тІехь хІара дан.

– Ленин ма вийцал ахьа хьаьнц-хьанцца а. Деллахь, ма хьекъал долуш стаг а хилла, боху-кх, иза.

– Хилла, сан десар-кх.

– Баккхийчара дуьйцуш хезна суна, оьзда стаг и Киров а вара бохуш.

– Киров, Орджоникидзе, Микоян, тхан эвлахь буьйсанаш яьхна, нохчаша ларбина нах бу-кх.

– Уьш Гуьржийн махка дIабоьлхуш, гIалгIайн махка кхаччалц дIаэцна вахна вар-кх вай хьастагIа дIавоьллина тхан ден ваша.

– Асламбек Шерипов виснехь а, цхьа гIо хила мегара вайна.

– Да воцуш халкъ ду вай – нохчий.

– Къонахий-м хиллера вайн, амма, хьуний дайна, да ца хилла-кх.

– Цундела аьлла-кх, да воцу даьхни барзо диъна…

– Цкъа имам Шемал ги а воьллина лелийна вай.

– Цо, зIараш кIел а буххий, тIехь зикарш дойтуш, бохий ахьа…

– И кочара воьссича, паччахьа тIетийсинчу йовсарша Хункара махкахула дуьне ма-дду даржий халкъ…

– Деллахь, цигахь берш муха Iаш бу-теша?

– Сан десара, бац, хьуна, дика хьоьгуш…

– Шен махкахваьлла лелачу стага хIун дика хьоьгур ду?

– Дала шена беллачу махкахь валла ма веза стаг, дIахьаьжча, шен ден чурт а гуш…

– Дера, орам хадийна дечиг якъа ма ло.

– Вайн дечиган орам хада ца бина, бухъяьккхина орамашца, дечиган генаш хедийна, уьш юхадевр ду, заза а латор ду, стом а кхуьур бу…

– Дала мукъ лахь!

– ИншааллахI!

– Шеко а яц шуна.

– Маса шарна далийна-те вай?

– Вайн бакъо толлалц латтор ду-кх кхузахь.

– ДегIастанахь дIавуллийла вай массо а.

– ЭхI, гIойла вайх и сардам, Мухьади.

– Сан десара, гIур бу-кх хьуна и а, бахахь.

– Дала мукъ лахь ала, хIай.

– Дала мукъ лахь…

– ИншааллахI!

– Дала мукъ лахь…

ХIорш иштта къамелаш деш Iаш, чувеара цхьа жима стаг.

– Каш даьккхина девллий хаийта ваийтина-кх со, Бетарсолта, – элира цо, шуьйра юьхь-сибат долчу стаге а хьожуш.

– Девллий? Дика ду. ГIовттал, вежарий, – хьалагIевттира берриш а.

– Кханенга хIунда ца тетти вай и гIуллакх? – эккхийтира цхьаммо.

– Ой, балха ца дахча, хIун хир ду вайна?

– «Саботаж!» аьлла, чудухкур ду-кх.

– ТIаккха!

Аннех бинчу барам тIехь виъ-виъ хийцалуш яьхьира кхара елларг юьртана генна долчу кешнашка. Цхьа а вистхуьлуш вацара. Хстарехь, шен-шен ойланашца воьдура хIора а...

ХIара, чу ма-воггIура, Закрина тIевахара. И хIинца а вижна вара. Тоьлуш хетара садаIар а. Юьхьа тIехь а цхьа дегIана хилла паргIато гуш хетара. Кхо-м тIехь цуьнан бос а хийцабелла лерира. Масех сахьт дара Закрис наб ен. И а дика хийтира.

«ГIоттур ву хIара», – элира ойлано.

– ХIума кхалла кечлол шайна, божарий, – йистхилира Кесират, доккха шунний, цIеста чоьлпий карахь еш тIе а хIуттуш.

– ДегIастанара кхача бу вайгахь тховса, – тIетуьйхира цо, цхьа шатайпана дезачу озаца.

Божарий дIанисбелира. ХIара а тIевийхира. Дуткъа даьхна дуьмин цастарш, массарна шишша-кхоккха кхочур йолуш ахьаран галнаш хьалхаеххира Кесирата. Цхьа а тIе а ца кхевдира. Массо а шуьна тIехь хIуьтту Iаь шен дегIе худуьйтуш вара. Оцу Iаьнарца кхеран меженех булуш бара шатайпана чам. И хIорш къастийнчу Даймехкан чам бара. Йисначу хIусамийн, кхерчан дайша даьхначу ирзойн, лаьмнийн, хиллачу паргIатонан чам… ХIорш, хIума яа боьлча, и барна кхоьрура, цундела ца кхевдара цхьа а тIе. Иштта Iаш бара дехьо хевшина зударий а. Ша йолччохь лаьгташ яра Жовзан а. Оцу Iаьнаран ницкъаца хIорш массо а шен-шен цIа вахара, хIусаме хIоьттира, дай дIабоьхкинчу ширачу кешнашкахь лаьттира. Хиллачу ирсах, дахарх, беркатах хьакхабелира, юхасхьабаьхкира тIехIоьттинарг лан. Шеллучу пхьора тIера Iаь охьаюьйжира.

– ДIаэца, шелйолуьйту вай, – элира Бетарсолтас шен а, кхеран а ойланаш хадош.

– ХIара Жовзан юучунна ца йогIу-кх тхан. ХIун дер-те оха? – схьайистхилира Кесират.

Юучунна тIекховда кечбелла хIорш севцира. Массара чIогIа дийхира Жовзане хIумаяар, амма жоп дацара, дегI чохь делахь а, Жовзан яцара.

– Делахь, массо а дІа лийр ду-кх вай, Жовзан, ца юуш, ца молуш… Вай делча, воьлхур волуш-м мила ву хІета! ДІаяккха, зуда, тхуна юккъера а хІара хІума, – элира Бетарсолтас.

Кесират хьалагІаьттира. И Бетарсолтин хІусамнана хилар а хиира кхунна. Кесират хІума дІаяккха кхевдира. Ша йолччохь цхьа бала, къовсам ловш гуш яра Жовзан. Юха: «Ма яккха, охьахуур ю со-м, аша аьлларг а дийр ду», – аьлла, зударшна юккъе охьахиира.

Дегнаш тІера гІайгІане марха дІаайаелира. Жовзанан кхунна хетта васт кхечарна а хеташ хиллера, цо хІума кхаьллича, и тиша чоь юьззина самукъа даьржира массаьрга а. Кхарна кхоккха гала кхечира, амма шишша бен ца йиира цхьаммо а. Йисна цхьацца гала кхара вовшашна хьалха тоьттура, амма цхьа а ца кхевдира царна тІе.

«ХІан-хІа, тхо цкъа а лийр дац», – чІагІделира даг чохь.

– Ва, Кесират, хІара дума-м кху Мадас беанера, хІара ахьар мичара даьллера вайна? – хьаьттира Мухьадис.

– Деллахь, вай арадохучу дийнахь катоьхна арадаьккхина, кхин даъал дацахь а, безам бу-кх хІара бохуш, лелош бара аса и цинц. ХІокху ДегІастанара беанчу дуьмо шегахьа баьккхи-кх и, – жоп делира Кесирата, чохь болчийн белар а доккхуш.

– СагІа хуьлда-кх хьан ахьар а, Мадин дума а! – элира Мухьадис.

– Амин! – элира массара, цхьаболчара хозуьйтуш, вукхара – дагахь…

ДІайохучу пхьегІийн татанаш дайна, тийналлехь елира мелла а цхьа хан. Юха, дагахь доцуш, зударийн тобан юккъера яьржира чохь цкъа меллаша, юха ницкъ гуллуш йиш. ХІара дуьххьара кхета а ца кхийтира, и хІун ду. Халла дижира коьртс и нохчийн йиш хилар. И лазош яра, елахь а, йиш яра. Нохчийн йиш, нохчийн зударша олуш, нохчийн божарша ладугІуш. И мел сингаттаме елахь а, цуьнца хІара тІаме вахале синкъерамашкахь, асаршкахь мехкарша лоькхуш хиллачу эшарийн хІо, аз, мукъам бара.

…Юьртах боху бажа санна, тхо махках ма дехира…

Іовжаме детталора дешнаш дагах, амма хІетте а и йиш яра, мухха делахь а, цхьа самукъа а, халкъан таханлера боцург, кхин цхьа кхоллам а бара цуьнца, и халкъан ца ленболу кхоллам бара. «ХІан-хІа, тхо лийр дац», – чІагІдира оцу мукъамо а.

Кхо и ойланаш ешшехь, кхиниг йолийра зударша:

…Къонах ву хьо баьхна, Сталин,
Боьрша ву хьо баьхна, Сталин,
Сталин ву хьо баьхна, Сталин,
Ахь тхо кхуза хIунда далий?..

ЧIогIа локхуш яцахь а, кхунна оцу эшаро ша тIехь лаьтта мохк бегош хетара. И хIунда ду, ца кхетара хIара…

…Iаьржа марчо хьарчадойла,
Хьо хьайн цIела керчавойла,
Нохчийн къинна тховса кхалха
Хьо вайн Дала дIаязвойла…

Юха цIаьххьана кхийтира… ХIорш Днепр олучу шуьйрачу хил дехьабовла кечлуш бара. Дехьа агIор лаьттах болатан кIомсарш тесна лаьтташ мостагI вара. Нека ца хуучу кхо шена серех юьйцина, ша тIевижжал, керт йира. ХIорш дехьабовлуш хи а, стигал а, дехьара а, сехьара а ший а хин берд а, хетарехь, дерриг дуьне а лелхаш дара. Дехьа а бевлла немцошна тIелеташ массеран багахь, хIаъ, кхуьнан багахь а: «За Сталина!» – дара. Цул тIаьхьа масазза бехира и. ХIаъ, и дара хIара ца кхоьтуьйтуш дерг. Меллаша меттаххьуьйш йолу Жовзанан балдийн агIонаш гича, хIара оцу эшарехьа велира…

– Дера тоьллера мекхаш долчу кIантана а, тохара вай дохадале, целаш ги а йоьхкина, лекхна:

…ХIей, кема, хьо Москох додахь,
Сталине маршалла лолахь, –

бохург лекхийтинехь, – элира Мухьадис.

Цхьа а вела ца велира. Чохь сахилира. Кхин бийшар-гIовттар доцуш, балха бахара нах.

Кхо кIира даьккхира Канонеркехь, Закрих хIун хуьлу хаъалц. Ши буьйса кхо, Серикбайс вита а ца витна, и волчохь яьккхира. Кхушиннах гергара ши стаг хилира. Вохийна вацахь а, накъосталла оьшуш вара Серикбай. Осала а вацара…

КхоалгIачу дийнахь, аьлча а, доьалгIачу дийнахь, суьйренца веара комендант. И, куьйса а волуш, юккъерчу шерашкахь, белшаш тIехь лейтенантан погонаш а йолуш, лекхачу дегIахь стаг вара.

– Хьо мила ву? – хаьттира кхуьнга, ма-воггIу тIечовхарца.

Кхо жоп делира.

– Кхана Iуьйранна суна хьайн лар ма гайталахь кхузахь, – элира, дуьхьал жоп дала бакъо ца лучу озехь.

– Гергара стаг ву сан кхузахь чIогIа цомгуш, накъост лейтенант, – элира кхо, девне вала ца лууш.

– Со хьуна накъост вац! Хьо спецпереселенец ву, со – комендант! ХIун ю цо юьйцург, хьалха аьчкаш а оьхкина? – чуьравелира важа.

Цунна хьалха кхозуш хIумма а яцара. Я и тIамехь Iийна а вацара.

– Со тIамера вогIуш тIемало ву, хIара суна хьалхара «аьчкаш» сан цIий ду, – элира кхо, ша-шена собар доьхуш.

– Шу ерриш а цхьа бандитийн гIера ю, – везавоьра комендант, кхо лоьхучу собарца бала боцуш.

Кхин собар кхунна а ца карийра, я леха а ца лийхира.

Боьха вистхилира хIара цуьнга.

Коменданта хумпIар тIе куьг даьхьира. Кхуьнан дегIах дIасаяржа юлаелла пуржи хилира. Вукхунна и пуржи гира. Кхуьнан бIаьргаш чу хьаьжча, ша кхуьур воций а хиира…

И дIавахара. Кхерабелла, Iадийна зударий белха буьйлира. ХIара аравелира.

Сарахь цIа баьхкинчу божарша, кхунна цатам баларна кхерабелла, чIогIа, дIагIо, элира кхуьнга. Закрис а элира. ХIара ца вахара. ШолгIачу дийнахь а, сарахь а я цул тIаьхьа а кхин гучу а ца велира комендант… КIира даьлча, хьалагIаьттира Закри. И дукхахверг кхуьнан дуьхьа а гIаьттинера. Кхунна хаьара и. Закрис кхуьнга, дIагIо, элира. Кхо – хьо воцуш, гIур вац…

– Кхузахь берриг доьзал дIабоьллина аса, – элира Закрис, кхуьнан юхацаваларо вохийна. – Кху нахана а ма оьшу со, суна-м эхь хета, юккъера хьала а гIаьттина, дIаваха, – тIетуьйхира цо, ойлане лаьттачу кхунах а цхьа бехк лоьцуш. Юха: – Со кхин охьавужур вац хьуна, Мада, – къажа а гIерташ…

ХIара новкъавелира. Кхано тIаьхьа хиира кхунна, Закри батте а ца ваьллий. Кхунна боккха Iовжам бисира. И а дIабиллира хIинца хIуъа чутардан дезачу кийра.

Эвлайистте ваьлла воьду хIара «полуторка» олучу машено тIехаийра. Делкъахан хир яра, машен Бурасехь соцуш… Бурас район яра. Кхунна и еза а ца елира, я цигахь саца а ца велира. Семеновкс

боьдучу новкъа дикка дIаихира. Сецира. Я цхьаммо-м сацийра. «Юьртара юьрта а воьдуш, дIабекъа ца аьллера аса хьоьга дума?» – лере веара Долонера воккха стаг... Юхавирзира... Бурас а тиша яра. Урам-новкъара ханнийн цIенош къаналла охьа а таьIнера, Iарж а деллера... Царал а ирча яра кир тохаза саманийн лоха а, мокха а токъанаш. Наг-наггахь цIенойн кораш кIел йолчу малхо мерцина зезаг тайпачу хIуманаша а, иштта наггахь долчу гIамаран баса дахначу дитташа а самалха ца доккхура. Кхуьнан томка Канонеркехь кхачийра. Хоьттуш лелла-а, эвлан йистехьа Iачу цхьана йоккхачу стагера диъ стака махорка ийцира. Юха юьрта ваьлча, воккхо-о стаг воцург, кхин адам а дацара гуш. Делкъал тIаьхье елахь а, малх лаккхахь бара. Цо йохйина гIум, лелина цIаста санна, йовха яра, эткашна чекх когаш а багош. Лахахь лаьтташ эмкал йоьжна ворда гина, хIара цу агIор охьавахара. Ворданна уллохь цхьа а вацара. Дехьо-о, ши гуьйриг лаьттах а йоьллина, тIе дехха цхьа у тоьхна гIант дара. Охьахиира. Цхьанна а керта вахна, хIумма а хатта ца лаьара...

«ВогIу-воьдуш нохчо а гур», – аьлла, цхьанхьа-м цхьа ойла а хьайра. Оцу ойланца меллаша цигаьрка хьарчийра, оза а уьйзира. Кийрахь есалла яра. И, мел боккха баьккхича а, цигаьркан кIуьро дIа ца юзура... Стигалахь догIанна аьлла беш болчу кечаман кхуьнан тидам а ца хилира я, кхузахь догIа догIур ду аьлла, дага а ца деанера. ХIара Симпалатехь цIерпошта тIера охьавоьссичхьана цхьа тIадам а и дан а ца деанера. ЦIаьххьана къевкъинчу стигалой, цунна дуьхьал къора терсаш, гIамаран дарц ойуш хьаькхначу махой хедийра кхуьнан ша йо, ца йо а ца хуу ойланаш.

ХIаа, и ойланаш кхунна шен кийрахь хаалучу есаллех яра. Оцу есалли чохь къевкъира стигал, цу чу хьоькхура гIамаран мох. ХIара новкъаволуш хилла шад-м ша болччохь бара. Цунна уллохь яра есалла а...

....Юьртахь нохчий хирг хиларх-м кхуьнан шеко а яцара. Хьеннан а керта вахна, мичахь бу хаьттича, дуьйцур а дара. И хатта дезий а хаьара, амма кхо и сахьт юхатоьттура. Цаьргахь хIун хьал хир ду а, хаьара. И хаар хила а мегара и юхатоьттуьйтуш дерг. Ша лоьхург шена атто юй а хаьара. Ша-шена реза а вацара и лехарна, амма цхьа деза кIадвалар дара белшаш тIехь. Оцо и хаттар дала ваха хьала ца гIоттуьйтура. И догIано гIеххьа дайдина хийтира, амма «гIатта веза» аьлча, и хьалхачул а деза хааделира дегIана.

ТIаккха ша човхийра. ХьалагIаьттира. Айми чохь ловзучу бераш-на юккъехь воккхо-о хетачуьнга хьаьттира, нохчий мичахь Iаш бу. ХIара лаьттачуьра дIа гена а дацара, кIанта, оцу чохь Iаш бу аьлла, гайтина цIа. ХIара цига вахара. Цхьана хенахь кечдина аннех дина жима ков, дIатеттича, халла, лаьттах хьекхалуш, дIаделладелира. Керта ваьлча, тIехьа йолчу бешахь лаьттах муцIар Iуьттуш хьакха а, цунна уллохь ши-кхоъ херси а гира.

«Левина со оцу кIанта», – аьлла, юхавала схьавирзинчу кхунна, мичара даьлла ца хууш:

– Папа! Папа вернулся! – аьлла, маьхьаршца цхьа ши бер тIекхийтира.

Воьхна хIара, хIун дер а ца хууш, ша волччохь лаьттара. Шен цхьацца ког къевллина дIалаьцначу шина берана тIе ша-шаха ши куьг а хьоькхуш. ТIелетта шиъ кхин дист а ца хуьлура, амма цушин-нан догIмийн дегорца гора кхунна, и шиъ доьлхуш хилар. Кхин а холчухIоьттира. КIентан ворхI-бархI шо хир дара, йоI – цул жима.

Араелира ондачу дегIахь оьрсийн зуда. Цуьнан шуьйро горгачу юьхьа тIера бос дIабаьхьнера. ХIара гира. Шина беро холчухIоттийнчу кхуьнан хьажар орца доьхуш дара. И кхийтира, хIара шен берийн да цахиларх а, кхуьнгахь долчу хьолах а. Цуьнан юьхьа тIе юха бос бан буьйлира. Шен хьалха хилла хьаьрса бос хир бара и. ТIееана, хIара шун да вац аьлла, ши бер дIаозийра, амма: «Ву, ву, ву», – бохуш, шина беро кхуьнан голаш дIа ца хоьцура. Нана цушинна тоха йоллуш хийтира кхунна. Ша тухуьйтур йоций, хаий-тира. Дан гIо доцуш, зудчо куьйгаш охьахийцира. Цхьа хан елира, хIорш массо а тап-аьлла Iаш. Кхунна хаалора шина беран массо пха а, шех хьаьрчина. Белш тIера охьабеана тIоьрмиг а нисбеш, и шиъ караэца охьатаьIира. Кхеттачу вукхушиммо голаш дIахийцира…

Кхуьнан цхьацца белш тIехь дара и шиъ.

– Ма хьийзаве нехан стаг, охьадосса ший а, – элира зудчо шина бере, шен аз дехаран тIегIа тIе доккхуш, хьажарца кхуьнга «хIун дийр ду кхарна а», олуш. И шиъ дист а ца хуьлура. Юха, цхьа хан яьлча, карара охьадосса меттаххьайра. И шиъ кхеттера. Кхета-м, хетарехь, хьалхо кхеттера, амма шаьшшиъ кхеттачух теша ца луу таро яра. Кхуьнан дегIах дIакъасталц хIара цушиннан да вара. Цундела Iийра и шиъ иштта.

Охьадоьссина ши бер, кортош ца ойуш, кертехьа дIадахара. Цушиммо бинчу лазамо а цхьа зил хьаькхира дагах... Кху чохь Iаш нохчий бу аьлла, чувирзинера ша аьлла, зуда кхета а йина, кертах вала меттаххьайра хIара, шина берана тIаьхьахьоьжучуьра схьавоьрзуш...

...Семеновке ткъе итт километр йиснера. Когашна дагадогIура, хьала а гIаьттина, и некъ ца соцуш сахиллалц дIабан. ХIара и дан гIаттавоьлча, Долонерчу воккхачу стага белш тIе куьг дуьллура. Куьг деза дара. И айалуш, гIатта ца лора. Цуьнан мохь бахьалур бацара Семеновке. Баьхьча, охьабиллалур бацара. Цхьанхьа-м адамийн аьзнаш делира. Оцу агIор вахара. Цхьа майда санна йолчу метте кхечира. Цу тIера дIасабаьржаш бара гIеххьа нах. Дуьххьара тIенисделлачу чекх пхьаьрсаш а даьхна доьдучу йоIей, кIантей, нохчий мичахь Iаш бу, хаьттира. Цушиммо, хаттар тергал ца деш, дIадаьхьира шаьшшиннан къамел а, некъ а.

ХIара гIант долчу ураме веара. Циггара бен хуур дацара Семеновке боьдучу новкъа вала. Новкъавелира. Карзахдаьккхинчу даго кIадвалар ца хоуьйтуш лоьллура когаш а, дегI а. Сатасадоллалц некъ бира. Юха дегI ша, малделла, охьадахара некъа йисте...

...Жоьра-бабин цIа тиша дара. Тхов цхьана агIор лаьтта кхоччуш боллура. ХIара жима вара, тохара ша бабица вуьжучу хенахь санна. Тхевнан агIонна нийсса кIел хIотталора. Кхо иза цхьана куьйга хьалатеттира. И шен метта дIахIоьттира. Шайн-шайн метта яхара цунна тIера кхийран гаьргаш а... Харцца доллуш долу ков а, лекха, малхах а хьакхадолуьйтуш айъина, юха нийсса шен метта дIахIоттийра. ХIара онда вара. Тохара бераллехь бабас шена туьйранаш дуьйцучу хенахь ша ма-хеттара... Чувахара. ЦIаьнкъа юккъехь, хьаьрчина букар а яхна, гIийла хиъна Iаш яра Жоьра-баба. Цунна хьалхарчу хьехачу текха чохь барула-можа хIоьан буьйррал ахьаран цинц бара. Бабин бIаьргех даккхийра, догIанаш санна, тIадамаш оьгура.

Уьш, дезза ахьар тIе а кхетий, къайладовлура, амма ахьар ца дешара. ХIара бабин юьхь-дуьхьал хьаьжира. И йоккха стаг а яцара. Канонеркера Кесират яра. Цуьнан бIаьргаш а дацара. Уьш, дилхина, кхачийнера. ТIадамаш даг чуьра дуьйлуш дара...

– Баба, хьан цIе хIун ю? – хаьттира кхо.

– ДегIаста, ДегIаста, ДегIаста, – деара йилбазмахца жоп.

И хIоразза кхуьнан дагах чекхдолура.

– Баба, хьо хIун дан гIерта?

– Сайн дала дохкучу берашна – сискал, – жоп делира Жоьрабабас.

«Сискал… сискал… сискал…» – детталора лерехь.

– Баба, хи ма дац хьан.

– Саьрмак… саьрмак… саьрмак… – юха лере беара йилбазмохь.

ХIара кхийтира. Хи тIе саьрмак хиънера…

Чуьрчу паднар тIехь, лаьттахь, тайнигаш санна, кегий, дерзина, бIаьргаш чуэгна, делла а, дийна а доцуш бераш дара. Бераш а, чоь а евзира – Долонехь хилларг яра.

– Баба, соьгахь дума а ма бу, – кхаъ боккхуш хеташ элира кхо.

– И ахьа нехан лачкъийна бу… нехан лачкъийна бу, – бийкира хьалхалерра мохь.

Эхь хийтира…

– Со хи дан воьду, баба, – элира кхо.

– Ма гIо, хьо санна ихна, сан дукха, хаза кIентий байъина цо, – дийхира бабас гIийла…

ХIара, шел лекха ши кIудал а эцна, хи тIе вахара. Шилхотерчу юьртан шовданна гобаьккхина бижна саьрмак бара. Саьрмако корта айъира. И адамниг бара, боккха, юхахьаькхна кIуж а, хьаьрса ши мекх а долуш. И кхуьнга бист а ца хилира, я хIунда веана а, ца хаьттира. ХIара, хи тIе кхача, цуьнан маситтазза тIекIел диллинчу дегIан пена тIе вала гIоьртира. Саьрмакан корта, цIоцкъамаш кIелдIашхула кхуьнга а хьаьжна, ца бешаш, церг-балда ца гойтуш, агIор къежара. Поп санна йоккхачу луьллан кIур баьккхина, и кIуррий, алуй тоьхна, хIара ченан мискъалан заррат йина, гена, цIечу бердал а дехьа, Зуьрха йолччу кхоьссира. Юхавеара. Ша болччохь бара саьрмак а, цуьнан корта а. ХIара юха а хи тIе гIоьртира.

«ХIара саьрмак ма бац, адам ма ду, хIара суна довза-м ма девза, цIе яккха дага ца ягIахь а», – бохура кхо ша-шега.

Коьрто, меллаша куьг тухуш, мекх тодора, мекхех охьаледачу дуькъачу цIийн тIадамаша охьаийзо чоьш пIелгашца дIасахьоькхура. Улловеанчу кхунна хьалха мекхех схьабаьлла, я баьккхина, чо ластийра. Цунах цу сохьта боккхачун сибатехь кегий саьрмакаш хилира. Уьш кхунна тIехьаьвдира – кIудалш йиттина охьадехира. Юха а кIуррий, алуй тоьхна, генна юхакхоьссира хIара.

Хи тІе гІоьртира. Кхин а чо кхоьссира – кІудалш йиттира. КхозлагІа а дІакхоьссира. КхозлагІа а юхавеара.

Кхин чо ластабале, кхо саьрмакан дегІах кІудал туьйхира, и ведъелира. Важа туьйхира – цунах а изза хилира.

«ХІа-а-ан, тур тоха ма деза кхунна», – дагатесира кхунна.

Хаьн тІе ка дадийра. Тур дацара. Кхо лелориг гина, цхьа дог морцуш:

«Хьажахьа, жимчохь дийцинчу бабин туьйранех а тешна веанарг. Хьа-хьа-хьа-хьа», – боьлура корта.

– Хьо саьрмак ма бац, адам ма ду, суна хьо ма вевза, хьо санна долчу адамашна мала ма деза и хи, тхо хьагделла, – тІегІертара хІара юха а.

«Хьа-хьа-хьа», – боьлура саьрмаках схьа а хаьдда, нийсса шовдан тІехула хІаваэхь кхозу корта.

«Жоьра-бабин берех къа ца хета хьуна?» – мохь тоха гІертара хІара.

«Хьа-хьа-хьа», – дара жоп.

И белар дацара, цхьа ведда веана хІоьттинчу стеган «хьуьхь» дара.

– Со дага ца вогІу хьуна? Суна хьо-м вогІу. Хьайн цІе яккхахьа, вайша цхьаьна вацара тІамехь! – мохь тоха гІертара.

– Вацара, вацара, со цхьаъ, цхьаъ… тоьлларг, тоьлларг, тоьлларг, – къора мохь туьйхира коьрто, хІара, юха а, бабин керта а ластош…

И ша хиллачохь Іара.

– Жоьра-баба, суна тур деза, саьрмак бен, уггар доккха тур, – элира кхо.

– И туьрца белур бац, сан жимниг, тур-м туьйра дай, – элира бабас.

– ТІаккха стенца белур бу и, баба? – хаьттира кхо.

– Оханца, оханца, оханца, – дахьаш беара йилбазмохь, юха «гота… гота…» бохуш, дІабахара.

– ХІинца дІавижа, аса, дуккха а ницкъ белла, гІаттор ву хьо, – цІаьнкъа мотт биллира кхунна бабас.

– Баба, и баллалц хІокхара хІун дийр ду? – Іохкучу берашка хьаьжира хІара.

– Сатухур ду. Лан деза. ХІорш дала йиш ма яц бабин! – техкавора хІара бабас.

– Со самаваккхалахь, баба. ХӀара туьйра ма дац, баба, даций? – хьаьттира кхо.

– Дера дац, дера дац, – техкавора бабас.

...Юха ондда тахкийра. Самаиккхира... Кхунна тӀе а оллавелла, хӀара меттаххьевеш вара казах. ДӀахьаьжча эмкал йоьжна ворда а гира, лакхабаьлла малх а... Шайн маттахь цхьаъ-м бохура воккхачу стага. И-м кхунна, ма вайн, вевзира. ХӀара, бехкалвахна, хьалагӀаьттира. Шен къамел а деш, хӀара шена тӀаьхьа а воьхуш, ворда тӀе воьдура казах. ХӀара тӀаьхьахӀоьттира. Ша хьала а ваьлла, куьйгаэшарехь, ворда тӀе хаа, элира кхуьнга а... «Чу» аьлла, дӀалаьллира эмкал. Вукхо паргӀат гӀулч тесира. Къамел саца а дина, цхьа чаккхе йоцу сингаттаме мукъам болийра воккхачу стага. Мукъам аьлча а, и цхьанаэшарехь хоттабелла цхьа узам бара. Дешнех ца кхетахь а, дешнаш-м цуьнан дан а дарий хьовха, генна чуьра цхьа пхенаш ийзадора цо, лаза а деш. И, белахь а, бацахь а, кхунна тӀеӀоттаваларо дог меттаххьадина нохчашкахь долчу хьолаца балийна хийтира кхунна. Хила-м и иштта кхунна хетаделла хила а мегара. Масане сингаттаман мукъам, узам хир бара дахар девзина волчу казахан дагахь. Масане бахьана гулделла хир дара и мукъам бало. Делахь а, цхьа тера бара-кх и кхуьнан чохь болчух. ХӀара, цигаьрка а хьарчош, шена оьхьна гӀаннабарш листа вуьйлира.

ГӀан-м кхо башха хала а ца тидира. И хьалха тийсинарш-м кхо Шилхотера схьа кху новкъаваьлчхьана йинчуй, ечуй ойланийн суьрташ дара. Юкъ-юкъара дохуш, гӀенан суьрташка хьожуш дагатесира, ша гӀенах шегахь дума бу аьлча, «и ахьа нехан лачкъийна бу» алар. Юха хьалхахӀоьттира Долонера воккха стаг. ХӀан-хӀа, цо-м кхуьнга юхагӀо а ца элира. Амма цуьнан бӀаьргаш чохь дийшира: «И дума ахьа дӀакхачийнехьара, масане лечуьра вала тарлора...»

... Букъа тӀе куьг диллича, мукъам хадош, хетарехь, реза а воцуш, юхахьаьжира воккха стаг. Цуьнга куьйгаэшарехь бехк цабиллар а доьхуш, охьавоьссира хӀара. Белш а сеттош.

– Билмим... Билмим... – цхьаъ-м дуьйцура казахо.

Юха а куьйгаэшарехь цуьнга «дӀагӀо, дӀагӀо» аьлла, кхо шен некъ юханехьа берзийра. Делкъхан хуьлуш йоллура. Бурас геннахь гуш, малх суьйрене лестинера. Куьг аьрру агӀор йолчу аренца боккхачу некъах кхетачу бай тӀехь биллинчу новкъа йогӀуш, цхьа сту а боьжна, доккха черма а тӀехь, ши чкъург йолу ворда яра. Адам-м

гуш а дацара цунна тIехь. ХIара, и тIекхаччалц, цигаьрка а хьарчош, гIамар тIе гора хиира.

Цигаьрка юккъе йолуш тIекхечира ворда. ТIаккха гира черми хьалха, у тоьхна тойинчу меттехь, хиъна Iан 10–12 шо долу эгIазо а, беркъа а кIант. И нохчо вуй а хиира, бIаьрг ма-кхийтти. ХIара, хьалагIаьттина, тIеволавелча, шен карара гIеххьа ехо йолу шад белш тIехьа кхазийра кIанта. ТIекховдахь, тухур ю ша, бохург дара оцу кепаца а, бIаьргаш чохь а. Оцу хIоттаро лаза а, къажа а вира. ХIара къежча, кIентан буьрса кеп жимма юьйхира. Дог ца догIуш богIу боккха, оза цIен сту сецира кхунна тIекхаьчча, бахьана карийна.

– Хьо ма цецваьлла. Нохчичух тера ца хета хьуна ваша? – элира кхо хьасене[1], хIун дер ца хууш, ша волччохь ирахIоьттинчу кIанте.

ХIара вист ма-хилла, охьаиккхина, маракхийтира и.

ХIан-хIа, жима а, воккха а, хIинца санна, хербелла бацара нохчий хIетахь. Хербеллехь-м, хир а барий!

– Ваша, хьо тIамера вогIуш вуй?

– Ву, дера.

– Дикачу балха тIе ца кхечи хьо а, ваша, – элира кIанта, воккхачу стага санна.

Цуьнан дерриг къамел а дара воккхачун, кхетам а бара.

– Ваша, мила ву-те вай дохорна бехке? – И воккхачун хаттар дара.

– Бехкениг а карор ву, жоп а доьхур ду, вешан цIа а гIур ду, – элира кхо, белш тIе куьг дуьллуш, кIант шена тIе а къовлуш.

– Дала мукъ лахь, ваша, – элира кIанта, кхунах схьа а уьйш.

Бералла хаьдда, воккха стаг хиллачу оцу кIентан багах мел долучу дашо лазавора. Цунах юха а бер муха дийр дара, ца хаьара кхунна.

Цунах и дан гIоьртина, хIара и хьалаайа кхевдира, шен метта вордан тIе хао дагахь.

– Ма, ма, варийлахь, варийлахь, ваша, – шен гоьллелц йогIучу муьлхачу кIадин ю ца хуучу хечин борче куьйгаш дадийра пиллиг санна вайн волчу цо.

ХIокхо и охьахийцира, амма и тIаьхьа дара. Барчера хьалаяьллачу кучан четара гIамарла ийгира беран кана хиллал долу роьжан буьртигаш…

ХIара вуьйхира. Чехко, массо а агIор дIасахьаьжна:

[1] Хьасене – кIеда-мерза.

– ХӀумма а дацара хӀара-м, ваша, схьалахьор дара хӀорш-м… Нана яра вайн цомгуш, цунна юучунна… биргадехь лачкъо аьтто баьллера сан хӀорш… Вайна дехьо Ӏачу казахийн ступка ю, цу чохь тухий, курпа йой, худар дора аса нанина… Кхин а кӀанттий, йоӀӀий а ду вайн цӀахь… Дада-м, комендантана гӀант тоьхна аьлла, чувоьллина ялх бутт а бу тхан… Эцца, вайн цхьана нохчийн воккхачу стаге бага леечохь тӀенисвелла хиллера дада цунна…

И къамел дешшехь олхазаран зӀакаран хьесапехь чехка детталора кӀентан, мехий санна, дуткъа пӀелгаш буьртигаш тӀе. Меллаша буьртигаш лехьош, цунна кӀезиг гӀо дечу кхунна хьалха шена гиначу гӀенан цхьацца кийсакаш оьхьура… Юха ша саьрмак а бийна, лаьттах дӀа охана а эцна воьдуш… юхахьаьжча, четара роьжан буьртигийн хӀу тосуш шена тӀаьхьавогӀуш вела а воьлуш вогӀуш хӀара кӀант гира, ткъа цу кӀантана тӀаьхьа, хӀора цо дӀатесна буьртиг хьалакхуьуш, ялтийн хӀорд хӀуттура… хӀордал дехьа ДегӀастане дирзина кхушиннан халкъ, Жовзан хьалха а йолуш…

– ХӀан, вели вайша, ваша, – элира кӀанта, тӀаьххьара буьртигаш чета а тосуш, туьйранера а, сатийсамашкара а хӀара юха а верзош.

Бехкалвахначу кхо шегара ткъех буьртиг а дӀакховдийра кӀанте.

«ХӀокху берах воккха стаг винчу кху сила болчу сингаттамо со-м, бер а дина, бабин туьйранашка кхоьхьуш ма ву», – ойла йора кхунна чохь цхьаммо-м, кхунна и ша ца хетара, вуй хуъушехь.

«И туьйра дац, гӀан дац, и-м иштта хир а дай», – бохура кхин цхьаммо, и кхунна ша хетара.

«Бер ду-кх», – олура юха цхьаммо.

«Ткъа бераш доцуш латта а лур дуй дуьне?» – хоттура кхо.

«Дац, дац…» – чӀагӀдора йилбазмахо.

И хаттаршший, жоьпашший, ша луш дерш а, шена луш дерш а къасто гӀерташ:

– Ваша, дӀагӀо вайша, – аьлла, юкъахваьккхира кӀанта.

Кхин а бехкалвахна, хӀара кӀантана уллс вордана хиира. Меллаша дӀаболабелира сту. ХӀара шиъ дуккха а Ӏийра вист ца хуьлуш, я кхунна хийтира а, хаац, иштта.

– Ваша, мидалш-м дуккха ю хьан, – элира кӀанта.

Уьш цуьнан, дуьххьара, беран ду ала мегар долу дешнаш дара.

– ЦӀе хӀун ю хьан? – хаьттира кхо.

– Селим, – жоп делира вукхо, стеран букъа тӀехула ластош шедан тата а доккхуш.

– Шаьш мича тайпана, муьлхачу юьртара ду, хаьий хьуна? – хаьттира кхо, аьлла воллушехь, ша нийса ца хӀоттийначу хаттарна дохко а волуш.

– Хаьа, дера-кх. Ша муьлхачу тайпана ву а, юьртара ву а ца хууш хуьлу стаг? – чӀагӀдира кӀанта кхуьнан дохковалар. Юха, «цоб-цоб» аьлла, сту а човхош, тӀетуьйхира: – Тхо тайпана хорачой а, Хорачара а ду-кх.

– ХӀун ю хьан ден цӀе? – хаьттира тайпана ваша карийначу кхо.

– Зайнди ю-кх дадин цӀе, – элира кхуьнан цецвалар тосаделла Селима.

– Цхьа куьг доцуш вуй и? – хаьттира кхо.

– ХӀаъ, – элира, хӀинца ша цецвалар гойтуш, кӀанта.

– Шу Хьажханан некъех а ма ду, дуй? – элира кхо, кӀантана эсала букъа тӀехула охьа куьг а хьош.

– Дера ду. Хьо хорачо ву, вуй, ваша? – элира хазахетарца вукхо.

– Хьан дикачу десар, ву-кх, – чӀагӀдира кхо оцу хазахетарх шена а дакъа кхачош.

Хазахетаро ший а серлаваькккхира хӀара шиъ. Нохчий берриш а вежарий белахь а, царна юккъехь а ши ваша ма вара хӀара шиъ – жимий, воккхий ши ваша. Оцунах кхул а дика кхеташ Селим а вара.

– Ваша, хьо а вуй Хьажханан некъех? – хаьттира Селима, хетарехь, шеко а йоцуш.

Кхунна кӀантана мелла а хазахетар дан лаьара, делахь а и левар товш дацара. Я и-м ле а лур вацара. Цундела кхо ша СуругӀан некъех хилар хаийтира.

– Хорачо ма ву хьо, ваша, нохчи а, – элира кӀанта, хазахетар хӀумма а жим ца деш.

«ХӀара кӀант сол хьекъална тоьлуш ву-кх», – элира ша-шега кхо.

Кхушинца юьрта чу йогӀуш яра суьйре. ДӀабуза юьртах баьллера малх. СелимгӀар юьртана йистехьо Ӏаш хиллера. Гонаха керт йоцчу лохочу саманан токъанаш хьалха сацийра Селима ворда. Сацийра аьлча а, Ӏемина сту ша сецира.

– Ваша, аса хӀара чехка дӀа а хецна, чугӀур ву вайша, – аьлла, охьаиккхира и.

ХӀара а охьавоьссира. ГӀо дан аьлла тӀекхачале дӀахецна ваьллера кӀант сту. И меллаша кертара дӀаболабелира. ХӀара шиъ, Селим хьалха а волуш, хьалхарчу чуьелира – и яьсса яра… – юха шолгӀачу чу. Жима цхьа кор бен доцчу чоьнан къорза истанга тӀехь тишачу юргӀи кӀел цхьа адам а, цӀаьнкъа юккъехь охьахуучу гӀанта тӀе кохкарца дихкина бер а дара. Оцу беран бага а биллина, куьйган пӀелг цӀуббойтуш лаьтта диъ-пхиъ шо хир долуш вочаяьлла, когийн шина чӀешалга тӀехь лаьтта йоӀ а. ХӀара шиъ чуваьлча, цо пӀелг беран багара схьабаьккхира, тӀаккха и дилхира. Юха и бага биллира…

– Балкиш, хьо вуй и? – хезира юргӀи кӀелара зудчун цамгаре аз.

– Ву, нана. Соьца хьаша а ма ву. ТӀамера вогӀуш, харачо, СугӀуран некъех а волуш, – охьавийцира кӀанта хӀара…

Халла шен юьхьа тӀера юргӀа охьадаьхьира зудчо.

– Стаг, хьала ца гӀаттало-кх со хьуна… Марша вогӀийла хьо, эцца цхьанхьа охьахаа гӀортахьа. ХӀокху кӀанте цхьа божарий болчу хӀусаме дӀакхетавойтур ву вай хьо, – элира цо, меттахъяла а гӀерташ.

– Маршалла хьуна а. Хьайн деллахь, ма хье меттах. Хьо цомгуш ма ю, гӀиллакхаш лелочохь ма яц, со-м дӀанислур ву хьуна, деллахь, ма хьелахь меттах, – элира холчухӀоьттинчу тӀе цуьнан айаяла гӀортаро кхин а холчухӀоттийначу хӀокхо.

– ГӀиллакхаш-м даллалц тӀехь дара вайна, деэшча, юьхьӀаьржо ю-кх. Дала цхьана гӀуданна латтайо а, я кху берийн дуьхьа латтайо а, хаац, дӀа ца оьцуш латтайо-кх со, – элира зудчо, шен цамгаро эшийначу денна кхунна хьалха ша бехке хеташ.

– Хьо толур ма ю. Дала гӀоли йийр ю хьуна. Берийн дуьхьа а йийр ю. Йоха ма йоха хьо, – элира кхо, шен оцу зудчунна дан доцчу гӀоьнна дог Ӏовжош.

– ХӀаъ, берийн дуьхьа ян а мега, берийн дуьхьа, – тийра зудчун аз, хетарехь, ницкъ кхачийна.

– Ваша, со хӀинцца, Ӏаржъялале, эцца казахийн ступки чохь хӀара рож а тоьхна вогӀу, тӀаккха аса худар дийр ду вайна, – элира Селима шен четара буьртигаш жимчу наштаран куршки чу а дерзош, юха, йоӀехьа воьрзуш, тӀетуьйхира: – Хеди, ахьа цӀе латаелахь со юхавале.

ХӀара вистхилале, дӀавайра. Кхуьнгахь дума а, шекар а, маситта бакъийна чӀара а, ткъех сухар а яра, амма кхин ялтийн хӀума яцара. И хӀинца массо а хӀуманал сов оьшура. Жима йоӀ пеша хьалха хьийза

юьйлира. ЦІе а, хетарехь, цо дуьххьара латош яцара. ГІанта тІехь долу бер ца дилхира. Цунна наб озийна таро яра.

– Хеди, хи лохьа нанина, – йистхилира зуда.

ЙоІ, дехьо сонехь лаьттачу жим-жима яьлла оьхучу кІудал чуьра цІестачу чами чу, ца Іанош, хи дотта гІертара. ТІевахна, кхо, йоІера чами схьаэцна, чу хи даийтира. Юха и зудчунна мала даьхьира. Цуьнан юьхьа тІехь гуш ерг а Закрин хилла цамгар яра. Чами хаабеллачу зудчо бІаьргаш биллира. И кхуьнан карахь гича, бІаьрг-негІарш тІедийшира. Корта ластийра, оцу йоІе дІалохьа, стаг, и чами олуш.

– ДІамала хи, дІамала, со-м хьан ваша вай. Хьан цІийнден Зайндин ваша а вай, – элира кхо.

Амма цо кхин дуьненахь шен карара хи мала а ца мелла, чами йоІе дІабала дийзира кхуьнан. Юха чехка шен тІоьрмиг дІа а баьстина, чуьра цІена чухула духу салтийн коч-хеча схьадаьккхира. И шиъ схьаоьцуш куьг кхийтира шекаран бІаьлгах, иза а, шен караеана масех сухар а Хедига кховдийра. ЙоьІан хьежарехь гуш дара, йоІана я шекар хІун ю а, я сухарш хІун ю а цахаар, шекаран бІаьлга тІе пІелг а Іуттуш:

– Даа ахьа, и мерза ма ду, – элира кхо.

Юха, коч-хеча а эцна, аравелира. Дехьара цхьа цІа а дитина, шолгІачу цІен тІе вахара, кетІахь самар чу чІешалгаш тохкуш казах а гина, коч-хеча а гайтина.

– Мука нада, немношка масло, – элира кхо.

Коч-хече а ца хьожуш, «жокх»[1] элира вукхо. Чот йоьхна хІара, урам-новкъа а ваьлла, цІенойн керташка дІасахьаьжира. Дехьо-о долчу дечкан цІенош хьалха хиъна Іаш стаг гора. ХІара тІевахара. И цигаьрка узуш хиъна Іаш воккха стаг оьрси вара. Казахе аьлларг олуш, коч-хеча гайтира. Цушинга бІаьрг а тоьхна, дикка лахара хьала кхуьнга хьаьжира важа. Юха, вист а ца хуьлуш, чувахара. И ара цаваларна кхоьруш, сатухийла яйна лаьттира. Аравелира. Цхьана куьйгахь гІеххьа болчу кедахь йисттелц роьжан дама а, вукху куьйгахь шина пІелггал стомма хьакхин дуьмин цастар а долуш, тІевеара. Кхунна коч-хечех дама кІезиг хийтира, дума-м шен цаэшарца сов бара, амма мах къуьйсучохь мича дара гІуллакх.

– Ну, куда будешь сыпать-то? – хьаьттира воккхачу стага, кад схьа а кховдош.

[1] Жокх (каз.) – дац.

Кхин хIун дер а ца хиъна, кхо, коч-хеча гIанта тIе охьа а диллина, кучан юх хьалалецира, вукхо чубассийра кад. Цу тIе дилла волуш вара дуьмин цастар а.

– Это не надо, – элира кхо.

– Ну, народ, – бохуш, корта а лестош, – а это забери, солдат, – аьлла, хIара кхетта валале, кхуьнан тIома кIел доьллира коч-хеча.

– Это тебе, тебе, дедушка, – элира кхо юьхьIаьржоно вагош.

– Ну, ты это брось. Иди, иди, солдат, с Богом, – элира цо, кхуьнан къамелана ша резавоций хоуьйтуш.

Кхин хIара тергал а ца веш, шен карарчу цастар тIе воьрзуш, корта ластийра юха а.

– Спасибо тебе, муного живи, дед, – элира кхо, воккхачу стага динчу совгIатах воккхавеш а, дуьххьара шена тарделлачунна юьхьIаьржа волуш а.

– Поживем, сколько Бог даст, – элира вукхо, гIанта воьрзуш…

Селим чувеанера. ЙоIа цIе а латийнера. Пеша уллорчу стол тайпанчу хIуман тIе охьадоьхкира дама. Кхо лелочух кхеташ а вацара Селим. Дама карорна воккхаве хIара кхин хIуманна а тидам беш а вацара. Юха текх гира, цу чохь Селима баькххина курпин цинц а… Пеша тIе хIоттийна жимо чуьйна яй бара.

– Кхин боккха яй буй вайн, Селим? – хьаьттира кхо.

– ХIара-м бу, – боккха чуьйна яй схьатакхийра Селима, цуьнан юьхьа тIехь и стенна оьшу цахаар а дара.

КIудалара алссам чу хи а доьттина, жима яй а, пешан пилтан кхин цхьа хIоз а дIа а баькххина, бокханиг дIаоьллира кхо. Кхо хIун леладо хьоьжуш дара Селиммий, юха а жимчуьнга шен пIелг цIуббойтуш лаьтта Хедий. Цушиннан нана-м, наб озийна я шен дегIе ладоьгIуш, тийна Iара. Я кхуьнга ладоьгIуш хила а тарлора… Пешан неI йиллина, цIере хьоьжура хIара. ЦIе дика латийна яра. Сирник санна догура зоьзан дечиг. «Дика ду, кхеран дечиг долуш а. Гуьйре ма ю тIегIерташ ерг», – хьаьвзира ойланехь. Цул тIаьхьа, вахна, шен тIоьрмиг чуьра болийна дума схьа а эцна, юккъехула бекъа а бекъна, ах кегийро хедо вуьйлира.

– И хIун ю, ваша? – хьаьттира, кхуьнан хьийзаро воккхачун дукъ шегара дIа а даькккхина, юха а бер хилла лаьттачу Селима.

– ХIара, хьаха, ю, вайна орцах еана вайн ДегIаста, Селим, – жоп делира ша цхьа гIуллакх деш хиларо дог-ойла айъина волчу кхо.

ДӀахьаьжча, ша аьллачух Селим башха ца кхетта гича: – ХӀара уьстагӀан дума бу-кх, Селим, аса вайн ДегӀастанара бохьуш, – тӀетуьйхира.

Селим цунах а кӀезиг кхийтира.

«Дума дӀа а тесна, кхин цкъачунна дан хӀумма а дац-кх», – аьлла, пеша хьалхха, жимчу гӀанта охьахиира. Юха йоӀе хьаьжна:

– Хеди, шекар мерза дарий? – хаьттира, цуьнга вистхилархьама.

– Хаац, – элира йоӀа тийна-а. И цецъяьлла а яра, шен дагахь, чу а веана, хӀокху нехан стага хӀун леладо-те, бохуш.

– Ой, ахьа ца диира? – цецвелира хӀара.

– Нанина даийра аса, хи чу а Ӏуттуш, – элира йоӀа хьалхачул а тийна.

– Уийт, маржа-яӀ, Хеди! – элира кхо къора, логехь шад а соцуш. Юха тӀоьрмиг чуьра буй буьззина схьаэцна шекаран бӀаьлгаш деми улле охьа а дехкина, ши-кхо бӀелиг Хедин кара тарбира. – И массо а дӀабаал, Хеди, – олуш.

ЙоӀа, жимчун багара шен пӀелг схьа а баькккхина, яхна Селима роьжан буьртигаш чудоьхкина хилла куршка схьаийцира. Цу чохь хи дара. Юха шен метта а яхна, цу чу Ӏуьттуш баша а беш, ша бат ца тухуш, жимчуьнга и цӀуббайта юьйлира.

Цуьнан терго ечу кхо: «Э-э-э, Делан неӀалт хилахьара тхо ца дойу долчунна-м», – элира дагахь таӀӀош, юха а логехь шад а хаалуш.

ХӀара дикка Ӏийра охьатаьӀна. Тидам хилира, ша чувеачхьана Селим лаьтташ хиларан.

– Селим, хьо охьа хӀунда ца хуу? – хаьттира кхо.

– Хуур вара со-м, ваша, – элира юха кхиъна стаг хиллачу Селима.

Юха а хьалахьаьдира логе шад. Шена улле тӀевийхира. И тӀевеара. Дехьо гӀант гира. И схьа а эцийтина, улле, белш тӀе куьг а дуьллуш, охьахаийра кӀант. Шекаран бӀелиг цӀуббина даьллачу гӀанта тӀерачу берана наб кхийтира. Шен нанна улле а яхна, паднар йисте тасаелира Хеди а.

– Шун ненан цӀе хӀун ю? – хаьттира кхо Селиме.

– Аьлбика.

– Оцу жимчу кӀентан?

– Муса.

– Балкиш, – гӀийла йистхилира нана.

– ХӀун бах ахьа, нана? – олуш, тӀевахара кӀант.

– Вайн хьаша, хьуьлла ХаладгIаьрга вигий а, цхьана нахана тIе вига, – элира цо, узам ца бан гIерташ.

– Аьлбика, суна са ма гатдел ахьа, сох тховса шун хьаша, Селиман хьаша хилла ваьлла хьуна, – элира кхо, хьала а гIоттуш. Ша волчахь елахь а, мел хала ду а хаалора оцу дешнашца а, озехь а. – Вайна тховса хIума оьшур дац хьуна, са ма гатдел ахьа, Аьлбика, – элира кхо. – Суна, сайл воккха велахь а, Зайнди а дика вевза хьуна. Тхо а Хорачохь Iаш ма дара. Со Селимал волуш дахара тхо Шилхоте. Зайнди наха, яхьйолуш къонах ву, олуш вара. ХIокху кIанта дийцира суна и чуволларан гIуллакх а… Хьо то а лур ю, и цIа а вогIур ву… – хIокхо и, Аьлбикечул а сов, шега ладоьгIучу Селимний, Хединий дуьйцуш дара.

Хетарехь, иза кхетара оцунах.

– ХIокху берашна и цIа веача-м хIун дара, хьуна, – сатасарийн ойланашка яхара цомгуш ерг.

Еш кхехка дуьйлира. Iайга биллина шекаран бIелиг, кхехь бага а бина, кхо жимчу яй чу тесира. Чайнан бос ийцира хино. Юха, схьабаькkхина, и яй лаьтта хIоттийра. Наштаран куршка а, тIоьрмиг чуьра шениг а стоьла тIе йиллира. Кхин а пхьегIа яц-те аьлла, дIасахьаьжира. Кхуьнан хьежарх кхеттачу Селима, вахна, стоьла кIелара: – ХIорш-м ду вайн, ваша, – аьлла, кхо стака схьаийцира.

– Делахь, вайн гIуллакх кхин а тоделла-кх, – олуш, кхо, куршки чохь схьа а оьцуш, царна чу чай доьттира, чу цхьацца шекаран бIелиг а тесира. Кего Iайг а хилира. Жимма чайне Iаь а тохийтина, тIоьрмиг чуьра массарна а цхьацца сухар а эцна, тIевийхира Селим.

– Хьажал, цкъа хIара сухар, кху чу а Iуттуш, яша а еш, тIе чай малош, хьайн нанна яор ю ахьа, юха – айхьа а.

ТIаккха Хеди тIейиийхира. ЙоI меллаша тIееара.

– Хьажал, Хеди, ахьа хIинцца, вашина хьалхха, кху чу а Iуттуш, хIара сухар юур ю, юй?

– ХIаъ, – элира йоIа.

– Хьо яха дукха, вашина, – кхо коьртах куьг а хьаькхна охьахаийча, къажа ца къажахь а, жимма серлаяьлла хийтира кхунна йоI.

Селим шен нанна тIевахара.

– Со лолда хьан, стаг, хьо а хIара хIума кхоллуш вацахь, ма яийта хIара суна тIе, – элира Аьлбикас.

– ВаллахI, аса а кхоллур ма ю хIинцца Хедица, – аьлла, кхо шена а чай доьттира.

Шекаран бIелиг-м ца тесира. Юха, Хедина улле охьа а хиъна, сухарца чай мала вуьйлира. Хедас, схьа а эцна, кхуьнан куршки чу шекаран бIелиг тесира.

– Войт, гора-яI-кх, Хеди, ма йоI хила а йоллу-кх хьо, – элира кхо йоIа динчо инзар а, самукъа а даьккхина.

– ХIун деш ю и, ваша? – хаьттира Селима.

– Сан десара, ю вашина хьошалла деш, – аьлла, кхо Хедис динарг дийцира.

Селим а, и хазделла, велавелира.

Ах сухар а ца йиира Аьлбикас. Чай-м дерриг мелира.

– Вало, Балкиш, хьайн чай мала, – аьлла, схьахьажийра Селим.

И кхушинна улле охьахиира. Цхьа цуьрг ца йожош, тIадам ца Iанош диира жимчу йоIа шен пхьор. Иштта Селима а. Кхуьнан гIеххьа сапаргIатдаьллера, нана а, ши бер а жимма а рицкъанах кхетта.

Чай мелла ваьлча: «Ваша, со юьртахь болчу нахе хьо веаний хаийта ваха воллу», – элира Селима, хьалагIоттуш.

ХIан-хIа, и жима а хилла Iийр волуш вацара.

– ГIо, Балкиш, нехан кхунах самукъа а даьр, кхунна уьш а гур, – тIетодира нанас.

– Вайша цхьаьна вахча, Селим? – делира кхуьнгара.

Селиман юьхь кхоьлира.

– Юха а ван, – тIетуьйхира кхо.

Юьхь серла ца елира.

– Делахь, хьо-хьо гIо хьайна, – къарвелира хIара.

ТIаккха шен басе веара кIант. Ша бохьу некъ а, цуьнца гинарш а дийцира кхо Аьлбике, Селим юхаверзале…

Селим а, цуьнца ши-кхо стаг а веара. Юьртахь цхьана зудчо бер дина аьлла, кхаъ а беара Селима. Кхунна и хазахийтира. ХIокху бераш а, нах а лечу хьолехь зудчо бер даро тешам лора, халкъан бераш хедарг цахиларх, уьш мел ду, халкъ а дехар ду. Кхин а веара маситта стаг, зуда. ТIаьххьара, чу тар а ца луш, адам гулделира. Канонеркехь хилларш дара хеттарш, къамелаш. Изза бара лазамаш а. Цхьана балано хьаьшна долчу адаман ойла а, къамел а, сатийсам а

цхьаъ ца хуьлийла а яцара. Массеран а лозург цхьа чов яра – Нана-ДегІаста. Воьлхург шегахь йолчу мацаллина, шен эшначу денна воьлхуш вацара – ДегІастанна воьлхуш вара.

ШолгІачу дийнахь Іуьйрре новкъавелира хІара. Велира аьлча а, хІара гІаттале шен сту а̇ боьжна, черма хих а дуьзна, Селима ваьккхир-кх. Кхунна эхь хийтира, кІанта, шел хьалха хьала а гІьттина, и дерриг а дарх, амма оцо Селима шен нана йолуьйтург цахиларх тешам а белира… Кхо йисначу дуьмин ах а, шекаран бІаьлгаш а, Селиман а, цуьнан ненан а бертаза, дитира, гІойтІархочо шена тІедиллинарг а дийцина…

ХІара генна ваьлча а льтташ бара новкъахь цІен сту…

Хьалха яьсса аре а, ткъе итт километр ойланаш а яра.

Некъ-м хала а бацара, и кхо дукха бинера, ойланаш яра езанаш. Уьш еш воьдуш кхийтира хІара шен сийсара СелимгІаьргахь айаделла хиллачу дагах. И кхуьнан шен доьзална гатделла са дара, нехан доьзалехь карзах, дезаршка даьлла. ТІехь да а воцуш карийна и доьзал шечух тарбеллера. Оццу хьолехь хилла а, шенаш ган лаар. Доьзална дола дан сахьаьвзина да вара хІара сийсара СелимгІаьргахь, шена ша царах къахеташ хьийза моьттуш хиллехь а. Къа-м хетара, делахь а и дацара коьртаниг… Цхьа а кол, ІиндагІ доцчу арахь дІа бара гІамаран некъ. Шилхотера ша кху махка новкъаваьлчхьана йинчу ойланийн, хиллачун, новкъахь гинчун цхьа жамІ дан цхьана хІуман чу гулдан деза олий, и дан гІертара хІара. Амма дерриг а схьа гул а ца лора, гулделларг чутарлуш хІума а ца карайора. Гулди, дІасадилли аьлла хоьтуьйтий, юха а коьртехь, дагахь, дегІан массо а меженехь, цхьа яккхий, магтІара дІа, чаккхе йоцуш, раьгІнаш хуьлий, дІахІуьттура ойланаш, синхаамаш. ТІаккха, кІад а лой, цигаьрка хьарчайора, амма цо раьгІнаш яйа, я кхо дагахь тІетухучу цуьнан кІуьро харца а ца йора, къайла а ца йохура.

«ХІан, дика ду… – цхьаьнца-м къамел дан волалора хІара. – Со тІамехь вара… И чекхбели… цІа… ЦІахь чу ца вити… неІ ца йилли… ХІунда?.. Хьан?..» – и ши хаттар шега дацара, ша къамел дечу кхечуьнга дара, амма цо, жоп ца луш, кхуьнга юхаластадора…

Кхунна а ца карадора жоп… ТІаккха и шиъ, цхьа доккха ши кІохцалг, некъа юккъехь хьаладолура – когех оьхуш дІа ца вохуьйтура… ОьгІазвоьдий я ца карочу жоьпашна вухий, кхо сеттина

ши лаг а лоций, и шиъ, гIамарлара бухдоккхий, карахь дIахьора… Карахь а ца Iара – хIора ког мел боккху, «ХIунда? Хьан? ХIунда? Хьан?» бохуш, айраш кIелхьарчу гIамарх цIийзаш.

Юха и шиъ, генна саьрмако ластийна ша санна, цхьана къакъмарешка а ластадой, къамел а, некъ а дIабахьа гIоьртира…

«Симпалатехь охьавоьссира… Долоне кхечира… юха Канонерке…»

Эццахь цхьаммо-м сацавора:

«Собардел ахьа. Хьо сиха воьду… Атта ваха гIерта! Схьадийцал, хьайна цигахь гинарг…» – олий.

Кхунна и дийца а, хьедан а ца лаьара…

«Ца дийцахь, хьаха, вац аса хьо вохуьйтур», – бохуш, когех тийсалора цхьа гуш воцург я цуьнан аз…

Харц а, бакъ а карараволий, хIара дIагIуртура…

«Делахь, дика ду, ткъа хIинца? ХIинца хIун дан воллу хьо?» – хоттура чуьра схьа цхьана кхечо.

«Сайн доьзална тIекхача воллу-кх», – жоп лора кхо, и хаттар атта хетий…

«И-м, хIаъ, тховса кхочур ма ву хьо царна тIе-м… Ткъа цул тIаьхьа бохий аса-м, цул тIаьхьа хIун дан воллу хьо, хоьттий хьоьга-м?» – тIаьхьара ца волура важа.

«ХIун дан деза аса?» – хаттар цуьнга дерзадора кхо.

Цхьа хан йоьдура, вукхо жоп ца луш… Я, хIара аьлла, даьхни дажа буц а, ялта дийна а, эрина а лар яцара арахь, оьпанийн зевнечу маьхьарийн йийсарехь яра.

«Мацалла лен адам – еса аре», – ов туьйхира ойлано…

Юха ша гира, ши сту боьжначу готанца боккха бIал эцна воьдуш… ТIаьхьа – Селим… И сурт дIахьарчош: «Некъ лаха беза ахьа, некъ – дерриг халкъ тIетардаллал шуьйра», – кхо хьалха шега дIаделлачу хаттарна жоп делира кхуьнан чуьрчу къамелхочо.

«Некъ? Мича боьдург?»

«Лаьмнашка…»

«Мичахь лаха и, кху боданехь?! Стенах тилла и?!» – чу мохь туьйхира кхо шега и бохучуьнга.

«ХIоккхузара, хIокху гIамаран некъа тIера дIа… куьйгаца… дагца… бIаьргаца… дегIан массо а меженца… хьацарца… хьайна гинчу саьрмака тIехула дIа дайн чарташ тIе кхаччалц…»

«Мацалла делла кхачош долчу халкъаца?!»

«Халкъ лийр дац, ца аьлла аса хьоьга?! – къамела юкъа веара Долонера гIойтIархо.

«И ца далийта, цунна некъ билла бен, хьо стенна ваьлла кху гIамаран новкъа?!» – резайоцуш хьаьжира Жоьра-баба-Кесират…

«Адаман дегI-м кхечу адамна дIадала лело декхар дай, кIант, – и да вара, и цо мацах хIара новкъаволуш аьлларг дара, амма дерриг а дацара. – И декхар дIадала дезачохь, ца луш, лачкъо гIоьртича, юьхьIаьржа хIутту… дегI-м дахкало…» – и яра ден дешнийн чаккхе.

– Тррр, тррр, – уллехь говр сацийра ойланашкахь волчу кхуьнан тидам а боцуш тIевеанчу цхьаммо-м.

…И Дики вара! ВаллахI, вар-кх. Шилхотера, кхуьнца хийла гала-гIажмех левзина, ондалла летта, ишколе… тIаккха хин коьрте… синкъерамашка лелла Дики! Ненехула кхуьнан маьхча а волуш, юьртахь а гIарваьлла забаре а волуш, дош муьста долуш ву, олуш волу Дики-м вара! Кхунна хаза а ма хийтира, и гича. Я Дикина хIара вовза а ма ца вевзира. Тиша салтичун духар а, когахь стоммачу гата-нан бина айраш охьадовла новкъадевлла кIархаш а бара цунна тIехь.

– Ой, Дики, хьо вац и кху гарманан арахь яйдакха дин хоьхкуш верг? – элира, забаре хилар карладаьлла.

– Мада! Мада, хьо ву-кх и, велахь а, вацахь а, – олуш, говрара ма-воггIу кхуьнан мара веара и…

ХIорш тIаме цхьаьна ма бахнера. ХIара лаьттарг санна йолчу Сальск олучу меттиган яьссачу арахь кемано бомбанаш тухуш, тан-канаша хьошуш кхеран дошлойн полк йохийча, дIасакхийсир-кх… Этий, Дибий кхуьнца нисвелира, Дикица мила нисвелира-м, хаац… Эти гуттар а цхьа кхоьлина, саготта вара. Кхунний, Дибиний-м и кхоьруш-м вац-те аьлла, дага а тесира. Амма туху-Iуттучохь кхушин-нал а каде хуьлура, вуьшта цхьа бос баьхьна-а вара-кх.

– Эти, хьо воха-м ца воьхна? – хьаьттира цкъа хIорш саьнгар чохь дIатаьIна Iаш Дибис.

Хаттарна цкъа оьгIазваха вуьйлира Эти, юха къежира.

– Воха-м ца воьхнера со, кIентий. Хорачойн ломан хIаваъ ца тоьу-кх, – элира.

И ца тоьуш хIара шиъ а ма вара. ХIинца вовшийн марахь ши къурд хилла лаьттачу кхунний, Дикиний цатоьург а дара и. Цхьа

шен ойланаш я кхо йийрриш еш хир вара тийна Дики а… Шаьшшиъ вовшахваьлча, цуьнан бІаьргаш чохь хи гира. Дикина а гина хила мегара… Цуьнан аьтту куьйгахь шад яра. Оцу шедах кхетта кхуьнан бІаьрг куьйга тІехь сецира. Шад юьхк тІехь бисначу цІаза-пІелго лаьцна яра…

Кхуьнан хьажаран тидам хилла:

– Вай арадоххучу юкъахь цІа кхаьчнера со а, – элира Дикис, бІаьрхиш лоьлхуьйтуш, гІаьттинчу карзахаллина дола дан а гІуртуш.

Мацах цкъа хиллачу абаде доьжначу дахаран эсо карзахаллаш туьйсуш хІара шиъ дикка лаьттира, кхин, хІара аьлла, вистхилар доцуш. Юха, шаьшшинна юккъехь гулделла ойланийн дохк дІасадаржош санна, шен цІаза-пІелгах йолу шад ластош:

– Валол, Мада, цІа гІо вайша, – элира Дикис.

И «цІа гІо» бохург цхьа хІаваэхь кхозаделира, и аьлла Дики а, хезна хІара а цхьатерра лазош…

– Юьрта дІакхача вайша, садале, – олуш, уллехь яжа кхийдачу говран дуьрста схьалецира цо.

Кхушинна тІаьхьайолаелира говр. Дикка дІаихира эсан некъ беш…

– Деллахь, Мада, кхин вай юхадерзорах хІумма а ца хезна хьуна, хьо вогІучохь? – хаьттира Дикис.

И хІара Симпалатехь цІерпошта тІера охьавоьссичхьана тІекхаьчначо уггар хьалха хоттуш дерг дара. Цунна «хІаъ» аьлла дала жоп долуш хІара а, я цхьа а вацара. Юха а шен-шен ойланан новкъавелира хІара шиъ…

– Деллахь, ма дукха адам дакъаздаьлла гина суна, Дики. Вайх мила велла, дийна мила ву? – хаьттира кхо эсан новкъара гІамарчунна тІеволуш.

– ЭхІ, белларш багарбина вер вац вайша, Мада, берш хьуна а гур… Массанхьа а даьлла адам дакъаза, – элира Дикис, хетарехь, кхуьнга а, шега а. Юха: – ВаллахІ, виц а велла ма вогІу со, хьайтал, Мада, и хьайгара тІоьрмиг соьга, – аьлла, биттане а ца битина, кхуьнгара тІоьрмиг шен белшах тесира…

Кхунна дастам хийтира шен доьзал хатта. Кхера а кхоьрура. Доьзал Дикин а бара, дукха а болуш – да, нана, ши ваша, йижарий-м юьртахь цІеяхна дукха бара. Хаза бу, олуш а бара Дикин йижарий, олуш бара аьлча а, хаза бан а бара-кх. Уьш хатта а ца ваьхьира…

Семеновкин эвлайистехь йолчу, Дикис дийцарехь, колхозан амбарийн гIишлошка хIара шиъ нисвелча, гуттар а кхушинна дуьхьал лаьтташ хилла малх юьртан агIон тIехьа буьйжира. Семеновкин а изза охьатаьIна зоьзан ханнийн цIенош, изза лоха, мокха саманаш…

ХIан-хIа, кхузахь саманаш сов яра, церан мокхалла а сов хетара… Говр, дуьрстан дух хьалхарчу когех а дихкина, амбараш йолчухьа дIахийцира Дикис. ХIара шиъ яьссачу эвлаюккъехьа дIаоьхура. Кхо сатуьйсура, Дикис хIинций-хIинций: «ХIокху чохь бохку шунаш а…» – аьлла, ша цхьана саманан токъанаш тIе верзоре… Кхунна, уьш саманан хила езий а, хаьара, ша Iа долале саманаш а йина, даккхий цIенош дуттур дуй а, юхашара царна шаьш поппар хьохур буй а… И, Долонера схьаваьлчхьана, хууш дара… Юьрта кхаьчча вистхилар дайнера Дикин. И иштта дIатийна хилча кхунна а ца лаьара и хьеван, «ойланаш ян хIуманаш дукха ма ду хIинца хIоранна а» бохуш, тидарш дора кхо Дикин кхоларшка вахаран…

Кхунна суьртехь хIиттинчех терра йолчу токъанна тIе вирзира Дики, цунна тIаьххье, даго ойуш, – хIара а. Чувахара. Бурасерчу СелимгIеран санна, яьсса яра хьалхара чоь. ШолгIачу чохь шала йина хеташ (хила а хиллера), 14–15 шерашка, кхунна шен новкъахь гинарш санна, оьгIазе а, беркъа а ши йоI яра. Дуьхьал тиша верта а тесна кхин цхьа чоь а хаалора. Ши йоI хьоьжуш лаьттара.

– Ой, маракхета ший а, хIун деш лаьтта шуьша? Шуьшиннан маьхча вай хIара-м, вайн ненан шичин Iалсолтин Мада. Аса ца вуьйцура шуьшинна хIара? – элира Дикис, шина йоIана хIара вовзуьйтуш, и шиъ майра а йоккхуш.

И ший а, еана, цхьаьна кхунна маракхийтира…

– ХIара шиъий, сой ду-кх, Мада, тхо, – элира Дикис.

ХIара ца кхийтира. Ши йоI, дехьаяьлла, елха озийра. Кхийтира.

– ДIаяла ший а. ХIун до цушиммо? – аьлла, цхьа хIума лохуш, волччохь дIасахьаьвзира Дики.

Цунна хIумма а ца карийра. Цо лоьхург шена тIетаIа цхьа гIортор яра. И яцара кху дийнахь Дикина а, я цхьана а нохчочунна а. ХIара а вара, вист а ца хуьлуш, ша волччохь и лоьхуш. Цхьанна а йоцург кхунна а яцара…

– ДIаяла ший а, – элира Дикис шен дегIан а, деган а кIаддалар оцу шина даша чу а дуьллуш.

Ши йоI шаьшшиннан белхарца араелира…

– Дики, – кадам бан гIоьртира хIара, амма цхьа са дукъуш лаг лаьцначу хорамо и ца байтира.

И Дикина а гора…

– Охьахаал, Мада, – хIара, бер санна, охьахаийра Дикис.

Цхьа хан елира…

– Вайна тIедеанарг тIедаза цхьа вац, Мада, – элира Дикис.

Цо а и шен логерчу хорамна чекхдохуш дара, кхуьнниг кхин а тIекъовлабала буьйлира…

ХIан-хIа, Дикига ца дийцаделира, кхуьнан доьзалх цхьа а висна цахилар. И вилхира, доггах, дуккха а. И кхунна воьлхуш вацара, кхуьнан метта. Кхуьнга-м дола даделира шена. Хьуьлла чохь, цхьана кIоргехь дог-м иккхира. Гаьргаш, дамар-дарц хилла, дIасаяьржира. И хиллачохь, есаллий, цхьа шийла хьоьккхий бен, хIумма а ца хаалора. Лан дезара… Арара дуьне а ДикигIеран тхов тIе кхечира, тхов – кхуьнан белш тIе. И а лан безара. ХIара оцу йозалли кIел меттах ца хьовш Iара, хьайча, тхов а, цунна тIетекхнарг а, хIара ша а, дерриг а херцар дара…

«ХIинццалц неханиг лайча, хьайниг ца лало хьоьга?! Хьоьгахь дерриг ма ду халкъехь», – бехк баьккхира ГIойтIарчу воккхачу стага.

«…Стаг къонах хила веза, вон а, дика а лан… Ца ладелча, осала ву, олу… тIаккха вов… нех хуьлу… Нохчий-м собаро латтийний, кIант», – и бохург да вара. ХIинццалц – хилларг, хIинца – воцург. «Ладала деза! И дешнаш лардан а… Уьш лардар да ларвар ма ду… Ден дош… яхь… гIиллакх лардар кIантана тIехь. Яхь, гIиллакх – цуьнан меженаш… Меже хадийча, стаг лазаво… заьIап хуьлу… га хадийча, орам а лазабо… заьIапбулу. Ладала деза! Ден дош ца лардича, эхь ду кIантана…»

ГIойтIарчунний, шен ден дешнеххий ойланехь цхьа керт хилира. Оцу кертан ондда дуьйгIина хьокхий а лоцуш, хьалагIаьттира. Оццу керта тIе тевжаш Дики а гIаьттира, воьлхучуьра а сацийра. Хьалха чохь йоьлху ши йоI а, и керт лоцуьйтуш, чуялийра, тейира… Оцу буссехь дуккха а юьртахой баьхкира, хIара веана аьлла хезна. Массара а кадам бора. Кхунна хаьара, царах а вацара цхьа а и кхуьнга беана бала база. Массо а шен-шен а, вовшийн а тезетахь вара чаккхе ца евзачу халкъан кхолламан новкъахь. Кадамаш бина, бирзинчул тIаьхьа…

– Вай юхадерзорах… – и массераниг а дара.

ТӀаккха – кхидерш а… ХӀара цхьана кхечу дуьненара веана вара, хьалха хиллачу дуьненара… Шаьш дерриг вуй хиъча, зударий боьлхура, божарий ойланаша хьора… Сатоссуш дӀасхьабахара юьртахой… Я Дики а, я хӀара а, я ши йоӀ а оцу буса дӀа а ца таьӀира. Ӏуьйранна Дики балха вахара, ши йоӀ – «масак» лахьо. Кхунна тӀаьхьа хиира, и хӀун ю а. И ялта дийначу арахь боьжна бисна кан лахьор хиллера, и лахьош тӀекхаьчча, етташ а, лахьийнарг – дӀабоккхуш а… Ӏуьйрре дуьйна схьа баккхий зударий а, баккхий нах а ихира хӀара волчу Дикин керта…

Висха… БӀага… Висайха… Исраил… Мовсар… Дени… Уьш кхуьнан ден хенара нах бара… орамаш дара… Кхуьнга цара массара а да хьахавора. «Да» бохучу юкъа боьдура важа берриг а доьзал…

«Осала ца велира…». «Дика гӀортор яра…». «Воцчунна ваша». «Мехкан мехха стаг вара». «Дог доккха долуш вара и. Собар деха хьайна, собар оьшу вайна, сан кӀант…»

ХӀокхо и доьхура. Дала а лора. Ца деллехь, хаьрцар ма вара… Делккъехь кхуьнан шича Хасмохьмад кхечира. Дикера хиъна хиллера цунна, хӀара кхачар. Хасмохьмад жима вара. Ялхитта шо хила дезара цуьнан, кхуьнан хьесапехь. ДегӀана жимо волчу цунна и шераш дала а хала дара. Генара дуьйна воьлхуш а, кхунна ницкъ беш а вогӀура кӀант. ХӀара гулделлачо а, нехан бӀаьргашкахь долчу белхарша а дукха вазвинера. И дуьйцийла ярий, пха санна, шен дегӀах хьаьрчина воьлхучу Хасмохьмаде? ХӀара шиъ виснера кхеран цӀийнах а, тайпанах а… Канонеркехь висна Закри а…

Хасмохьмадан чохь Ӏаш гӀишло а хиллера. Чохь Ӏаш аьлча а, хӀокху бӀаьста тӀаьххьара шен шел жимахйолу йиша елча, и биргаде дӀа а вахна, яьсса лаьтташ. Уьш-м дечкан цӀенош дара. Хасмохьмада дийцарехь, цӀийнан да – оьрси, уьш тӀекхета а доьлла, чуьра дӀавахнера. ТӀехула ах тхов тӀекхетта бара, важа ах – хаац, стен сецайора, я стен сецадора пенаш а. Хасмохьмад эвххьаза чувахара, хӀара-м уьш тӀекхетар дац аьлла шеко йолуш а ца хӀоьттира цунна тӀаьхьа. Чоь маситта яра. ХӀора чохь цхьацханхьа тховх гӀертийна гӀортораш яра.

Кхуьнан шеконех кхеттачу Хасмохьмада:

– ХӀорш-м ондда йина хьуна аса, Мада, – элира, хӀара кӀезиг тешош.

Йоккхачу цхьана чохь йоккха оьрсийн пеш яра. Цунна кIел дуккха а даькххина дечиг а… Маситта текх а, кIудал, гIумгIа, кхийолу пхьегIа а, дуккха а мотт-гIайба тайпа хIума а…

ХIара цецвелира. Кхунна новкъахь гинчу цхьана а хIусамехь бацара хIара бахам…

Хасмохьмад кхийтира. ХIара а кхетийра.

И йоллу хIума кхеран цIийнан а, тайпанан а нехан хIуманаш яра, тIаьххьара висначу Хасмохьмаде кхаьчна… Церан йозалла а тIеюьйжира. Пеша кIелхьара дечиг дIасатеттина, цхьа у хьалааййъира Хасмохьмада. Цунна кIелхьара схьабаькххира бассабелла таьлсан тIоьрмиг, цу чуьра – кечдина шаьлтий, доьхкий.

– Воккхачу вашин дисна… – Хасмохьмадан юха а велхар делира.

И шиъ-м кхунна девзира. Мекха а ца теснера Дадин кхо боьра болчу шаьлтанна. И кхуьнан да волчу хенахь, цуьнан а шен ден хилла кхо боьра болу шаьлта яра. Доьхка а дара кхо мотт берг. И ший а кхуьнан ораман цхьа дуткъа ши сирхат дара. Дикка Iийра, дIа ца хецалуш. Ден куьйгийн хIо а дара цушинца. И ши сирхат а, и хIо а лардан дезара. Хасмохьмаде юха дIадиллийтира и шиъ… Кхуьнан беха некъ цкъачунна кху чохь сецнера. «ХIинца ваставала веза со а…» – аьлла, шен салтичун билгалонаш тIе куьг даьхьира. Погона тIе айделлачохь, и сецира… Кхуьнан да вара и сацийнарг…

…И кетIахь гоьргах тоьхначу нуьйжи тIехь мангал тусуш вара. ТIевахна, уллохIоьттира хIара. Цхьа хан елира. «Ахьа хIун до, кIант, хьо ма лаьтта?» – хаьттира дас, хьала ца хьожуш.

– Дада, со тIаме ваха воллу, – элира кхо.

Цхьа хан елира.

– Кехат деана хьоьга? – хаьттира дас.

– Ца деана кехат-м…

И хьалахьаьжира… Юха а цхьа хан елира.

– ТIаккха?.. – хаьттира дас.

– Суна эхь хета, дада… – И юха а хьалахьаьжира. Юха а хан елира. И вист а ца хуьлура. ХIара цхьаъ бен вацара цуьнан. И вистхиллалц дIаваха йиш яцара кхуьнан. – Эхь хета? – хаьттира я кхо аьлларг карладаькххира дас, хьала а гIоттуш. Кхин а цхьа хан елира, дадас мангалх пIелг туьйсуш. Юха, схьа а хьаьжна: – Эхь хетахь, ваха веза, – элира таIIош.

Дадин юьхьа тIехь, цIена хазахетар доцург, хIумма а дацара. И, хазахетарх богуш, кхуьнан дешнийн кхаъ бара. «Со кхоьруш вара, кIант, хьох. ХIинца баьсти ахьа сан кхераман шад», – бохура цуьнан бIаьргаша. ХIара цуьнан цхьаъ бен вацара…

Юха… И тIаьхьа дара, тIаме ваха новкъаволуш. «Ваха а гIо, амма, юхавеача, гIалин къорза эпсар санна, мидалех накха буьззина хIуттур ву хьо суна дуьхьал я тIе…». – И дешнаш-м цхьадерш забарца а дара. Оцу забарца долчунна жоп дала ма веара хIара шена тIера хIумма а дIа ца йоккхуш, буса Шилхоте кхаьчча хьана царна тIе ка гIертташехь… Кхо куьг охьахийцира… Хасмохьмад а эцна, кешнашка вахара. Уьш юьртана геннахь дара. Кешнаш – йоккха цхьа юрт яра, хIан-хIа, кхузахь сов хир бара юьртахьчул. Баьрзнаш лоха дара… КIорга даьхна дацара нохчийн кешнаш!.. Чарташ ца лаьттара кортошкахь… Орамаш дацара церан, кешнийн а хила ма деза орамаш. Хасмохьмадна кешнаш дика девзара… Цо, бIаьрхиш тIеуьду балдаш а къуьйлуш, хIоттавора хIара хIоранна тIе… «…Ден каш… Лан деза. Ненаниг… Лан деза… Жимчу Юнусниг… Лан деза… Цул жимчу Хадижатниг… Лан деза… Шина беран ненаниг… Сапетаниг… Лан деза. Дерриг а, хьайнаш а, неханаш а… неханаш дан а дац, массо а хьан ду… Лан деза! Лан деза! Лан деза!» – олуш, кхетара дагах хIора кошан варзап… Кешнашна чекхвелира хIара шиъ. «ХIокху кIантана юьстах а валий, кийра бассабе хьайн, атто хир ю хьуна», – хьехар дира цхьаммо-м шена чуьра схьа. ХIокхо «хIаъа» аьлча: «Стеган кийра баьсса хила ца беза, дагах буьззина хила беза… Атто лехча, стаг вайло…» Уьш, хIара коша тIехь лаьттачун, ден, дешнаш дара. Уьш лардан дезара. ХIара юьстах ца велира «кийра бассо, вайвала…»

ЦIа кхаьчча, арахь тесна говр яра, чохь – чиркх а латийна Iаш Дики а. И кхеттера, хIара шиъ мича вахна. Берцан демин мижарг а, жимчу кхийра зокан чохь казахийн айран олу етшура а санера цо.

Цхьа хан елира…

– Мада, селхана вай вовшахкхетчахьана хIума кхаллаза ву-кх хьо, – элира Дикис. – ХIара Хасмохьмад а сарралц… – чекх ца доккхуш Iийна: – Яаза-м Iелур вара, делахь а, де оьшу-кх, хIума ца кхаьллича, и оьшур-кх вайна кху хьолехь... – тIетуьйхира цо.

ХIаъ, де эшийта мегар дацара. И а лардан дезара. И оьшуш а дара, амма кийра буьзна, хIума кхалла меттиг йоцуш, дукха дара цу чохь.

Дикис дуьйцу «де» а дара, кхо, и оьшуьйтур дац ша аьлла, йина чIагIо а яра… Кхуьнга Хасмохьмаде а ца аладелира оцу буса хIума кхалла. Дикка Іийна, дIавахара Дики. Хасмохьмада шаьлтий, доьхкий долччу дехкира кхо охьадеххина тIеман совгIаташ а. ШолгIачу дийнахь кхо Хасмохьмад, Дикин говра тIехьа а хаийна, биргаде дIавахийтира. ХIара кхеттера, кIант балха ца вахча, саботажник ву аьлла, чувуллург хиларх, чуволларал а доьхнарг дара, и бригадера дIа а ваьккхина, цIа ваийтича. И мацалла вер дара. Заманан хьолехь, цуьнан, хIара веана аьлла, цIавар а дара бехке. Халкъ арахь делахь а, тутмакх дара… Оццу деношкахь Бурасехь воккхачу стага дIа ца эцна коч-хеча, кисанахь лело трофейн сахьт, кхин тIоьрмиг чохь карийна цхьацца кег-мерса хIума а йоьхкира, йоьхкира аьлча а, ялтийн хIуманах, даьттан бан-кех, газанах хийцира. Оцу вовшаххкеттачу рицкъанах, Долонерчу воккхачу стага шега доьзале кхачабе аьлла ша беанчу дуьмех кхача беш, нах вовшахтоьхна, кхелхинчарна тIаьхьа лело дезачу хIуманийн цхьацца бахьанаш дира… диснарг сагIина а дийкъира…

И дина хIара ваьлла денош дара, кхуьнга сельсовете кхойкхуш стаг воуьйтуш… Юьртда, гоьлал лекха баьккхина ког а болуш, шина Іасан тIехь дезза доккха дегI а долуш, хан яьлла стаг вара. Кхуьнан санна, хьалха тIеман совгIатийн йисна кIайдаргаш йолуш салтичун коч яра цунна тIехь а. И кIайдаргаш дуккха а яра. Цуьнан шуьйра доккха хьаж а долуш яьржинчу хьаьрсачу юьхьа тIехь кIоргга дахаран некъийн сизаш а, кхунна тIедерзийна салтичун салтичуьнга хьажар а дара. Оцу хьажарца долчу хаттарна ша резаволуш жоп деача, цо кхуьнга куьг делира… Цуьнан фамили Радченко яра, цIе-м кхунна, бакъдерг аьлча, йицъелла. ХIара цо кхайкхина ца хиллера. И а кхушиннан шина салтичун къамелехь хиира. Радченко къонах вара, и вуйла кхунна тIаьхьарчу дахарехь а хиира… Кхушиннан къамела юккъе чувеанарг къонах вацара – комендант вара. И къонах воций, кхунна стенах хиира, вист а хилале? Цуьнан екъа, еха говрачун хьесапехь йолу юьхь гича, хиира? Я кIоргга чуэгначу, чу уьшалш хIиттича санна болчу бIаьргаш чу хьаьжча, хиира? Я цо чувогIуш салам-маршалла цадаларх? Хаац, стенах хиира. Хиир-кх кхунна. И веккъа комендант вара, кхин хIумма а вацара. ХIокхунна и оьгIазвахна а, я и комендант ву аьлла, ца везавелла хетта а дацара и. ХIара тIамехь Іийнера, дукха яххьаш, бIаьргаш а гинера, цхьацца хIуманаш а девзинера. Къонахчун

дегIах цхьа гуш йоцу, амма хаалуш йолу сема хуьлу. Цуьнан леккха чIапа хьаладоьдучу дегIаца и ца хаалора.

Комендант волчу «конторера» накъостий-м кхунна тIамехь а ма гинера. Шовзткъе доьалгIачу шарахь къамел а дира царах цхьаммо кхуьнца. Царах особисташ олура. Кхуьнца къамел диначун фамили Степанов яра. И майор вара, къонах а вара. Цуьнца и сема хаалора, доццачу къамелехь а. И-м кхунна кхин цкъа а ган а ца гира, цо хьеста тIекхайкхина а вацара хIара. Хьо вахийтича, цIа гIур варий хьо тIамера, хьаьттира цо. Вацара, элира кхо, кхин деха а ца дийцира кхушиммо, делахь а къонахчун лар юьсу и дуьхьалхIоттавеллачун дагахь. И лар яра Степановс кхуьнан эсехь йитинарг а…

Комендантан фамили Сабенников яра. И, когийн йоцург, лар йита кхоьллина а вацара. И хьесап-м нийса а ца хилира кхуьнан. И лар юьтур йолуш хиллера… боьханиг… зударшна тIехь. Оцу лараша и тIаьххьара а вайъира… ХIаъ, тIап-аьлла, вайра комендант. Цуьнан тачанка и воцуш цIа ялийра говро, бIаьрга пIелг Iоьттича ца гун болчу цхьана буса… И кара ца вира. Я дукха а ца лийхира. Зудчух ведда таро ю аьлла, дисира. Зудчух-м ца веддера, делахь а и лаха лар ца хилча, и дан дезачара, атта хетта, иштта дитира. Наха-м кхечу тайпана дуьйцура… И кхано тIаьхьа дара, хир ду, дац а ца хаьара, хIара шиъ юьртда волчу чуьра и волчу чувоьдуш. Цо кхуьнан кехаташ теллира. Юх-юха доьшуш, хьоьжуш къахьийгира.

– Партехь вуй хьо? – хаьттира, ша маситтазза а теллина цхьаъ кочара ца даьлча.

– Ву, – жоп делира кхо, гуш лаьтташехь эрна деллачу хаттарна.

– ДIа хIунда ца ваьккхина хьо? – и хаттар а кхуьнга луш дара коменданто…

– Со хIунда воккху дIа? – и кхуьнан хаттар дара. Хаттарал сов, кхин цхьа хIума а дара цуьнца…

– Нохчи вац хьо? – жоп а я хаттар а дацара комендантанниг.

И, хьо лаьтта тIехь хила а ца веза бохург, дара.

– Ву со-м нохчи, – элира кхо, ша кху дуьнен чуьра дIататта хIумма а доций а хаалуш.

И комендантана а хааделира, шена хьалха цхьа берд а, ша цунна тIехула хьалавалалур воций а хаалуш. И хаам цунна оцу дешнех ца тосабелира, уьш аьллачу озехь тосабелла хир бара…

Сихха тIекIелтесна, кхуьнан кехаташ схьакховдийра. Кхо схьа ца ийцира.

– ДIаэца хьайн кехаташ, – элира, човхоре волуш… ХIара кура ма вара, хIетахь. – ДIаэца, хьо а, хьайн нохчий а мичахь бу, вицвелла хьо?! – айавелира комендант, и куралла харцо.

Ца харцаелира. Цу кураллица кхунна сема хаалора, семайоцург юха шен гIанта шалха кхийтира. Кехаташ, дIа а нисдина, вист а ца хуьлуш, схьаделира, кхо кисана дехкира… ХIара араволуш:

– Итт де мел долу куьг таIо вогIур ву хьо… Спецпереселенец!

И коменданта тIедиллина дацара, лакхаро-о дара, и кхочушдайтар дара комендантана тIехь. «Спецпересселенец» а, и коменданта таIIош хIуьттаре, тIехтохам чубуьллуш аьллехь а, лаккхара охьакховдийна дара, ала – комендантана, лан – кхунна… Цундела цо элира, кхо лайра… Цул тIаьхьа колхозан конторе вахара. И гена а яцара сельсоветана. Биргадашкахула дIасаваьлла пирсадател схьаваллалц а Iийра. И зуда хиллера. Юккъерчу шерашкахь ондачу дегIахь, амма хIоьттина зуда. Цкъа хаза а, хетарехь, самукъане а хилла юьхь белхан сингаттамаша къарийна хир яра. Цунна тIехь йолчу божарийн костюман хьалха Ленинан орден яра. И кхозуш яцара, костюмна чекх тIехьовзийна яра. Кхунна кхано тIаьхьо хиира, и орден къона, самукъане юьхь а йолуш, массара а «Катя» олуш хиллачу дояркина елла хилар.

…ХIинца и пирсадател Екатерина Тарасовна яра, хетарехь, я хIумма а шен балхах йоккхаеш а йоцуш… ТIаьхьо хиира, цуьнан майра Сергей тIамехь юххелц ши ког а баьккхина, комбайнан подшипникаш тIехь йинчу хIуманца лелаш а, колхозан мекханаш тодеш а вуй…

– ХIун дан хаьа хьуна, салти? – хаьттира пирсадатела.

Дукха керла гуш яра кхуьнан куча тIехь погонаш хилла лараш а, орденийн, мидалийн а…

– Аха, – жоп делира кхо.

– ШолгIачу биргадехь биргадир вац сан. Цигахь дукха нохчий а бу, я шайн хьаькамашца мегар болуш а боцуш, цаьрца мегаш-м дера церан хьаькамаш а ма бацара… Биргадир вахийтича хьо? – Шен ойланашка дара и хаттар.

– ГIур вац, – элира кхо. ХIара вахийта я ца вахийта шина дагахь йолу пирсадател цецъелира. Вахийта сацийра. – Партехь а ма ву хьо… сержант а… – Кхийтира, хIара гIуриг цахиларх. ОьгIаз а ца яхара.

– Со дӀасалелочу тачанки тӀе…

Цу тӀе гӀуриг цахиларх а кхетийра… Кхетале цкъа:

– Говр дика ю хьуна сан. Шу, нохчий, говраш дукхаезаш ма ду…

Ца вахара. Пирсадател кхуьнга соцунгӀа хилла хьаьжира.

Хьажаро бохура: «ТӀом бина, кӀадвелла, доьзалан, халкъан балина, карзахъяьллачу мацаллина тӀекхаьчначу хьоьга аса жимма атто баа мижарг кхийдабо, ахьа и дӀа ца оьцу… ТӀаккха аса хӀун де хьуна?..»

– Дика ду. Делахь, кхана шолгӀачу биргаде дӀагӀур ву хьо… Гуьйре ю арахь…

КхоалгӀачу биргаде вахийтар дийхира кхо.

– Цига хӀунда гӀерта хьо? И-м уггар а оьшуш ерг ма ю, – кхуьнга кехаташ схьакховдош долу куьг сецира пирсадателан.

Кхо цигахь массо а гергарниг леш висна шен шича хилар а, шена цуьнца хила лаар а хаийтира.

И резахилира.

ХӀара шолгӀачу дийнахь, сатоссуш гӀаьттина, юьртана ворхӀ километр йолчу биргаде дӀавахара. ДӀакхаьчча, Хасмохьмадний, Дикиний боккха кхаъ а хилира.

МаьркӀаж-бода боллалц ваьллира биргадиро шена гайтинчу готанах куьйгаш детташ, говрийн гӀирс луьстуш.

Кест-кеста самавуьйлуш, яхъеллера буьйса. Кхунна чӀоггӀа наб кхета лаьара, Ӏуьйранна дегӀехь дуккха а ницкъ а болуш хьалагӀатта. ХӀан-хӀа, дегӀехь берг цатоарна-м ца кхоьрура и, шена алссам безий хаьар-кх. Уллохь вижна Хасмохьмад набарха лоьра. Цхьа шен гӀенаш оьхьу хир дара кӀантана. Кхо и ца хьавира. ХӀун хаьара, цунна ша Шулукхахь, шайн ирзехь, гезарий яжош гой а…

Ӏуьйранна, хӀара санна, гӀаьттинарг биргадан повар Маруся яра. ХӀара говраш ялош схьакхаьчча, цо кхунна юург а елира. Дог дацахь а, кхо и яа а йиира. Цуьнца а кхунна мелла а оьшуш болу ницкъ бара. Гота йоьжна волуш, гӀатта юьйлира биргада… Шеца говраш лахка велла шийтта-кхойтта шо долу Идрис кхо биргадехь витира. И, пхьаьрса кӀел Ӏийжарг а яьлла, халла лелаш а вара, я кхунна оьшуш а вацара. Кхунна, хьалагӀаьттичхьана, хӀора ша ког мел боккхучу тӀехь хаалуш вара шеца хилавезарг…

Са цхьа паргӀат дара. Буьззина болчу кийрахь доллу хӀума а шен-шен метта нисделлера. Шилхотехь, буса ден хӀусаман неӀ ца

еллаелча, хIоьттинчу шодах доккха цхьа дуьне хиллера. Оцу дуьнен тIе я чу дIатарбеллера цу буса болийна бина некъ, некъаца гинарг, мел лазийнарг, дIабоьххинарш, ша коша тIе хIиттинарш… И доккха дуьне чутарделла ша цул а доккха дуьне хийтира. Кху лаьттаца, дегIаца доьзна ца Iаш, кхин а цхьана доккхачу хIуманца доьзна… И ша шена тарделлачу дуьненахь латта жима, гIорасиз дара. И гуттар а шеца кхехьа дезаш а дара – кхуьнан дуьне.

Биргадиро хьалхарчу дийнахь билгалъяьккхинчу метта дIавахара хIара. Аха безаш берг бай бара. И аха хала хилахь а, кхунна хазахо а, маьIна долуш а хетара. Сагатделлачу куьйгаша нох лаьтта кховдийра, говраша хьалхара когаш – гIоттучу малхо самайоккхучу анайисте. Кхунна ца хьаьжча а гора шена тIаьхьа роьжан буьртигаш схьаэца куьг а кховдийна лаьтта Селим. И кхушиммо, кхо Селиме дIа ца аьллехь а, гIамарлара буьртигаш схьалехьош бина барт бара. Говраш меллаша йоьлхура. Кхо уьш сих а ца йора.

Хьалха берг дехачу шерийн некъ бара, саццаза бан безаш, генарчу анайистах хоттабаллалц. Цунна тIехьа дара лаьмнаш…

Хьацар даьлла ши говр халла йоьдура. ХIан-хIа, и шиъ-м ца соцура, дIагIертара. Царна а хаалора гота саца йиш йоций, и цушинга а, шега а волалушшехь аьлла дара. Уьш дIагIертара, кIадъеллачул тIаьхьа а, голаш кеглушшехь а. Iуьйранна борий, расхий хилла и шиъ кIайн яра, чопанаша кIаййина. И шиъ хила а ма-езара иштта, цIена некъ ма бара кхара хьош берг…

«…Ма йожа, ма йожа...» – боххушехь, юьйжира цхьаъ, малх суьйренга лесташ.

Цуьнан сема ца хиллера. Кийрахь стаг ца хорцуьйтуш йолу сема… Говр а ма ю, стаг санна.

Йисначу, сема йолчуьнца, дIагIиртира… И малх буззуш юьйжира. ХIан-хIа, сема ца хилла ца юьйжира и – кагъелла… ХIара вуьйхира… Сарралц юха ца хьежнера. Хаьара, тIехьа буьртигаш туьйсуш вогIуш Селим вуй, цунна тIаьхьа Жовзан а. Кхеравелира, и шиъ тIаьхьара хадарна. Юхахьаьжира. И шиъ дара. Бераш а, сийна ялтийн хIорд а… Амма уьш дегабааме юхабирзира. Ялтийн хIордан тулгIенаш а лахлуш яра…

«Аса тIом бина… Со онда ву, со ца харцавайта, кийрахь сема а йолуш… саьрмак а белур болуш… Шу цIа кхачо некъ а биллалур

болуш ву баьхча, тийшира. Хьо сеци, сец-сеци…» – бохура уьш дIабоьрзуш церан бIаьргаш чохь хIоьттинчу дегабаамо…

ХIара оьгIазвахара. ХIан-хIа, ца вахара. Кхунна эхь хийтира шех тешначех. ДIакарчийра готанна хьалхара говр.

Шен некхах, пхьаьрсех, гIодах тийсира, диххира, хиттира готанна тIера схьадогIу асанийн пхенаш. КIоргге чубиллира шена гина дегабаам а. ДIаозийра гота. ХIокхо а, оцу дегабаамо а. И дIайолаелира. ХIара, воьддушехь юхахьаьжира: Селим буьртигаш лестош вара, къежа а къежаш… Жовзан йогIуш яра, къежа а къежаш… Когаша орца дийхира, шаьш совцуш лаьтта аьлла. «Совцал, шаьш бахьахь», – човхийра… Дог а… човхийра… ЦIий а… Юха бIаьргашка Iаьржа бода туьйхира. И саьрмако, хIара шена тIе ца кхачийта, етташ шен багара Iаьржа Iаь яра… ДIатаса айъина ког хьалха ца баккхалора…

«Ницкъ, хьо ма дукха бара сан!» – кийрахь дегабааме мохь туьйхира кхо шен ницкъе.

Ша тIаьххьара дIаболуш, и ког дIабиллийтира ницкъо…

Соцуш лаьттара готанан ши чкъург… Генара схьакховдийна куьг делира цхьаммо-м. И кхунна девзира. И Этиниг дара, кхо шена орцах кхайкхинчу Этиниг. Цо шена тIекхачийра. Юха кхечу куьйге велира. И Дибиниг дара, кхеран полкехь уггар онда хилларг… Шена тIекхачийра. «ОхьатаIа, Мада, лаьтте, тхан цIий ма ду цуьнца, цо гIо дийр ду хьуна», – хьехар дира Дибас. ХIаъ, цо тIамехь а дора кхунна и хьехар: «ОхьатаьIаш лела, Мада, дукха хьалатеIа хьо!..» – олий. ОхьатаьIира лаьтте – ницкъ белира. ЦIий а хьаьдира пхенашка… кхуьнан тIеман арахь бисначу юьртахойн. Цара, хIара кхайкх-кхайкхинчо куьг кховдош, шовзткъе шийтта куьйго вовшашка луш, кхачийра саьрмакна тIе…

«Голаш лаьттах гIортае хьайн, цуьнгара ницкъ баккха хьайна», – хьоьхура Жоьра-бабас-Кесирата.

Ондда, чуюссуш гIоьртира голаш лаьттах. Ницкъ а белира… Пурх Iуьллу саьрмак юккъехула хадош чекхъелира гота… И чохь баьсса хиллера. Дог хила дезачохь, телхинчу чуьйрийн Iаржделла коча йоьхь санна, готта татол хилла охьаледаш цхьа Iаьржа талу бен, хIумма а дацара. Нахаро дIасатесна саьрмакан ши ах йоьзан тесаш хилла керчира арахь дIа, юха, хьаьвзинчу шайтIанан махо, ирхъяьхьна, тIепаза яйира…

«Ваша, ваша, вай цIахь ду хьуна, цIахь… цIахь… цIахь…» – йилбазмох хилира Селима бохучу кхоах.

БIаьвнаш гуш яра. Кхо тIетакхийра нох… Чарташ лаьттара, кхуьнгахьа кхевдина. Царна тIе а баьхьира готан бIал… «Шулукха – вайн ирзеш», – воккхавера кIант. Кхо нахарца го баьхьира царна…

«Ваша, хьажахьа, и сийна Хорачойн лам! Цу тIе вала вайша? Ма лекха бу и, ваша-а-а», – юха а бер хилла, воьлура Селим…

Готанна тIаьхьа седарчийн некъ бара. ХIан-хIа, уьш седарчий дацара – нохчийн зударийн бIаьрхийн сатийсамаш бара кху цIа боьдучу новкъа эгна. Ялтийн соьналлина тIехула йогIучу Жовзанан гIабалин тIемех цхьана доккхачу кIайчу олхазаран тIемаш хилира. Тохаделира, айаделира Хорачойн ломехьа. Саца йиш яцара оцу олхазарна хьалха некъ боккхучу готанан. ХIара тоха мел ло, кIайчу тIемаша ницкъ лора, юха уьш дайн тIедийшара кхунна. Цара меллаша айъира хIара а, кхо дIа ца хоьцу бIал бохьуш йогIу гота а…

Чатакхийначу тачанах дIахоттабелира оханан некъ. Цу тIера чукховдийча, куьг а кхочура Хорачойн лекхачу лам тIе… ХIара цIахь вара… Кхидерг дерриг а цул тIаьхьа дара…

Готанна вожа а велла хоршахь Iуьллуш хIара карор а, кхуьнга шовдан чуьра хи цаэцийтинарг балар а, кошара аракхоссар а, жимчу Селима Казахстане буьстина аьчк-некъ юха лаьмнашка бустар а, цул тIаьхьа кхо дIаса мел баьхьнарг а, хIинца бохьуш берг а – дерриг а, дерриг а цул тIаьхьа дара, хIокхо шен уггар беха некъ биначул тIаьхьа…

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха йолалуш ю повесть?

2. Повестан коьрта хилам муьлхачу заманахь дIабоьду?

3. Повестан коьрта турпалхо мила ву?

4. ТIамера цIавеанчу Мадина хIун го шен Даймахкахь?

5. Щерабаьхначу шен гергарчарна тIаьхьаваха новкъаволуш, хIун оьцу Мадас?

6. Муьлхачу хьолехь карабо Мадина Казахстанехь шен махкахой?

7. ХIун хьехар до Мадина Долонерчу воккхачу стага?

8. ХIун накъосталла до Мадас гIораэшначу нохчашна? Нохчий арабахаран бахьанех муха кхета дийцаран турпалхой?

9. ХIун маьIна ду повестехь Жовжанан вастан?

10. Жовжана мацаллин Iожалла тIеэца ша дина нигат хIун бахьана долуш дохадо?

11. «ХӀан-хӀа, тхо цкъа а лийр дац», – чӀагӀделира даг чохь. ХӀун сурт гича кхоллаелира Мадин даг чохь и ойла?

12. Кхечу къаьмнийн векалшца нохчийн хилла юкъаметтигаш муха гайтина авторо шен повестехь?

13. Нохчий арабахаран бахьанех муха кхета дийцаран турпалхой?

14. Хала киртиг тӀехӀоьттича, вайн къоман оьзда гӀиллакхаш муха гучудовлу?

### Ешначух ойла е вай

1. ХӀун ойланаш кхоллаели шун Яшуркаев Султанан повесть ешча?

2. Шун доьзалехь буй цӀерадахар дагадогӀу баккхий нах? ДӀаязбе церан дагалецамаш.

3. Повестан муьлха васт дисна шун дагахь? Дийца цунах.

4. Мадин амалехь шуна дика хетарг хӀун ду?

5. ЦӀерадаьхначу хенахь хилла берийн дахар муха гойту яздархочо?

6. Селиман вастехь таханлерачу берашкахь йоцу хӀун амалш го шуна?

7. Вайн халкъан доладан хьалхаваьлла да, верас цахилар муха дуьйцу повестехь?

8. ТӀаьхьарчу хенахь вайн къомо лайна бохамаш цӀерадахарца буста. ХӀун башхалла ю царна юкъахь?

### Повестан исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. «МаьркӀаж-бодан тӀехь кӀайн хьоькх» повестан цӀеран символан маьӀна даста.

2. ХӀун маьӀна леладо повестехь некъан васто?

3. Йолалуш дуьйна гуш ду повестан дӀахӀоттам шатайпана хилар. Билгалъяккха цуьнан дӀахӀоттаман шатайпаналла.

4. Нохчийн барта кхоллараллица йолу зӀенаш билгалъяха повестехь.

5. ХӀун маьӀна леладо повестехь долчу Жоьра-бабех, саьрмаках долчу туьйрано?

6. Муьлхачу символан маьӀнехь гойту авторо цӀера беана дума а, ахьар а?

7. Вайн халкъ бохамах кӀелхьардаккхаран некъ муьлхачу символца гойту авторо?

8. Адамийн сурт-сибаташ гайтарехь хӀун басарш карадо яздархочунна?

### ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай

1. Дахарехь нислуш хуьлу, цхьа хала киртиг тӀехӀоьттича, цхьадолчу адамаша гӀиллакхаш дӀатасар, «хӀинца хала зама ю, вай паргӀатдевлчхьана, лелор ду вай и гӀиллакхаш» бохуш. Шайна кӀелхьардовла гечо карадо царна. Амма иштта хила мегар дац. Зама мел хала хилча а, гӀиллакхаш лело деза, агто ца лоьхуш. Повестан турпалхоша муьлха гӀиллакхаш лардина оццул халачу хенахь? Масалш даладе.

2. ЦӀерабаьхначу нехан вовшех къахетар, вовшашна орцахбовлар муха гайтина яздархочо?

3. Жимчо – воккханиг, бераша да-нана ларар, баккхийчара кегийчеран доладар муха гайтина яздархочо?

**Шуна, хIума довза луурш**

Нохчийн къоман исторехь тайп-тайпана бохамаш хилла. Царах цхьаберш: XIX бIешарахь хилла Кавказан тIом; и тIом дIабирзича, цхьаболу нохчий Хонкармахка дIаккхалхар; 1944-чу шарахь нохчийн къам цIерадаккхар а. Тахана дехачу адамашна а, тIаьхьа тIедогIучу чкъурана а хаа деза оцу хиламех долу бакъдерг а, оцу халачу киртигех нохчийн къам шен мотт а, гIиллакх-оьздангаллин культура а Iалашъеш, кIелхьара муха даьлла а. Оцу Iалашонна мелла а жоп луш ю Яшуркаев Султанан «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх» повесть.

**Проект**

Доклад язъе «Диканах дог дилла мегар дац» темина.

## СИМВОЛАХ КХЕТАМ БАЛАР

Символ (билгалонан маьIне хьаьрк) – говзарехь цхьа хIума цуьнан билгало шеца йолчу кхечу вастаца исбаьхьаллин кепехь билгалъяр. «Маьркаж-бодан тIехь кIайн хьоькх» повестехь масех символ ю. Масала, саьрмак – иза бохамийн, тIеман символ ю, некъ – иза вайн халкъан кхолламан символ ю, гота – иза дахаран символ ю. Оцу символша гIо до авторна повестан коьрта идея – нохчийн къам, халонашна, бохамашна къар ца луш, даим лаьтта тIехь дехар хилар – къеггина гайта.



# ШАЙХИЕВ
## Хасмохьмадан Iалвади

*(1947)*

*Соьгахь ю сан халкъан тахне,*
*Даймехкан кхане а ю.*
*Цушиммо куьг лаьцна варна,*
*Билггала со ирсе ву.*

Поэт, прозаик, публицист Шайхиев Iалвади XX бIешеран 60-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь веана нохчийн литературе. Шовзткъе итт шо сов хан ю иза къоман литературехь хаддаза болх беш волу. Оцу хенан юккъехь араяьлла цуьнан вуьрхIитта книга. Алссам стихотворенеш, дийцарш, статьяш, очеркаш арайийлина юкъарчу гуларшкахь а, муьран зорбанехь а.

Шайхиев Iалвади вина 1947-чу шеран 12 апрелехь ГIиргIизойн махкахь Ошски областан Мирза-Акински кIоштан Октябрьски юьртахь ахархочун Хасмохьмадан доьзалехь. Школехь дешар гIиргIизойн маттахь дIадолийна, Октябрьски юьртахь цу маттахь бен школа ца хилла.

1953-чу шарахь ШайхиевгIеран доьзал Сулюкта-гIала кхелхина бахча, цигарчу школехь дешна кIанта. «1957-чу шарахь Даймахка цIадирзича, тхайн юьртарчу (Нажин-Юьртан кIоштара Замай-Юрт) юьхьаьнцарчу школан 4 классе деша вахара со, – яздо Шайхиев Iалвадис «Даймохк» газето 2013-чу шеран 5 октябрехь зорба тоьхначу шен дагалецамашкахь. – Хьалхара кхо класс гIиргIизойн маттарчу школехь чекхъяьккхинера, цундела нохчийн маттахь яздан а, деша а ца хаьара. Юьртарчу школехь нохчийн мотт хьоьхуш Гойтемиров Висарсолта вара. ХIинца хаьа, говза хьехархо хиллера иза. Шо даьлча шерра нохчийн маттахь яздан а, деша а Iемира суна, ткъа коьртаниг, ненан маттахь йоьшуш самукъадолура... Тхайн юьртахь юьхьаьнцара школа бен цахиларна, кхидIа деша лулара юьртарчу школе вахча а, сан дешаран тIехь тергояр ца дитира Висарсолтас. ХIара еша, важа еша олий, нохчийн маттахь книга, журнал, газет лора. Лакхарчу классашкахь, юха а цуьнан Iаткъамца хир дара иза, цхьацца йозанаш дан воьлча, дуьххьара сан и къайле евзинарг а Висарсолта вара. Шена тIаьхьа а хIоттийна, кIоштан а, «Ленинан некъ» газетийн редакцешка а

кхийлира. Дуьххьара цо вовзийтира суна Айдамиров Абузар а, тІаьхьо – Окуев Шима а, кхиболу яздархой а. Со билггал тешна ву, поэзин атта боцчу новкъа со валар сайн дуьххьарлера нохчийн меттан хьехархо Гойтемиров Висарсолта бахьана долуш нисделла хиларх».

1964-чу шарахь Замай-Юьртарчу школе хьехархочун балха вахна Шайхиев Іалвади. 1965-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институтан историко-филологически факультетан нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархой кечбечу отделени заочно деша вахна.

«Коммунизман маяк» газетехь деа-пхеа шарахь болх биначул тІаьхьа, 1970-чу шарахь, «Ленинан некъ» газетан редакце схьавалаво Шайхиев Іалвади. Оцу газетийн редакцешкахь кхиамца болх бина цо. Журналистан говзалла караерзарца цхьаьна, газеташкахь болх баро гІо дора исбаьхьаллин литературин корматалла кхиарехь а.

Шайхиев Іалвади 1973-чу шеран гурахь Советски Эскаре гІуллакхдан вигна. ХІара яздархочун корматалла йолуш вуйла хиъча, кхунна тІедиллина ша гІуллакхдеш волчу эскаран декъан истори язъяр. Эскарехь кхочушдечу кхечу дерриг гІуллакхех мукъа а витина, и болх язбар тІедиллина керла веанчу салтичунна. Болх язбина ваьлча, совгІатна эскарера мукъа а витина, цІа вохуьйтур ву а аьлла. Шайхиев Іалвадис лерина кхочушдина шена тІедиллинарг. Шайн эскаран декъан истори яз а йина, иза хьаькмашна йовзийтина. Цара, чІогІа резахилла, къобалбина кхуьнан болх. «50 лет на боевом посту» цІе а йолуш, 1975-чу шарахь Москвахь зорба а тоьхна, араяьлла и книга. Шайхиев Іалвади, шаьш ма-аллара, эскарехь яккха езачу хенал хьалха мукъа а витина, 1974-чу шеран август баттахь цІа ваийтина.

Москва деша а вахна, 1979-чу шарахь Горький М. цІарх йолчу литературин институтехь Лаккхара литературин курсаш чекхъяьхна.

Шайхиев Іалвади яздан хьалхе волавелла, шен кхойтта шо долуш язйина цо дуьххьарлера стихаш. 1962-чу шарахь 14 октябрехь арадаьллачу «Ленинан некъ» газет тІехь зорбатоьхна цуьнан «Накъост, хаалахь» стихотворени. Иза поэтан зорбанехь араяьлла дуьххьарлера стихотворени ю. Оцу хенахь 9 классан дешархо хилла кІант.

Мескитарчу ворхІшеран школе деша волавелира Іалвади. Школан директор Айдамиров Абузар вара. «ХІетахь дуьйна Айдамиров Абузар сан хьехамча хилла висира гуттаренна а. Аса цунна тІе хьора сайн стихаш. Леррина уьш йоьшуш, нисъеш, тоян гІо деш, къахьоьгура Абузара. Зорбаневалар а хьоьхура», – яздо Шайхиев Іалвадис.

Поэтан хьалхара книга араяьлла 1969-чу шарахь. Къоналлин шовкъ, дахарх воккхавер, Даймахке, Іаламе, нене, езачу йоІе, доттагІашка безам – уьш ду оцу жимчу гуларо шена чулоцурш.

Шайхиев Іалвадин кхолламаллин ницкъех тешош могІанаш кІезиг дац, ткъе итт сов стихотворенеш юкъаяхначу цуьнан дуьххьарлерачу гуларехь: «Нана ю хьоьжуш». «КІац», «БІаьстенан дийнахь», «Гуьйренан амалш» цІерш ерш лаккхара синхаамаш говзачу нохчийн маттахь схьабеллар ду.

«Синхаам» цІе йолу хьалхара гулар, вай лакхахь ма-дийццара, къоначу деган синхаамаша дахаран хаттаршна жоьпаш лаха новкъаваьккхинчу жимчу стеган дог-ойла ястар ду, ала догІу.

Поэтан цІе нохчийн литературехь чІагІлуш дІаяхара цуьнан араюьйлучу керлачу произведенешца. Цуьнан стихийн шолгІа гулар яра 1971-чу шарахь зорбанера араяьлла «Безаман алу». Цу стихашкахь гуш дара поэтан исбаьхьаллин дош кхуьуш хилар. Теманашца, ойланашца, исбаьхьаллин басаршца гІеххьа шуьйра ю поэтан шолгІа гулар, хьалхалерачуьнца юьстича. Лирически турпалхочун кхетам мелла а кІаргбелла, цуьнан ойланаш шуьйра ю, лаамаш беркате бу.

Шайхиев Іалвадин «Яьссин къоналла» кхоалгІа книга 1977-чу шарахь араелира. Цул тІаьхьа арахоьцу: «ГІа-буц» (1978), «Синпха» (1980), «Стогаллин бІаьвнаш». Стихаш, поэмаш (1986), «Эхь-бехк» (1990), «Іожаллел лекха ду дегнаш». Стихаш (2012), «Безаман декхар». Поэзин, прозин гулар (2014). Иштта оьрсийн маттахь арайийлина ялх гулар.

Шайхиев Іалвадин поэзехь къеггина гуш ду иза ваьхначу а, вехачу а заманийн суьрташ. Цара шайна чу дерриг а лоцу: гІайгІа, бала, хазахетарш, халонаш, дахаран халачу новкъахула, шайн яхьах, доьналлех ца духуш схьадогІу адамаш. Шен поэзи, ешархошна хьехамашка ца вуьйлуш, цаьрга кхайкхамаш ца беш, шен гуттар а цІена, сирла йисна ойланаш ю цо царна йостурш, довзуьйту дахарехь шена зеделларг а, ша бина тидамаш а.

*(Пайда эцна Арсанукаев Іабдуллин статьях)*

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Мичахь, маца вина поэт Шайхиев Іалвади?
2. Шайхиев Іалвадин дуьххьарлера хьехархо мила хилла? ХІун тІеІаткъам бина цо хинволчу поэтана?
3. Шен дуьххьарлера стихаш хьаьнга йоьшуьйтуш хилла Іалвадис?
4. Маса шо долуш зорбанехь араяьлла къоначу поэтан дуьххьарлера стихотворени?
5. Мичахь белхаш дина Шайхиев Іалвадис?
6. Цlерш яха поэтан арайийлинчу гуларийн.
7. Шуна хетарехь, поэзин лакхенашка кхача стен гІо дина поэтана?

## ДАРЦАН БУСА

Иза хилла я ца хилла –
Цунна теш со хIуттур вац.
Хиллехь, хилла, я ца хилла,
Иза вайна коьрта дац.

Амма дуьйцуш хезна иштта,
Хезна далош кицанна:
Мацах вехаш-Iаш цхьаъ хилла,
ДоттагIийн го стамбина.

ХIара – доттагI, дIора – доттагI, –
Массо доттагI лоруш шен,
КIентий гонахбаьхна шортта,
Цаьрца токхуш буьйса-де,

Хилла вехаш и комаьрша,
Ша да мел верг царна луш.
Иштта дикка хан дIаяьлла,
Цара хIара хьуьйш-вууш.

Орца доьхуш, орца декча,
Уггар хьалха ву хIара.
ДоттагIчунна, нагахь эшча,
Дош ца хеташ, лур ду са.

И ур-аттал берана а
Халахетар дина вац.
Хала-м хир ду иштта ваха,
Амма кхиниг кхунна гац.

Амма го и дена-нанна...
Дас кIантаца къамел до:
«Вон дош аьлла дац ахь цхьанна,
Массаьрца ву ийна хьо.

ДоттагIий бу алссам, цара
Лоруш, сийдар тхуна тов.
ДоттагIа, кIант, цхьаъ-шиъ харжа,
Ткъа накъостий бевр бац сов,
Мел хиларх а...»

Доцца, кхетош
Хьехар дой, чувоьду да.
Хьекъал ду и, велахь кхеташ,
Къамел ду и ойла ян.

Амма муьлха веза къасто,
Массо хилча даггара?
Цунна лаац цхьа а къасто,
Лаьа виса ма-варра.

Къонахчуьнгахь товш дац данне
ДоттагIий, ца тешаш, зер.
Ледарло ца яьлла цхьаннах,
Я ца хилла цхьаьнцца а лер.

Цо ца левахь, ца бахь бегаш,
Ден сингаттам эрна бу.
Оьшуш дац-кха корта кегбан,
Хено ша цхьаъ гойтур ду.

Амма юха ойла керча:
«Ден дог лозуш хир ду сох...»
Арахь – чилла.
Дорцаш Iеткъа.
Туьнкалг лоькхуш, цIийза мох.

Сацам эццахь цуьнан чIагIло,
Буьйса лоцу гIоьнна цо.
Дарцо къонах воцург кагво,
Тешам боцург къаставо.

Хьалаоьккху.
Барзакъ духу.
Аратуьлу дорцала.
…Шен доттагIчун неI цо туху:
– ГIатта сихха, хIей, хьала!

– ХIун ду хилларг?
Чоьхьавала,
Ма латтахьа неIарехь.
– Бохам беъна. Кечлой вала.
Гуллуш ду вайн Лун-ирзехь.

Цхьа-шиъ висна дIахаийта,
Ткъа вуьш цигахь хьуьйсуш Iа.
Бахьна дуьту циггахь дийца,
Дин човхабой, туьлу дIа.

Иштта, хаам беш массаьрга,
Сихаллехь чекхволу и.
ХIинца ала деза цхьаьнга,
ТIаккха – ирзе човхо дин.

Гуш хир ду-кха дерриг тIаккха
Муьлха веза тIекIаван,
Муьлха веза хераваккха,
Хьаьнца хила даггара.

Резахилла и тховсенна.
ТIеттIа хьерадуьйлу дарц.
Эвлана ду ирзу гена,
Хадо беза хийла арц.

Йоьхна буьйса.
Ирча буьйса.
Хир ду царна и цхьа зер.
Дагалаьцнарг цо ца хуьйцу,
Ткъа тIаьхьенан ойла ер.

И дац коьрта.
Виснарг цхьаъ ву.
Вуй-теша и тховса цIахь?
Ирзе кхача иза хьакъ ву,
Къонах велахь ша нагахь.

КеттIара дIа цо мохь туху,
Аракъеда хIусамда.
Хабар цуьнга цо дIатуху,
ДIа ма-тоххар вукхаьрга.

Вукхо хеттац, хIун ду хилларг,
Ша ма-варра цхьалха гуш,
Араоьккху, тIе ца духуш,
Цхьана мажарх катухуш.

Механ цIийзар,
Дорцан Iеткъар
Хьесапе ца оьцу цо.
– Же, ма Iелахь!
Же, ма Iелахь! –
Ша а, дин а чехабо.

Цхьа сингаттам баккъала а
Ца хилча тIебоьссина,
Хаьа, вер вац доттагI ара,
Йовха хIусам йитина.

Я сахиллалц дийр ду собар,
Мегаш хилча татта дIа.
Тешна ву и: хилла бохам
Листа безаш тховссехьа.

Цо ца дехна шена орца
(Ишттачарех иза вац!).
Оцо воккху кхин а холчу,
Ткъа хеттарш дан зама яц.

Наггахь тIехьатосий ворта,
Кхуссу:
– Сихо! Же! Же! Же!
 Иштта кхочу дIа ши доттагI,
ЦIе тиллинчу Лун-ирзе.

Амма бухахь кхаьрга хьоьжуш,
БогIу ларбеш стаг ца го.
– ХIун ду хилларг? – кхетор доьхуш,
Шен цхьа хаттар вукхо до. –

Хетарехь, вуьш хьелуш бохку.
Цаьрга хьежа йиш яцахь,
Вайша ваьшша чекх и доккхур,
Нагахь цунна ницкъ кхачахь.

– Собар дийр ду.
ХIинцца-хIинцца
Цхьацца-шишша кхочур бу.
Массаьрга а цхьаьний дийца
Дуьту хилларг. Вайн хан ю.

Амма ву хьо тховса цхьалха,
Верта кхолла хьайна тIе.
Кхузахь хьелой, хаьа хьанна?
Латор ю вай хIинцца цIе.

Кховдадо дIа цо шен верта
(ХIара-м йовхха йоьхна ву!)
Къайле яста важа гIертац:
«Кхо лелориг цхьаъ хир ду».

Амма кхочуш вац тIе цхьа а
(Эрна-м дац-те доьгIу ла?).
Синтем байна хьийзаш цхьаъ ву,
ЦIерна хьалха Iаш – важа.

Ткъа цIе-м йогу, лелхаш ткъаршшехь,
Дорцан шело къарйина.
(ТаьIно меттиг лехна варшахь,
Цара иза латийна).

Буьйса серлаюьйлу тIеттIа –
Садаьржаш ду лаьмнашкахь.
– Амал дац сан кхин садетта,
Дийцахь хилларг, хьайн тарлахь.

– Со хьох кхета. Дика кхета, –
Цунна жоп ло доттагIчо.
Вукхарна а дог ца этIа,
Цара йиншшехь тховса чов. –

Нагахь лаахь хаа бакъдерг,
Бохам цхьанна хилла бац.
ДоттагIалла лело хьакъверг
Тховссалц вевзаш хилла вац.

Ойла ел ахь: шайн неI тоьхча,
Иза-м суна йоккхура.
Ас деанчух кхета боьлча,
Бехказлонаш лохура:

«Тарлац листа кхана дийнахь?..»
«Сел цIе яьлла гIуллакх ду?..»
Аса-м тIаккха: «И ма дийца!»
Аса-м тIаккха: «Сиха ву!»

ХIораннан ков детташ, иштта
Со хьо волчу кхечира.
Хьо сан гIуллакх хIинццехь листа
Суна орцахвелира.

Иштта ву-кха кхузахь вайша,
Амма бехк ма биллалахь,

Тховсалера буьйса яйа
Хьайн дезарна дорцалахь.

Олуш ма ду: цхьаъ-шиъ харжа
ДоттагI хьайна, кхин сов берш
Накъостий бу мегаш лара.
Цунна хьо а хили теш.

Тховса уьш зен ас Лун-ирзо
Харжар бахьна долуш ду.
Селхана сай кхузахь бийна,
Хьуламехь чалх цуьнан ю.

ХIинца иза вай цIа хьур ю,
ДоттагIаллин хIотто той.
Массарна а дIахуур ду
Дарцо къаста вай ца дой...

***
Иза хилла я ца хилла –
Цунна теш со хIуттур вац.
Хиллехь, хилла, я ца хилла,
Иза вайна коьрта дац.

Амма дуьйцуш хезна иштта,
Хезна далош кицанна:
Мацах вехаш-Iаш цхьаъ хилла...
Вуьшта, вай и дийцина.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Поэма йолалуш коьртачу турпалхочун хIун амалш билгалйоху авторо?
2. ХIун хьехар до цунна дас?
3. Муха тIеоьцу кIанта ден хьехар?
4. Ден хьехам кхочушбеш, хIун сацам тIеоьцу кIанта?
5. Муха буьйса ю кIанта шен накъостий зен къастийнарг?
6. Муха гучуволу кIантана шен накъостех бакъволу доттагI?
7. Орца даккха веана волу кIант муха тIеоьцу цуьнан накъосташа?
8. Муьлхачу амалшца къаьста бакъволу доттагI кхечу накъостех?

9. Билгалдаккха поэмин коьрта маьIна.
10. Диканехь-вонехь шайн накъостий бовзар хиллий шун?

### Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Муьлхачу стихкхолларан кепехь язйина хIара поэма?
2. Дийца поэмин дош дашца нисдаран (рифмийн) башхаллех.
3. «Дарцан буса» поэмин цIе тилларца авторо хиламан шатайпаналла муха гайтина?
4. ХIун символически маьIна леладо поэмин «Дарцан буса» цIаро?
5. Муьлхачу исбаьхьаллин гIирсех пайда оьцу авторо турпалхойн амалш гойтуш?
6. ХIун маьIна леладо поэмехь могIанаша?

Нагахь лаахь хаа бакъдерг,
Бохам цхьанна хилла бац.
ДоттагIалла лело хьакъверг
Тховссалц вевзаш хилла вац.

7. Билгалъяха поэмехь эпитеташ. ХIун исбаьхьаллин Iалашо кхочушйо цара?

### ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай

1. Поэтана гарехь, доттагIчуьнгахь муьлха гIиллакхаш хила деза?
2. Ден хьехамца авторо нохчийн доьзалан хIун ламаст гойту?
3. Поэмехь «доттагI», «накъост» боху кхетамаш муха билгалбоху, къастабо авторо?

### Вайн къамел кхиадо

1. Шайн дикачу доттагIех, церан амалш юьйцуш, барта дийца.
2. Муха кхета шу могIанех:

Гуш хир ду-кха дерриг тIаккха
Муьлха веза тIекIаван,
Муьлха веза херавакkха,
Хьаьнца хила даггара.

Резахилла и тховсенна.
ТIеттIа хьерадуьйлу дарц.
Эвлана ду ирзу гена,
Хадо беза хийла арц.

3. МаьIна де дешнийн: «Механ цIийзар, дарцан эткъар хьесапе ца оьцу цо».

### Проект

«Тешаме доттагI – чIагIонна йоьттина бIов» темина реферат язъе.



# АБДУЛАЕВ
## Шарипан Леча

*(1953)*

*Ненан маттана аьхна боцчу махкахь,*
*Кхерчан йовхо гӀийла хаало.*

«Поэтан кхолламца абадс хила йогӀу. Шен хенан хенара верг поэт а вац юха а: иза шел воккха хила вогӀу, шел эзарза воккха, шел эзарза къона а. Синан Даймохк хазалла ю, хазаллин Даймохк поэзи а йолуш. Даймахкал йоккха маршо дуьнен чохь хилла а яц. Абдулаев Лечин поэзехь шен Даймохк бу, шен нота а – Нохчийчоь а, лам а, аре а, охьара Терк а, хьалара Орга а, кӀайн мархаш а, хӀаваъ, хӀо а, къоьжа анайист а, стигал а сийна», -- яздо Бексултанов Мусас.

XX бӀешарахь 70-гӀа шераш чекхдовлуш нохчийн литературе еара керла литературин тулгӀе. Цу юккъехь хилла къона яздархой университетехь кхоьллинчу «Пхьармат» литцхьаьнакхетараллин юкъабоьлхуш бара коьрта долчунна. Цара шайца вайн литературе еара керла теманаш, васташ, исбаьхьаллин гӀирсаш. Баккъал а цара нохчийн литература шен дикаллица керлачу тӀегӀан тӀе яьккхира. Иза гуш дара церан говзарийн чулацамехь а, куц-кепехь а.

Нохчийн литературин а, фольклоран а, дуьненан литературин кхиамашна тӀе а тийжаш, церан зеделларг довза а девзина, кхоллараллин керлачу дозанашка кхечира уьш.

Царах цхьаъ ву Абдулаев Леча.

Абдулаев Леча вина 1953-чу шеран февралан 15 дийнахь Казахстанан Кустанайн областан Семиозерни кӀоштан Аман-Карагай станцехь.

Цигахь яьккхинчу хенах а, цӀа даьхкинчу муьрах а Абдулаев Лечас иштта яздо: «Со кхо шо кхаьчна я кхачаза ву, дуьххьара нохчийн мукъам хезаш. Тхан чохь хӀетахь радио яц, и хиллехь, нохчийн эшарш локхуче вига со бохуш, аса, воьлхуш, мохь хьекхна хир бацара. Я пӀераскан буьйсанна хуьлура иза я пӀераскан дийнахь хуьлура – и, баккхийчаьрга хоьттуш, аса кхин билгал а ца дехира, сайн эсе хӀетахь ма-дийшшара и суьрташ дитархьама. ПӀерасканца доьзна-м дара и: радиохула нохчийн, гӀалгӀайн эшарш, иллеш олура. Суна уьш ерриш а цхьа нохчийн эшарш яра. Уьш суна, ерриш а бохург

санна, дагахь а хаьара, дешнаш дерш а, доцурш а, ладугIу а, халхаран а. Аса уьш дIа а олура, гуттар а гучух а, къайлаха а баккхийчара ла а доьгIуш.

Аре дукха шийла хилла хиларна хир ду и, аре суна кхин хIара аьлла дага а ца йогIу: тхо, бераш, гуттар бохург санна, чохь хуьлура. Да балхара чувогIу хан а яра гуттар ларъеш. Да даим векхна-велавелла хуьлура. Иза боккха синтем а, синкъерам а бара. ХIетахь дуьйна иштта цунах дIаволарх суна хIинца а ца лаьа иза сингаттаме, гIайгIане ган. Иза сингаттаме, дог ца догIуш хаавелча, суна со бехке хетта. Иштточохь тIаьхь-тIаьххьалц цуьнга хоттуш Iедал а дара сан: «Соьгара цхьа ледарло-м ца яьлла?»

Дас суна гуттар а цхьацца дуьйцура. Суна хIетахь дуьххьара девзира Кавказ, ДегIаста, ДецIа, БIаьсте дешнаш. Суна цу дешнийн чам хаалора багахь. Суна и берриг цхьа кхетам а бара. «ЦIа гIур ду» боху хиндолчу диканан нуьре гIаларт дара гуттар бIаьргашна дуьхьал лаьтташ. Цкъа а цхьанхьа а вахна воцчу суна со цхьанхьара схьавеана вуйла хаьара, юхаваха везаш, юхаваха бакъо а, декхар а долуш.

1957-чу шарахь тхо цIа даьхкира. «Вай цIа дохуьйту!» – дас и кхаъ баьккхина дагадогIуш санна хета суна, и боккхуш цуьнан хилла бIаьргаш дуьхьал а лаьттташ. Аьлча а, иза деккъа суна хетарг хила тарло. Амма и некъ, Кавказ, ДегIаста, ДецIа, БIаьсте йолчу махка тхаьш цIа бина и беха некъ, юха тхаьш схьакхачар а суна билггал дагадогIу. Бохамочул дикано, халахетарочул хазахетаро, къастарочул юхагаро чIогIахо велхош хиллийла а хиира хIетахь дуьххьара.

Тхо ДегIастана кхаьчна хиллера, амма ДецIа кхин а дIаэха дийзира. ШолгIачу дийнахь дара, моьтту суна, цул тIаьхьа тхан юккъехь мел долчу беран Баба хиллачу сан ден нанас Iайшас вигира со ДецIа. Амма цIа а дацара, керт а яцара. Акказийн, элхьамчийн, коканийн коьллаш, гIундалгIеш, къаххаш… Да цхьа къахьоьгуш воллура. Эххар а: «БаIас (иштта олура цара, 1943-чу шарахь кхалхарна, махках вохарх хьалхаваьлла цIахь висначу шайн дех – сан ден дех – БоIдуллех) кетIа дехкина дара хIара тIулгаш», – элира цо. Шалаж-хин асанца вахна, тхан ден дас, ворданахь беана, кетIа биллинчу оцу кхаа тIулгах хьесап эцна, тхан дена карийра ша лоьхург – акказийн, элхьамчийн, коканийн коьллаша, гIундалгIеша, къухаша къайлаяьхьна шен дас динчу цIийнан лард. «Кху тIехь хьаладийр ду аса цIа», – элира цо. Дан а дира.

Казахстанехь карийна нохчийн мукъаман кехат-пондаран, дечиг-пондаран аз, сан ден дас кетIа биллинчохь деххачу кхойтта шарахь сан дена шен дех йисна еккъа лаьттан кийсак ларъеш гIаролехь Iиллина и кхо чхер-тIулг (2000-чу шеран февралехь кертах цIе йиллича а, хIумма а ца даделира царна) – и ши васт: аз, тIулг… Сан синкхетаман дика-вон, бакъ-харц, кIайн-Iаьржа бохучу дозанийн зил-коьртехь гуттаренна а латта дисна цушиннан гIарол.

Даймахках долу хабар, илли и гале хьалха хезна, дуьненал диъ шо тІаьхьа иза бевзина, цуьнан лаьттан букъа тІехь ден кхерч хьалахІуттуш гина со Нохчийчоьга гуттар а стаг шел жимахдолчуьнга, шен Іуналлех тешначуьнга ма-хьежжара хьежна…»

1957-чу шарахь иштта хилира Даймохк бовзар а, ДецІа довзар а.

1960-чу шарахь ишколе вахара. 1970-чу шарахь иза чекхъяьккхира. Оццу шарахь Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан педагогикин институте деша хІоьттира (шолгІачу шарахь университет йира цунах). Юха 1975-чу шарахь и университет чекхъяьккхинчул тІаьхьа ша дешначу Котар-Юьртарчу №1 йолчу школе хьехархочун балха хьажийра. Нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин дарсаш хьоьхуш, 1977-чу шеран феврале кхаччалц болх бира школехь. Цигара редакцин куьйгалло кхайкхарца ТІехьа-Мартан кІоштан «Ленинизман байракх» газетан корреспондентан балха вахара. ХІетахь дуьйна белхаш бина республикин кІоштанийн газетийн гочдархо, корреспондент, редакторан заместитель волуш а, иштта республикин берийн «СтелаІад» журналан редактор, жоьпаллин секретарь волуш а.

1990-чу шарахь республикин «Ленинан некъ» газетан коьрта редактор хІоттийра Абдулаев Леча. Лечас уггар хьалха газетан цІе хийцира. Нохчийн коьртачу газетан цІе «Даймохк» тиллира.

1993-чу шарахь, нохчий вовшашна тІе герзаш детта буьйлабелча, газетах хила кхин цхьа а шапаІат доцийла кхетта, цу балхара дІавахара. ШолгІа тІом болабеллачу чолхечу муьрехь а (2004–2012-гІий шераш) оццу «Даймохк» газетан коьрта редактор волуш болх бира.

«Хьалхара тулгІе» (1982), «Орамашший, тІемашший» (1987), «ГІенех сан ГІенаш» (2002), «Нохчийчоь, сан Нохчийчоь» (2005), «ХІолламашший, кІарлагІашший» (2008), «Хаьржинарш» (2014) книгийн автор ву. Лечас гочдина дуьненахь а девза Антуан де Сент-Экзюперин баккхийчарна лерина «Жима эла» («Маленкий принц») туьйра а, оьрсийн а, дуьненан а литературин классикийн а, дІадахначу бІешеран гоьбевллачу поэтийн а говзарш.

НР-н халкъан яздархо а, хьакъволу журналист а, НПУ-н сийлаллин профессор а ву. Лечас бина хьехархочун болх билгалбина «РСФСР-н серлонан отличник» знакаца (1997).

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Маца дІаболабелла Абдулаев Лечин кхолларалин некъ?
2. Муьлхачу литцхьаьнакхетараллехь дакъалоцуш хилла иза?
3. Шен бераллех муха дуьйцу поэто?
4. Нохчийн къоман эшарш, иллеш мичахь, маца девзина Лечина?
5. Дас хІун тІеІаткъам бина поэтана бераллехь?
6. Муьлхачу васташкахь карийна поэтана Даймохк?
7. Абдулаев Лечин книгийн цІерш яха.

# МАЬЛХАН КАШ

*(Поэма)*

*Шех дала тарлучу вонах нах маьрша буьтуш мел веана-вахначунна, мел вехачунна.*

1.

…ГӀора дац.
Кхийра кад хьабаза лаьтта.
Йоьттинчохь шура ю,
Йиллинчохь – сискал.
БӀагоре хьийзаш ду
Когаш кӀел латта.
Лаьттана дуьхьала хьийзаш ю стигал.

Шекдовла ца кхиъна
ЦӀийннана, бераш.
Шеквала ца кхиъна
Лулахо, верас.
Шекдаьлла ша-шеха
Дилха дог пхьеран.
Шекдаьлла:
«Бели-техь къаьхьа кхаж, Дела?

Лурчаха кхелхира
Пхьакочехь Леча,
Ткъа стохка вахара
Пхьадухехь Маккхал.
ХӀинца рагӀ, схьагарехь,
Кхунна тӀе кхечи.
Ма кхоам бара-кх хьан,
Ма къа а – тӀаккха!

Ма кхоам бара-кх хьан
Цу дашо куьйгийн.
Ма кхоам бара-кх хьан
Сирлачу бӀаьргийн.
Доьзалан зовкхан а, –

Сел кIезга хьоьгуш! –
Ма кхоам бара-кх хьан
Сел хьалхе хада…

«Бакъ ду и, бакъ ду и:
Хьо уьно леци.
Бакъ ду и, бакъ ду и! –
Хье чу зIок етта. –
Бакъ ду и, бакъ ду и:
РагI хьоьга кхечи!»
Бакъ ду и. Бакъ хили, –
Ма халахета-кх!

БIов а ю йоттаза
Ден вешин кIентан.
ТIай а ду пхьедара
Чекхдаккха дезаш.
Хьан куьйгаш оьшуш ду
ХIора а цIен тIехь.
Хьан-хьайн я цIахь а дац
Дан дезарг кIезга.

Iамийна ваьлла вац хьо, пхьар,
хьайн пхьераш.
Кхиийна ваьлла вац хьо, да,
хьайн бераш.
Кху пхьедахь массо а
вара хьох Iемаш.
Хьан буйнахь лекхало
саз-латта, кхер а.

Ахь бел дIаIоьттинчохь
долура шовда.
Ахь тIулг дIабиллинчохь
летара кхерч а.
Хьох бIаьрг ма-кхийттинехь,
дуьхьала хьоду

Эвлара жа-бажа,
моьттуш, цIа кхечи.

Къаноща – къано а,
беращца – бер а,
Хьо вара хIора а
доьзалан накъост.
Ткъа хIинца
хIун хила доллу-те пхьерах?
Къаьхьа ду,
къаьхьа ду хьоь кхочу да̀къа.

2.

ЦIийннанас неI хьайо.
Мохь болу пхьере.
Цу маьхьарх кхералой,
Мохь болу бере.
Ма къаьхьа са хьо,
Ва маьлхан Iуьйре!..
ЦIийннана дIахьожу
Хьадазчу пхьоьре.

– ДIаяла, – олу кхо, –
ДIаараяла,
ДIаараяла, хIай,
Дакъазамаяларг!
Кхоккийна юьхь а ю,
Лилхина балдаш.
Когаш тIе хIутту пхьар
Цхьа чIогIа хала.

– Лурчаха вахара
Пхьакочехь Леча.
Ткъа стокха кхелхира
Пхьадухехь Маккхал.
Кхушара, схьагарехь,
РагI соьга кхечи…

Схьа тIе ма гIорталахь,
Ког схьа ма баккха…

Кхийтира, егийра
Йоьхна цIийннана.
– Ва-а, Дела! – йилхира,
БIаьрхиш а Iанош. –
Хьан къинна яла ша,
Шен цIийнан да!
Йигахьа кхалха ша
Хьайцанна дIа!

– ДIаяла, – олу кхо, –
ДIаараяла.
ДIаараяла, хIай,
Дакъазамаяларг!
Схьабеха вежарий,
Схьавеха да а.
Ца лайча девр дац кхел
Йиннарг цу Дала.

Ахь сиха кечбе шен
ТIаьххьара кхача.
Схьаэца лелоза
Шен неIармачаш,
Дохаза хан йолу
Шен машин чоа…
ХIара болх ма баха
Вайна кхин чолхе.
(Геннара кхоссалахь
цIетуха шега).

Схьакхайкха вежаршка,
Схьакхайкха дега.
(ХIара мотт-гIайба а багабан беза).
ДIаяло, схьакхайкха
Кхайкха мел везарг.

3.

Схьакхайкхи.
Схьавеа бала мел кхочург.
Ткъа бала кхаьчнарг ю
Ерриг а пхьеда.
Къурд бина,
Легашкахь сецо ницкъ боцуш,
Цу нехан и бӀаьрхиш
ДогӀанах леда.

– Аш ког ма баккхалаш
Шен когийн лорах,
Шен куьг мел кхеттачух
Шайн куьг а ларде.
ДӀа генадовла,
Цхьаъ улле ма гӀорта! –
Цхьа халла тасалой,
Пхьар хьалагӀотту.

Цхьа боца хилира
ТӀаьххьара кечам:
Шен куьг дӀа мел кхеттарг
Шен куьйга гулди.
КъинтӀеравелира,
Массарна гечдеш.
Шен дагахьбалламаш
Генна дӀахьулби.

ДӀаволавели и,
Схьаволавели.
Ӏаьршашка куьг ухьуш,
ДоӀа ди Деле…
– Села! ХӀай, Села!
Хьайн малх, хьайн цӀе
Орцахъяккха!
Кху цӀен тӀера
Ун арадаккха!

Жоьлашкахь ма дита!
Гуйна тIехь ма дита!
ЦIанде,
ЦIинде
ЦIа а,
ЦIе а!

Села! Дела!
Боьршанаш ларбе!
Села-Сата,
Сенаш ларбе!
Села! Села!
Хьайн малх, хьайн цIе
Орцахъяккха!
Кху цIен тIера
Ун арадаккха!..

ЦIе йогу,
Шен куьйга йиллинарг пхьеро:
– ДIахьо ун дIахьур ду,
Дуьсу дерг – дага!
…Кхин тIе ца дити цо
ЦIийннана, бераш.
Кхин тIе ца вити цо
Шен къена да а.

ДоIа дIадерзийна,
Деш долу Деле,
ТIаьххьара бIаьрг тоьхна
Доьзалшка, дега,
Хьаьстина,
Хьаьгина тIедеъна адам,
Атта бан гIоьртина
Шех болу кадам,
ДIановкъавели и –
Кхалхаран новкъа.

ДогIанна язъелла
И стигал къовкъарх,
Ткъес хилла,
Етталуш ламанан гIовнах,
Кхерстира
Адамийн маьхьарийн гIовгIа.

4.

– Хьан уьнна дала шаьш,
Хьан уьнна дала! –
Пхьерана боьлхура
Кху пхьедан къаной.
– Хьан уьнна дала шаьш,
Хьан уьнна дала! –
Боьлхура пхьерана
Ца вина наной.

Жима а, воккха а,
БIаьрхиш ца къедеш,
Пхьерана йилхира
Ерриг а пхьеда:
– Хьан уьнна дала шаьш,
Хьан уьнна дала!
ТIаьххьара хьан хIусам
Аьхна е Дала!

«Хьан уьнна дала шаьш!» –
ТIаьхьа а тийжаш,
Пхьар воьду,
шен уьнна
дийна каш хилла!
Ткъа дIога малхбасехь
Цу пхьере хьоьжуш
Кхин каш ду, –
Маьлхан каш! –
ЦIе йолу сирла.

Маьлхан каш,
Шен дегIах ун дала доьлча,
Шен уьнах нах ларбан
Адамо дина.
Кху пхьерал хьалха а
Хийла да воьлла
Цу коша,
ДIакхелхаш,
Валаза, дийна!..

5.

…ПирIуний хIолламаш[1],
Тимаран[2] тур а
Iаламат дуй-техьа цу балхе дилла?
Буй-техьа турпалийн
ЮьхькIаме толам –
Шен вонах стаг ларван
Хаарал сийлахь?

И хууш баьхначу
Дайх бисна болчу
Сан махкахь,
Тешна ву,
Цхьа де ца деъна,
Евзичахьана
Цу нахаран баьлча[3],
Сан дайшна ца вевзаш
И АллахI Дела.

---

[1] ПирIунийн хIолламаш – дуьненан ворхIаннах цхьа Iаламат ларалуш йолу Мисарара бIаьвнаш (Египетские пирамиды).

[2] Тимар – Тимур, Тамерлан (1336–1405) – Золотая Орда олу импери (вайн Симсим а) йохийна бIаьнбаьчча. Самарканд-гIала пачхье а йолуш, пачхьалкх кхоьллина, тIемашца Инди, ГIажари чу (Иран), кхечу мехкашка а ихна. Нохчийн халкъалахь, АстагIа Тимар аьлла ю цуьнан цIе. Цунах лаьцна цхьацца дийцарш а дисна барта кхоллараллехь.

[3] Баьлча – нахаран тIам.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. ХӀун эпиграф ялайо поэто шен поэмехь? МаьӀна де цуьнан.

2. Мила ву поэмин коьрта турпалхо?

3. Муьлха зама ю поэмехь юьйцург? Карае цу заманан билгалонаш.

4. Муьлхачу хьолехь ву Пхьа̀р? Шех нахана кхераме долу ун кхеттийла хиъча, хӀун сацам бо цо?

5. Муха тӀеоьцу гергарчара Пхьеро бина сацам? Шен хӀусам уьнах цӀанъеш, хӀун до Пхьеро?

6. Юьртахошца, гергарчаьрца къастар муха хуьлу Пхьеран?

7. Пхьеро диначун хӀун мах хадор бара аша?

8. «Буй-техьа турпалийн юьхькӀаме толам – шен вонах стаг ларван хаарал сийлахь?» МаьӀна де оцу дешнийн.

**Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу кепехь язйина ю поэма?

2. Ширачу заманан васт хӀоттош, муьлхачу дешнех пайда оьцу поэто?

3. Схьаязде поэми юккъера ширделла дешнаш. МаьӀна даста церан.

4. Поэмехь нохчийн Ӏадатийн поэзица йолу зӀенаш билгалъяха.

5. Поэма пхеа декъе екъна ю. ХӀора декъан чулацам бовзийта, чулацаме хьаьжжина, цӀе тилла.

6. Дийца, стенна аьлла стаг, шех ун ца далийта, кхалха дӀавоьдуш волчу меттигах «Маьлхан каш»?

**ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Нохчийн бакъболчу къонахийн амалех муьлханиг къеггина гуш ю Пхьеран вастехь?

2. Нохчийн барта кхолларалллера а, литературера а, историера а масалш далош, дийца иштта болчу къонахех.

**Вайн мотт кхиабо**

1. ХӀокху дешнийн маьӀна даста: пхьакоче, пхьадухе, пхьеда, саз-латта, кхера, ун, пирӀун, хӀоллам, нох, баьлча.

**Проект**

«Шех зулам ца далийта Ӏожалла тӀеэца кийча хилар къонахчун амал ю» темина реферат язъе.



# БЕКСУЛТАНОВ (АДАМОВ) Мозин Муса

## *(1954)*

*Мотт бацахь, къам а дац.*
*Матто кхуллу Даймохк.*

Яздархочун дахаран некъ дуьнен чохь цо яьккхинчу хенаца буьстина бац, вайна ган Іеминчу вахаран, валаран шина терахьо чулоцучу. Яздархочун дахар – иза цуьнан кхолларалла ю, цуьнан ойланаш, хан а, доза а, юьхь а, чаккхе йоцу, бакъдолу дахар, шеращца юсталур йоцу оьмар.

Шен кхоллараллехь «Дахар» цІе йолу цхьа дийцар яздан сатийсам болчу яздархочун Бексултанов Мусан и сатийсам кхочушхиларан тоьшалла ду цуьнан повесташ, дийцарш, хьаьркаш, эссеш а, хІунда аьлча цуьнан произведенеша шайна чулоцу адаман дахаран массо а агІо: къомо бІешерашкахь бина некъ а, цу къоман турпалхой а, таханлерачу заманан сурт-сибат а, заманца хийцалуш йолу вайн амалш а.

Бексултанов Муса (бакъйолу фамили Адамов ю, ден цІе – Мози) вина 1954-чу шеран август беттан тІаьххьарчу кІиранах (кехаташ тІехь лоруш 1 июль ду) Кустанай олучу казахийн махкахь, нохчийн къам цІерадаьккхина итт шо даьлча. БексултановгІеран доьзал, массо а бохург санна, 1957-чу шарахь бирзина Нохчийчу цІа, баха ховшар Олхазар-кІотарахь а долуш: ламарой шайн хиллачу ярташка – лам чу – хьала ца бохуьйту, уьш Іедалан харцонна – обаргаш а хилла – дуьхьалбовларна кхоьруш. Олхазар- кІотарара юккъера школа 1972-чу шарахь чекхйоккху. Мусан хьехархо хилла нохчийн вевзаш волу поэт, этнограф Сулейманов Ахьмад. Къоман дІадахначух дуккха а хІуманаш гулдеш, хууш, дІаяздеш, уьш нахана довзуьйтуш къахьоьгуш волчу Ахьмада беркате тІеІаткъам бина яздархочунна. Цунна тоьшалла ду Мусас шен дуьххьарлера книга «Мархийн кІайн гІаргІулеш» Ахьмадна лерина хилар.

1972-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн Пачхьалкхан университете филологин факультетан къоман отделени деша воьду Муса. Университетехь доьшуш

волчу хенахь а, цул тIаьхьа а Мусас жигара дакъалоцура нохчийн къоначу литераторийн «Пхьармат» цхьаьнакхетараллехь.

«Пхьарматхой» нохчийн литературин исторехь уггар йоккха тулгIе яра. Литература хIетахь шен декхаршна, Iалашонна, ша лело дезачу маьIнина герга еара «пхьарматхойн» кхоллараллехь, хIетахь гучудаьлларг похIма долчу нехан дийнна чкъор дара. Уьш берриш халачу заман чохь, нохчий Сибрех болуш дуьнен чу бевлла кегий нах бара. Хьекъале, цкъацкъа амалшца сиха, эсехь шайн къомана лелийнчу харцонийн лар йисна нах хилла уьш.

Бексултанов Мусан «Мархийн кIайн гIаргIулеш» цIе йолу хьалхара книга араелира 1985-чу шарахь. Оцу книги тIехь уггар ирачу кепехь, елла-елла чов санна, лазаме гучуелира яздархочун гIайгIанаш, иза резавоцуш, цо емалдеш дерш, цуьнан синмехаллаш. И дерриг а – цунна деза дерш, гIайгIанаш – цуьнан шен цхьаннан хилла ца Iара, уьш юкъара дара цуьнан а, дерриг къоман а. Иза исбаьхьаллин гIирсашца дерриг къоман цIарх долуш долчунна дуьхьалю яр дара. Амма цуьнца цхьаьна кхиамца исбаьхьаллин литературин лакхарчу тIегIане а кхевдира иза. И книга арояларца дуккха а хIума хийцаделира нохчийн литературехь: похIма долу яздархо гучуваьлла ца Iаш, нохчийн къоман, цуьнан культурин, меттан, гIиллакхийн бала болуш, дола дан доьналла а долуш кхин цхьа да а дIахIоьттира Сулейманов Ахьмад, Айдамиров Абузар санна.

1986-чу шарахь республикин исторехь дуьххьара «СтелаIад» цIе йолу берийн журнал дIадиллира. Иза дIадоьллуш къахьегначех цхьаъ ву Муса. ХIетахь дуьйна цу журналехь болх беш схьавеана иза. Яздан ойла жимчохь дуьйна кхоллало, пхийтта-ялхитта шераш долуш. Прозехь язйинчу пхеа книгин автор ву Муса: «Мархийн кIайн гIаргIулеш», (1985); «Юха кхана а, селхана санна» (1988); «Наггахь, сайн сагатделча» (2004); «Я хьан тухур буьйсанна хьан неI» (2005). «Сан вешин тIехьийза йоI» (2013); «ЙоI-бIаьсте» (2018).

Россин яздархойн Союзан декъашхо а, Нохчийн халкъан яздархо а ву Муса.

Шен кхоллараллехь хIун яздар коьрта а ца лору, муха яздар бен.

Сатийсам…

«Сатийсам цхьаъ бу-кх: нохчех цкъа къам а хилла, вайх хIора а цу къоман хьакъволу векал хилар», – шеца хиллачу къамелехь дерзош цо аьлла дешнаш.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Маца, мичахь вина яздархо Бексултанов Муса?
2. Школехь доьшучу хенахь мила хилла Мусан хьехархо?

3. Бексултанов Мусан дуьххьарлера книга маца араяьлла?
4. Маса книгин автор ву Муса? ЦIерш яха церан.
5. Яздархочун кхоллараллин коьрта тема хIун ю? Муьлхачу сатийсамца кхуллу цо шен говзарш?

### Шуна, хIума довза луурш

Нохчийн литературехь дийцаран керла кеп юкъаялорца, жанрийн башхаллашца, яздарехь шен хатI хиларца къаьсташ ю Мусан проза. Цо иза исбаьхьаллица, яздаран шатайпаналлица, поэтикица, дешан мукъам ларбарца гергаялийна поэзина. Цуьнан муьлхха а дийцар, доккха, жима бен а доцуш, я повесть дешан мукъам ларбеш ю.

Дуккха а къахьоьгу Мусас публицистикехь. Цо язъеш йолу статьяш, интервьюш, дешан чIогIаллица, цу дашо дохьучу бакъдолчуьнца къаьсташ ю.

Бексултанов Мусан кхолларааллин хьаст – иза Нохчийчоь ю, цуьнан баланаш, лазамаш, эшамаш, толамаш а. Цунна Нохчийчоь, цуьнан истори йовзар ширачу тептаршкара дац. Мусана Нохчийчоь ша схьаваьлла доьзал бу, цуьнан да, ден да, ворхIе да, муьлххачу нохчичун санна, церан декъаза нисбелла кхоллам а. Бераллехь дуьйна ден масалш тIехь, цуьнан хьехарш тIехь кхиъна волчу Мусан кхолларааллин турпалхой бу шатайпана, доьналлин амалшца къаьсташ болу нах. Церан Iалашо дуьнен чохь шен цIе йита езар ду, стаг ша велча а, дийна юьсур йолу цIе: «Неха-м дашо раьгIнаш хилахьара, къонах боху дош дуьсийла-кх сох даха». Дуьне хаьрцича а, халонаш, баланаш тIеIиттабаларх, къонах воха йиш цахилар масал ду Бексултанов Мусан турпалхой.

Шайн белшаш тIехь дуьне латтийна болу къонахий биц ца болуьйту яздархочо шен говзаршкахь. Церан турпалаллин васташ кхуллуш, церан доьналлин некъаш карладохуш, даим вайн эсехь бахабуьсу уьш: ТоргIа, Iаьзим, Овтархин Юсуп, Керим, кхин дуккха а.

«Къолам буьххье къам а, мохк а тарбина» воллучу Бексултанов Мусана дика го шен къоман синкхетамехь хийцалуш йолу мехаллаш. Цуьнан кхолларааллехь коьрта тема хилла лаьтташ ю халкъ, шен буха тIера даьлла, эзар шерашкахь кхиийначу амалшна хердалар, дешан мах лахбалар, дешан бакъо хьаьнг-хьаьнга а ерзар.

«Маржа-яI, маржа, халкъан доцу гIиллакхаш хилла-те цу наха схьакхехьнарш, я халкъан йоцу амал латтийна-те болатах яхчош, собарца юттуш, хIара дуьне кхоьлличхьана кху махкахь шаьш дехаш, коьртан сий бен, кхин Iалашо ца лоруш, мехкан маршо бен, кхин декхар ца хеташ, тIерачу Далла бен, суждане ца боьлхуш, дуьнен чохь шаьш яьккхинчу кIеззигчу ханна дуьне мел лаьтта шайх дийца дош дуьтуш дIаихначу къонахаша хьанна бохуш дитина-те шайн сийх, йохьах доьттина долу и кортош кура ламанаш, мила лелийта дехкина-те, шайн гIиллакхашца дуьне дузуш, шордина хилла маьрша некъаш, мила кхио дитина-те «цхьана къонахчун меха дуьне а ца кхочу» боху, шайн мах шаьш хадийна долу хала весет!

ХIун хили-те кху заманах, хIун сардам я хIун неIалт даха-те кху чкъурах, мича декхарна дIаийци-техьа Дала хIокху къоман доьналла, я стенах доьхки-те

кху адамаша шайн кортойн сий, дуьне а цецдаьхначу дешан мах хьан лахби-тс дуьххьара кху Нана-ДегІастанахь, мила ву-те…»

Шен турпалхойх лаьцна иштта яздо Мусас: «И турпалхой сан ойлано кхоьллина бац, уьш шайн тайпа а долуш, хилла болу нах бу. ТоргІа а, Овтархан Юсуп а сан дас вийцина суна. Керимах дерг Моьсаган Бисанас нахе дийцинчуьра хезна ду. Шайн эхьан хаттарна, кханенаш а ца йохкуш, хаттар хІоьттинчу мІаьргонна жоп луш хилла болу нах бу аса буьйцурш. Уьш дукха а ца хуьлу. Цара йоккхуьйту къоман цІе, уьш бахьанехь девзаш а хуьлу къам гонахарчу мехкашкахь. Церан дахаран масалш бІешерашца деха, Адин Сурхон а, Мадин Жаьммирзин а, Таймин Бийболатан а, Харачойн Зелимхин, Ахьматхан Ичин а, ЗІокин Хазин а, ТІуьшан Воварган а, Дерказан Джокъалан а санна. Іожална букъа тІе ког лийзина нах бу уьш, шайн эхь шайх ца кхардийта».

Тахана вайна масалш оьшу, тхо а хилла ала кІезиг ду, тхо а ду ала, бух беза вайна. Вайн къоман сийлахь бух хилар, бийца къонахий хилар тоьшалла ду Бексултанов Мусан говзарш.

Йоккхачу повесть тІера масех могІанех лаьтташ йолчу хьаькашна тІе кхаччалц дерриг ду яздархочун кхоллараллехь: дуьне а, абаде а; гуьдерг а, гущдоцург а; зама а, къам а; къоман бакъйолу амалш а, къонахийн васташ а, – и дерриг а цхьаьна ца хилча, хила йиш йоцу мохк а.

## ДАРИ

Халимов Эмирхан тхан классан турпалхо вара – вацара! – цунна ша хетар-кх иштта. Тхо цунах озало бохург а дацара иза аьттехьа а, хІетте а цуьнца долу хІума ца дезар-кх тхуна цхьанне а, цо хьоькху моххьий, детта цІогІий: «ДІахеца со, аса лаьттах тоьхна, оьккхуьйтур ю и хІума, – иттаммо сеца а веш, шена тІера костом охьа а кхуссий: – ДІахеца со, ца боху аса!» – цо йоккху гІовгІий, гуллуш хилла ишкол, дІасауьду хьехархой: «ХІун хилла хІинца юха а!? Халимов, что ли?» – орца даккха санна, куьйгаш лестош, хьаьдда йогІу директор – и берриг пал кІордийнер-кх, хьех-мерах чекхбаллал… хуьлуш а делара цхьа хІума а, буй-тІара хилла а! МоттаргІа яр-кха, еккъа цІена кеп, кхин хІумма а доцуш.

Дов оцу сохьтта дІа а доьрзура Халимовн, директоро шаьшшиь кабинет чу воккхушехь – кабинет йоккха ма ярий директоран, – цу кІантана ша цхьа къаьхьа де дича санна, воьхна, цІийвелла, толаман бехк лоьцуш: «КъинтІераваьллахь суна, ахьа цхьа дог а датІийна, оьгІазвахханчохь дели соьгара иза, доттагІий хир ду вай», – олуш, цуьнга маслаІатан куьг а кховдадой.

Халимовн го шорлора тIаккха цу тайпанчу доттагIех.

Дерриг а Дарина лелош а дара, тхан классерчу йоIана.

Иза уггар а хаза йоI а яра ишколехь, массарчул дика а доьшуш.

Халимовс и деса девнаш – цхьаьнца а цкъа а летта а воцуш – тоьл-тоьллачаьрца дохура, шеца Дари къовса там бол-болчу бсрашца, мохь хьекхарца, гIара йоккхуш, ерриг ишкол а, эвлаюкъ а гIаттайой.

Дари езаш-м тхо массо а вара, цуьнга кехат яздаза, со воцург, ишколехь цхьа а кIант а воцуш.

Сан цхьа а даха дог дацара: со дегIана лоха вара, Дари сол цхьа корта лекха а йолуш, юха мара а бара, мел генара а, марс санна, хьаьвзина гуш (и беркат тхан дегара дара сан), бухIан санна, тIебаьлла боккха ши бIаьрг ца бийцича а.

Со своевременно, гIазкхашна дайна, сецира, цу рогIе ца хIуттуш, хIоьттинчара а башха кан боккхуш а ца гина: Дарин цхьаьнцца а гергарло дацара, массаьрца а цхьабосса тIекере хилар бен.

Бакъду, Халимовс мотт-эладита даржийна бохуш-м, дуьйцура ишколехь, Дарис шена выпускной буьйсанна хан йиллина бохуш.

Иза юьртахь дIа а даьржинера. Цхьа а теша-м ца тешара я теша йиш яцара: Дарис цхьанна а – оццул шега яздинчу кехаташна – дуьхьал жоп-м муххале ца деллера, я кехат дIа а-м ца эцнера цхьангера а.

Иза суна чIогIа дика а хетара, со велча а сан хир йоцу иза кху юьртахь цхьаннан а йоцуш.

Техничкаша – шайна тхо ца гучуха-а – Iиттарш йолайора тхуна: «Кху ишколехь дур долуьйтуш-м ву Халимов, деллахь ма кIант ву-кх иза, ван-м ткъа!» – олуш, тхо чу-ара масазза довлу, гуттар марса а буьйлуш.

Халимов цаьрца чIогIа – техничкашца – тIекере а вара, ша «турпалхо» хиларе терра, нанна санна, хIора Iуьйранна царна мара а ветталуш.

Ахча а хуьлура цуьнгахь шортта, кисанара цхьа хIума лоьхуш санна, даим тхуна гайта хьаладохуш. Кечвелла а лелара, ша Элвис Пресли санна, кIайн хIуманаш а юхий, кест-кестта ден джипаца юрт а толлуш, оьшучохь, ца оьшучохь ловзош «Айфон Х» йолуш.

Да Соьлжа-ГIалахь хьаькам ву, бохура, цуьнан. Мичахь, хIун болх беш ву-м, ца хаьара цхьанна а.

Оццул ечу гIовгIанехь Халимовс хIума тоьхна, цхьа миска бен, вацара, иза а – уьссалгIачу классера тIехь да воцу «ботаник» вара, куьг-куьггал стоммий куьзганаш а лелош.

БIаьрзе хиларна, хи дика ган а ца гуш ной чу ког тоьхначу «ботанико» шен мачаш йила хIоьттинчу Халимовн кIайчу хечи тIе цинцаш тоьхна хиллера.

– ХIун до ахьа, ва тодакх, хьайн биъ бIаьрг тIебала хьан! – Халимовс аьлча:

– Хьайниш бовлийла уьш, аса хууш хьуна хиш мел ца тоьхнехь! – «ботанико» оллушехь, уллехула тIехдолу зудабераш а гина, ша гайта бахьана даьллачуьра, Халимовс къиза йиттинера «ботаникна», ший а бIаьрг а Iаржбеш.

Цунах йоккха гIовгIа а хилира, кIентан нанас милице заявлени а яздина, Халимов хьенан ву хиъча, вукхара и дIа а ца эцна, тIаккха иза нахала а долуш.

Оццу хенахь валийра-кх тхан класс чу Бакаев. ЦIе Артур хиллера цуьнан.

Цхьа лоха хIума яр-кх, сирла месаш а, бульдоган санна, гома ши ност а йолуш.

Меженаш горга яра, юткъа гIодаюкъ а къаьсташ; коьрттал шуьйра ворта а гора – коьртан бистаца нийсса, – ахбелшаш дIа а лоцуш.

– С Ростова я, – элира цо, мичара аьлла, хьехархочо шега хаьттича, – ден нана цомгуш а хилла, ухаживать вот приехал, – аьлла.

Оцу сохьтта Халимовс: «Ростовский!» – цунна цIе а туьллуш

– Можно и так, да, – Артур велавелира, Халимовга дIа а хьаьжна.

Иза цхьа тамашийна, юьртарчу берийн долу и цхьа хIуманаш а доцуш, массаьрца а схьаийна, дика кIант вара, хьан ваша волуш санна, хеташ.

– Как говорят у нас в Ростове, – забарца тхуна цхьацца хIуманаш а дуьйцура цо ах гIазкхийн, нохчийн маттахь.

Цунна цхьадолу дешнаш ца девзара нохчийн меттан, гIазкхийн маттахь гоч ца дича. Вуьшта, мотт-м хаьара цунна, жимма эбина бийцахь а.

Иза дагавогIуш кхо-виъ кIант гучувелира цхьайтталгIачу «Б» классера, хьалхарчу классехь кху юьртахь цуьнца дешна хилла волу.

– Да… помню что-то… дика дага ца вогІу суна… все десять лет в интернате… Ростоха дІадахчхьана… и цхьа жІаьла… Барс, помню… даже соседнего петуха помню, как я от него драпанул однажды, – велавелира иза.

Тхо а дийладелира.

Халимов, тхуна тІе а ца вогІуш, гонахьахула лелаш хуьлура, цхьа воккхалла гойтуш санна, тхоьца бала боцу кеп а хІиттош.

Физкультурин урокехь, спортзала чохь, тхо волейболах ловзуш – сетки бухахь Артур а волуш, – шена туш тоха буьрка лакха ца айъира ахьа аьлла, яппарш тухуш санна, цхьа гІам-гІим дира Халимовс Артурна.

Артур ца кхийтира Халимовс гІерточух, ша човхо дагахь, я човхийра ала, цо тоьхначу цу яппарех.

Иза иштта дисира, тхуна хІун ду а ца хууш, Артурна – гІенахчул – дагахь а доцуш.

«Цхьаъ-ноль», – жамІ дира аса Халимовн цу хІилланах, хиндолчух чІогІа-чІогІа шек а хуьлуш: Артур, спортзалан тховх кхозучу муьша тІехула, гезг санна, шозза-кхузза – гІелвалар а доцуш – хьалаохьа воьдуш гинера суна, Халимов цкъа а ца вахалучохь.

Халимовн дегІан кеп – юккъера шуьйра а йолуш, – лакхахьарий, лахахьарий ирбина хІокха санна, яра, юла олучу хьовзаргех тера. Цул сов, турник тІехь Артура, тхоьга хьовха, баккхийчаьрга а цинц ца боккхуьйтура. «Солнце» дуьххьара цо еш а гира суна, куьйгех тесна бахтарш а доцуш. Жима вар-кх чІогІа, дегІана лоха, дуьххьара гича, кхо хІун дийр дара аьлла а хоьтуьйтуш, юха цуьнан тІахъаьлла хиларо и шеко эккха а еш.

Дика а доьшура хьуна, массарчул а дика, Дарис а цуьнга хетта а хоьттуш. Тхан массо а урок Артура дІахьош яра-кх, тема йийцина ца Іаш, цу гонаха мел дерг а дуьйцуш. Урок иштта дІайолур-кх, хьехархой, Артуррий къамеле а долий.

– Артур вац, Артур ца веана? – хоттура муьлхачу а хьехархочо, классан неІ йоьллушехь, цхьа а дийца хІума доцу тхо кІорда а дина.

Артурца атта дара-кх царна, дийца шортта юкъара хІума а долуш, шайн нийсархочуьнца санна.

– Нийса дуй, правильно, Артур? – олура Роза Умаровнас, уьн тIе ша математикин пример йина яьлча, юьхьа тIе елар а даладой.

– Кажется, да, – жоп лора Артура, хIора денна, бохург санна, массара а шега хеттарх: «Да, правильно», – ца олуш: «Кажется, да», «По-моему, так», «Думаю, да», – алар бен.

Цхьа гIиллакх долуш вар-кх иза массаьрца а, юккъера цхьаъ къастор а доцуш – кIант а, йоI а, хьехархо а.

Техничкаша: «ХIара хIун пуьштарг ю?» – хазадора цунна букъа тIехьашха. Церан кумир Халимов Эмирхан вара, ша бен, цхьа а вац бохуш, лелаш волу.

Артура ша йинчу уравненин я дробин цхьаъ-шиъ хаттар, яздой, схьалора тхуна, ша а, тхо а гучу ца довлийта, дерриш а ца луш.

– Схьагарехь, Бакаев Артур хIокху классе веачхьана, дешар лакхадаьлла-кх цхьайтталгIачу «А» классан, – шена хIумма а ца хуучуха-а элира цкъа Асет Саидовнас, тхан классан куьйгалхо йолчу химичкас. – Массо а шун кхиамех воккхавеш ву-кх, – аьлла.

Тхо дист а ца хилира, тхаьш ца кхета кеп а хIоттийна.

– Шахматех ловза хаьий шуна? – хьаьттира цо, хIиллане ела а къежна.

Веа-пхеамма, хаьа, элира, Артура: «А вы, случайно, не на корону претендуете?» – забар а еш.

– ХIан-хIа, рокировка ян йоллу-кх, хьуна тIера дIа а долийна: Камчаткера столице охьавоьл цкъа, Бакаев, шолгIачу стоьле хууш. Зубайраев, хьо хьалхарчу могIанан кхозлагIчу стоьле хаа… ткъа хьо, Халимов, тхан хьомсар, Бакаевна тIехьарчу стоьлехь дIанислол, хьалхахь Iерах хьох болуш пайда а бац, новкъарло ца хилахь!

Тхо цо дIасакхийсира, уггар а генахь Iийна Артур Дарина тIехьа а нислуш, Артурна тIехьа – Халимов а.

Со хьалхарчу могIанан – тхан класса чохь ши могIа бен а бацара – кхоалгIачу столе ваьккхира цо, букъа тIехьара Артур а, Дари а гуш. Суна хала а ца хийтира, со дехьара сехьаваьккхина: цхьаннан а тидам боцуш, Дарин месашка хьежа маршо яра суна хIинца. Аса сайна еллера Дарига хьежа и бакъо – хазалла, малх санна, массеран а ма ю, хазалло Iадавора, хазалла ша хаза хиларна…

Дарина а хаьара, со шега иштта хьоьжийла.

Дари елалора тIаккха, шена со гойла хоуьйтуш. Со а велалора, иза елаелча. Иза цхьа, барт бича санна, нисделлера тхойшиннан, ший а вовшах кхеташ а долуш: «Суна хаьа хьуна, хьо соьга хьоьжийла!» – Дарин хьажаро а бохуш: «Суна а хаьа, хьуна хаьийла!» – сан веларо жоп а луш.

Со шена везавала мегар-кх боху сонта ойла сан йоцийла хаьара цунна я цкъа а хир йоций а, иза цунна шера хааро суна цуьнга хьежа бакъо а луш.

Дари хаза а яра, доккха хьаж а, деха лаг а долуш, букъ буьззина букъа тIехула охьататтаелла цIаболгийн басахь шортта еха месаш а, малх кхетча санна, сирла ши бIаьрг а, можа-баьццара чуьра схьакъегаш, генна дIасаделда цкъоцкъамаш а Iаьржа, аьрзунан тIемаш санна; ло санна, кIайн, кIайн чкъор а, балдийн кIеда, горга бустамаш а гуш.

ЦхьайтталгIа кхо классий, уьтталгIа шиъ – тхо пхи класс, хIораннан шен-шен команда а йолуш, буьрканах ловза езаш яра, футболах чемпион къасто.

Стохка шолгIа меттиг яьккхинера оха, уьтталгIа «В» – хIинца йолу цхьайтталгIа – чемпион а хуьлуш.

Асет Саидовна яра тхо йохье дохуш:

– Шу сан уггар а хьоме класс, мел хиллачел а уггар дика, уггар а! – бохуш, ши буй а бина, цергашца къарш-къирш деш.

Зудабераш а дара хьовса даьхкина, хьехархой а, директор а.

Тхоьца цхьайтталгIа «В» класс хIоттийра, стохка чемпион хилларг, тхан шолгIа меттиг хиларе терра хIетахь.

– Так, хьо, Зубайраев, хьо суна буьрка луш хир ву. Саидов, Исаев кевна лакхаххьий, лахаххьий хIотта. Бакаев кевне хIуттур ву, – Халимов (тхоьга хаьттина-аьлла хIума а доцуш) тхо дIасанисдеш вара, ша бомбардир а хуьлуш.

– Не, я… со цкъа а вороташка ца лаьттина… я более сносно играю… шайн хилларг вац… вот его… иза хIоттаве, – элира Артура, меженаш меттахъяха а волалуш.

– Кхузахь суна ца лаьий, лаьий бохург дац… кхетий хьо… хьо ву-вац а хаале хилла команда ю хIара, со ву кхузахь капитан, – Халимовс аз айьира, карахь буьрка а ловзош.

– Ну, это ясно… вратарь, это… ну, не каждый может… цхьа хуушверг… боюсь, вай эшарна… если со вратарь хилахь, – Артур тхо кхето гIертара.

– Со хIутту цига, – элира аса, нах гулбеллачохь бен, Халимовс гIовгIа ца йоккхий, цуьнан дагахь дерг а хууш: Халимовна гIовгIа езара, мохь беттар, шен бедарех ка а етташ, нах гулбар. Юха, катоьхна, куьйге а вахна: «Сан доттагI!» – бохуш, массо а санна, Артур а дIаюьстахтатта, и «доттагI» боху цIе а йина, шен новкъара нацкъарваккха.

– Нет, я… со хир ву вратарь… посмотрю я, – Артур дIахIоьттира, цхьана хIуманах кхиъча санна. – Но, только… массо а дIа ма вадалаш, вороташ оголить а дай, – олуш.

Тхан «ноль-ноль» хилира, Халимов, шен ма-хуьллу, тхан кевна чу буьрка тохийта гIерташ, Артур бехке вина, класс цунна дуьхьалъяккха.

Артур, маймал санна, хьийзара: «Ну, что ты делаешь? Ну, что ты!..» – Халимовга мохь а беттаcovsш.

Халимов ловзуш вацара… Тхуна тIе а уьдуш, тхоьгара буьрка схьа а яьккхина, чутоха воллу ша боху кеп лелорца, буьрка вукхаьрга дIа а лой, мохь хьоькхуш хуьлура, гай яьтIча санна: «Схьадовда кхуза, ма латта, тIегулло», – бохуш, тхо кевнера генадаха гIерташ.

Юха, шолгIачу дийнахь, тхо цхьайтталгIа «Б» классаца ловза дуьйлалуш:

– Селхана шаьш хилла-хиллачохь хир ву шух хIора а… – Халимов аьлла валале:

– Шайна луург вратарь хIотта… я играть буду, – элира Артура. – Шуна буьрка схьаяккха а, отвод еш я прямо в ногу передача яла а ца хаьа... и бегаете вы без толку, – аьлла, оьгIаз а воьдуш.

Цо иза дукха сиха а, цхьа а шеко ца юьтуш а аларна, Халимов, шен тидам ца хилла кеп а йина, букъ а берзош, цхьана бIарлагIе кхайкха хIоьттира, ловзар дIадоладаллалц тхуна юккъе ца ван, ша кхойкхург лаха воьдуш санна, цхьанхьа дIа а хьодуш.

Артур цхьа сеса хиллера, буьрка ловзо кхоьллина сеса – вукхаьрга цинц ца боккхуьйтуш, ши буьрка чутуьйхира цо «Б» классана.

КхоалгIачу дийнахь тхоьца ши де хьалха левзинчу «В» классана изза дира Артура, тIекIел кхо буьрка чу а тоьхна. Тхо чемпионаш хилира, Асет Саидовнас, дукха хазахетта, Артур маравоьллира, елха йолалуш.

Артур массарна вевзира тӀаккха ишколехь, кегийчу бераша а тӀехь: «Хьо иза ву-кх», – бохуш, къажа а къежий, тӀе пӀелгаш хьежош цунна.

Цхьана Ӏуьйранна, урокана тӀаьхьа а вуьсуш, чоьхьавелира Артур. Хьехархочо бехк баьккхира: «Аса селхана цхьа а тӀаьхьа ма виса ма аьллера, керла тема хир юй а хоуьйтуш тахана!»

– Ӏуьйранна хи а ца хилла… я воду таскал в ведрах… генахь… далеко было… – элира Артура.

Бераш дийладелира.

– ХӀун до аша, хӀунда дуьйлу шу? Цуьнан чохь нана, йиша ма яц, шун санна, ден нана цомгуш ю! – кхоьссира Дарис, тхан делар хададеш.

Тхо цул тӀаьхьа, кертара кӀух дӀадоккхуш, гӀо дан а дахара Артурна, Халимов воцург, массо а кӀант вовшахкхетта. Зудабераш а кхечира тӀаьхьо, шайца Дари а ялош, чохь горгам а хьоккхуш, уьйтӀара нех-хӀума яккха.

Халимов лер дайна вара, ша хӀун дан деза ца хууш, воьхна-а лелаш. Цуьнан берриг тидам Артурна тӀехь бара хӀинца, нийсса Дарина тӀехьа Ӏаш волчу.

Халимов ша а вара Артуран букъа тӀехьа.

Артурий, Дарис дешарх цхьацца хоттура вовшашка, шабаршца лохха, хьехархо дӀайирзича.

Халимов, цара дуьйцучух кхета гӀерташ, лерг дуьллий Ӏаш хуьлура, стоьла тӀе охьалахлуш, корта гара а боккхий.

Цкъа Дарига бур-бур деш а хезира суна Халимовс, Артур уллохь воцччура, цуьнан цӀе а йохуш, горгали а бекна, тхо класса чуьра арадовлуш, Дарис юха, чим бан санна, вон бӀаьргаш а къарзош Халимовна.

Литературин урокехь дара, хьехархочо тхоьга, шайна дагахь хууш йолчех цхьацца стих ешийша поэтийн, хӀокху йисначу итт минотехь, аьлча.

Дарис Гацаев СаьӀидан «БӀаьсте хаза, бӀаьсте тийна» йийшира, кхин цхьана йоӀа, Зинас, Сулейманов Ахьмадан «Календаран тӀаьххьара лист» а йоьшуш.

– Бакаев, хьан вац дукхавезаш цхьа а поэт? – хаьттира хьехархочо.

– Ву… то есть, стих на русском, поэт ца вевза… он баскский… неудобно, нохчийн маттахь ца хаьа… выучусь, Дала мукъ лахь.

– ХIумма а дац, ешахь тIаккха, хьайна хуу стих, – дийхира хьехархочо.

Артура, гIантара хьалагIоттуш:

Я защищу дом своего отца,
От волков, от засухи, от ростовщиков,
От правосудия я защищу дом своего отца,
Я потеряю скот, огороды, сосняки,
Я потеряю проценты, ренты, дивиденды,
Но я защищу дом своего отца, –

олуш, цхьанаэшшарехь, актеро санна, йийшира стих, хьехархочо тIараш а тухуш.

– Вахь-хьа-хь! – велар а эккхаш. – Шайн цIа дуй ахьа, лардан деза бохуш, дуьйцург! – Халимов терсира, къежарца дIаса а хьаьжна.

Артур ден ненаца Iаш вара, шайн хиллачу жимчу цIа чохь, йоккхачу стага, поппар хьокхуш, кир бетташ, шен ма-хуьллу цIена латтош долчу.

– Дац, нет… авторо Родина юьйцу, там метафора, – Халимов кхето хIоьттира Артур, шена цо хIун Iуьтту а ца хууш.

Бераш кхийтира, хьехархо а.

– Халимов, оьзда хила, класса чохь терса ма терса, – тIечевхира хьехархо, оьгIазе цуьнга дIа а хьаьжна.

Артура, цкъа ла а доьгIна, юха белшаш саттийра: «Ничего не понял!» – олуш шега.

– Ребята, – элира Артура шолгIачу Iуьйранна, тхо класса чохь хьехархо схьаяре хьоьжуш Iаш, – я вчера всю ночь не спал… давайте, цхьабарт как-то… договоримся, аса, если гIазкхийн маттахь хоть одно слово… вы мне не отвечаете… и постоянно нохчийн маттахь говорите со мной… А то как-то цхьа нехорошо, шен мотт ца хууш… на чужом языке…

Тхо дийладелира, дукха хазахетта, Артур мара а вуьхкуш:

– ХIинца ву-кх хьо хила ма-везза нохчи! – бохуш, юха-юха а дуьйлуш.

Нийсса кхо-биъ бутт балале ша гIазкхийн маттахь ешна стих нохчийн матте а яьккхина, цецдехира цо тхо:

Ас лардийр ду сайн дех дисна цIа,
Берзалойх, йокъанах, каеттачех.

Харцкхелах лардийр ду ас дех дисна цIа,
Даьхни дан там бу сан, сан кхаш а, хьаннаш,
Там бу бан пайда а, хайра а, шайнаш,
Амма ас лардийр ду сайн дех дисна цIа.

– Вот характер! – элира Асет Саидовнас, цецъяьлла, Артуре хьоьжуш, ела а елла.

Артур ша велавелира, цунна тIаьххье тхан ерриг класс а елалуш.

ХIора ши бутт чекх масазза болу контрольни хуьлура тхан, къаьсттана математикний, химиний, физикний. Тхан классехь дика доьшуш Дарий, Артур, Iелий, Русланний, Зиний дара, цара тхуна – двоечникашна – гIо а дора, уггар чIогIа гIо Артура а деш: цо кийча жоьпаш схьалора тхуна, шина-кхаа хаттарна. Тхан декхар – гIалат а доцуш, тIера нийса схьаяздар дара, жоп хаттарца догIур долуш. Дукхахьолахь, цу тIехь гIалаташ а дохий, шианнаш а хIиттадора тхуна.

Дуьххьарлера контрольни математикина хилира. Артур валлалц бохуш, къоламаш хьоькхуш Iаш дара тхо, хьехархочунна тхаьш болх беш ду моттийта гIерташ.

Шпаргалка схьаеара, контрольнина нийсса ах хеттаршна яздина жоьпаш а долуш.

Сайл хьалхарниг тIера схьаязйина валлалц бохуш, со Iаш, Халимовс, тIе а таьIна, Артуре цхьаъ олуш хезира суна, хIун боху схьа а ца къаьсташ. Артура, дацаре деш, корта ластийра, дIа а ца хьожуш.

Халимовс юха а шен бур-бур дира, мелла а аз ойуш. Артура, хьалха санна, корта ластийра юха а.

– Ахьа лур ю-кх иза, ерриг язйина схьа. Ма лол! – олуш, чувоьлла язъеш воллучу Артурна Халимовс тIехьара дIа коьртах тIара туьйхира. – Соьца лелор яц хьуна ахьа и бегаш! – аьлла, хьала а оьккхуш.

Тхо цхьа а меттахвала кхиале: «Къомс-къомс», – тата долуш, Халимовн бетах шозза корта балийтира Артура, юха шина куьйга белшаш тIера а лаьцна, охьа а саттийна, цхьа ког гай тIе хIоттош, хьовзийна ваьхьна букъара пенах дIа а тухуш.

Букъ пенехьа, корта цIенкъахь а болуш, ши ког оллабелла хьалхахула чу а беана, бат цIех а юьзна, велча санна, Iуьллура Халимов.

Ерриг а класс гIаьттина яра.

Хьехархо, бете куьйгаш даьхьна, ши бIаьрг къарзийна, лаьттара.

Халимов бераша – шина-кхааммо айъина – шен гIанта охьахаийра, цу сохьтта юха горгали а бекаш.

Цхьа де делира дIа, Халимов воцуш, юха ши де а.

Тхо массо а хьоьжуш вара, классан неI масазза йоьллу, хIинц-хIинца цхьаъ хуьлу-кх, бохуш.

Тхан класс шолгIачу гIат тIехь яра, ламеш тIехула когийн тата масазза хеза, тхан са дIа а лоцуш.

КхоалгIачу Iуьйранна неI йиллира, – ца йиллира, бухаяккха санна, дIатуьйхира пенах, – гуран серлонехь, ши метр лекха Халимовн да схьа а хIуттуш. Ха а дара тIехьа гуш, Iаьржачу духарница, хаьн тIехь Iаьржа тапчанаш а кхозуш.

– Мила ву кIантана тешнабехк бинарг? – хаьттира цо, ши буй хенийн бистошка а хIоттош.

Хьехархочо, пен санна, кIайелла, аз а хедаш:

– Цушинна селхана дар-дацар… хIун ду а цахуург… Алахь, Артур, цо хьайна динарг, – элира халла, Артурехьа дIа а йоьрзуш.

– ХIара хIумий? ХIокху оьпаной? Сан кIантана кхо тоьхна?! Со ца теша, бакъ дац иза! Схьавоьл, Эмирхан, латал ший а, охьаатал хIара хIума! – белш тIера схьаластийна, шена тIехьа лаьтта Халимов сехьакхоьссира дас. – Гайтал суна айхьа и хIума охьакагъеш! – аьлла.

– Кху чохь муха… меттиг… может, на улицу? – Артур стоьла уллера сехьавелира, шен куртка гIанта а кхуссуш.

Халимов, цIарула цIий а велла, мотт сецча санна, лаьттара, корта хьала а ца ойуш.

– Охьакагъе и хIума, ца боху аса хьоьга! – мохь белира Халимовн дега, церган тIеттIатаIош, ши буй а бина.

Халимов меттах а ца велира.

ТIох-аьлла, тата иккхира, тIара кхетта, Халимовн корта пенах леташ.

– Хьох кхин хIун хир яра, ненан кучах тасаелла лелачу! – куьг кховдийна, вортан тIера схьалоцуш, ша тоьхна вожийна Iуьллу кIант а такхийна, ламеш тIехула охьаволавелира Халимовн да, Артурах лата схьахьаьвддачу хехошка: – Ма-ма… ца… потом, – олуш, шен цIийх буьзна дера ши бIаьрг тхоьгахьа схьа а къарзош.

Дари суна дуьххьара кIантаца гира цу дийнахь – Артур, изий, меллаша, генадаьлла цхьаьна охьадоьдуш.

Дари цунна йоьлуш а яра, Артур цхьаъ дуьйцуш а волуш, шен буйнара Дарин тIоьрмиг коган боларца леста а беш.

Аса беса къурд бира, дог къовзош санна хетта, дагах ю Iоьттича санна – суна езара Дари… хиллера-кх езаш, даре дан а ца хIуттуш…

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун амал йолуш кIант ву Халимов Эмирхан? ХIун бахьана ду цо сих-сиха школехь девнаш дахар? ХIоразза а дIа муха доьрзу и девнаш?

2. Керла веана дешархо тIе муха оьцу классерчу бераша? ХIун амалш йолуш ву Артур? Шен нийсархошца хIун юкъаметтигаш ю Артуран? Хьехархошца муха юкъаметтигаш кхоллало Артуран?

3. Литературин урокехь шен хаарш муха гойту Артура? Церан хIун мах хадабо Халимовс? Шена дика нохчийн мотт Iамо, хIун дехар до Артура шен накъосташка?

5. Стенна долу Артуран, Эмирханан дов? Муха дIадоьрзу иза?

6. Дийцаран турпалхойх шайна хетарг дийца, мах хадабе церан гIиллакхийн, гIуллакхийн.

7. Дийцаран цIе авторо Дари хIунда тиллина?

8. Шуна хетарехь, мила ву дийцаран коьрта турпалхо?

**Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Хьенан цIарх бовзуьйтуш бу дийцаран хиламаш?

2. ХIун исбаьхьаллин маьIна леладо дийцар юкъа далийначу оьрсийн дешнаша? Кегийрхошна юккъехь нохчийн мотт цIена бийцар гIелбелла хилар гойтий цара?

3. Дийцаран турпалхойн амалш церан къамелашца муха гойту яздархочо? Церан сурт-сибаташ муха гойту? Даладе масалш.

5. Билгалбаха дийцарехь авторо пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш (дустарш).

6. Дийцарехь Артура йийцинчу стихотворенехь карае метафора, маьIна де цуьнан.

**Вайн мотт кхиабо**

1. Дешархойн лексикера оьрсийн дешнаш нохчийн матте даха.

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай.**

1. «Стаг цуьнан гIиллакхаша хазво» боху халкъан хьекъало. Иза бакъхилар муха гучудолу дийцарехь?

2. Адамийн амалехь моттаргIанаш, шалхалла хиларо нехан даг тIера вожар муха гойту яздархочо дийцарехь?

3. Дийцарехь гайтина школин дахар мел девзаш ду шуна? Дийца шайна хуург.



## АХМАДОВ
## Мохьмадан Муса

*(1956)*

*ХIордо гIамарх йина гIала санна,*
*ТIамо динарг дохош, баьхна дай...*
*Тоьур ду-кха дахар цхьана ханна,*
*Гуттаренна даха Iама вай.*

*Эзар шарна йотта бIаьвнаш къоман,*
*Дас шен кIанте дIалуш оьзда мохь.*
*Вайга зама ца хьоьжуьйтуш гома,*
*Говза хила даха дуьнен чохь!*

Яздархочун декхарш дуккха а ду, я цхьаъ ду, хIора яздархочун шен-шен а долуш, масала «дика яздар». Ахмадов Мусан дика яздар – иза дешан мах беза хилар хаар ду, шен дош сирланиг, цIенаниг даржорехьа дIакхайкхор. Яздархочун кхоллараллехь коьртаниг адамашлахь адамалла ларъяр ду. Ахмадов Мусас хIора ша язбечу могIанехь, ша дечу гIуллакххехь дIакхайкхошъерг адамалла ю, дахаран къизаллехь, халачу хьолехь адамаллех ца воха гIо деш: «Массара а диццдича иза – шаьш лакхенаш хилар, шаьш лаьмнаш хилар – хIун хир ду дуьненах? Массо а бIаьвнаш херцар ю, массо а лаьмнаш текхар ду. Царна гIорторaш ма оьшу». Адамо ша лакхе хилар диццдича, «цунах зингатий, дIамаш я дехкий хуьлу... синош дукха жимлой, жимлой, зингатийнчул хуьлу. Суна хаьа, адамаш а хилла, муха даха деза. Зуькарш дан деза, зуькарш, Деле кхайкха, Деле орца деха». Ахмадов Мусан ерриг кхоллаpалла лаьтташ ю оцу дешнийн буха тIехь, адамна шен са лардан некъ бу цо шен кхоллараллехула гойтург.

Ахмадов Муса язьян волавелла 1970-чу шерашкахь, советан Iедал, шен хатI эцна, нехан амалех а, синкхетамах а дIадоьллачу заманахь. Цхьа къам а, дин а, мохк ца лоручу цу Iедалан идеологица къийсаме велира яздархо шен кхоллараллица. Амма и къийсам шатайпана бара, оцу Iедалан шалхалла, харцо йийцарал, гайтарал сов, уггар коьрта, оцу Iедалан иде-

ологи тIе ца оьцуш, шен къоман са лардан цунна дуьхьал кхин некъ лоьхуш.

Некъ болуш бара, къомо бIешерашкахь схьабеана некъ, амма и некъ, къоман эс самадаьккхина, карла а боккхуш, дIабахьа безаш бара. Шен кхоллараллехь яздархочо хоуьйтура, «иштта, цу некъах ца туьлуш, дIаваха» йиш юйла.

Ахмадов Муса вина 1956-чу шеран 28 январехь ГIиргIизойн махкахь. 1974-чу шарахь чекхъяьккхина Шуьйтара юккъера школа. 1974–1979-чуй шерашкахь дешна Нохчийн пачхьалкхан университетан къоман отделенехь. Къинхьегаман некъ дIаболийра Лаха-Варандарчу юккъерчу школехь оьрсийн моттий, литературий хьоьхуш (1979–1983). Цул тIаьхьа тайп-тайпана белхаш бина: книгийн издательствон редактор (1983–1988), «СтелаIад» журналан редактор (1988–1990), Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан театран литературин декъан заведующи (1990–1991), «Орга» журналан коьрта редактор (1991–1993), Нохчийн Республикин культурин министерствон дешаран-методически центран заведующи (1993–1996), Нохчийн пачхьалкхан университетан хьехархо (1997–1999), «Врачи мира» гуманитарни организацин этнопсихолог (2000–2002), Нохчийн культурин, дешаран центран директор (2002–2004).

2004-чу шеран январехь дуьйна «Вайнах» журналан коьрта редактор ву Ахмадов Муса.

Муса дуьххьара зорбане ваьлла 1970-чу шарахь Шуьйтан кIоштан газетан агIонашкахь. ХIетахь дуьйна цуьнан произведенеш зорбане юьйлу муьран зорбанехь, юкъарчу гуларшкахь. Цо цхьатерра кхиамца къахьоьгу прозехь, драматургехь, поэзехь. Исбаьхьаллин произведенийн дуккхачу книгийн автор ву яздархо: «Десачу цIа чохь буьйса» (1983, дийцарш, повесть), «Сатоссуш, седарчий довш» (1986, роман, дийцарш), «МаьркIажехь дитташ» (1989, роман, повесташ, дийцарш), «БIе эзар дика гIуллакх» (2002, берашна лерина дийцарш, стихаш). ТIаьххьара цо язйина йоккха произведени – «Буьйсане доьдура де» роман. Кхечу къаьмнийн меттанашкахь а арайийлина Мусан книгаш: «И муравейник не разрушай» (1990), «Ночь в пустом доме» (1991), «На заре, когда гаснут звезды» (1993) – оьрсийн маттахь; «Берзалой» (Париж. 2002, пьеса) – французийн маттахь. Пхийтта сов пьесин автор ву Муса. Царах дукхахъерш Нохчийн пачхьалкхан театро хIиттийна. Тайнигийн театро хIоттийра «Сегалан леламаш» туьйра.

Ахмадов Мусан кхоллараллин боцца мах хадош, ала догIу, цуьнан ерриг кхоллараллин шовкъ цхьана Iалашонна – къоман синоьздангал-

лин бӀаьвнаш (нохчийн мотт, бусалба дин, дайн гӀиллакх) ларъярна – тӀехьажийна ю. Оццу Ӏалашонца ду цо Нохчийн Республикин юккъерчу дешаран школашкахь «Нохчийн ламасталлин культура, этика» хьехаран программаш хӀиттор а, «Нохчийн гӀиллакх-оьздангалла» Ӏаматаш язъяр а.

Кхоллараллин белхан лаккхара мах хадош, 2005-чу шарахь – «Нохчийн Республикин культурин хьакъволу белхахо», ткъа 2006-чу шарахь – «Нохчийн Республикин халкъан яздархо» – сийлаллин цӀерш елла Ахмадов Мусана.

## ЛАЬТТА ТӀЕХЬ ЛАЬМНАШ А ХӀИТТОШ

1

Буьйса чекхъяла гергаяхнера, кхе тиллина гуьйриг тоххарехь яьгна, пеш а, цуьнца цхьаьна чоь а шелъяла йолаеллера, паднар а цӀовзош, метта хьалахиъна воккха стаг, гӀеххьа бӀаьргаш деттаж а Ӏийна, тӀаккха лаьтта а воьссина, пенах тоьхначу дечкан хьостамах кхозучу гӀовталан хьалхарчу кисанара дато сахьт схьа а эцна, цунна тӀехьежа хӀоьттинчу хенахь. Сатаса хӀинца а ши сахьт сов хан яра. Иштта хир дуйла-м кхунна шена а хаьара. ХӀара шовзткъа шо дара иза буьйсанна хӀоккху хенахь гӀуьтту, хӀетте а, хӀоразза а, ша Ӏамарна, хӀинца санна, сахьта тӀе а хьожура иза.

Даго кхунна боккха сингаттам хьоьхура.

НеӀармачаш а туьйдина араваьлла воккха стаг махо юьхьа тӀе деттачу тӀедачу лайно сацавалийтира. Ӏай, бӀаьстей къаста кхо кӀира сов хан бен яцахь а, шело хӀинца а гӀелъяла ца туьгура. Гобаьккхина тӀетаьӀначу боданехь юкъ-юккъехь хеза жӀаьлийн летар, хӀокху буькъачу бодано лаг Ӏовдий, тӀепаза дойура.

Дуккха Ӏеламнах болчу йоккхачу Шелахь а цӀеяхна ша хиллехь а, кху гӀойтӀархоша шайна къеда хила аьлла дӀакхайкхича, мелла а воьхна хилира иза: гӀойтӀархой цхьа шайн амал йолуш нах бара, цара кхаа шарачохь кхо молла эккхийнера, шайна ца оьшу хьо тайпа Ӏеламстаг, хьайн цӀа гӀо а олуш.

Бакъду, цара дийлийтина гӀалаташ шех дийларна-м ца кхоьрура иза. ХӀетте а, хьанна хаьа?..

ХӀара ГӀойтӀа кхоллаялале хьалха гонахара хьаннаш хедош даьхначу ирзошкахь бехара нах, шайн-шайна кӀотарш а схкина.

ТIаккха юрт йилла дагадеача, хIокху жимчу (хьалха-м мелла а доккха хиллачух тера ду хIара) ГIой-хин йистехь гулбелла маьI-маьIIера лаьмнашкара охьаихначу тайпанийн – цIоьнтаройн, бенойн, варандойн, гендарганойн, дишнийн, чунгаройн, эгIаш-батойн, лаьшкаройн, саьрбалойн, чIинхойн, чермойн, вашандаройн, пхьамтойн, туркойн, цIесийн, маьршалойн, кхечийн векалш.

– ХIан-хIа, нах, – аьлла царах цхьаммо, дишнийн Гелас. – Вай кхузахь дуккха а IаIа а IаьIна, хIинца вай кху ГIой йистехь ГIойтIа цIе йолуш юрт юьллур ю. Шуна ма-хаара, бухе хьаьжжина чIогIа хуьлу бIов а, цIа а, иштта юрт ю. Кхунна бухе вай оьздангалла, яхь, сий диллахь, кхунах юрт хир ю. Нагахь бухахь тешнабехк, къизалла, осалалла йиллахь а, хир ю хIара-м юрт. Делахь а и шатайпана юрт хир ю. ХIун до вай?

Наха хьалхара некъ хаьржинера. ХIетахь дуьйна хIокху юьртахь – шайтIанан лерг къора хуьлда – вер-ваккхар а, зен-зулам а, осала дерг а ца даьллера. Маситта тайпанах лаьтташ йолчу оцу юьрто кхечу ярташкахьчул а чIогIа лелавора хьаша, амма гуттаренна а Iен стаг тIе ца оьцура.

Иза денна а дебачу юьртахойн лаьттан къоьлла хилла а ца Iара. «Кхечу орамах волчу стага вай кху юьртана сел хала боьттина бух атта бохорна кхерам бу, – олура къаноша. – Цундела беже хIотта веанарг а, чу ца воуьйтуш, эвлайистехь мах дIа а лой, дIавахийта...»

ГIойтIа схьавеача хIара, ИбрахIим, ша волчул сов нисвала а ца гIерташ, я юьхьарлаьцначу син цIеналле боьдучу некъах дIаса а ца таьIаш, дIаэха вуьйлира. Кхин хIума гIойтIархошна оьшуш а ца хил-лера, уьш массо а, доьIу са а сацийна, баккхийбеш хьуьйсура и сел хала некъ а эцна воьдучу кхуьнга. ТIаккха цара, ахча вовшах а тоьх-на, генарчу Макка кхаччалц дIабахбира цуьнан и некъ, ткъа хIокхо, цигахь хьаьжа хилла цIа веача, кхин а холчубаьккхира иза, хIора дийнахь марха кхабарца шен иштта а беза мохь кхин тIе а базбеш.

Иштта марха кхобуш ворхI шо даьлча, цуьнан чо тIе жима гIайба билла дийзира, хеча чIагIъярхьама. ХIинца кхунна кхачанан мар-зонаш йицъелла дуккха а хан яра, амма церан метта кхечу – син – марзонаша воккхавевора иза.

– Къу-берзан буьйса ю-кх, къу-берзан. ХIокху тайпанчу буьйсано Iехабо-кх хехой. Кхара хIун дина-теша?.. – ша-шега шабарш деш

лаьтта ИбрахIим-хьаьжа цIаьххьана хIинццалц хилла боцчу керлачу сингаттамо хорам вира.

Иза, юха а, неI а цIовзош, чувеана, ламаз карла а даьккхина, Далла гIуллакх дан хIоьттира. Шина чоьнан юккъехь даьккхинчу жимчу корехь лаьттачу стогаран гIийлачу серлоно къагийнчу пена тIехь детталора суждане оьху цуьнан деха Iиндаглa.

Ламазаш дина ваьлча, ши куьг хьала а лаьцна, доIа дан волаве-лира:

– Веза хилла волу Дела, ворхIе латта а, ворхIе стигал а кхоьл-линарг, массо хIума ган а, тидам бан а ницкъкхочург, адамашна рицкъ даккха аренаш, локхалла гайта лаьмнаш кхоьллинарг, экханна хьаннаш, чIерана хIордаш леринарг, Хьуна бу-кха хастам а, шукру а.

ДоIа цо гIийлачу шабарш дора, бIаьргаш дIа а хьаббина, къила вахна. Наггахь цо аз ойура, бодане тийналла а йохош.

– Хьуна дукхадезна гIиллакхаш – оьздангалла, яхь, цIеналла, нийсо – тхайлахь Iалашдан а гIерташ, цхьанна а леш ца хуьлуш, кор-та маьрша хила а лууш, мацах-мацах дуьйна шайл тIаьхьа дагийна латтий, дахкалучу декъийн хьожий бен хIума ца дуьтуш баьхкинчу уьнхойх[1], тIаьхьа ах сов хIаллак а хуьлуш, эххар а ша къар а велла, зумсочунна машарна цо тур даллалц дуьненна а кур бетташ веан-чу АстагIчу Тимарх а, гIирмахойн, ногIийн, гIумкийн, таркхойн элех а леташ, тIаьхьа Шемална тIаьхьа а хIиттина, тхайл бIозза сов мостагIна хьалха гора ца оьгуш, маситта шарахь тIемаш беш, яккхийчу тоьпашна дуьхьал шаьлтанашца гIуьттуш, бер когашка даха а кхиале герз кхосса а Iамош, доккхачу дуьненахь, хьо воцург, кхин накъост воцуш, цхьа лаьмнаш доцурш, букъ тоха гIортор а, тIехьа лачкъа дуьхьало йоцуш (хастам бу-кх хьуна, Веза-Сийлахь верг, тхо лаьмнаш юххехь кхолларна, есачу арахь тхо хиллехь, мел хала хир дара тхуна дуьнен чохь, нах а хилла, даха), тхо теттина-теттина дуьненан маьIIе а даьхна, чуэхарх, цкъа а кхача ца лучу Iин чу кхийса гIертачарна дуьхьал а лаьтташ, тхайн иштта а кIезиг долу цIий Iенош, хIара латта а хьандеш, схьадаьхкина тхо Iалашделахь, Веза Хилла Верг. Хьо тхуна орцахвалалахь, тхуна тIехIоьттинчу хIокху кхерамечу киртигех, зуламечу оьрнех тхо кIелхьара а дохуш, хьайн комаьршачу къинхетамех тхо ма дахалахь…

[1] Уьнхой – гуннаш.

ДоIа дина а ваьлла, ша хиъна Iаччохь ойланаш ян велира иза.

Нохчийчоьнан дукхахболчу молланаша а, Iеламнаха а, БухIан-Юьртахь шайн межлисе[1] гул а белла, шен эскаршца дуьхьало йоцуш чекхвалийта Деникин, цо бохург а деш, Делан мостагIий балшекаш дIа а луш аьлла, сацам бинера. ХIара, ИбрахIим-хьаьжа, ца вахара цу гуламе. Цара кхунна тIе нах бахкийтира: халкъ хIаллакдан а ца гIерташ, IадIе, хьайга бохург а деш.

«Сан бакъо яц и дан, аша дешна Iилма дешна аса а, шуна хуург ца хууш а вац», – элира кхо.

«Ахьа кериста жайнаш дукхах дешна, цунна ду хьан дуьхьалва-лар», – дог датIо гIоьртира цхьаъ.

Амма хIара, дуьхьал вист а ца хуьлуш, суьлхьанаш хьийзо хIоьт-тира, къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш.

Оьрсийн маттахь газеташ, книгаш йоьшура ИбрахIим-хьаьжас, Соьлжа-ГIалара кхехьа а кхоьхьуьйтуш, царна тIехь шена ца хуу дуккха хIуманаш хаалуш. И бахьанехь маситтазза эладита долийнера хIара цавезачара, кериста дине верза гIерташ ву хьенех бохуш…

Иза дара межлисан векало кхуьнга аьлларг а.

ИбрахIим-хьаьжина хаьара, царна халкъан бала кIезиг буйла, церан садуург шайн даьхни а, шайн латтанаш а, шайн бахамаш а буй. Изза ду Хьалха-МартантIехь гулделлачу доккхачу халкъана хьалха дIа а хIоьттина: «ХIей, нах, хIей! Вайна, паччахь а хилла, тIеван гIерташ верг, цхьа а махьар-шахьар а доцуш, чалахь вина муьжги ву. Латта дерг лаьттан да хир вац шух, даьхни дерг даьхнин да а хир вац шух, я шайн доьзалан, я шайн коьртан да а хир вац. Цундела шайга бохург де, вайн мехкан, лаьттан дола вайга ваьшка дайта…» – боху къамел динчу Чермойн Тапин садуург а.

ХIетахь наха цуьнга: «ХIинццалц ахьа бина дика болх а гина тхуна, хIинца тхо тхайн лаамехь дита ахьа…» – аьллера.

Кхуьнан, ИбрахIим-хьаьжин, бахам а бацара хIара вага, я хилча а, цунах озавелла даго хьоьхург ца деш а Iийр вацара, дуьненан белхаша, галваькххина, харцахьахула чухьовзавал гIийла некъахо а вацара иза.

Кхин цхьаъ а хаьара ИбрахIим-хьаьжина: нагахь, ша царна тIетайча, наха шега ладугIур доцийла. Нахана маситта шерашкахь шаьш сатийсинарг – маршо, латта, адамаш санна даха таро – лур

[1] Межлис – кхеташо.

ю аьлла дІакхайкхийнера керлачу Іедалан векалша. Цундела уьш ларбеш, церан мостагІех леташ гІойтІархой юхабевр бацара.

БІаьрг-негІарш тІе а дехкина Іачу ИбрахІим-хьаьжина дуьхьалхІоьттира кхузахь, ГІойтІахь, шо хьалха хиллачу гуламехь къамел дина Шуьйтарчу Джамалдин кІант Асланбек.

«Тхан, ламаройн, я пабрикаш, я заводаш яц, тхан дерриг хьал дозуш ду лаьттаца... – дагатесира цунна цхьана газет тІера ша дешна Асланбекан къамела юкъара могІанаш. – ... ХІинца тхоьга кхаьчна, шегахьа къуьйсуш, цхьамзанех накхош а детташ, тхан дай летта йолу маршо оха цхьанна а дІалур яц...» – цуьнан кхин могІанаш а дуьхьалтесира.

«ХІаъ, нийса кхетта и кІант: маршой, латтий ду нахана оьшург, – ойла йора цо. – Доккха хІума ду-кх, сел жима воллушехь иза оццул хьекъал долуш хилар. Цхьа суй бу-кх, дерриг халкъ шена тІаьхьахІотталур долуш, цунах баккъал дог а лозуш. Амма и тайпа нах дукха ца беха. Дала вахавойла хьо кху декъазчу халкъана... Цуьнга а, Дикалуга а кхойкхуш стаг вахийта веза Шуьйта...»

– ХІума охьайиллина хьуна, – йистхилира стогаран серло къайлаяьккхина лаьтта зуда.

ИбрахІим-хьаьжа вист а ца хилира дуьхьал.

Зуда меллаша дехьа чу елира.

ХІума ца яалора.

«ГІиллакхаш, шайна цхьа хало тІе ма-хІоьттина дохош хиллехь, хир а дацара. ГІиллакхаш, оьшучохь цІий а Іенош, лардан деза», – ойла йора цо кора тІе деттачу ткъарше ла а доьгІуш.

Эццахь:

– ХІе-хІей, орца дала! Орца дала! Вай яьхна саьнгарш мостагІаша дІалаьцна! Орца дала!

«Цанин Шида... – девзира ИбрахІим-хьаьжина кхойкхучун аз. – Со кхийринарг хили-кх. Буьйса шийла ю аьлла, дІасабевлла. Ткъа вуьш, схьабаьхкина, хьан чохь охьахевшина, хьо вижна Іуьллушехь».

– ХІе-хІей, орца дала! – мел чІогІа наб кхеттарш а самабохуш, нехан неІарех детталора аз.

Стогаран милт хьала а оьзна, тІе хІума юха хІоьттира ИбрахІим-хьаьжа. Цунна гІо деш, гІовтал тІера тилор-тай дІадоккхуш, маьхьсеш дІалуш, куй бегош, гонаха хьийзара хІусамнана.

Дукха хан ялале маьждиган лекхачу момсар тIера дIасадаьржира ИбрахIим-хьаьжин дуткъа-зевне аз. Нах, чIоггIа неIарш, йовхарш етташ, кетар, верта богIуш лаьтташехь тIе а ийзош, маьждиге хьаьлхира.

2

КIудал хьала а юьзна, тIехъоьхучу шовдан чу хуьйшу лайн чимаш, дешаш, хи чохь къайладуьйлура.

КIудал йисттехь, лаьтта бIаьра а йогIаелла лаьттара кху ГIойтIахь, цунна гонахарчу ярташкахь ГIайтакъин Себила аьлла йоккхуш йоккха цIе йолу йоI.

Цуьнга а хьоьжуш, шен говран кхесах куьг хьоькхура вуткъа-лекхачу жимчу стага – Довтин Айдас.

И шиъ иштта лаьтта ахсахьт дара.

Шовдан йистехь кхин стагга а вацара, массо шайн-шайн гIуллакхе дIасаваьллера: къонахий маьждиге бахнера тIамна кечбала, баккхий нах, бераш, зударий, катоьхна, ворданашца, юьртара арабевлла, лам чу доьлхучу некъашкахула ирхъоьхура.

Ткъа цушиммо хIара доьхна де, гуттар а санна, сатасарций хIокху шовдан йисте а деана дIадолийнера. Иллешца, эшаршца, халхаршца муьлхха а синкъерам я ловзар хаздечу шайн оьздачу юкъаметтигех хийла да а хьоьгуш, дийнахь шозза – сарахь, Iуьйранний – кху шовдан йистехь вовшахкхетта къамелаш ца дича ца Iелуш хилла и шиъ – жима стаг, йоIIий – тахана кхоьлина лаьттара, хIинццалц къоначу ницкъах кхиххина, доккхучу сица а, цIийца а дехачу, керла кхерч кхолла хан гергакхачаран хазахетаро дерриг а хIума товш дина лелла шиъ таханлерачу дийно, шайн и хазахетар хьовха, шаьшшиъ а кху сел мерзачу дуьненара гуттаренна а дIадаккхаран кхерамо лаьцна.

ХIетте и шиъ кIел ца соцура цу кхерамна, кху кхоьлинчу, шийлачу дийнахь делакъежара вовшашна. Шаьшшинна оццул а вовшашца латта, къамелаш дан хан хиларх доккхадеш. ХIора а ша-шена реза а дацара, хIинццалц иштта доладелла лелла, шаьшшинна кхерч латийна, охьа а хиъна, цхьа буьйса мукъана ца яьккхина.

И шиъ сакъоьруш лийлира синкъерамашкахь, шовдан йистехь, ловзаршкахь, белхешкахь, даха а кхуьур ду-кх бохуш.

Маьждигера схьахеза аьзнаш цкъа чIагIлора, тIаккха гIеллора, Айдин кхин хьем бан йиш яцара.

– Себила, хьо гӀо ткъа. Катоххий тӀаьхьакхиа юьртахошна.

– Со юьртах ер яц.

– ХӀунда?

– Со кхузахь а оьшу.

И шиъ юха а дист ца хуьлуш лаьттира. Иштта лаьтташ иза цӀаьххьана кхийтира: кхин цкъа а гур яц Себилин бӀаьргийн массо а хӀума дицден серло. Иза кхера ца велира шена хӀинцца гучуяьллачу къайленах, иза кхийтира тӀаьххьарчу масех баттахь шен хьалхалера дуьненан самукъадалар дӀа стенна даьлла: хӀара кху дуьнен чохь вехаш а ца хилла, дегӀ хиллехь а, са ца хилла... И иштта доллушехь, Себилин ницкъкхочуш хилла-кх кхуьнан кхетаман кӀоргенехь болу сингаттам бицбан. Оцу ойлано цунна мелла а хьаам бира.

ТӀаккха иза стигала хьежа хӀоьттира: можачу дахкарлара, дуьйсинчу кит чуьра санна чукхийсало лайн чимаш бен, хӀумма а ца гора. ХӀара тешна вара, оцу мархел а, дахкарал а лакхахь, сирла-сийначу стигалахь шен син хинйолу меттиг хиларх.

Айда, корта а ластийна, оцу ойланех цӀан а велла, маьждигехьа волавелира. «Къонахчо тӀаме хӀуттуш ен ойланаш яц хӀорш», – оьгӀазвахара иза ша-шена.

ДӀа а кхачале девзира Айдина къамел дечу къеначу Данин аз:

– ...Ца оьшу хабарш ду ахьа дуьйцурш, Доша, хьаштдоцурш. Тахана тӀаме хӀотта цалуург юьртах вала маьрша ву-кх.

– Дана, со, тахана юьртах а ваьлла, сайн са а лардина, вехар воцийла, ца хууш вац хьо. Аса-м, вай ца тулу тӀом а ца беш, лам чу юхадевлча хӀун дара-техьа, бохура. И де бохуш вайга мартанхой а, атагӀой а, ву мел боху стаг а хилча. Адам жим ма делла вайн. ХӀу хадарна кхоьру-кх со вайн а, берриг нохчийн а.

– ...Доша, вай хазахета ма ца Іенийна и цӀий. И-х вай хиллачу маьршачу дахарна тӀера даьккхина сагӀа ма дара. СагӀано бен, юха ма ца туху бала. И ца динехь, цхьаьнга маре а дахна, нускалан кеп лело дезар-кх вайн гуттар а. Ткъа цул эхье хӀун хир ду къонахашна?

«Маржа, Дана, яӀ! Заманна кӀел ца виса гӀерташ схьавогӀу хьо. Хьан аьтту куьйган шиъ – цӀазаниг, цунна юххерниг – пӀелг а бац, и лар ю хьан дегӀа тӀехь Шемалан тӀамо йитина. Шалха гӀагӀ а дуьйхина ваьлла хьо тахана а ара. ХӀинцалерачу тоьпашна дуьхьало хир юй-те иза?..»

Данех йолу шен ойланаш кхидIа ян ца кхиира Айда, малхбузерчу эвлайистехьара схьа сих-сиха дуьйлу татанаш а хезна.

– Мичахь беш бу и тIом? – хьаьттира Данас шена уллорчу нахе.

– Хьаччакъин кIотарара схьахезаш ду герзаш дийлар-м.

– Iийт, маржа, Новраб-хьажа, яI! Къена борз ю иза шен кIезашца тасалуш, – вела а къежна, шен мекхех хьакха куьг хьалаайа бен ца кхиира Дана.

Юткъа шок а тухуш, беана маьждиган тIулгийн пенах кхийтира йоккхачу тоьпан хIоъ.

ТIаккха тийналла хIоьттира. Жимма хан яьлча, тоьпан хIоьах къаьхкина дIасакхийсабеллачуьра меттабаьхкинчу нахана гира, ши куьг дIаса а тесна, бета юххехула цIийн тача а долуш, воьжна Iуьллу Доша.

Цуьнан даг тIе лерг а диллина хьалаайавеллачу Айдин бIаьрг кхийтира Дошин аьтту когахь йоллучу неIармачин боьхначу буьххьехула арааьллачу хьаьжкIийн лоьдгах а, нана-пIелган Iаржъеллачу мIарех а.

– СадоьIуш вац, – хазийра цо.

Цхьа а вист а ца хуьлуш, тийналла хIоьттира цхьана юкъана.

– ДIадоладели хьуна, – цхьаммо ден шабарш чIоггIа дийкира майданахь.

ТIаккха ИбрахIим-хьажас, ши куьг хьала а лаьцна, мохь тухуш доIа дира кегийрхошна буха верта а тесна къилбехьа верзийна Iуьллучу Дошин коьрте а хIоьттина.

– ХIинца дIасадовла, нах! Дала гIо дойла-кх вайна, – элира цо тIаккха.

– ХIан-хIа, кIентий, схьадовла сан тобанера дерш, тIаьхьахIитта. Юьртан малхбалехьа хIуьттур ду вай йовсаршна дуьхьал, – вистхилира Йошуркъин Чода.

– Шу суна тIаьхьахIитта, юьртан важа агIо вайн ю, – шен бIона хьалхавелира Девлин Хьату.

– Собар дел, нах, – вистхилира Дана. – Вайна хан еза. Юьртах волург юьртах валийта а, тIамна кечдала а. Дукха мел хили а, дика ду.

– Бакъду и, Дана. Ткъа вайна хан яла кечвелла стагга а ма вац… – Чодин дин, цхьана меттехь ца сецалуш, дIасакхийсалора.

– Хаьа суна. Вай жимма хIилла дан деза. Машар бийца стаг вахийта веза вай. Цара бохучун ойла ян ши сахьт хан а йоьхуш.

– Лур яц. Вай царна жоп делла ши де а даьлла.

– ХӀетте а, вайна мелла а хан хир яра…

– Дана бакълоь… Бакълоь Дана… – маьхьарий хезира маьӀ-маьӀера схьа.

– Дана бакъ а лоь, цаьрца къамел дан со вахча бакъахьа а хетара суна, – майдана юккъе велира Цанин Шида.

– Хьо ца вахча ца мега цига? – вистхилира Чода.

– Суна мотт а хаьа. Цу тӀе, сан делха а дац, я дека а…

– Хьо ваха а мегар ду цига-м, хабар дахдан хьажа веза, – резахилла велакъежира Дана.

Оцу минотехь, буьххьехь кӀайн кӀадин кийсак а йихкина, еха гӀаж еара. Иза кара а лаьцна, дӀаволавалале нахе бӀаьрг а тухуш Шида сецча, Айдина цхьа хӀинццалц шена гина йоцчу серлонца лепаш хийтира цуьнан юьхь. Хадда йоллуш гӀодаюкъ а, кӀайн юьхь-сибат, жимдеш дӀалергина маж-мекх а долу Шида цунна шена мел гиначу нахал оьзда а, куц долуш а хийтира. Вахна, цунна улло дӀахӀоьттира Айда.

– Со юха ца верзахь, оцу сан хӀусамнанна шеран коьртехь цхьа боьзан коч а, закатна ялта а лолаш, – элира цо шена уллохь лаьттачу кегийчу нахе.

ТӀаккха, голаш таӀийна, дин дӀаэккхийтира. Айда а, кхин цхьа тӀемало а хӀоьттира цунна улло.

Говра тӀехь, дечках вича санна, вогӀа а велла Ӏара Цанин Шида. Иза генаваллалц лаьттира юьртахой, цунна тӀаьхьахьуьйсуш.

– ИбрахӀим-хьажа, вайн хьешаша шайна герз доьху, шаьш тӀаме ца хӀуьттуш Ӏийр бац, боху.

– Хьеший ларбийр бу вай, тӀаме а ца хӀуьттуьйтуш. Уьш ларбеш ца хилча, хӀара дола а стенна дора?..

– Нийса ду… Нийса ду… – массо а резахиларца кортош теӀо велира.

ТӀаккха бӀаьрзе Элада велира нахана юккъера майдана схьа.

Лерга улло куьг а диллина, илли долийра цо:

> Вай, делча, денлур дац,
> Къанделча, къонлур дац,
> Вайн динчу наноша
> Вай юха дийра дац.

Иллино дӀалаьцначу Эладина шен къоначу шерашкахьлера суьрташ хӀуьттура, цо леккха айъинера корта, дӀасаяржийнера бел-

шаш, цунна хетара ша шерачу арахула дин хаьхкина воьдуш санна, бIаьрг-негIар тухучу юкъана, хехой дIаса а човхийна, барзо санна, ремина го тесна, иза хьалха а лаьллина вогIуш; тIаккха юьрта йисте а хIоьттина: «ХIей-хIей, юьртахой, хIара ду шуна оха ялийнчу реманах суна кхаьчна дакъа, хIорш дIаекъа байшна, жоьра бисначу зударшна, мискачу нахана», – бохуш, мохь бетташ лаьтташ, тIаккха екхначу буьйсанна юьрта тIехула екаш, хьаьжкIийн белхехь цIарна цIе яхначу мехкарша лоькху «Схьакхета малх гирий шуна, чубузу малх гирий шуна, рема лоьллуш, сирчу динахь Довкин Элада гирий шуна…» боху йиш а хезаш, волавелла лелаш…

Илли, ерриг майдано айъина, хIора минотехь чIагIлуш, лакхадолуш, дIасадаьржара, цо дог иракарахIиттийна нах юьрта йисте боьлхура.

3

Цанин Шидий, цуьнан ши накъосттий ахнекъ бина ваьллера, хьоькхучу махо иллин аьзнаш тIаьхьакхиочу хенахь. Хазахийтира царна, хIоран а дог иракара а хIоьттина, бIаьрг серлабаьлла, самалхаделира.

– Эйт, горалера, илли, яI! – шед туьйхира Цанин Шидас.

Вукхушиммо а тIаьхьахьайира говраш.

ДIакхаьчча, къамел дан дуьхьалваьлла эпсар куралла кхаьрга схьахьажа вешаш а вацара.

– ХIун боху аша?

– Тхан юрт Iадйитахьара аша, оха шуна дина хIумма а дацара.

– Iадъюьтур ю, аша большевикаш а, ИбрахIим-хьажа а, Йошуркъин Чода а, Девлин Хьату а схьалахь. Пхийтта минот ю шуна.

– Пхийтта минот кIезиг ю, полколаг, ши сахьт мукъана а лохьа.

– И хIун ю цо юьйцург?! Ши сахьт! Аккхарой! Пхийтта минот ю шуна…

Эццахь шен пхьалгIа дагаеара Шидина, цу чохь маьрсаш, дагарш, гаьмнаш, ворданан меженаш йора цо, хIан-хIа, шаьлтанаш-м ца йора, уьш ян дуккха а хан езара, и хан кхуьнан яцара, уьш ДаьргIарий, ЖугIуртарий кхоьхьура, кхо юьртахь нахана балха тIехь оьшу гIирсаш бора, уьш кхо дечунна чIогIа реза а хуьлура, хIара волчохь гул а лора, хабарш дийца а, забарш ян а, кхо царах хIораннах а, шен балха тIехь цхьацца хIума дойтуш, пайда а оьцу-

ра, къаьсттана уьш оьшуш хуьлура эчиг хадочу хенахь тукаран га охьаозо, ялх стаг таса а велла, кхузза тохавелча, хададора цо эчиг. Бегашна тIера хIара ша а вара..

... – Къежаш дац и экха! Яхийта кхузара. Шайн нанна... Пхийтта минот хан ю шуна!

– Стенна, оццул дукха? Аса хьуна цхьа а минот а ца ло, – аларций, чои кIелхьара хьалалаьцна топ полколаган некхан уьн тIе а лаьцна ялийтича, цхьабосса девллачу герзаша цестина, лаьтта вожале, шена уллора Айдас говр дIаоьккхуьйтуш а хааелла, цунна тIаьхьа: «ПхьалгIе хьажалахь!» – аьлла, мохь тоха кхиавелира Шида.

Важа накъост, тарраша цестина, кхунна улло охьавахара. Кхетам дIабале, Шидин дагахьбалламе ойла хилира: «Цхьаъ вожо бен ца кхии-кх со. ДIо, дадас вуьйцуш хиллачу Оччархьажас Гезлой-Эвлахь, иштта шен сий дайъича, шаьлтанца шиъ цестинера... хIара тайпа ши жIаьла...»

Кхетамчуьра волуш шена тIекхаьчнарг чаккхе ю моьттинехь а, дукха хан ялале Шидина юха а хаза юьйлаелира гIовгIанаш. Говрийн бергийн татанаш доьлхучу агIор дIатекххира иза – цу агIор хила езара ГIойтIа. Кест-кеста юьхьа тIе гIорийначу лаьттан цинц тухура бергаша, амма цхьа а цунна тIе ца кхетара. И халла меттаххье цIийх юьзна адаман чарх гуттаренна а дIатейта тоьур яра цхьа берг, амма иза, цунах ларвеш, юрт йолчу агIор меллаша дIавуьгура цхьана боккхачу ницкъо. Стенна? Хьанна оьшура ца верза чевнаш хиллачу цуьнан оьмар яхьяр?

Иза вехха ихира. КIадвелла, хIотта а хIоьттина, сецча, цунна хезира Эладин аз:

> – И муьжгий, балшекаш тхан хьеший бу хьуна,
> Ткъа хьеший дIалуш тхан гIиллакх дац хьуна,
> ДIавелча, виса ИбрахIим-хьажа вац хьуна, –
> Олуш, шен мажар-топ инарлин некха тIе хIоттийна
> Йолуьйтуш ма хилира и Цанин ва Шида…

Айда дIакхаьчна хилла-кх юьрта. Цо дийцина хир. ХIинца вала а мегар ду. Зайтан Шихмирзех а санна, илли ду кхунах…

Таймин Бийболтах, Хорачойн Зеламхех дерш санна, нахана юккъехь гуттар даха дуьсур ду иза. БIаьрзечу Эладас эр а ду кест-кеста.

Илли хезча хиллачу хазахетаро тIаьххьара ша вохвича, и ойла ян а кхиира Цанин Шида. ТIаккха иза шелоно а, бодано а дIакхаьллира.

ИбрахIим-хьажа доIа дина а ваьлла, тийналла хIоьттича, шен илли дIа ца долош лаьттачу бIаьрзечу Эладина хаалора шега ца кхеташ хьуьйсучу, ша санна, юьртах а ца бовлуш сецначу баккхийчу нехан бIаьргаш. Уьш массо а кийча вара цо дIадолийна илли, лаьтта ца дуссуьйтуш, айъина, стигалхула дIадахийта. ХIетте а, сица гуллуш, куьг лерга улло а диллина, аз ца хозуьйтуш лаьттара иза. Цунна хаьара, ша илли муха ала деза – Чхьайнин Чийрика ворхI вешин йишина кхозлагIа пондар ма-лаккхара.

Баттахь гергга бина Чийрика пондар, зарзаран эшаре ла а доьгIуш тадина мерзаш, тIаккха, охьа а хиъна, цхьана дийнахь сарралц лекхна цо. Цуьнан эшаре ладоьгIуш дIатийна хьуьнхара олхазарш, акхарой, цуьнан эшаре ладоьгIуш дIатийна дуьнен чохь мел долу адамаш. Амма ворхI вешин йиша схьа а ца хьаьжна. ТIулгех тоьхна, шен пондар а бохийна, цIа вахна Чийрик. ТIаккха…

– ИбрахIим-хьажа, Iумхин цIенна тIе кхаьчна тIом, – шена уллохь Сардалан вистхиларо ойланех юкъахваьккхира Элада.

– Кхин сехьабовла йиш яц церан, – элира ИбрахIим-хьажас хаддош. – ДIа а гIой, дIаала и нахе.

Илли доло дезаш хиларан билгало яра иза. ЦIаьххьана а, зевне а дийкира Эладин аз:

Вай езаш ва йина вайн гIийла хIусамаш,
Корах алу ва туьйсуш, йогучу цу дийнахь…
Юрт юьллуш дехкина вайн шуьйра урамаш,
ХIотта меттиг ва йоцуш, сийсачу цу дийнахь!..

– Iа-а-а, – тIаьхьара элира баккхийчу наха. Царна тIаьххье тIамехь бохкучара айъина, ерриг а Нохчийн арахула лаьмнийн когашка кхаччалц дIадахара Дадин-Юрт яккхарх долчу иллин доладалар.

Чхьайнин Чийрика дуьххьара лекхначу эшаран ницкъаца нисъеш элира Эладас хьалхара байт. ТIаккха цо оцу Чхьайнин Чийрика, керла пондар а бина, ваха а вахна, доьду хиш, шовданаш совцош, лекха лаьмнаш чухерцош лекхначу эшаре (оццул чIогIа лекхча а дIа а хьаьжний ткъа ворхI вешин йиша! – Дог чIогIа стаг хилла) дIакхочуш хила езара шолгIа байт:

Вай керлах балийна вайн хьомсар несарий,
Марзойн цIерш ва йохуш, кхойкхучу цу дийнахь!
Вай дина дай-наной, совца меттиг ва йоцуш,
Орцана ва кхойкхуш хьийзачу цу дийнахь
Сема ладогIалаш дехачу цу юьрта.
Наношна ва доьлхуш бераш хезар ду шуна!
Вайна безна мехкарий, шайний-шайний ва бохуш,
Вайна цIерш ва етташ, вайга хьуьйсуш бу шуна!

ТIаьхьара олучийн аьзнашка ла а доьгIуш, цхьана юкъана сихсиха шийла хIаваъ чу а уьйзуш, сацавелира Элада. ХIинца илли уггар а лакхарчу дарже дала дезара…

КхозлагIа а пондар бина Чхьайнин Чийрика. КхозлагIа а вахна иза ворхI вешин йиша схачу бIаьвна кIел. КхозлагIа а лекхна цо йиш. Оцу эшаран чIагIалло дерриг дуьне а цецдаьккхина, оцу эшаро, чу синош а кхоьллина, белла нах кешнашкара гIовттийна…

Эгор бу вай, кIентий, эхь дайна мостагIий,
Бохор бу вай, кIентий, сий доцу мостагIий.
Болатах ва дина терсмаймал ва тарраш,
Лаккха хьала ва уьйуш, вай царна деттар ду!
Нохчийн пхьераша ва йина хьенапан шаьлтанаш,
Вовшашка ва кхийдош, вай царна Iуьттур ю…

ХIан-хIа, ницкъ бацара Эладин иллин белларш гIовтто, амма ца берза чевнаш хиллачеран оьмар ях-м йора цо. ТIаьххьара садоьIучарна а тоьпан лаг озо ницкъ лора. МостагIашка ца лабелира и ши ницкъ – адамийниг а, иллинниг а. Уьш юхаберза буьйлира…

ТIехьа лаьттачу эпсарша, маьхьарий деттаnames, сецабора уьш. Амма иллин декар кхин а чIагIлуш дара, цо и маьхьарий дойура, цо къарйора герзийн гIовгIа а, цо потталаш хIиттайора мостагIийн лергашкахь; царах масех, оцу иллин ницкъ лан а ца белла, коьртах а телхина, хьайбанаш санна, Iеха а Iоьхуш, герзаш охьа а кхуьйсуш, юханехьа ведира…

4

Данин цхьа дагахьбаллам бара, легашкахь хорам беш. Уьш ша цкъа а ца хьастар. Мел кегий болуш а. Кхуьнан цаьрга болу безам

къайлаха а, чIогIа а бара. Амма уьш хьестар осала хетара, и мел лаахь а. Цундела кегий долуш бераш шайна чохь кхуьура, кхунна уьш, дуьххьара кога а дахна, дIадуьйладелча гора.

Цкъа уггар а жимниг, воьалгIаниг, хIаъ, хIара ву-кх, узарш а деш Iуьллург…

– Узарш стенна до ахьа, велла ма валарг, кху кхааннах эхь ца хета хьуна? ЧIикъ а ца олуш дIавирзинчу кху кхааннах.

ДIатий… ХIаъ, хIетахь. Бераш долчохь горгам хьокхуш, ага сехьа чу хIоттийнера хIусамнанас, хIара Iаш волчу.

ОьгIазвахна, корах араластийра цо ага. ХIаъ, хIара хIинца леш волу жимниг вара цу чохь. Эвхьазло дика ма яц берашний, дений юккъехь.

Тоьпаш шоргта йитти аша, берзан кIезий, цхьаъ йохъелча, важа хьала а оьцуш, иштта дIаеттар ю-кх. Велла ма валарг, узарш а ма совций ахьа.

Дана, ша кхуьйсу топ а сацийна, леш воллучун коьрте охьа а хиъна, шабаршца тахана доьазлагIа еса деша хIоьттира. Есан юккъе воллучу хенахь, са дIаделира кIентан. БIаьргаш дIакъовла охьатаьIначу Данина шен кIентан юьхь ца гира. Бода беана-теша, ма Iаржъелла вайна? БIаьргех куьйгаш хьаькхира цо. ТIаккха иза кхийтира, шена тIаьххьара малх а дIабуьзна хиларх, ша гутаренна а Iаьржачу боданехь а вуьтуш. Хорам хилира цунна, велха дог а деара. Амма цо сатуьйхира, халла къурд бина. «Къанвелла-кх со…» – ойла хилира цуьнан.

ТIаккха, куьйгашца схьа а лоьхуш, шен кIентийн коьртех куьг хьекха хIоьттира иза:

– Сан Ида, сан Ича, сан Ахьмад, сан Мада, – йиъ цIе яьккхира.

Цо эххар а, веллачул тIаьхьа, хьаьстира шен виъ кIант.

Виъ кIант а вийна, орам а хаьдда, бIарз а велла, гIорийнчу лаьтта а хиъна, корта тоьпа тIе а биллина Iачу воккхачу стагана шен дерриг а дахар дуьхьалтесира.

Пхийтта шо ма-кхеччи хIоьттира тIаме, хIинца ша тIехиъна Iаш волу хIара латта а, маршо а бахьанехь, хIинц-хIинца тIом чекх а баьлла, нах санна, бIаьста латта а охуш, гурахь ялта чу а дерзош, аьхка маша а, Iай лахьа а деш, хIусамнана а ялийна, Iийр ву-кх бохуш, хийла шераш дIаихира. ТIаккха тIом сецча а, даим пха санна вула а велла, мичча хенахь а мостагIчунна дуьхьалхIотта кийчча лела дезара: зуда

ялийна охьа а хиъна, хIара доьзал болийча, дог хIетталц бевзаш ца хиллачу синхаамо – кхерамо – дIалецира. Амма кхо цхьаьнгга а ца буьйцура и синхаам, ша-шех а лечкъабора иза. Амма иза бара. Эрна хилла а ца хилла, хIетахь, маситта шо хьалха дуьйна, таханлерачу хIокху дийнан сингаттам хилла-кх даго лелош берг, хIара кхета хIинца цунах. Оцу маситта шарахь даго хьоьхура цунна хIара сингаттам, ворхI вешех а, дех-ненах а, шен чкъурарчу нахах а къаьстинчул тIаьхьа мукъана а синтеме зама йогIур яц-теша, аьлла а хетара. Наггахь дагадогIура, цхьа агIо схьа а лаьцна – малхбале я малхбузе, къилбе я къилбседе – бен а яц – маситта шарахь дIаэха, цхьа а тIом бан а, цкъа а кхера а ца дезачу махка кхаччалц. Амма кхо иза ца дора шина бахьанина: цкъа-делахь, хIара тешна вара, тIехь да воцу латта хIокху дуьнен чохь цхьанхьа а дац аьлла, ша цкъа а даста ца лучу шаша хьулдинарг доцург, ткъа цу махкахь кхуьнан кийрарчу шен лаьттах къастаран а, цигахь йолчу а шина а шелоно гIора а вина, гуттаренна а цхьана меттахь латта вуьсур ву; шолгIа-делахь, кхуьнга бутт а бак-кхалур бацара хIокху махках, нана-Нохчийчоьнах а ваьлла, цундела ворхIе дегара шена кхаьчначу латта тIера дIа ца волуш, хIаллакьхилар гIоли ю, хьо дIаволла тIаьхьа стаг хилча-м, мухалле а…

Данина эхь хетара, хIара бохам лан а ца белла, ша бIарзвалар, эхь хетара ша-шена хьалха а, хенал хьалха хIара дуьне дитина Делан кхеле дIабирзинчу шен нийсархошна хьалха а. Кхунна дуьххьара доьхна ма ца Iара хIара дуьне, хийланна а доьхна. Бу аьллачу къонахашна а, иллешкахь буьйцучарна а. Массо накъост а вийна, чевнаш а хилла вала воьжча, туьрца шен накха а батIийна, кийра куьг а дахийтина, дог схьа а даьккхина: «Давелла диса хьо, доттагIий а байъича, цIе йолуш мел волу стаг а дIаваьлча, ца иккхина хьо болатан ду ма моьттура суна, хьо-м ца хилла иштта, хьо дилхан хилла», – бохуш, дечиг санна шен дог туьраца хьекха а хьоькхуш, велла Зайтан Шихмирза. Хьалха нах турпала хилла, хилла-те…

– Дана, Дала гечдойла-кх кхарна. Дала иманца собар лойла-кх хьуна а.

– Ану, хьо ю иза?.. Дела реза хуьлда хьуна а. Хьо-хьо ю?

– Яц. Совдат а ю соьца, Эдисолтин йоI.

– ИбрахIим-хьаже дIаберзабе алалахь уьш. Хьайн доIан юккъе гуттар лаца бохура а ала аса.

– Дика ду, Дана. Дала собар…

Собар… И ду-кх велла дӀаваллалц хила дезарг. Собар деш, нахала а ца волуш, лан беза мел беза бала а, мел хуьлу хало а. Собарца совцо деза бӀаьрхиш а, оьгӀазло а. Гуттар а – собар. Делахь а и бала а, и бӀаьрхиш а, и оьгӀазло а ӀаӀа ма ӀаьӀа кийрахь, уьш тӀепаза дӀа ма ца йов, ӀаьӀа, йоккха бог а хуьлуш. Кхуьнан кийрахь ца латталуш юсаелла иза, лоппаг санна.

– ХӀа-а-а, – цӀаьххьана иккхира иза. – ХӀа-а-а.

– ХӀа-а-а, – гӀовгӀанца хаьара цунна мостагӀий мичахь бу. Аьтту куьйган шина пӀелга юккъехь шаьлта а лаьцна чухьаьдира иза, аьтту а, аьрру а агӀор иза етта а етташ. Вуьш тоьпаш юла а ца кхиабора, кхуьнан шаьлта ткъесах етталора церан кортош тӀе. Доккха кес дуьллуш, царна юккъехула генна чувахара иза, эххар а евлира церан тоьпаш, цхьабосса.

Амма царах цхьаммо а ца дохийра кхуьнан шалха гӀагӀ.

– ХӀей-хӀей! – мохь туьйхира цо юха а. Юха а цистира цо аьрру а, аьтту а агӀорнаш.

Вуьш, цецбевлла, Ӏадийра.

– Иза тоьпо а ца лоцу.

– Иза адам-йилбаз ду.

– Иза оцу акхаройн дела ву.

– Цхьамзанаш тӀехь ирхъайа, – мохь белира эпсаре.

Ирхъайъира Дана цхьамзанаш тӀехь. Амма и хьалаайъинарш лаг озо ца кхиира – шаьлтанца уьш массо а ата а аьтта, юха а лаьтта воьссира Дана. Кхин шозза а дира цо изза.

ТӀаккха:

– Схьататта йоккха-топ! Йоккха-топ! – мохь белира эпсаре.

Данина хааделира шена тӀеерзийнчу биргӀин шийла садеӀар, бухбоцчу Ӏин чуьра, Ӏожаллин Ӏин чуьра схьадогӀура иза.

– Ӏа-а-а, – чухьаьдира иза биргӀина.

Амма эццахь, кхуьнан мохь а къарбеш, дуьхьал Ӏаьхира йоккха-топ, шен кийрара сийна цӀе а Ӏеттош.

ТӀаккха, цхьа хан яьлча, дерриг а тийна дара. Дана юха а шаьлта лесто велира. Делахь а кхуьнан шаьлтанах цхьа а охьа-м ца вужура, цу тӀе, дукха яй а яра иза. ХӀетте а кхо лестайора…

Эццахь цунна шен жимахволчу кӀентан аз хезира:

– Дада, дада, хьайна эрна ницкъ ма бехьа…

ТIаккха кхийтира Дана ша велла хиларх.

5

Шина а агIор тур лестош, кхааммо бинчу го юккъера вала гIерташ воллучу Айдина, Данин мохь хезча, хиира, дуьнен чохь уггар беза бохам цунна тIекхаьчнийла а, кху дуьнен чохь, цхьанхьа делахь, миччахьара а цунна орца кхача дезийла а. Цо алсамбаьккхира цуьнан ницкъ а, каделла а – шиъ цестира туьрца, цхьаммо, юьстах а таьIна, некъ битира. Цуьнан дин, пха санна озабелла, лаьтта тIехула айабелча санна, боьдура Данас мостагIех даьккхинчу кесар юккъехула, ши лерг тIехьа а диллина. Йоккха-топ яьллачул тIаьхьа, тата дIадале, тIекхиира Айда цу тоьпан юххехь лаьттачу шина салтичунна. КIур дIабаьлча, Дана хиллачу меттехь хIумма а ца гина, воккхавер гучудаккха тохавеллачохь висира и шиъ, Айдин туьро цестина. Амма кхидIа тIом бан ца кхиавелира иза – цхьабосса евллачу тоьпаша лецира. Делахь а чу ца вужуш, кхесах тасавала кхиира иза, ткъа говр ма-хьаддало сиха юхахьаьдира.

ГIойтIархойн магIаршна тIекхоччуш, кхес карара а яьлла, чувоьжна Айда, цхьа ког луьйтан чохь а бисна, гIеххьа текхош ваьхьира говро. ТIаккха цIаьххьана иза сецира, тарса а терсаш. Саьнгар чуьра хьала а иккхина дуьхьалхьаьддачу Iеламхас, кара а лаьцна, юьстахваьккхина охьавиллира халла садоьIуш волу Айда.

ЦIаьххьана Данас юхалаьхкина мостагIий болчохь маьхьарий девлира:

– Вай церан дела вий!

– Акхаройн дела вий… Ура!

Чухьаьлхина уьш, гIойтIархой юхатоьттуш, юьртан дуьххьарлерачу цIеношна тIекхаччалц чубахара.

Эццахь тIеман арахула яьржира халхаран йиш а, еттачу вотанан татанаш а. Юхахьовсабеллачу тIемалошна гира гу лекхачохь ахго бина лаьтта мехкарийн тоба. Царах цхьаъ, стигал кхача гIерташ санна, оза а елла, махехь ловзу гIа-патар санна, яйн халхахьийзара.

– И хIун ду, Iеламха? – шабарш дира Айдас.

– Мехкарий бу-кх халхаран йиш локхуш, Себила халхайолуш а ю…

– ЙоI муха йолу?

– ЙоI дика йолу.

– Цхьана къонахчунна кхаьчча, бакъахьа стаг ю хьуна иза, Iеламха.

– Хаьа суна.

– ГIо хуьлий халхарх?

– Хуьлу. Юхалаьхкина йовсарш.

– Тхан дас хIун олура, хаьий хьуна, Iеламха? Лечу дийнахь… хIаъ… лечу дийнахь гучуволу, олура, стаг. И де тIекхаччалц берг бегаш бу.

– Дера бу бегаш-м.

– Со ледара-м ца ле, Iеламха?

– ХIан-хIа… Ахьа хIун дуьйцу, Айда, хьо толур ву. Вай, хьоьга иллеш а олуьйтуш, хийла буьйсанаш йойур ю.

Цхьаъ ала тохавелла Айда, и ца далуш, ши бIаьрг стигал а боьгIна, дIатийра. Цуьнан еха кIайн юьхь кхин а яхъелча санна хийтира Iеламхина. Кегийчу, хIинцца боьрша стеган чоьн бос эца доьллачу мекхаш тIе йис йиллинера. Маржа, ойла хилира Iеламхин, Iаьнан цхьана ехачу буса паднара тIехь Iохкучу кхекхеш тIе го бина охьа а хевшина, сирла сахиллалц хьоь, ахьа олучу иллига ладогIа йиш хир яц-кха кхин цкъа а, юкъ-кара иллино шовкъ йоссийча: «ЭйтI, горалера, дуьне, яI!» – бохуш, мохь а бетташ, иллин турпалхой балано гатбича, бIаьргаш чохь хиш а хIуьттуш, юха, бала а эшийна, уьш толаме кхаьчча, бела а къежаш, дегнаш дох а луш…

ХIан-хIа, дIадели иза. Доккха хIума ду-кх, тоьл-тоьлларг дIавели. Мила хир ву хIокху Айдин метта илли ала? Мила хир ву Цанин Шидин метта пхьалгIа лело?.. Мила хир Къайсаран метта? ХIуманна а пайден воцу хIара хIинца а лелаш ву, ткъа уггар чIогIа оьшурш дIабевли…

Ойланех юкъах а волуш, Айдига хьаьжча, иза велакъежаш гира цунна.

Цуьнан лере а таьIна:

– Айда, Айда, хьо вела стенна къежа? – хаьттира цо.

– Хьо а воьлур вара, Iеламха… Суна гург хьайна гича, – халла къаьстира Iеламхина Айдас ден шабарш.

– ХIун го хьуна, Айда? ХIун го хьуна?

Амма Айда, цунна дуьхьал жоп а ца луш, стигал а вогIавелла, вела а къежаш, Iуьллура.

– Iеламха, Iеламха, – кхайкхира цхьа хан яьлча Айда. – Стаг мел боккхачу ницкъал тола йиш ю хьуна… Цунна чIогIа лаахь… Маьлхан дуьне дита а и кийча хилахь… Кхийтирий хьо?.. Со кхаьчна хьуна айса сатуьйсучу, сан дуьне дIадаьллехь а… цунах велакъежа со.

Айдин аз, гIеллуш, дIадайра. КIажъоьхура, Iаьршашка кхийдара халхаран йиш. Эвлайистехь детта герзаш, дуьйлу маьхьарий, ден узарш, терса говраш, Iено цIий – тIом боху къемат-де, ткъа кхузахь, гу тIехь, – халхар, дуьненан хазахетар, дахаре безам.

Гонаха лаьттачу мехкаршна къайле хилла юьсура гIорийнчу терхеш тIехула, шерачу ша тIехь санна, Себилас когаш муха шершабо.

Хьалха дуьйна а хилла иза – мехкарий а, зударий а, тIаме хIиттинчу шайн вежаршна, безаршна, цIийндайшна тIехьа лаьтташ, иштта баккхий нах хуьлуш а хилла.

Хьуьйсуш уьш буйла хуучу тIемалойн майралла а, каделла а алсамйолуш хилла. Иштта летта уьш мацах-мацах баьхкинчу уьнхойх, цул тIаьхьа – мIаьмгалойх[1], тIаьхьа – АстагIчу Тимарх а…

Ткъа хIинца Себила халхаюьйлура юьртахой боьхна ца хьовзийта, пондаран эшарца, халхаран шовкъаца дуьненан хазалла карлайоккхуш, царна керла гIора а луш. Цуьнан куьйгаш – цIеран алун метганаш – лайн чимаш оьгучу хIаваэхула, уьш а дашош, хьийзара, и ша а яра яьлла цIе. Юьртахой а, тIелеттарш а – массо а Iадийна хьуьйсура цуьнга, шаьш кху шийлачу, цIевзинчу дийнахь тарраш, тоьпаш а эцна, вовшашна дуьхь-дуьхьал стенна хIиттина а дицделла. Ткъа оьшурий и дан, дуьнен чохь оццул хазалла хилча?

Юьртахой цецбевлира: царна хIинццалц ца хиънера шайн эвла оццул хьалдолуш юйла. Уьш кхийтира: хIуъа дина а, ларъян езара и хазалла, ларъяхь, уьш цкъа а оьшур бац, гуттар а кIежтуьйсуш, гIорийначу лаьтта бухара а гучудуьйлуш хир ду церан дахар.

Халхар шен чIагIдаларе кхаьчнера. Хетара, иза кхин дIа дахлахь, кхоьлина стигал, екха а екхна, гIорийна латта даша а дешна, Iаламера ерриг шело а, оьгIазалла а дIаер ю аьлла.

ТIом Iадийнера халхаро. Амма и деха ца дахделира. ТIелеттарш хьалха баьхкира Iадорах метта.

– И хIун театр ю? Хьажош, тоьпаш тоха цунна! – буьйр дира Данина кхел кхайкхийнчу эпсаро.

[1] *МIаьмгалой* – монголаш.

– Зуда ма ю иза, хьан сийлалла!

– Зуда яц, гӀам ду, гӀам!

– Хаза гӀам-м ду иза.

– ТӀеяхийта тоьпаш!

Юьртахой ца кхиира Себилина хьалха пен хилла дӀахӀитта. И ша а ца кхиира тӀаьхь-тӀаьхьа чеххкадолуш доьду шен халхар тоьпо ца лаццал сихдан. Цхьана мӀаьргонна севцира цуьнан стигал кховдийна куьйгаш. ТӀаккха иза лаьтта юьйжира, аркъал, некхауьн тӀехула, даьндарго гечо а даьккхина, шовданах бухдуьйлу цӀий гӀорийнчу лаьтта тӀехь детара...

Юха а тийналла хӀоьттира. ЦӀаьххьана оьгӀазалло марсабаьхначу дуьхьалоечаьргара цхьабосса:

– Ӏа-а, – аьлла, мохь-узар делира.

ТӀаккха, шайна тӀедетта даш а ца тергалдеш, саьнгарш чуьра хьала а лелхаш, чухьаьлхира уьш. Царна тӀаьххье Себилина гобина зударий: къенанаш, мехкарий – шайн кара йогӀ-йогӀург – шада, шаьлта, бел эцна, мацах ширачу заманахь санна, шайн кӀозарш охьа а хецна, тӀама юкъа тилира.

Ворданара охьа а иккхина, яьккхинчу шаьлтанца царна тӀаьхьахьаьдира Совдат а.

– ЙоӀ, юхаерза, хьо кхузахь а оьшу…

Амма ца хезара цунна Анус бетта мохь…

Шена дуьхьалӀиттало мостагӀий тергал а ца беш, нагахь царах цхьаъ шен некъ бехка ца хӀоьттича (тӀаккха-м туьре болх ца байтича ца волура), цхьа Ӏалашо билгал а йина, цунна тӀекхача пха санна булабелла шен дин а лаьллина, тӀеман аре цоьстуш воьдура Ӏеламха. Эххар а дог лаьттачу дӀакхечира иза. Кхеравелла, легаш Ӏаьвдича санна дара эпсаран аз, цо юха а хьодуш мохь тоьхча:

– Схьататта йоккха…

Амма кхин дӀа шен буьйр дан ца кхиира Данина а, Себилина а кхел йина эпсар.

Ӏеламхин туьро йира цунна кхел, нийсса ши ах а веш.

## 6

Дукхалло меллаша юхатоьттура тӀаьхь-тӀаьхьа нилхадовлу юьртахойн могӀанаш.

И дерриг а тергалдеш, кест-кеста тIама юккъера веанчу геланчас дуьйцучу хьоле волавелла леллашехь ла а доьгIуш, багахь хаддаза дечуьра доIа ца хадош, маьждиган хьалхарчу майданахь дIасахьийзара ИбрахIим-хьажа.

Элада, шен чохь садоцу бIаьргаш аренга а доьгIна, дерриг а лерса а хилла, орца далош йогIучу говрийн бергийн татанаш ма тосаделла, нахе кхаъ баккха кеч а велла Iара. Амма тийна дара ГIойтIа догIу некъаш…

– ИбрахIим-хьажа, юха а Iумхин цIийна тIе кхаьчна тIом, – элира къеначу Сардала.

– Кхин сехьабовла йиш яц церан, – цергаш вовшаххьакхош, мочхалш тIе а дохуш, элира вукхо.

ХIинца дуьххьара ИбрахIим-хьажин дешнех шекьхилла Сардал, меллаша цуьнга хьалахьаьжча, вуьйхира, шен ойланех иза кхеттийла а хиъна.

– Шек ма вийла, Сардал. Иштта атта шайтIане хьо Iеха а ма вайта, – элира ИбрахIим-хьажас дог-кIеда.

– Шек вац со-м, ИбрахIим-хьажа, – эхь хетта Сардал лаьтта бIаьра вогIавелира, верриг а дохковаларо дIа а лаьцна.

Ткъа тIом, юьртахоша уьш кхин сехьа а ца бовлуьйтуш, я вукхеран кхеран дуьхьало кагъян ницкъ а ца кхочуш, цхьана юкъана Iумхин керта йистехь сацабелира. ТIаккха цхьаьнга мохь белира:

– Маржа, Нохчийчоь, яI! Тахана, де доьхначу дийнахь, орцахвала къонах а воцуш, къийели-техьа хьо?

И мохь хезча, тахана дуьххьара шеконо хьовзийра ИбрахIим-хьажа, амма иза уллорчарна хаа ца йолуьйтуш, шен кийрахь Iаьвшира цо. «ХIан-хIа, эша йиш яц юьртахойн. Орца кхача деза, – ша-шен тешо гIертара иза. – Кхузахь беш болу тIом ца хезаш Iа-техьа гонахарчу ярташкара нах? Массо а къарвелла-теша?» – дегабаам бира цо лулахошна.

– Орца! – цIаьххьана мохь белира Эладига. – Орца догIу шуна, чIагIлолаш! Орца!

– Мичхьара.

– МартIантIе агIорхьа…

Амма цу агIор дIахьаьвсинчарна, еса анайист бен, хIумма ца гира.

– Мичахь ду?

– Ду шуна, хIинцца гучудер ду…

Эладина шерра хезара кхечарна цахезарг, цуьнан коьрта чохь вота еттара МартантӀера схьахьаьвдда йогӀучу говрийн бергаша.

ТӀаккха царна кхин а, кхин а татанаш тӀекхийтира, дерриг дуьне а тата а хилла доладелла-теша аллал дукха, тайп-тайпанчу агӀонгахьара. «Орца алсамдолуш ду», – ойла хилира Эладин. Бакъ вара Элада.

Охьанехьа хьоькхучу махо тӀеман гӀовгӀа ца хозуьйтуш, Ӏуьйранна шайн-шайн гӀуллакхашка дӀасабекъабеллачохь хьебеллехь а, лерг сема долчарна эххар а ГӀойтӀахь хӀоьттинарг тоса ма-делли, дукха сиха гулбелла, схьахахкабелла богӀу мартанхой а, Олхазаран, СоӀдин – шина кӀотарарнаш а, сихха схьакхача Ӏуьйрре новкъабевлла, амма некъ а хадийна лаьттачу Деникинан полколаг волчу Хьаж-Мурдан бӀахошца тӀом болийча, шаьш боьлхучу дӀацакхачарна кхоьруш, дийцарш деш, юкъа-кара чучча а хьодуш, уьш къарбан гӀерташ, хан а яйъина, тӀаьххьара а къар а бина, хьаьвдда богӀу шелахой а, цоцин-эвлахой а, чечанхой а, кхечу ярташкара царна тӀаьхьахӀиттинарш а хьалхий-тӀаьхьий ГӀойтӀа чутилча, Сардал кхийтира, шена моьттинарг эрна хиларх. Амма дохковаларал сов дара цуьнан хазахетар. ИбрахӀим-хьаже а хьаьжна, шена къинтӀеравалар дийхира цо бӀаьргашца, амма важа хӀара кхин тергалвеш а вацара. Иза тӀом болчу агӀор хьоьжура.

Кхиъна орца доккхачу бердах чухьаьддачу хин юьхь яра, дийначу адамийн хин юьхь. Иза ма-йоггӀу тӀекхийтира тоьпийн цхьамзанех, тӀедеттачу дошах, йоккхачу тоьпийн хӀоьънех йолчу дуьхьалонна, цхьана юкъана сецира, амма шолгӀа тохаелча, цо чуяьхьира иза, цунах катоьххана юхахьаьвдда доьлхучу баккъийн керт хилира; говрашца тӀе а кхуьуш, тарраш детташ, я тоьпаш эгош, оцу кертах хийла ков даьккхира орцахоша.

– Собар де, собар де, – мохь белира Девлин Хьатуга. – Иштта чугӀертахь, вайх дийна стагга а вуьсур вац.

– ХӀун де вай?

– И ши пилмот схьаяккха еза.

Цуьнан и багах доллушехь, пилмоташ лаьттачу гу болчу агӀор шайн дой лаьхкира иттех беречо. Амма царах цхьа а дӀа ца кхечира.

ТӀаккха Ӏеламхина дагадеара Къайсара аьлларг, цунна шерра гира шех цо боххург хирг хилар.

– Суна хаьа, хӀун дан деза, – элира цо.

– ХӀун дан деза?

– Стелахаьштигаш хила деза.

– Хьо эгӀийна?

– ХӀан-хӀа. Хила йиш ю шуна стелахаьштигаш…

– Елахь, хьох хилахь, эрна хабар а ца дуьйцуш.

Иза и аьлла а валале, ткъес туьйхира – иштта чӀогӀа бара Ӏеламхас тоьхна мохь.

ТӀаккха, Ӏаьржачу гӀаларташий, гергагӀертачу маьркӀаженой бодане йина аре а хадош, стелахаьштиг а хилла, гу тӀе дӀакхечира иза, цуьнан Ӏеминчу аьтту куьйго шен болх бира. Цунна тӀаьххье тӀекхиъначу тӀемалоша, говраш тӀера охьа а лилхина, Соьлжа-ГӀалехьа кхерамо хьере бина юхахьаьвдда боьлхучарна тӀедерзийра шина пилмотан дарц.

– ХӀан-хӀа-а! – цӀогӀа делира царна тӀаьхьакхиъна богӀучу гӀойтӀархошна а, орцахошна а хьалхаваьлла вогӀучу цхьаьнга.

– ХӀан-хӀа-а! – цхьабосса делира бӀеннийн кийрара.

Оцу бекхаман озо кхин а кхерийна, Ӏадийна, шаьш хӀун леладо а ца хууш, кхин тӀе а чехкабовлуш, дӀахьаьвдда мостагӀий, тӀаьхьабевлларш БухӀан-Юьрта а кхаьчна севццачул тӀаьхьа а и мохь тӀаьхьара ца болуш, масех чаккхарма бевдда бахара, шаьш Соьлжа-ГӀали йистехь яьхна саьнгарш а юьтуш.

– Вай тӀаьхьадахийтийша царна! – мохь туьйхира Ӏеламхас.

– Мича кхаччалц ваха воллу хьо?

– Дуьненан маьӀӀе кхаччалц, тӀаккха кхуза юхабахка де хир дацара церан.

Цецваьлла, кхуьнга хьаьжира Йошуркъин Чода.

– ХӀан-хӀа, ца оьшу. Белларш а бу вайн дӀаберзо безаш.

## 7

Сагатдеш ма хьийза шу, хӀай юьртахойн мерза синош, хӀокху арахь Ӏоххучу шайн догӀмийн чархашна тӀехула. Царна тӀехӀуьттуш леларг церан голаш яжа еана меца борз яц шуна, царна готуьйсург церан шелделла бӀаьргаш мийла еана бос Ӏаьржа хьаргӀа яц шуна. ХӀара со, со, къена, жоьрахь еха Ану ю, сайн говра-ворданца, хӀара къуьда а латийна, шух хӀоранна тӀехӀуьттуш лелаш. Юьрта маьӀера дӀайолаелла со. Шух цхьацца сайн вордан тӀе а вуьллуш, чеккхъер

ю. Иштта-м со цхьаъ хилла ца Іа, тІом сецначул тІаьхьа дуккха а серлонаш къега хІокху арахь. Шуна-м хаьа хир ду, мостагІчо букъ берзийний, иза, цунна эхь деш, аьтта дІавахийтинийла. Цунах мелла а сина маршо хилла хир ю шуна.

ХІаъ, хІара Себила ю. Иштта Бабина, иштта дІанисйо аса хьан коч, иштта оьзда ю. Баба къайлаха хьоьгуш ерг хьо цхьаъ яра, хьуна, Себила. Юьхь-сибатца а, леларца а, йистхиларца а кхачъелла яьлла стаг[1] яра хьо, кхин хьайна тІеоьшуш хІума доцуш, оьздангаллехь чІагІъелла яьлла. Ткъа массо хІума а кхачделла даьлча, стаг кхераме ву. И тайпа стаг ца вуьсу кху дуьненахь ваха. Мацах санна, вайн махкахь мехкан йоІ хоржуш хилча, хьоьга кхочуш хир яцара, хьуна, цхьа а хІокху малх кхетачу дуьненахь. Іеламнаха дуьйцург бакъ делахь, ткъа цара дуьйцург бакъ ца хила йиш а яц, эхартахь а хир ю-кх хьо хІуьрлаІийн мехкарийн[2] тобанехь.

И ца хила йиш ма яц. Кху дуьненахь марзо ца гича, цигахь кхин марзо, эхартан марзо, хила ма еза.

Кхин доккха ирс суна а ца гина хьуна, Себила. Нийсса кІиранах Іийра со сайн кІентан деца. Юьртара шен накъостий чІебарлойн лаьмнашка экхе боьлхуш, цаьрца а вахна, цигахь чов хилла, даръеллачу чен дуьхьал а нисвелла, цуьнца хиллачу тасадаларехь чевнаш а хилла, дІакхелхира.

ТІаккха цунах хилла кІант а лелош, дерриг дуьне и кІант а волуш, цунах самукъа а долуш, ехира, иза цхьана гуьйренан дийнахь Соьлжа-ГІала дечиг дохка вахханчохь паччахьан пурстоьпо, дош дашера даьлча, топ а тоьхна, вен а вийна, цІа ваийтталц.

ТІаккха аса хІун дира? Цуьрриг со охьатаьІна а ца гойтуш, нахана диканиг бен ала хІума ца дуьтуш, дІаверзийра-кх иза. Хилла даьллачунна дан хІума ма дац. Хьо мел юхаидарх ойланца, и дІа ма дахна. Дийнахь сатухура, буса йоьлхура. ТІаккха сан бІаьрхиш а кхачийра. Сох ерриг а гІайгІа хилира, тІулг санна чІагІъелла гІайгІа. БІаьрхиш а оцу тІулга юккъехь, дата а детта, лацаделира.

Сох Жоьра-баба хилира. Юьртарчу берашна туьйранаш а дуьйцуш, царна тоьпан мижаргаш а, тІергІан пазаташ а еш (тІаргІа схьабеача, вуьшта-м мичара хир бара сан оццул тІаргІа), воьдуш-

[1] Кхачъелла яьлла стаг – массо а хІума нисделла оьзда стаг.

[2] ХІуьрлаІийн мехкарий – ялсаманехь хинболу мехкарий.

висначунна буьйса яккха чоь, мотт-гIайба а латтош, генахь валар хиллачу кху юьртарчу муьлххачу жимчу стагана а нана хилла йоьлхуш, байлахь диснaчу берашна сайга дало гIо а деш… Иштта ма ялийра аса со йолчу Совдат, цуьнан гергара нах халла тIе а табина. Цунах йоккхаеш ехара, цо, маре а яхна, керлачу адамийн хIу долоре сатуьйсура. ХIинца хIун хилла-те хьох, чов хилла мукъана а ца йисна-техьа хьо?

– ЭхI, хIара… хIара… ХIара ю-кх Совдат. Совдат! Совдат! Хьо ца йина нана лойла хьан! Бабас хIун дан деза хIокху дуьненахь, хьох къаьстина йисча? Веза хилла волу Дела, оццул къона, оццул хаза, оццул дика хIара адамаш, дуьненах доккхаде а, дуьне кхолла а айхьа кхоьллина долу адамаш хIаллакдеш хьийзачарна, тIаьхьенга ца тоьттуш, хьайн бекхам стенна ца бо Ахьа?! ОстогIпируллахI, со реза ю хьуна, Веза хилла волу Дела. Йистйоцуш ду хьан собар. Хьо дерриг гуш а, дерриген хьесап деш а ву.

Маржа, сан Совдат! ХIинца Бабас хьаьнца дийр ду сарахь чуйирзича шен къамелаш? Хьанна IaIop ду даьтта а, кIалд а, совдаьлла ялта а духкуш оьцу ахча? Мила кечйийр ю маре яха, махкахь цIарна а цIеяхна хаза мехкарий а буьйцуш? Маха баккха а, сискал ятта а, хьешашка маршалла хатта а, Зайтан Шихмирзин хIусамнана санна, оьзда хила а Iамош?

Схьайола Бабина, иштта. Себилина юххе дIатарйийр ю хьо Бабас. Иштта.

Оьшурий-техьа, оццул адам хIаллак а деш, хIара керла Iедал лардан? Лур дуй-техьа цо латта а, маршо а? Ткъа нагахь ца лахь? Хабар а хилла дIадалахь дерриг? ТIаккха хIун дан деза? ХIинцачул а доккха къемат-де тIаккха хир ма ду.

Собар, алаша, собар. Мила ву хIара шиъ? Мовлий, Коврнакъий ву-кх. Нуц, стунваший. Коврнакъина коьртах чов хилла хилла-кх. Кхузза, лаьттах, дIабиттина-кх цо шен корта. Ткъа Мовлина чов чужехь хилла. Iийт, маржа, дуьне, яI! Дукха гIиллакхах воьхна хиллий Мовла, леш а? Шен стунвешин коьрта буха шен куй билла куьг дIакховддийнчохь садаьлла. Дукха гIиллакхах воьхна хиллий?

Ледара кIентий-м ца бахна, хьуна, тховса оцу бакъдуьнен чу дIа. Ткъа массо цига дIавирзича, тIаьхьа мила вуьсур ву? Хьан лелор ду оьзда гIиллакхаш, хьан хоьцур ду кху лаьтта тIехь оьзда хIу, хьан

дагалоьцур бу шайн дай, хьан дола дийр ду байшна, жоьра бисначу зударшна тӀехь?.. Вай, шаьш ца дина нана яла шун! У-хIу-хIу!

Сагатдеш ма хьийза шу, хIай юьртахойн мерза синош! Кху шийлачу арахь угIург ардангах хаьдда цхьалха борз яц шуна. ХIара со ю, шун юьрта йистехь жоьрахь ехаш йолу къена Ану, шуна тийжаш, шуна йоьлхуш, шен месаш а ийзош, юьхьа тIе мIараш а туьйсуш, шуна сагатдеш. У-у-хIу! У-хIу-хIу! У-хIу-хIу!..

8

Байъинарш, лазийнарш хаддаза схьаузучу ворданийн семанийн цIийзар, зударийн тийжар, берийн делхарш, жIаьлийн угIар ца социуш, Iуьйрене лестира буьйса.

Маьждиг хьалха, цхьана магIара, охьадоккура декъий. Нах дIабохкарна кечамаш бечарна цхьацца дан дезарш хьоьхуш, волавелла лела ИбрахIим-хьажа марха дастаза а, юха и лацаза а висира. Дуьххьарлера сатасаран билгалонаш гучуевлча, кхин а язъелира гIайгIа. Кхетамо къайллаха догдаьхнера хIара дерриг а, буьйса дIаяьлча, боданца цхьаьна, гIан а хилла, дIадер ду аьлла. Амма и ца хилира. Ирча хилларг кхин а серладелира. Адаме лан ца даллал доккха дара иза.

ИбрахIим-хьажа кхетара, и доккха вон, чухьаьжча корта хьаьвза Iаьржа Iин а хилла, гуттар а дехар ду кхуьнан даг чохь. Яц цунах кIелхьарволийла, хьо-хьо цу Iин чу вожжалц.

Шен яхьийначу юьхьа тIехула куьг а хьаькхна:

– Веза Дела, собар а, иман а лолахь тхуна хIара бала лан... – шабарш дан вуьйлира ИбрахIим-хьажа. Эццахь тидам хилира цуьнан шега леррина хьоьжуш лаьттачу Сардалан. – Ахьа хIумма а-м ца элира, Сардал?

– Оцу хьешашна хIун до вай, ИбрахIим-хьажа?

– ХIун до, дIабухку-кх юьртахошца цхьаьна...

– Уьш кхечу динехь ма бу. Шаьш боьхкича, хIун дара-техьа?

– ХIан-хIа, Сардал, тахана церан массеран а цхьа дин дара. Далла хьалха а цхьаъ бу уьш. Цхьаьна дIабохка а беза. Кхийтирий хьо, Сардал?

– Кхетта, ИбрахIим-Хьажа.

– Дика ду, кхеттехь.

Сардал тIаьхьа а хIоттийна, маьждиг чу вахара ИбрахIим-хьажа.

9

Ма йолахьа, хаза суьйре, малх дӀабуьзча, бода бохьуш,
Бода боьлла цӀа дирзича, тхайн дай-наной ца го тхуна.
Ма йолахьа, хаза Ӏуьйре, малх схьакхеташ серло йохьуш,
Серлаяьлла, арадевлча, мерза уьйраш ца го тхуна.
Ма кхетахьа, хӀай дашо малх, серлабалий, кху дуьнен чу,
Серлабаьлла хьо схьакхетча, эзар ойла ахь ма йойту.
Ма ялахьа, хаза бӀаьсте, толой-хазлой кху дуьнен чу,
Хьо хазъелла еъна кхаьчча, тхан дегнашка хьо ца лало.
Ма хазлойша, хӀай аренаш, сийна духар шайна духий,
Шу, хазъелла, дӀахӀиттича, бӀаьргех догӀу хи ца соцу,
Ма угӀахьа, хӀай йора борз, иштта гӀелчу цу эшарехь,
Ардангах хаьдда угӀуш елахь, цхьалхачу вешех дагаяла.
Ӏаьржачу кошахь цхьалха висар хала дуьйцу Ӏеламнаха,
Цул хала ду шен хӀусамехь, уьйрех ваьлла, цхьалха висар.
Ма елхийша, хӀай отйокхаш, гӀелчу озахь цу ирзошкахь,
Екаш оза лере деъча, тхайн доттагӀий карлабуьйлу.
Ма лекхийша, хӀай алкханчаш, коре хьийзаш, и эшараш,
Шун эшарийн оза хезча, мерза уьйраш карлайовлу.
Ма ловзахьа, можа полла, сенчу бай тӀехь зезагашца,
Ловзуш хьоьга гӀийла хьуьйсуш, къена наной гӀийла боьлху.
Ма декийша, накхармозий, сенчу бай тӀехь зезагашца,
Тера доьлху накхармозий нана йоцчу жимчу берех.
Ма тебахьа, хӀай цӀоькъа-лом, хьо къанделча, цу ижуна,
Иштта аьтто буху, хьуна, тӀаьхье йоцчу къонахачун.
Ма гӀертахьа, сурхар леча, хьо къанделча, моха йилла,
Иштта хьуьнар духу, хьуна, доьзал боцчу дикчу кӀентан.
Ма гӀергӀахьа, хӀай сира сай, хьо къанбелча, цу гӀелашна,
Иштта аьтто буху, хьуна, шен воӀ воцчу къеначу дадин.
Ма гӀертахьа, сийна кхокха, хьайн тӀам бойча, стигал бала,
Иштта хьуьнар духу, хьуна, ваша воцчу цхьалхачу йишин.

И гӀийла узам бекара бӀаьстенан хӀаваэхь. Буц йолуш, сенлуш яра ГӀойтӀана гонахара аренаш, басеш. ТӀеттӀа бохлуш кхетачу малха кӀелахь денлора тӀуналлех Ӏаьбна латта. Массо хӀуманна а синхьааме болчу баьццарчу басо доккхуш дара дуьне, оцу басо

дIахьулйира тIом кхихкинчу арахь лаьттина мел хилла чов а. ХIуъа хилча а, шен амал ца хуьйцуш, адамийн вон а, дика а бен ца хеташ тIеоьцуш долу Iалам, шен гуттарлерачу новкъа догIура, сибатца хийцалуш, карладолуш.

Адамна хета-м хета, шена тIе бохам беача, малх а стенна кхета-теша, бутт а стенна бузу-теша, догIа а стенна догIу-теша, мох а стенна хьоькху-теша олий. Амма Iаламан шен Iедал ду, шен хьекъале, адам шех ма-дарра кхиа йиш йоцу маьIна долу массаьрца цхьабосса хиларан Iедал. Цуьнан кхечу агIор хила йиш а яц.

И ойла Эладин хилла маситта шо хьалха, бодано шен бIаьрса хьулдинчу шарахь. Жима волуш иштта ца хетара. Къиза хетара Iалам.

Узам бина а ваьлла, чубуза лахбеллачу малхана букъ а тоьхна Iачу Эладина цIа оьхучу бежанийн, девлла лелачу берийн, чохь пешаш-кахь леточу цIерийн, пхьор кечдеш боганех детталучу цацанийн, бай тIехь чу садеана хьийзачу дийнатийн, кхуьуш йоьдучу бецан, лаьтто худучу а, таьIначухула хахкаделла догIучу а хийн – бIаьстенан ерриг а гIовгIанаш хаалора.

Цара а, тайп-тайпанчу хьожанаша а кхетамехь дендинчу суьр-таша Iеха а вина, долуш долчух вицвелла Iара иза.

– Ваши, Ваши, – элира бага а гIаттийна цуьнга хьалахьоьжуш Iачу жимчу кIанта, – кхин а алахьа.

Эладас коьртах куьг хьаькхира цунна.

– Схьахила Вашина юххе... Хазахетий хьуна Вашас олуш?

– ХIаъ.

– ЭхI, когаш Iуьйра вац хьо? Мегар ма вац, – шен кара хаийра Эладас кIант.

ТIаккха иза юха а узам бан велира.

Иштта, воккхачо жимчунна иллеш а бохуш, бIаьстенца сту я говр дужий ялта а дуьйш, ша хIаллакдан гIерташ хаддаза тIелетачарна ца къарлуш, я сина, дегIана паргIато лехна, шен амал ца хуьйцуш, шен цIийца богу майраллин, оьздангаллин суй дIа ца бойтуш (ткъа и суй хIаллакбан тIаьхьабевлла ма бара цуьнан дегIах кийсакаш йо-хуш хьийзарш), бIаьрго а ца лоцуш сиха хьаьдда йоьдучу заманахь дуьненан а меха къонахий кхолла а, бIаьвнаш йотта а, дина зулам бекхам боцуш ца дита а, иллеш даха а, керла чкъор хьалахIотто а – ша дан хьакъдерг дерриг дан а кхиош, оцу сиха йоьдучу замано

Iаьржачу, шийлачу, къизачу паналлехула дадийна дуьгучу Лаьтта тIехь Iен меттиг, цхьаьнгга а дIа ца йоккхуьйтуш, лар а еш, оцу паналлин шелоне Лаьттан дог гIора ца дайта, цIарал а сиха халхарш а деш, кхолламо дуьхьалхIитточу халачу зерех чекхдуьйлуш, ойланца цIанлуш, са серладолуш, дикачу гIуллакхийн лаьмнаш хIиттош, азаллера дуьйна схьадогIура халкъ.

Иза тIепаза дан йиш яцара цкъа а.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун зама ю яздархочо шен повестехь гойтуш ерг?
2. Муьлхачу турпалхочун дог-ойланца дIайолало повесть?
3. ХIун гIайгIа ю ИбрахIим-хьажин синтем бохийнарг?
4. Юьртахоша муха тIелоцу шайна тIехIоьттина кхерам?
5. ИбрахIим-хьажин васт муха даьстина авторо?
6. Айдин, Себилин васташа хIун маьIна леладо повестехь?
7. ТIамехь хIун маьIна леладо Илланчас Элада?
8. Шайна машаран хьокъехь тIебаьхкинчу нохчашка хIун дIахьедар до Деникинан эскархоша?
9. ХIун жоп ло царна дуьхьал машар бан баьхкинчара?
10. ТIеман къизалла а, юрт ларъярхойн турпалалла а муха гайтина авторо?
11. Данин бIахаллин хьуьнарш муха гайтина яздархочо?
12. Дийца, оцу тIамехь муха гучуйолу нохчийн къоман цхьаалла.
13. ГIойтIара тIом муха дIабоьрзу?
14. Йоккхачу стеган Анун вастах дийца. ХIун маьIна ду цуьнан повестехь?
15. Повестан коьрта маьIна достуш долу чаккхенера могIанаш дIадеша. Дагахь Iамаде уьш.

**Повестан исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» – оцу цIаро хIун ойланаш кхуллу шун? ХIун лаьмнаш «кхолла» йиш ю адаман лаьтта тIехь?
2. Шуна хетарехь, шен повестан цIе иштта хIунда тиллина авторо?
3. Повестан дIахIоттаман коьрта дакъош билгалдаха (дIадолор, хилам кхиар, карзахбалар, кульминаци, дерзор). ХIора декъан башхаллаш йийца.
4. Муха пайда оьцу авторо шен повестехь халкъан барта кхоллараллех?
5. ХIун маьIна леладо повестехь иллеша, туьйранаша, узамаша? Шайна хетарг тIечIагIдеш, масалш даладе.
6. Дийца, хIун маьIна леладо повестехь доIанаша.
7. Повестан турпалхойн къамелийн башхаллин тидам бе. Муьлхачу дешнех пайда оьцу авторо, ИбрахIим-Хьажин а, кхечу турпалхойн а вастийн шатайпаналла къамелашца билгалйоккхуш?

8. Нохчийн исторехь а, фольклорехь а бевзачу турпалхошца йолу зIенаш дустаран кепехь муха билгалйоху повестехь?

9. Нохчийн къоман дахаран шатайпаналла гойтуш йолу меттигаш билгалъяха.

10. Повестан чаккхенехь даладо бIаьстенан сурт. ХIун символан маьIна ду цуьнан?

### ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай

1. Деэшна, шайгара гIо лоьхуш, шайна тIевеана волу стаг, мичара, мила ву а ца хоьттуш, беза хьеший а бой, тIеоьцу нохчаша. Повестехь муха гайтина нохчийн деза гIиллакх – хьаша ларар, ларвар?

2. Нохчийн къомехь гуттар а хилла, хала киртиг тIехIоьттича, тайпанаш, тукхамаш ца къестош, вовшашна орцахбовлар. Иштта ларъелла цаьрга къоман кхерчахь дахаран цIе. Дийца, повестехь муха гайтина бохамехь нохчий вовшашна орцахбовларан гIиллакх?

3. Ден, кIентан нохчийн хила еза юкъаметтигаш, бехкамаш муха гайтина Данин вастехь?

4. Кегийрхойн юкъаметтигийн оьздангалла муха гайтина повестехь авторо?

### Вайн мотт кхиабо

1. «Узам бина а ваьлла, чубуза лахбеллачу малхана букъ тоьхна Iачу Эладина цIа оьхучу бежанийн, девлла лелачу берийн, чохь пешашкахь леточу цIерийн, пхьор кечдеш боганех детталучу цаца́нийн, бай тIехь чу са деана хьийзачу дийнатийн, кхуьуш йоьдучу бецийн, латто худучу а, таьIначухула хаххаделла догIучу а хийн – бIаьстенан эрриг а гIовгIанаш хаалора». ХIун маьIна леладо хIокху предложенехь йолчу цхьанатайпанарчу меженаша?

2. Повестехь нохчийн историн билггал болу цхьа мур буьйцуш хиларан билгалонаш карае лексикехь а, персонажашкахь а.

### Текстана комментари

1. <u>Повестана бухе диллинарг</u>. 1919-чу шарахь, март баттахь, Къилбседа-Кавказехула цIеран лар юьтуш, Россин коьрта шахьар схьалаца воьдучу инарло Деникина кIоршаме тIедахкарш до нохчийн бахархошна: шайна тIебиссина цIеэскархой, советан Iедалан гIо лаьцнарш схьа а ло, шена дуьхьало а ца еш, некъ маьрша бита олий. Амма нохчаша тIе ца лоцу шайн амална а, гIиллакхашна а хийра долу инарлина луург. Цо бохург ца де ш, тIом тIелоцу нохчийн аренан цхьайолчу ярташа. Царах дуьххьарлера тIом тIелаьцнарг хилла ГIойтIа. Деникинан эскар герз дика долуш хиллехь а, юьртахоша а, гIо дан баьхкина кхечу ярташкарчу нохчаша а, Делан къинхетамца, толам баьккхира.



## БИСУЛТАНОВ
## Дибин Апти

*(1959)*

Нохчийн литература кхиарехь керла тIегIа хилла дIахIоьттира 1975-чу шарахь университетехь кхоьллина «Пхьармат» цIе йолу къоначу яздархойн цхьаьнакхетаралла. Цигахь кхиира нохчийн литература дуьненна а йовзийтина болу поэташ, прозаикаш, драматургаш.

«Пхьарматан» беркате тIеIаткъам хиллачех цхьаъ ву Бисултанов Апти, литературе веача дуьйна поэзин шовкъехь кхехкаш хилла волу. Университетехь ша доьшуш волуш, цо жигара дакъалоцура студентийн культурин дахарехь. Ша язйина исбаьхьа стихаш доггах, шатайпанчу карзахаллица йоьшуш хиларца гIаравелира иза. Студентийн тайп-тайпанчу литературин конкурсашкахь хьалхара меттигаш йохура Аптис. Иштта иза хилира оцу заманахь дIахьош хиллачу Бадуев СаьIидан цIарх йолчу литературин конкурсан толамхо а.

ДоьзткъалгIачу шерийн поэзи кхиаран коьрта аматаш ган таро ю Бисултанов Аптин поэзехь. Халкъан геннара дуьйна истори а, таханлераниг цхьаьнадолуш, цхьаьнадузуш, халкъан историн меттиг билгалъяккха гIерташ, къоман яхьйолу кIентий, церан хьуьнарш шен стихашкахь юхадендеш, къахьоьгу Аптис. Цо шен поэзехь коьрта тидам тIебохуьйту халкъан эшаран мукъамашна, туьйранийн, назманийн васташна. Аптин поэзехь меттан хазалла, мукъам, исбаьхьа басарш а дукха ду.

«Тхох (доьзткъалгIачу шерашкахь литературина юкъадеанчу чкъурах) дош хIун ду а хиъна, дешан ницкъ а бевзина, цу даша тIехь кхоччуш болх бан волавелларг уггар хьалха Апти ву, – яздо халкъан яздархочо Бексултанов Мусас. – Бисултанов Аптин поэзин лехамаш бIаьрсица боьзна хилар къаьста – гушдолчух, юха цунах – поэто кхуллуш долу кхин гушдерг а долуш. Аптис гойту, хаздо, цхьаннах кхин туьдарг а дуцуш. Иза аттачу маттаца а до, дош дашца дIанисдеш, дешан декар коьрта а долуш, жиргIан тата кхечу татанах схьакъаьсташ ма-хиллара.

Цуьнан цхьайолчу стихийн мукъамаш Мамакаев Iаьрбичух тера хста суна – ритм а, стихан кеп а. Аптин поэзехь гуш кхин а ду: дуьненан поэзи цунна кхоччуш евзаш хилар, шен кхолларалехь цо царах эцна болу дика пайда а, нохчийн меттан таронаш керлачу мукъамашка йохуш. Цо хазаллин сибат оьхьу, дешнаш легорехь керл-керла васташ а кхуллуш».

Бисултанов Апти вина 1959-чу шеран сентябрь беттан 1 дийнахь Хьалха-Мартан кIоштан СоIди-КIотарахь. Ша схьаваьллачу юьртах – СоIди-КIотарх – дуккха а стихаш ю Аптин.

Сан Даймохк бац хьуна абата тIера,
Виначу юьртара болалац и…..

Дуьххьара Даймохк сица хаабала, цуьнан хазалла, марзо, ша цунах вовзуш хилар хаадала долало поэтана шен юьртара дуьйна схьа.

Махкана а вевзаш, похIма долуш поэт хьох муха хилира аьлла, шега хаттар дича, Аптис иштта жоп делира:

«Тхан юрт жима, ламан юрт ю, гондIа исбаьхьа Iалам долуш, цу Iаламах, дуьненах ойланаш ян аьтто беш. Со бер долуш, тхан кхин самукъдаларш дацара, юьртахь токан серло яцара, телевизор а, хIинцалера телефонаш, интернет юьйцур а яц. ГондIарчу Iаламах даккхийдедора тхо: лекхачу лаьмнех, шийлачу шовданех, юькъачу хьаннех. Оцу хазаллех йолу ойланаш цхьанхьа яхьа езара. ТIаккха книгаш еша марзделира, цаьрца ойланаш йоькъура. Ойланаша кхуллура суьрташ, и суьрташ могIанашка доьрзура. Иштта кхиъначух, поэт ца хилла, кхин мила хир вара?»

КIотарахь ахархо дIавуьжу хан
Декъалъян, дуьненан меха
Цхьа илли, цхьа илли дахар ду сан.
ДоттагI, со цунна веха…

XX бIешеран 80-чу шерашкахь нохчийн литературе баьхкинчу поэтийн тобанах ву Апти.

Яздан волавелла ша университетехь доьшуш волуш. Цуьнан хьалхара стихаш зорбане йийлина «Орга» альманахехь. Поэзиезархоша, литературин критикаша лаккхара мах хадош тIеийцира Бисултанов Аптин «Нох, цIе, чоь», «Цхьа илли», «Ткъесан IиндагI» цIерш йолу стихийн гуларш.

Аптис белхаш дина юьртарчу школехь нохчийн меттан хьехархо волуш а, книгийн издательствехь, «СтелаIад» журналехь редактор волуш а.

Халкъана дезаш а, девзаш а ду Бисултанов Аптин байташ тIехь даьхна иллеш («Гой шуна, доттагIий…», «Нохчийчоь, хьо яцахьара, со мича гIур вара…», «Ас хьан чIабанех гIайгIа юцур ю…»).

Доккха похIма а, йозанан шатайпана хатI а долуш поэт ву Бисултанов Апти. Тешна хила мегар ду нохчийн поэзехь шен тIаьххьара дош цо аьлла цахиларх а, литературехь керлачу лакхенашка иза кхочург хиларх а.

## ДЕГIАСТА

ДегIаста… ДегIаста…
Азаллехь дуьйна хьо
ХIаллакьян гIертачу
Къизачу ницкъана
Юьхь-дуьхьал лаьтташ,
Баккъашца хьан лаьмнийн
Оганаш нисдеш,
Турпала баьхначу
Хьан кIентийн дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
Эвхьана безарийн
БIаьра ца хьовсалуш,
Шовданийн бIаьра уьш
Хьийсарна, цIанлуш,
Кийра цIийх оьхучохь
Са сирла латто
Хьуна ницкъ беллачу
ЙоIарийн дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
Доллучу дахарехь
Оьзда юкъ йихкина,
Набаран кхоьлаха
Хьуна сагатдеш,
Шайн берийн вонехь а
СадаIар доцуш,
Хьуна хехь лаьттинчу
Къонахийн дуьхьа…

ДегӀаста… ДегӀаста…
Нуьцкъала хьох даьхна,
Дуьнен чохь даржийна,
Хьан лаьттахь кошан барз
Хиллачех хьоьгуш,
Бартхаттар дицделла,
Хьо Деле йоьхуш,
Эхарта дирзинчу
Хьан берийн дуьхьа…

ДегӀаста… ДегӀаста…
Азаллехь Дала Ша
Вайн дуьне кхоьллича,
Стигланаш, латтанаш
ХӀиттийна ваьлча,
Дуьненан Ӏаламаш
Нисдина, латто
Диначу лекхачу
Хьан лаьмнийн дуьхьа…

ДегӀаста… ДегӀаста…
Маьршачу буьйсанан
Ламанан и тархаш
Назманийн мукъамехь
Ойлане техкаш,
Экхано шен кӀорни
Йохъечу хенахь,
Хьан гӀенаш хьоьстучу
Тийналлин дуьхьа…

ДегӀаста… ДегӀаста…
Делан Шен пурбанца
Малхо де доладеш,
Адамийн, акхаройн
ГӀаннабарш хадош,
Хьан бердийн Ӏаннашкахь

Шахьаршкахь бижина
Бода дIатоттучу
Серлонан дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
Лулахо резаван
ГIиллакхаш леладеш,
Хьаша-да резаван
ЦIе кхерчахь латтош,
Дела Ша резаван
Iамалаш лелош,
Хьан беркат лардинчу
ХIусамийн дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
Зингатан дахар а
Мехала лерина,
Экханан бакъо а
Тидаме эцна,
Маршонца нисдина,
Нийсонца дустуш
Тхан дайша кхоьллинчу
ГIиллакхийн дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
МостагIчо кху льттахь
Даха ца дитича,
Мархашлахь даьхна а,
Са маьрша латто,
ТIулгаш тIехь даьхна а,
Дог кура латто
Йиначу лекхачу
Хьан бIаьвнийн дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
Дела цхьаъ виначийн

Ламазаш дебадан,
Элча бакъ виначийн
Ойланаш кхаба,
Хьан лаьмнаш
Сирлачу жамIате кхайкха
Диначу дуьххьарчу
Маьждиган дуьхьа…

ДегIаста… ДегIаста…
Вала да воцуш,
Хьо бIарзъелла хьийзачу,
Хьан кIентий оьгучу
Доьхначу дийнахь,
Шайн берийн хьарамчу
Рицкъанех къехкаш,
Тхан наной хьан къина
Боьлхучу дийнахь
Дала ларийойла хьо,
Тхан Нана-ДегIаста!

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муьлхачу маьIнехь далийна поэто «ДегIаста» дош?
2. Муьлхачу кепехь язйина ю стихотворени?
3. Поэто муьлхачу дешнашца билгалйоху кIентийн амалш? Мехкарийн васт муха гайтина?
4. Лаьмнех лаьцна муха аьлла, нохчийн къоман гIиллакхаш муха дуьйцу стихотворенехь?
5. Историехь вайн къомо лайначу муьлхачу бохамех лаьцна дуьйцу поэто?
6. Нохчийн къоман сийлахь хьаьркаш муха юкъаялайо поэто, церан йозалла билгалйоккхуш?
7. МаьIна де дешнийн *шайн берийн хьарамчу рицкъанех къехкаш…*
8. Стихотворенехь шайна уггар чIогIа тIеIаткъам бина могIанаш даладе, маьIница даста уьш. ХIун дог-ойла кхуллу стихотворенино?
9. Дагахь Iамае стихотворенеш.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Дехаран кепехь язйина муьлха стихаш евза шуна нохчийн поэзехь?
2. Синтаксически хIун башхаллаш йолуш бу стихотворенин аламаш?

3. Билгалъяха стихотворенин нохчийн къоман поэзица йолу исбаьхьаллин з1енаш, авторо пайда эцна исбаьхьаллин г1ирсаш.

**ГIиллакх-оьзданаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Нохчийн къоман дуьненан хьежамийн башхалла муха гойту хIокху дешнашкахь? МаьIна даста церан.

> …Доллучу дахарехь оьзда юкъ йиххина,
> Зингатан дахар а мехала лерина…;
> …Экханан бакъо а тидаме эцна… .

2. Нохчийн къоман синмехаллех коьртачех цхьаъ маршо хилар билгалдаккха хIун васт карадо поэтана?

**Вайн къамел кхиадо**

1. МаьIна даста *хьуна хехь лаьттинчу къонахийн дуьхьа…* дешнийн.
2. Муха кхета шу *…баккъашца хьан лаьмнийн оганаш нисдеш…* бохучух?

**Проект**

«Нохчийчоь – дай баьхна латта» темина доклад кечъе

***

Шийла чилла йижна лайца
Кху кIотарийн кIошта тIе.
Вало, доттагI, дIагIо вайша,
Тахна яккха къоршкъали.

Берийн тоба вовшахтоьхна,
Мацах ваьш ма-леллара,
Доггах тешаш, корта тоьхна,
Еха догIа-библла.

Лур юй, яций-м маьIне даций,
Тешар ма ду коьртаниг.
ДIавигахь со, куьг а лаций,
Хи дуттуьйтуш коьрта тIе.

Тиша баргал тIе а оллий,
ХIора уьйтIа хIоттавеш,

Гонах аьрха тоба кхоллий,
Берийн ловзар хIоттадеш.

ДIавигахь со, карладоккхуш
Йиш йоцуш дерг доьза дан,
Херъеш, дагна генайоккхуш
Кху дахаран къоьжалла…

Урамашкахь варраш хоьхкуш,
Кхиъна аьрха ламаро –
Денна керла къайле йоьллуш,
Со дахаро Iамаво.

Нийсо еза, бакъдерг довза,
Ткъа наггахь, ша кIадделча,
Дагна лаьа ирсах ловза,
Сатийсарехь хьагдала…

Иштта къоьжа Iалам дайча,
Сан сахьийза кIоршаме.
Вало, доттагI, дIагIо вайша
Тахна яккха къоршкъали.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Стихотворенин юьххьехь авторан тидам тIебахнарг шеран муьлха мур бу?

2. Нохчийн къоман муьлха Iадат кхочушдан кхойкху лирикин турпалхочо? Къоршкъалин Iадат девзий шуна? Дийца цунах шайна хуург. Муьлхачу шеран муьрехь йоккхуш хилла къоршкъали?

3. Iаьнан чиллехь хIунда хьехайо поэто аьхка йоккхуш йолу къоршкъали? Муха кхета шу дешнех:

Шийла чилла йижна лайца
Кху кIотарийн кIошта тIе.
Вало, доттагI, дIагIо вайша,
Тахна яккха къоршкъали.

4. Лирикин турпалхочун муьлха сатийсам билгалболу дешнашкахь:

ДIавигахь со, карладоккхуш
Йиш йоцуш дерг доьза дан,
Херъеш, дагна генайоккхуш
Кху дахаран къоьжалла…

5. Бераллин муьлха васташ даладо поэто шен стихотворенехь?

6. Дагахь Іамае стихотворени.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу стихкхолларан кепехь язйина ю стихотворени? Чаккхенехь дешнаш нисдар (рифма) муха ду? ХІун маьІна леладо стихотворенин юьххьехь далочу тІедерзаро?

2. Билгалъяха стихотворенехь йолу эпитеташ.

3. *Дахаран къоьжалла* метафорин маьІна даста…

**ГІиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Нохчийн барта кхолларалліица хІун зІе ю стихотворенин?

2. Шу дехачу меттехь къоршкъали олу Іадат дисний?

**Проект**

«Берахь Іамийнарг тІулга тІе яздина йоза ду» бохучу кицанах муха кхета шу? Реферат язъе оцу темина.

**Вайн къамел кхиадо**

ХІокху дешнийн маьІна де: чилла, кІошта, кІотар, баргал, доьза дан, сатийсар, кІоршаме.

Оцу дешнех пайда а оьцуш, аламаш хІиттабе.

*Мамакаев Мохьмад*

## ПОНДАР

Ахь гIийла ойланаш
Суна тIе туьйсу,
Шийлачу ойлано
Сан дагца къуьйсу.

Ма хьеде, ма дарде
Сан дог ахь, пондар!
Ахь ала, ахь айде,
Дог тодеш илли.

Карзахаяьккхи ахь
Сан кхехка ойла,
Некъаха тилбелла,
ГIаддайна безам…

Хьо, буткъа сан мерза,
Дагна базбелла,
ХIун дайна хьийза хьо,
Стенах шекбаьлла?

Цкъа боьлхуш гIотту хьо,
Цкъа бела хIутту.
Цкъа стигла болу хьо,
Цкъа лаьтта буссу.

Дахначун аз хьо ду,
Хин тулгIеш йоьлху,
УгIу борз хьоьца ю,
Аьрзу а кхойкху.

Стешханиг аьшнашвеш,
Хьестало езарг.

Къийсамехь герз дека
Чов йинчун аьзца.

Стогаллин сий ахь до
Майралла хестош,
КIиллолла аьшнашйо,
НеIалтца кхайкхош.

Тоьур ду, сан мерза
Дахначух белхар,
Ю хьуна вайн керла,
Дог айдеш эшарш.

Ахь ала вайн илли
Керлачу дахарх:
Ирс долчу кхиамех,
Лаьттинчу къийсарх.

Езачун дагахь дерг
Ахь соьга ала,
Цу махан къайле а
Ахь сох ма яккха.

Кхокханан горга бIаьрг
ХIун дайна сецна?
Цу попан сийна гIа
ХIун дуьйцуш леста?

Кхиаве со, мерзаш,
Шовданан декарх,
Хазийта лергана
Дог лесташ гIовгIа.

ХIай, пондар, ас доьху,
Делийта мерзаш,
Хьаналчу белхан да
Хеставе, мерзаш!

Бохамах вай дохуш,
ДоттагIал хестош,
Къийсамца тоьллачун
Халкъан сий айдеш,

Бекалахь, бекалахь,
Бекалахь, мерза!
Къийсамехь вайн толар
Дийцалахь, мерза!

Аз айдеш бекалахь,
Сакъоьруш бела,
Кхин кхерам вайна бац,
Вай паргIатдевлла.

Ткъа нагахь вайн новкъа
Сингаттам гIортахь,
Мерза, хьо тIех говза
Сакъоьруш бека.

Хьуьнаршка халкъ айдеш,
Аз хаздеш гIатта,
Стиглара кху лаьтта
Хьо босса майрра.

*Ахмадов Муса*

## БОЧІА

*(Дийцар)*

Воккха стаг БочІа шен дехачу дахарехь (кхузткъе иттех сов шо дара цуьнан) дуьххьара цомгуш хиллера, метта охьа а вуьжуш. Цундела вовза-везачуьнга хьажа вар ца лерича, больницехь дуьххьара нисвеллера иза.

Ахкаргашкахь сингаттам болчу БочІига лоьро, операци ян еза, аьллера селхана. Воккха стаг цкъа хьалха, сан хІокху дуьненахь яккха йиснарг дукха хан а яц, кхаьрга сайх куьйгаш а ца доьттуьйтуш, Іожаллина къера хилла, дІакІелсоцур ву-кх аьлла, чІагІвелира. Амма делккъехь хилла, шена гергахь, тІаьххьара цуьнан и сацам, де суьйренга лестича, даг чу лелхачу цхьацца шеконаша («Мегара, со тавала…») мелла а гІелбира.

Буьйсанна воккхачу стагана тайп-тайпана гІенаш гира, цунна гергахь вон а, дика а. Вонаш: даьржина хиш, белла нах, цІий. Диканаш: сийна екхна стигал, баьццарчу басахь ежа кІайн говраш. Цундела БочІас и гІенаш, хьалха санна, тида а ца туьдуш, Іадда дитира. Цунна хетарехь, иштта бІостанехьа маьІна дан мега гІенаш гар хІокхуьнан валар иманца цахилийтархьама гонахдевллачу шайтІанийн болх бара. Бакъду, хІокху тІаьххьарчу итт шарахь цкъа а гІенах гина а воцчу ден сурт набарха шена дуьхьалтасаро иза, шен цамгар йицъяйтина, ойланашка ваьккхира. Макх а велла, цхьа хІума, цуьнан юьхьах хаалора, иза хаза хІума доцийла, дагалоьцуш Іийра иза, сатаса серлаяьлчхьана, дуьххьарлера маьлхан зІенарш шен корах чукхетталц. ТІаккха цо: «Дада, хьуна дуьхьалван йиш йолуш-м вац, хьуна, со. ХІун дийр ду аса, сан ницкъ ца кхечи-кх и схьакаро», – элира, метта кІегар а хууш.

Ткъа операци яйтарна тІехь ойла сецира цуьнан. БочІина хаьара, шен дахарехь яккха йиснарг кІезиг хан юйла. ХІетте а цу «бакъ дуьнен чу», цигахь шен да а, шиъ ваша а, кхин дуккха а бевза-безарш боллушехь, дІаваха-м ца лаьара цунна.

Екхна бІаьстенан стигал гича, цунна дагайогІура шен кертара заза доккху Іежийн, кхорийн беш. Царна тІехь Іуналла дан ма оьшура и. ЧІогІа дІавоьллера БочІа оцу бешах. Цунна наггахь хеталора, дитташ

а, адамаш санна, чохь садолуш ду аьлла. Цу тIе, нагахь цунна-м оцу дитташна ша шен юьртахошначул а дукхаха оьшуш санна а хетара.

Цул сов, дуьххьара ло тесначу дийнахь, белшах топ а оьллина, хьуьнхахула, кIадваллалц, экханна талла ваха араваьлча, мел хаза хуьлу…

Ткъа догIа догIучу я дарц долчу буса, кхехкаш кхоьш я жижиг долуш, шен оза меженаш цIар тIехь йох а еш, къамелаш дечу Секимате (БочIин зуда яра иза) ладоьгIуш Iаш?..

И тайпа хазахетар, хIара юх-юха а лан кийча волу, кхо шайга сатуьйсу хIуманаш дуккха а дара БочIин дахарехь. Цундела Iуьйранна кIайн халат а юьйхина, даим а ма-хиллара, цхьана хIуманан ойла еш волу лор – ткъе итт сов шо долу Хьаид – шен палати чу веача, цо дIахаийтира, ша операци яйта резахилар.

ТIаккха дукха хан ялале, цхьана кхоьлинчу дийнахь, БочIина операци йира, стоьла тIе вахвеш охьа а виллина.

ХIара, меттавеача, маьнги тIехь Iуьллура, ткъа стигал кхо синкхетамехь воцуш яьккхинчу юкъана, цкъа а марха ца гича санна, цIанъяла кхиънера.

Лоьро а, медйижарша а тIехь хаза-дика Iуналла а деш, сихха товала вуьйлира БочIа. «ХIокху лоьро дахдин-кх сан дахар. Дала мукъ лахь, цунна цхьа дика дийр ду-кх аса, вала ца леш висахь», – бохуш, ойла йора БочIас кест-кеста.

И шен ойла дахарехь кхочушъярхьама, воккха стаг юх-юха а къамеле вуьйлура шен лоьраца. Цул сов, БочIас цкъа Секимате цIера дакъийна уьстагIан жижиг а даийтира цунна. Иза, БочIина хетарехь, уггар дика совгIат, лоьро, цкъа хьалха чIогIа дуьхьал а ваьлла, юха дархочунна халахетийта а ца лиъна, халла дIаийцира. ДIаэцнехь а, лоьро йинчу дуьхьалонах БочIина хиира, жижиг цунна кхин башха оьшуш цахилар.

ХIетте а, хьайна дика диначунна дуьхьал дика дан а, вонна дуьхьал вон дан а ницкъболуш ца хилча, дош ма дац бохучу кхетамо денна а садуура БочIин.

Эххар а воккхачу стагана хаа-м хиира, Хьаидна оьшург хIун ю. Иза чен цIока хиллера.

Цхьана дийнахь, меллаша, Iасан тIе а теIаш, больницин паркехула хIара волавелла лелаш, кхунна хезира лоьро шен накъостаца деш долу къамел.

Цо бохура:

– Ткъе итт туьма лур дара-кх аса чен цIоканах.

– Ойн, хIун дан воллу хьо цунах, оццул боккха мах а белла, эца а эцна?

– Цхьа цIа кечдеш ву со ширачу куьцехь, цу чу таса езара суна.

Нийсса ши шо хьалха БочIина Хьаид вевзинехь, цо цунна лур яра шен чен цIока. Оцу цIоканан да цо шина дийнахь вийра. Хьалхарчу дийнахь, топ а тоьхна, иза коьллаш юккъехь къайлаяьлча, кхин цунна тIаьхьаваха ца хIуттуш, цIа вахара. ШолгIачу дийнахь, шеца накъост а валош, юха а веана, оцу меттехула толлуш лелаш, БочIа юха а тIеIоттавелира ша тIом бинчу чена. Иза, чов хилла, багах цIий а оьхуш, и цIий юха кога тIера маттаца хьала а дууш, йоьжна Iуьллура. БочIас шозза топ туьйхира цунна, тоьхна ваьллачул тIаьхьа чIогIа дохко а волуш. Чено, ша леш, хьаькхна гIийла, дог лозуьйту мохь БочIина хIинца а биц ца беллера.

Цунна тIера яьккхина цIока яра БочIин чохь кхозуш. Иза цо гIалара шайн юьрта веанчу баьшна корта а, гатанан хеча а йолчу жимчу стагана елира.

Иза ткъе шиъ шо хир долуш жима къонах вара, даим а шеца лелош суьрташ дохку гIирсаш а болуш. Цо схьадийцарехь, кхеран юьрта суьрташ дахка а, «дохновени» боху цхьа хIума яхьа а веанера иза. И хIума кхузарчу баккхийчу нахана цкъа а гина а яцара, цундела кхузткъе пхийтта шо хир долчу Къарибата ала а элира гIаларчу хьеше:

– КIант, со хIума хаъал хилчахьана, хIокху юьртахь Iийна а ю, хIетте а суна и ахьа юьйцу «дохновени» боху хIума гина а я юьйцу хезна а яц хьуна. Эрна кхузахь къа а ца хьоьгуш, кхечу юьртахь хIунда ца хьожу хьо?

ГIалара веанчу хьешо, вела а къежаш:

– Суна карор ю, хьуна, и-м, – аьлла, тесна дитира шена дина хьехар.

БочIас и кIант ша волчу Iен чукхайкхира, цо арахь баннаш чохь буьйсанаш йоху аьлла а хезна. Цундела цуьнан хIора суьйранна къамел дан стаг хуьлура.

– И кIозарш охьа а хецна, вайн гIиллакхаш а диццдина лела хIинцалера кегий нах. Баккхий нах ца лору. Ткъа аса даим а, кхин тIе а ца болуьйтуш, хьоккхий дIабошуьйту сайн корта…

БочIина чIогIа хазахийтира гIалара веънучу хьешо шен корта, дайн гIиллакхаш лоруш, дIабашийтар. Бакъдерг дийцича, Алмохьмада (иштта ю аьллера цо БочIига шен цIе) цхьа а гIиллакх дага а деана ца динера и хIума. Корта цо, шен месаш охьаэга йоьлча, кIунзал баларна кхера а велла, дIабашийтинера.

Юьхьанца чIогIа дика кIант хеттехь а, тIаьхь-тIаьхьа БочIина ца деза хIуманаш а гучудуьйлура хьешан амалехь. Уьш, цо шех лаьцна дукха дийцар а («со, суьрташ дехкина ца Iаш, назманаш язъеш а ву», «аса выставкехь хьалхара меттиг яьккхира» и. д. кх. а.), цул сов, и «чIогIа хьекъал долуш» хилар а дара.

Къамел дечу хенахь Алмохьмада дош а ца кхочуьйтура БочIига. Ша мел ала дезарг а, ца аьлча мегарг а – дерриг а Алмохьмада олура. Цул сов, халла шена дош ала аьтто а баьккхина, дукхахьолахь баккхийчу наха деш ма-хиллара, хьехаран кепехь БочIас къамел долийча, кхуьнга «хIаа» бохуш ца Iаш, жима стаг, къамел шен кара а оьций, БочIина дагахь мел хилларг а, цуьнан дагахь цахилларг а дийца волалора. Наггахь БочIа цец а волура, деллахь, тIехьаьжча къона велахь а, сел дукха хуу хIара сол къена-м вац-теша олий.

Шен хьешана, иштта галъевлла амалш цуьнца елахь а, БочIас, мел хала хиллехь а, цо еха ма-йийххи, цIока дIаелира. Хьешо ехнарг ца яла йиш ма яц. Иза БочIина, нанна хьанал хилар санна, деза, кхочушдан дезаш хIума дара.

Алмохьмадна чIогIа хазахийтира, шена и цIока елла, цо иза сихха ги тосучу тIоьрмиг чу а йиллира. ТIаккха цо воккхачу стаге дIахаийтира, ша и волчу кест-кестта вогIург хилар. Дуьххьара вогIуш кхунна масех пачка тоьпан молха а, чаччамаш а, брезентан плащ а, масех метр гена серло туху панар а, кхин дуккха а БочIина юьйцу а ца хезна тамашийна цIерш йолу хIуманаш а яхьаш. БочIа, баккъал а чIогIа, уьш схьакхаьчна евлча санна, эхь хетта, шен воккха хиларе ца хьожуш, жима бер санна, цIий а велла, «хIан-хIа, ца оьшу» бохуш, шабарш деш лаьттара. Цунна даим а, стага шен дош кхочуш ца дан йиш яц, моьттура. Муха мегар ду, и кхочуш ца дан? Дош кхочушцадар БочIина, верзина эвла юккъе валар санна, акха дара. Цундела цунна дага а ца деара, Алмохьмад шайн юьртахь кхин цкъа а гучу а вер вац бохург.

Амма и иштта хилира.

И цIока лур яра БочIас ша товинчу лоьрана, хIинца и елхьара. Елларг елла яьлла. Йоцчунна хIун дийр ду? Ойла йина-а, БочIас сацам бира: товелча, тIаьххьара цхьа экха ден а, цуьнан цIока лоьрана яла а. ХIетахь чено и гIийла мохь хьаькхчахьана, БочIас чIагIо йинера, кхин цхьана а экханна топ ца тоха. Хьуьнха водахь а, иза, иштта дIа белшах топ а тосий, волалой лелара. ХIинца и чIагIо, ша товелча, цкъа йохо сацам бира цо. Амма и хила-м ца хилира.

Цкъа цхьана сарахь БочIина, шен палати чуьрачу накъостаца къамеле ваьлла Iаш, хезира:

– Вайн Хьаидан да а ву кхузахь Iуьллуш.

– Веца? Муьлхачу палати чохь ву иза?

– Терапевтически отделенехь пхуьйтталгIачу палати чохь ву.

И къамел хиллачул тIаьхьа БочIа терапевтически отделене вахара, Хьаидан да схьа а лехна, цуьнца къамеле вала, Хьаид Iаламат чIогIа дика стаг хиларх дийца, цуьнга «Дала маршалла дойла хьуна» ала…

ПхуьйтталгIачу палати чохь аддам а дацара, хIара дIакхаьчча. Сени чохь лаьттачу цхьана жимчу стага:

– Хьуна мила оьшура? – аьлла, хаьттира цуьнга.

– Суна Хьаидан да оьшура.

– Хируурган да вуьйций ахьа? Иза хIинцца схьавогIур ву, шен гIуллакхе вахна и.

Цо и аьлла дукха хан а ялале, халла ши ког а текхош, юьхь, пен санна, кIай а елла, цхьа адам делира гучу. Жимчу стага БочIига, и ву хьуна Хьаидан да, элира. Лекхочу дегIахь, доккха ши лерг а, яьлла маж а йолуш волу и БочIина цкъа цхьанхьа шена гиначух тера хийтира. Бакьду, БочIина и атта вевзар-м вацара, нагахь санна цушиннан бIаьргийн хьажар вовшах ца кхеттехьара. ОхIо-о, и вара БочIас хIокху дехачу шовзткъе итт шарахь лоьхург. Цундела бос баьхьна, хIара дукха цIаьххьана хиларна, ша хIун дийр ду а ца хууш, воьхна хьаьвзира иза. Цуьнан лахара балда а, куьйгаш а дего дуьйлира. Ткъа важа, хIара вевзина, кхунах къаьхкинехь а, я вовзаза, цу чохь цхьа гIуллакх хиллехь а, шен чу схьа а ца вогIуш, луларчу йойтталгIачу палати чу хьаьвзира.

БочIа, коьрта чохь ойланех кегари хилла, дан дезарг сихха къасто шен палата йолчу агIор дIавахара, шеца лаьттина жима стаг цецваьллачохь а вуьтуш.

ХIаъ, и стаг БочIас хIокху шовзткъе итт шарахь лехнарг вара. Цо шен куьйга хIаллак ма винера БочIин да а, цуьнан воккхахволу ши ваша а. Иза иштта хиллера.

БочIина тахана гина стаг (Барзанакъ яра цуьнан цIе) Варш-Юьртахь тIебаьхкинчу нахах вара. Ша жима стаг волчу хенахь цо БочIин шичин Заманан куьг лаьцнера, цо асар дечу кха тIе а вахана. И бахьанехь БочIин воккхахволчу шина вашас – Баудиссий, Iаднаний – Барзанакъ схьа а лаьцна, цунна тIера хеча яьккхинера. И довдацар юккъебевллачу баккхийчу наха, там-текъам бина, дIадерзийра.

Амма Барзанакъина дицделла ца хиллера и хIума. Цо сацам бина хиллера, Овтархин доьзална «бекхам» бан. И цо кхочушдира.

Шуьйта-гIаларчу цхьана хьаькамна етт а, пхийтта гирда ялта а луш барт а бина («Iедална дуьхьал болу обаргаш кхобуш бу»), харц цIе кхуллуш, Овтарха а, цуьнан ши кIант Бауди а, Iаднан а лацийтира Барзанакъа.

Шаьш кхоьллинарг дерриг а бакъхилар (тIулг – хи хилар) Барзанакъа а, цуьнан накъосташа а суьдехь, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттийна, чIагIдира. Иштта оцу лацарх кхин цIа ца воьрзуш, тIепаза вайра БочIин дай, ши ваший.

БочIин хIетахь пхуьйтталгIа шо дара. Цо хIетахь чIагIо йира, шен ден лаам, хIуъа хилахь а, кхочушбан – Барзанакъера чIир эца. Амма Барзанакъ, ша и бохам биначул тIаьхьа ахшо а далале, Варш-Юьртара дIавахара. ХIетахь дуьйна БочIина, мел лехарх, кара а ца вира иза. Иттех шо даьлча цхьаболчара дуьйцура, иза, цо лелийна харцонаш бахьанехь, лаьцна бохуш. Амма и билггал чувоьллина мичахь ву, хууш стагга а вацара. Ткъа хIинца…

ХIаъ, хIинца къена-къанвеллачу, цамгарша дегI лаьцначу, меженаш малъеллачу дийнахь карийра БочIина шен мостагI. Маржа, нийсса итт шо хьалха хилла делара хIара. БочIига-м хIинца экханна а топ ма ца тохало.

«ХIан-хIа, къонах хила веза, хьайна дика диначунна дика дан а деза, вон диначунна – вон… Иза вала воллуш ву… Хилча хIун ду? Могуш воцуш ма вара Дада а, цо лоцуьйтуш. Цо-м кхо стаг вийний. Царна дуьхьал муха гIур ву, церан чIир ца оьцуш? Ткъа хIара лор цуьнан кIант хили. Цо ма ваькхина со лечуьра кIелхьара. Веза Дела, хIара иштта хIунда нисдели-техьа? Цхьа гIуда хир ду-кх хIара. Со

Іожаллех кІелхьараваьккхинчун да вен деза-кх сан? И мегар дуй? Мегар ду. Цуьнан кІанта ца дича а, изза кхечу лоьро а дийр дара. Дала ца товича, стаг товала йиш яц. Сан рицкъ тІаьхьахиларна, цамгарх кІелхьарваьккхи-кх со Дала. Ткъа хІокху лоьраша лелораш «бахьанаш» ду. ЧІир эца сза-кх цунах, чІир эца». – Иштта яра БочІин тайп-тайпанчу ойланех коьртанаш.

Амма воккхачу стеган тІаьххьара хиллачу сацамна дуьхьал цуьнан кхетаман кІоргенехь Іуьллуш долу цхьа аз дара. Оцу озо, и стаг вен ца веза, бохура. Ша бохург бакъхилар чІагІдан оцу озан маситта бахьана а дара. БочІа кхоьрура оцу озах, ша ца кхоьру моттийтахь а. Цундела цо иза нуьцкъала шен кхетаман кІоргенехь латтадора, и малхе а даьккхина, цо бохучуьнга ла ца дугІуш. Амма и аз ондда ницкъболуш-м дара.

Суьйранна массаьрца а цхьаьна хІума кхалла вахара БочІа, кхин хІумма а ца хиллачуха. Бакъду, БочІа столови хІума кхалларал дукхах шена урс дан вахара. БочІин шегахь а, я шеца чохь болчу накъосташкахь а ца карийра жимма а пайден долу урс. Ткъа хІокху столови чохь, юьстахо лаьттачу стоьла тІехь, гуттар а бепиг хадош Іуьллу урс ира а, гІеххьачул доккха а дара. БочІас, стенна делахь а, хьалххехь тидам бинера цуьнан.

Столови хІара дІакхаьчча, масех стаг бен ца виснера хІума юуш. Важа дархой, йиъна а бевлла, дІабахнера, схьа ца бахкалуш, юург тІекхехьа дезарш ца лерича. Шен кхачанах мотт дІа а ца тухуш, хаддаза, лакха маьІІехь, стоьла тІехь Іуьллучу уьрсан тидам бора БочІас. ХІара иштта Іаш тергалвира столовехь юург лелочу цхьана зудчо. «ЦІера мерза хІума еана хир ю воккхачу стагана, цундела кхача ца боу», – ойла йира цо. Ткъа БочІас, иза шега хьоьжийла а хиъна, шена ца еззашехь, жимма кисель мелира.

Эххар а, массо дІа а вахна, ша висира БочІа. Столовин белхало дІайоьрзу тергал а йина, тІе а вахна, меллаша урс схьаийцира цо. Амма урс шен пхьуьйша чу хьалалачкъийна валале, гучувелира. ГІеххьа воьхна а висна, сихха стоьла тІе, шен метта, охьадиллира БочІас урс. Амма и юург схьалушъерг дика эсала зуда хиллера. Цо:

– Воккха стаг, и урс, хьайна эшахь, хьо, кхана схьадахьар ахьа, – элира. Цул тІаьхьа иштта ойла йира цо: «ЦІера шена деана жижиг я кхин цхьа хІума хадо воллу хир ву».

Ткъа БочIа, кхин вист а ца хуьлуш, сихха урс схьа а эцна, чувахара.

Чувеача, шен «герз» гIайби буха дIа а диллина, метта а вайлла, дIатийра БочIа.

Тайп-тайпанчу ойланаша корта сийсабора воккхачу стеган.

Шен дехачу дахарехь иштта хала киртиг БочIина, цунна дага а догIуш, масехазза бен, тIекхаьчна а яцара.

«Вонна дуьхьал вон дан деза. Аса и дан деза», – иштта яра БочIин коьртехь йолчу ойланех уггар нуьцкъалниг.

Цунна бIостанехьа а, цунна мелла а дуьхьал а, кхитайпа ойланаш а яра воккхачу стеган. Амма уьш оцу нуьцкъалчу ойлано, дистинчу хе такхийна хьо бежана, адам, экха, чалх санна, цара ен дуьхьало, оцу хе хIаллакьхуьлучу чохь садолчу хIуманаша йийриг санна, атта эшош, шен новкъа дIахьора.

БочIа иштта ойланаш еш Iаш, итт сахьт а делира, цомгуш нах дIа а тийра. Эххар а воккхачу стагана цуьнан лаамаза набаран тар тесира. Цунна иштта гIан гира.

Iаьн тIехь ду иза. Арахь диллина доккха ло а, хьоькхуш шийла мох а бу. Амма кхеран чохь йовха ю. Паднара тIехь, баьрччехь, хиъна Iа кхеран да Овтарха. Воккхахволу ши ваша а ву цхьана хIуманах лаьцна къамел деш. БочIин нана хьолтIамаш еш йоллу.

Ткъа оцу хенахь цIийнан неI кагло (цуьнца цхьаьна чухьокху шийла дарц, кхерчара цIе а гIелъеш). ТIаккха БочIий, жимахйолу йиша Непий, кхеран наний цхьана лаьмнаш юккъехь Iуьллучу есачу арахь хуьлу. КогашIуьйра бу хIорш массо а. БочIа, когаш шеллуш, велха ца велха, халла садетташ лаьтта. Карахь чоьлпа а долуш ю БочIин нана.

Геннахь, и аре чекхйоллучохь, бодашкара гучудолу кхеран цIа. Кхехкийна жижиг чохь долу бога а, галнаш чохь кхехка яй а ара а боккхий, лай тIе охьахIоттабо Барзанакъа. ТIаккха цо, тIехьара тIе дечиг гIортош, дIакъовлу хIокхеран цIийнан неI. ЦIаьххьана цхьа аз а хезий, ирххьожу БочIа. Кхоьлина стигал, лаьмнаш ду, мархийн, дахкаран йозалла ца лалуш, букар а сеттина, лаьтташ. Юха а аз хеза БочIина. Иза хьенан ду? Кхуьнан ден аз дац иза? Ду, кхуьнга кхойкхуш. Геннахь го кхеран цIа даго гIожа буьххье хьарчийначу бехчалгах латийна цIе а оьций, дIаволало Барзанакъ. Оцу цIаро сер-

ладаьккхинчу корехь гучуйовлу Овтархин, Баудин, Іаднанан яххьаш. Уьш корах арабовла гІерта, амма бовла ца ло: кор дукха готта ду. Ткъа Барзанакъ тІекхочу цІенна, карахь цІе а йолуш.

Эццахь БочІа, ша ма-ваддало дІавада гІурту шайн цІа долчу агІор. Амма ши ког дІалаьцча санна, ша волччохь, мохь а болуш, вуьсу и…

Эццахь, мелачу хьацарх верриг ваша а вешна, гинарг гІенах хиларна, чІогІа воккха а веш, самавелира БочІа.

Амма цуьнан воккхавер сихха дайра, гІайбин кІелахь Іуьллу урс а, иза даран бахьана а шена дага ма-деъанехь. «Хирг дІа хир ду-кх. Дала къилахь ма лорийла хьо. Сайн ден чІир ца эцча волий со?..» – маьнги тІера лаьтта воьссира БочІа.

Оццу хенахь корах чукхеттачу беттасин серлоно къагийра чоь. ГІийла, гІовгІа еш, лестара палатин коран хьалхара лекхачу таьллийн гІаш.

Шен гІайбин бухара урс пхьуьйша чу хьала а лаьцна, меллаша неІ а цІовзош, сени чу велира БочІа. Массо а стаг дІатийнера. Буьйсанна кхо сахьт даьлла хан яра.

Хорша еача санна, сихха хирургически отделенехула чекх а ваьлла, лаха маьІІехь йолу цхьа неІ схьайиллира цо. Кхузахь а аддам а вацара. Цхьанаэшшарехь цомгушчу наха доху синош а, юкъа-кара цара туху йовхарш а ца лерича, цхьаммо а йоха ца йора тийналла. Зевне тийналла.

Кху сени чохь яга езачу дийнан серло лучу еа лампанах йогург цхьаъ бен яцара. Цундела гІеххьачул сов кхоьлина яра сени чохь. «Дукха сирла ца хилча, дикахо ду», – и ойла хилира БочІин.

Къу санна, тебна, гІовгІа ца ян гІерташ, воьду БочІа эххар а дІакхечира пхуьйтталгІачу палатин неІаре. Ах тІех оьккхуьйтуш басар хьаькхначу ангалин неІарх хьала а айавелла, когийн баххьаш тІе а хІоьттина, чухьаьжира иза.

Барзанакъ кора хьалха лаьттачу маьнги тІехь Іуьллура, кест-кеста кІажъоьхуш, йовхарш а еш. Цуьнан можа, худаелла юьхь серлаяьккхинера корах чукхеттачу беттасино.

«ХІинца, неІ схьа а йиллина, чуэккха веза», – ойла йира БочІас.

Амма цо и кхочуш-м ца дира. Цунна бехке БочІас нуьцкъала шен кхетаман кІоргенехь латтош долу цхьа аз дара. ХІетте а воккхачу стагана хаа-м ца хаьара иза.

«Иза цхьана агIор дIавирзичхьана, чоьхьавер ву со», – ша хьем бар ойланехь кIелхьардаьккхира цо.

Амма и бахьана дIаделира сихха: БочIа шолгIа корах чухьаьжча, Барзанакъ агIор а вирзина Iуьллура. Схьадала гIерташ санна, детталора дог.

«Лелий вала!» – бохура цуьнга кхетаман лакхарчу тIегIанахь йолчу ойлано.

Амма кхетаман уггар а кIоргенехь долчу озо къаьсташ хIумма а ца бохура, хIетте а и нуьцкъала дара чIирс кхойкхучу ойланал. Цундела иза хIинца а сацавелира. Цу тIе, оцу сохьтехь йойтталгIачу палати чуьра цхьа дархо, меллаша неI а йиллина, сени чу велира. БочIа, ша ца гайта, неIарал совбаьллачу пенна тIехьа лечкъира. И дархо, кхин хIара волчу агIор схьа а ца хьожуш, дIа а вирзина, шен гIуллакхе вахара.

«ХIара къайлаваьлча, дийр ду аса иза». Амма и къайлаваьлча а, хIумма а ца хилира. Юха а кIелхьарвала бахьана карийра БочIина: «Иза юха чу а вахийтина…»

Дархо юха а вирзира, шен чу а вахна, маьнга а цIовзош, охьа а вижира. БочIа-м Iадда лаьттара. ХIинца цхьа а бахьана дацара цунна карош, ша и сихха кхочуш ца деш хьембар кIелхьардаккха. Меттаххьовш адам а дацара. Барзанакъ букъ берзийна Iуьллура, БочIин карахь урс а дара… ХIун оьшура кхин, шен ден, шина вешин чIир эца дезачунна?

БочIас, халла цхьа ког а баьккхина, пхуьйтталгIачу палатин неI жимма дIайиллира. Амма цул тIаьхьа, кхехкаш лаьттачу яй тIера негIар схьаэцча цу чуьра гIуьттучу Iаьнаро дагийча санна, неIаран тIам лаьцна куьг сихха схьадаьккхира цо. Оцу юкъана иза корах чукхеттачу беттасин серло ган а кхиира. (Ткъа сени ах бодашкахь яра).

«Муха хета хьуна, воккха стаг, са-м ца гатдо ахьа? Кестта ира а хIуттур ву. Вала-м кхуьур ву хьо, валар ма хьехаделахь. Цкъа собар дел, синпхене хьажа вайша?» – кхунна юххе охьалахло кIайн духар дуьйхина стаг.

Корах чукхеттачу малхо серлаяьккхина палата. Дог-ойла а серлаяьккхина лоьран дешнаша.

«Баркалла хьуна, Хьаид».

...Шен кога тIера цIий хьала а дууш, хиъна Iа ча. Цуьнан бIаьргех хин тIадамаш оьху. ГIийлла «гIам-гIим» до цо. «Горров» – евли тоьпаш...

Цхьана секундехь и ши сурт чекхъиккхира БочIин кхетамехула.

Ша неIар тIера, муха волу а ца хууш, цхьа ког юхакIегарваьлча, БочIа кхийтира, шега иза цкъаллиг цкъа а далург цахиларх.

ТIаккха цо, йоккха гIовгIа а йоккхуш, охьакхоьссира шен карара урс. Цуьнан бIаьргех даккхий хин тIадамаш девлира, хIара больница а, дерриг наб кхетта Iалам а, дуьне а самадоккхуш мохь тоха дог хилира цуьнан. Халахетар, оьгIазалла, доглазар, кхин дуккха а адамо цIерш тахказа болу синхаамаш чохь болуш хир бара и мохь. Амма кхетаман кIоргенехь долчу оцу цхьана озо сацийра иза, дуьнене ца болуьйтуш.

Ткъа БочIа, ша лелориг къасталуш а воцуш, хьалхарчу этажа тIе охьа а воьссина, хиъна Iашшехь набарна тар озийначу тIехь кIайн халат йолчу зудчунна уллохула, неIарна тоьхна догIа юха а хьовзош, больницан кетIа велира.

Стигала кхевдда, бIаьстенан мелачу махо къона гIаш лестош, лаьтта таьллаш. Церан деха IиндагIаш Iохку кетIахь. Беттасин серло литтало цIеначу хIаваэхь, таьллин генашлахь, гIашлахь. Органан гIовгIа хеза.

Ткъа БочIа-м, больницан кех а ваьлла, Варш-Юрт йолчу агIор дIавоьдура, хецца, бер санна, «гIаггIанехь» велха а воьлхуш. Цо наг-наггахь, велхарна юккъехула, БочIа ша а воцуш, кхин стаг волуш санна, чIоггIа олура:

– Хьайх чекх са гайти ахьа а, БочIа. Дера ца хилла хьо а къонах. Хьайна динчу вонна дуьхьал вон а ца дадели хьоьга...

Амма БочIин кхетаман кIоргенехь долчу озо-м и ца бохура, цо кхин бохура.

***Гацаев СаьІид***

## ЧУРТ

*(Шира легенда)*

Хьаьвзина, букъ тоьхна ша винчу махке,
Вахара ирс леха, леха кхин аьхке,
Кхечира Стамбуле, Иран а евзи,
Ираке, Египте цхьатерра хьаьвзи.

Амма, ирс ца карош Нилан цу йистехь,
Хийла а тІехтили гІамаре бІаьсте,
Винчу шен агІонгахь оццул и шеме[1] –
Генарчу мехкан хи дацара чоме.

Сийначу шен мехкан шовданан метта,
Кхузахь ша хи молуш, муж молуш хета,
Іоврех дІалиттаза, саьрмакаш чохь Іаш. –
Ишта ма яцара шовданийн ковраш?!

Хийла шо дІадаьлла, вирзи шен махка,
Дийзи ткъа къеначун бодане тахка:
Сирла дІалаьттара Нохчийчоь – шеме,
ХІаваъ а хетара мазал а чоме.

Ирсе шаьш доьлура ламанаш генахь –
Бала а бацара яьллачу хенан,
Гонаха ловзаре екара эшарш…
«Ас мичахь дайъи шу, сан сирла шераш!?

Ирсах со ваьллера, ирс лаха аьлла
Кхузара дІавоьдуш, гуш ду и Далла! –
Іаьржа сан корта а сирбелла хІинца,
Ирс лоьхуш леллашехь лар йоцчохь ирсан.

Жималла дІаяьхьна хІетахь ас сайца,
Сайн къена даьІахкаш схьаеа хІинца,

[1] *Шеме* – кхузахь: Дала дика дина, исбаьхьа мохк.

ГIора а кхачийна, кхачийна ницкъ а…
Маржа-яI, ца оьшу генара рицкъа!

Кхузахь хьо, кIеж туьйсуш, кхихкина, дахар,
Сихха со дIаэцар – Iожалле дехар!
Стаг вац со тIетовжа, стаг вац со вевзаш…» –
Лаьттара воккха стаг, бIарзвелла хьийзаш.

Эццахь дIахьаьжначохь некъан йист кхолуш,
Чурт гира, цхьанна-ма хIоттийна лоруш.
Чурт гира… цунна тIехь, теллича меллаш,
Шен цIе а йийшира, малх хиларх шеллуш.

Махко воI ларарна, вайначун къинна,
ДоьгIна и хиллера мацах цкъа кхунна…
ГIийла, шен ницкъ боцуш кхин дIа гIулч яккха,
Вилхира воккха стаг, гор воьжна, тIаккха:

«Сан мохк… Сайн сонталло со бале леци!
Ас хаза жималла къаналлех хийци,
Ирс а ас лийхи сайн, гененгахь, тилла,
Амма и, хьоьца бен, каро ца хилла.

Хьо бицбеш ца леларх, хьох ваьлла лийли,
Хийла ас хин метта сайн бIаьрхиш мийли,
Хьо дага мел беа, кийрахь дог Iеткъаш,
Хьекъална сайн кхетам хьакъ ма-дду леткъаш…

Юьхь яц сан хьан кийра дIавижа хIинца,
Юьхь яц сан сайна тIе хьан латта эца.
Соьца ахь хьайн гIиллакх лаьцна хиллера,
Амма со, хьох волуш, билггал тиллера».

Бехкала вахана махкана хьалха,
Вирзинарг шен махка кхана дIакхалха
Вахара юха дIа Iожал тIеэца:
«Ирс дацарх сан цигахь, Iожал хир еца».

*Бексултанов Муса*

## ДИКА ДУ ХЬО ВОЛУШ

*(Дийцар)*

Да воккха хуьлуш ву. Цхьацца лазарш а лехьадо. Са а гатдо тхан дуьхьа: цхьаъ хиларна кхоьру хир ву-кх иза. ХIаъ. Дада… Со вехха хьоьжу цуьнга, цо къамел дечу хенахь. Хабар цхьанаэшшара, меллаша корта а лестош, наггахь хьан бIаьра а хьожуш, масалш а далош дуьйцу цо. «Охьахаа эцца, охьахаа, гIант а эций», – олу юкъ-юкъа. Со охьа ца хуу. Суна хаьа, цо сайга баккъал а охьахаа ца бохийла. Цунна со охьахаа ца лаьийла а, хаьа суна. Иштта дIа боху цо иза, дашна юккъехула, вицлой. Суна дага а ца догIу со цунна хьалха хиьна Iийна, я айса цунна хьалха хIума йиъна а. Дена ца дезара и тайпа хIума. Хьо шена хьалха лаьттина, гIелвеллийла хиъча: «Хьада, дIавало, хьайн гIуллакхе хьажа… Дуьйцучух аша пайда оьцур бу аьлла-м ца дуьйцура аса, со ца Iалуш дIалоь-кх, шух нах хилахьара аьлла хеташ», – олу. Со хIета а ара ца волу. Цо юх-юха а олу соьга: «ДIавало, хьайн гIуллакх де, садаIа воллу со. Аса, эшахь, схьакхойкхуьйтур ву хьоьга». Цул тIаьхьа со дIааараволу.

ВорхI-бархI шераш кхаьчна тхо долуш, хIаъ. Цу хенахь дуьйна схьа дуьйцура тхуна дас хабарш, тхо неIар улло хьала а хIиттадой, шен юьхьа тIе гата а хьоьжхуш – хьацар долура цунна. Цкъацкъа, вицлой, чIогIа лоьра тхоьга, шух нах хир дац, хIумма хир яц шух бохуш. Цо тхуна шен да вуьйцура, цуьнан дахар. ТIаккха шен ден да вуьйцура. Иштта берриш а буьйцура цо тхуна, ворхIе да а. «Къа дац тIаккха цу нехан, – олура цо, – шайна вонна ала дош ца дуьтуш чекхбевллачу, цхьа ледара тIаьхье а кхиъна, хIаллакьхилча?.. Ду. Вайн цIе йоккхучу хенахь церан цIерш ма йовлу, хьенехан-минехан кIант олий. Беллачу нехан юьхь лара ма еза. Шен орам бовза ма беза стагана, иза мичара схьабогIу, хаа ма деза. Шен гай, дегI лардича, къонах чекхвер вара, баьхна-кх хIума хуучу наха. Гай а хала ма ду. Комаьршо хила ма еза къонахчуьнца… буй дIабостуш хила ма беза, хецца дIабостуш. Йоллуш чIир а ца хилча, нисдан дезаш дов а ца хилча, такха ца даллал декхар а ца хилча, шуна хIун хала ду нах хила! Комаьршой, гIиллакх шуьца хилчахьана, шу чекхдевлла-кх».

Да гуттар а ву тхоьца иштта: оьгIазе а, хьасене а, дера а, кIеда а. Тхо ца дезаш-м вац иза. Мичара! Тхо тIехдезар ду-кх. Тхоьца хIоранца а шен-шен къамел хуьлу цуьнан, шен-шен догъэцар. ХIоранга вукхунах лоций дуьйцу. «Шуна накъост хила мега цунах. Цхьаццайолу амалш дика ю цуьнан… Хьенехах воккхавеш вац со, дукха сиха вуху иза. Стаг, хIума тIекхачарх, воха ма ца оьшу… Дуьне ма ду хIара, паччахьех диса а дисна. Массо а хIума сецна хила деза-кх, цхьанаметта».

Хьо цхьанхьара цIа вогIуш, кел чоьхьаваьлча, дIога, кертахула, охьавогIуш да го хьуна, хьо гина, вела а воьлуш. «Э-э, марша ва-кха хьо! Хьо цIа вогIуш ма дика ду-кх, – олу цо хьоьга. – Валол, чу гIур ву вайша. Же, зуда, юург кечъел тхойшинна, охашиммо къамелаш дешшехь». Юха хьоьга дас дехха хаттарш до, юх-юха а хоьттуш. Доьшуш ву бохуш тхойша лелачу хенахь (сой, сол воккханиг), гуттар а и тайпа сурт хуьлура тхан цIахь: «Ахьа изгам муха елира, хьоьга хIун хаьттира, ахьа дIа хIун элира, массо а чекхвелирий шух?» – дерриг а хIума хотту дас, меллаша шена хIума а юуш, хьоьга чай а дуттуьйтуш, наггахь «хIаъ-хIаъ» олуш, корта а ластош. ТIаккха: «Э-хI, хIаъ, уьш дика къамелаш дара… Иштта хила а деза, деза-те… Со цкъа дIаараволу, ахьа хьайн садаIа… Кхано хьалаваьллахь со волчу», – олий, араволу. Со тIаьхьа араволу цунна. Цуьнан мачаш хьалаюху аса. Иза генаваллалц лаьтта, тIаьхьа а хьоьжуш, цуьнан букъ а, болар а тергалдеш. Юха чувоьду со. «ЦIа веан хьо… Цу къонахчо-м хIума хатта а ца вуьту… Ирахь латтаво сарралц… Мсца хир ву-кх хьо. ХIун е аса хьуна? Цкъа охьахаий, цигахь ерг кхаллахь, аса жижиг кхорзу хьуна!» – дIасахьийза нана, суна там берг дан гIерташ, хьостуш. Со хьоьжу цуьнга, сихха, каде, хьеший баьхкича санна, карзахе хьийзачу. Иза даим а хьийза тхуна иштта, ша тхан нус йолуш санна. Я оха ойла а ца йо цу хIуманан. Иза иштта хила дезаш санна, дIаIа: «Хьаби, хи дахьа, чай доттахь… корта била хи дох-дехьа», – цхьацца тхайна оьшург а олуш цуьнга, жимчуьнга санна.

Нанас кестта жижиг хIоттадо суна, кхорзий. Бурч йохьу. Чайнан керла басар даккха гIерташ йоллу. Иштта Iачу суна, юха а (цкъа тхаьш кегий долуш), лам чохь сайна да хаавелла Iуьйре дагайогIу. ДагайогIу, цкъа а сайна йиц ца елла, бовха малх кхетта хилла Iуьйре.

Дада бIайшачу говрахь, геннара дуьйна вела а воьлуш, шеца малх, ирс, цхьана диканан лазам бохьуш гучуваьлла сахьт.

Тхойша жима вара. Лам чохь, Кхури бохучу меттехь вара дада, жаца. Цхьана аьхка сой, сол жимахволу ваша Хьасабеккий вара цигахь дадица. Тхан йоккха бун а яра, генабоццуш жIаьлешна доьша дотта баьккхина кIаг а, хьаст а дара уллохь. Жа чулохкуш керт а, я цхьа жоьла тайпа а лам чохь хуьлуш а ца хиллера. Жа бехло, боху, гонаха керт хилча. Цундела ма хуьлу лам чуьра жа шагатIулг санна цIена, цхьа кIайн… Сарахь дада жа йисте вуьжура. Тхойша буьна чохь Iара. ЖIаьлеш а летара. Дадас мохь тухуш а хезара тхойшинна: «Iуй-хIейт, эй-хIей-й», – олий.

Юха, цхьана Iуьйранна ду-кх хьуна. ТIеричу гIур вара ша, шен нана йолчу, боху-кх дас, цуьнгахь хIун хьал ду, хьажа. Сарахь юхакхача хьожур ву ша, элира цо, сан юьхьа тIехь цецвалар гича. Иза дIавахара тхан бIайшачу говрахь, тхойшинга са ма гатде а аьлла.

Жаца гена дIаваха а ца ваьхьаш, тхайн буьна уллохула лийлира тхойша, делкъалтIаьхьа дуьйна некъехьа охьа а хьоьжуш. Тхойша кхоьрура суьйре да а воцуш тIекхачарна.

Дада гучу ца волура. Жа гуттар а улло а гIортийна, цхьаьний охьахиъна, хьалха дада гиначунна кхаъ бу бохуш, Iийра тхойша, Iаржъяла гергаяххалц. Дада вацара. ТIаккха жа дукха сиха меттаматта охьа а лаьхкина, жIаьлешна доьша а дина, юха царна иза дIа а делла, дадига хьежа хиира тхойша кхерамца, вовшашка вистхилла а гIовгIа ца еш – дада вогIуш хазийта.

Дада-м ца веара. ДогIа деара тIаккха, дохк а хьаьдира. Iарж а елира чIогIа. Цхьа а хIума гуш а, я хезаш а дацара уьстагIаша доху нох доцург. Иза а массара ца дохура. Гезарий буьна улло гIертара, догIанах евдда. Тхойша сих-сиха жIаьлешка кхойкхура. Уьш леташ хилча, мелла а майра вара тхойша. ЖIаьлеш дуьхьал ца летара. Со чIогIах кхоьрура. Со воккхах вара. ХIара буьйса ерриг а суна еанера. Суна цхьанна. ТIаккха жа къаьхкира чIогIа, «дар-р-р» аьлла, цхьана агIор а, вукху агIор а, чуьччауьдуш санна.

ЖIаьлеш летира. Жа юха а, юха а къаьхкира. Цхьадерш Iоьхура. Тхойша гуттар а чIогIа кхеравелира тIаккха. Бога бертал охьа а диллина, цу тIе гIаж йиттира охашиммо, юкъ-юкъа цIогIа а тухуш.

Цхьа гІовгІа хилча, борз тІе ца йогІу бохуш, хезнера суна. Жа къеххкачуьра ца соцура. Цу буьна чохь мел йолу резинкин кало а, этка а куьйгаш хьоькхуш схьа а лехна, вовшийн куьйгаш а лаьцна, жІаьлешка а кхойкхуш, жа юккъе дІавахара тхойша. Жа тхойшинна тІеуьдура, Іеха а Іоьхуш. Эткех йоккха цІе латийра охашиммо. Тхайшиннан бога а схьадеара цигга, тІе гІаж етта.

Тхойша сахиллалц Іийра иштта, цІе дІа а ца йойтуш, боги тІе гІаж а етташ. Сахила гергадахча, догІа кІеззиг тийра. Жа а сецира къеххкачуьра. ЖІаьлеш а ца летара.

Сахилира. Дохк дІадоьдуш дара. Іаннашкахь а, кІаьгнашкахь а дисна дохк нийсса стигал ирхъийалуш, лакхадаьлча, махо дІаидош, дІадоьдура. Малх ца кхеттера. ДІахьаьжча гуш, цхьацціанхьа догІа догІура хІинца а.

Жа дерриг ца хиллера меттаматтахь. Къеххкаш, ген-гена дІасаидда лаьттара уьстагІий. Уьш дерриш а схьа вовшах а тоьхна, тхайн тІедачу хІуманашца лаха чу охьавахара тхойша, жа а эцна. Цигахь некъ бара. Дада а цу новкъа ван везара, вогІуш хилча.

Шайн сахиллалц дІасаидда жа, тІе а горгделла, дика дежара. Цхьадолу уьстагІий охьадийшинера. ЖІаьлеш а Іохкура йисттехь. Басехь, аркъал, наггахь некъе а хьожуш, дІа агІорвелира тхойша. Тхойшинна наб кхетта хиллера.

ЖІаьлеш а летта, самаиккхира со. Сан бІаьрса малхо кхолийра. Цу маьлхан серлонна юккъехула дада гира суна, говра тІехь, воьлуш.

Суна, дада воцург, кхин хІумма а ца гора тІаккха. Дош а ца алалуш висира со, дерриг а некхе, легашка, матта буьххье хьала а деана. Боккха, бовха малх бара кхетта.

Вела а воьлуш, говрахь, бухара хьала тІевогІуш дада а вара! Хетара, дерриг а гондІара хІума сецча санна. «Дада-а!» – элира аса, дукха хазахетарна, цунна дуьхьал охьа а хьодуш. «ХІун дин ашшиммо? Шуьша ваха дукха! – тхойша маравоьллира цо, говран тІера охьа а волуш. – Шуьшинна са а ца гатдеш-м ца Іийн, шуна, со… ДогІа а доладелла, дохк а хьаьдда… дІа висир-кх… Шуьшинна ХІатис баийтина Іежаш бу соьгахь… таьлсаш чохь… хІахІ. ДІаэцал, баал…»

Дадас чувахийтира тхойша, говр схьа а елла. Тхойша, вела а воьлуш, Іежаш а бууш, юх-юха а воьлуш, чувахара.

ХIаъ. Иштта дара хьалха. ХIетахь а, цул тIаьхьа, итт-шийтта шо тIаьхьа а иштта дара. ХIинца кхин ду. ХIинца кхин ю юкъаметтигаш а. Цу Iуьйранна санна, малхана юккъехула воьлуш, сан дерриг а са ирсе дIалоцуьйтуш гаре сатуьйсу аса дада хIинца а. Амма гац. ХIун ду-те иза?.. Ца хаьа. ХIинца тхо даккхий хилла. Шераш дIаихна-кх, даккхий хиллехь а, ца хиллехь а. ХIинца тхо дийлало, дада схьагича, меллаша, бехкаца, ларамца. Тхох цхьаъ цхьанхьара цIа веача, дада ца вогIу тхо долчу чу. Иза хьоьжу тхох цхьаъ ша волчу гучуваларе. Хьоьжу, тхо гучу ца довлуш хьеделча, реза а воцуш, схьа хIума ца алахь а. Цхьа сингаттам хетало цуьнгахь, цхьа гIайгIа… Хьалха санна вац-кх. ХIунда?

Со хIоразза а, со цхьанхьара цIа веача, воьду иза волчу. Цуьнга маршалла хатта… Де дика дац. Цунна керла хIуманаш дийца. Со чоьхьаваьлча, паднара тIехь Iаш хуьлу иза, цхьацца мукъам а беш.

– Де дика хуьлда хьан, дада, – олу аса. – Хьо хIун деш ву?..

– Диканца вехийла. Марша вогIийла, хьенех. Хьо цIа веа? – олу цо соьга, цхьана хьеше санна.

– ХIаъ. Веа…

– ХIун лелий ахьа? Могуш лийлин?

– ХIаъ. Кхин хIума доцуш… – ТIаккха дехха къамелаш до охашиммо, цо – схьа а, аса – дIа а. Юха а цхьа сингаттаме хетало иза, цхьа дог ца догIуш санна. Я суна хета иза? Ца хаьа. Я тхо ца хилла-те цунна ма-моттара, цуьнан даггара? Хьанна хуур ду!

Дукха хан ялале нанас, юург а кечйой, соьга дIакхойкху: «ДIахIоттае, хьенех, хьайн дена юург», – олий.

Юха дадас, меллаша, ша дIакхоллу бепиг а, нехча а пIелгашца кагъеш, ойланашка вахча санна, маситтазза Iовшуш, хIума йоу. Сих-сиха шен деса стака схьакховдадо цо, багахь Iуьйшуш хIума а йолуш. Аса пеша тIехь лаьтта довха чай дутту цунна.

«ХIахI, дIаэца пхьегIаш, – олу цо, ша йиъна ваьлча. – Дала ма эшадойла хьо беркат цхьанна а», – олий.

ПхьегIаш дIа а йохий, схьавогIу со юха а. Жимма вист ца хуьлуш лаьтта. Со леррина хьоьжу цуьнга, цуьнан юьхь, бIаьрг, куьйгаш – массо а хIума тергалдеш. Суна иштта хазахета иза, жимма хьалатоьхна кIайн маж а йолуш, балдаш вовшах масазза доху, гуш кIайн

церган а йолуш, гӀайбех букъ а тоьхна, къамел деш Ӏаш, паднаран сонехь.

– ДӀавало. СадаӀа. Некъо гӀелво стаг. Вало, садаӀа, – олу цо.

Цунна тӀе юргӀа а нисдой (хьарччош, когаш къайлабохуш), тӀе куьг тухуш, гӀайба а тобой, меллаша дӀааравolу со, цуьнгахьа букъ ца берзо а гӀуртуш. «Дика ду-кха хьо волуш, – боху аса айса-сайга, – схьаган волуш, хьан Ӏуьйре дика ян, суьйре дика ян, хӀун доккху ахьа, хӀун леладо, са-м ца гатдо… могашалла вон-м яц хьан аьлла, хатта… Хьан къамелашка ладегӀа йиш йолуш… Сайна хазахетарг дийца, халахетарг довзийта, вехха хьан аматашка хьежа… ХӀетахь, цу Ӏуьйранна санна, бовхачу малхана юккъехула, бӀайшачу говрахь, вела а воьлуш, хьо вогӀур вуй хууш ду-кх дика, сох цхьа хӀума Ӏоттаделча, со гӀелвелча, со дахаран чолхалло хьовзийча… Дика ду-кх вай вовшийн гуш… Хьо схьаган волуш ду-кх дика…»

*Гадаев Мохьмад-Салахь*

## РЕГӀАРА ПОП

Наьрт санна, лаьтта и,
стиглане кхийдаш,
Андийн шен орамаш
регӀах дӀатесна.
Хийламмо бӀаьрг тоьхна
генара цуьнга,
Хийла, кӀел лахвелла,
садаӀа сецна.
Шена кӀел лахвелла,
аренс хьаьжча,
Арснан майдане
хьежаво цо.
Арен тӀе ваьлла, ахь
шега бӀаьрг тоьхча,
Шена тӀеийзавеш,
хьийзаво цо.

Гена мел валарх,
гуш лаьтта суна
ЛегIинчу регIара
зоьртала поп.
Даима лерехь ду
цунна тIехь дека
Буьйсанан олхазар –
декъаза чIоб.
Дарц дала кхоьлина,
сарахь мох хьаькхча,
«Дов-в-в!» – олий,
мохь болий,
тохало и.
Iуьйренца малх кхетта,
Iаламехь екхча,
Аз доцуш, тап-олий,
богIало и.
Дерриг а Iаламан
исбаьхьа суьрташ,
Шен хазчу суьрта чохь
лепадо цо.
БIаьстенца сенлуш а,
гурахь мажлуш а,
Шега мел хьаьжна бIаьрг
белабо цо.
Наьрт санна, лаьтта и,
тIамарш яржийна,
«Схьавола!» – бохуш, цо
дIаийзаво.
Шена кIел лахвелла,
шега ладоьгIча,
«Дов-в-в!» –
бохуш, арен тIе
дIахьежаво.

*Хамидов Iабдул-Хьамид*

## ЭКЗАМЕН ХАТТАР

*(Дийцар)*

И дара 1957-чу шеран август баттахь. Ленинградерчу театральни институте деша баха экзаменаш дIалуш бара кегийрхой.

Уггар хьалха дIаяла езаш яра актерийн говзалла. Цунах чекхваьлларг важа йолу предметаш дIаяла волалора.

Актерийн говзалла дIа а ца ялаелла юкъахбевлира дуккха а кегийрхой. Висина ткъех стаг кхийолу экзаменаш дIаелла велира. ДIаялаза йиснарг цхьа предмет яра – ненан мотт. И экзамен хатта езаш верг со вара. Кегийрхой чIогIа саготта бара, аса шайга мухахIун хоттур ду ца хууш. И кхеташ дара, хIунда аьлча ненан маттана шиъ даьккхича, деша вахар юкъахдисарна кхерам болуш дара гIуллакх.

ГIаларчу оьрсийн школашкахь дешна болчу царна вайнехан грамматика ца хаьий хууш волчу суна дагадеара уьш кIеззиг хьовзо.

Кегийрхой класса чу а бахийтина, буьрсо чуьелира со. Массо а хьалагIаьттира. Цаьрга маршалла а хаьттина, «охьаховша» аьлла, уьш охьа а ховшийна, кора юххехь лаьттачу стоьла хьалха охьахиира со. Тап-аьлла, тийна дара чохь.

– Воцуш мила ву? – хаьттира аса, сайна хьалха Iуьллучу списки тIе а хьоьжуш.

– Берриг а чохь бу, – элира цхьаммо.

– И дика ду. ХIара-а, кегийрхой, ненан мотт хаьий шуна? – элира аса, кхоьлина кегийрхойн бIаьра а хьожуш.

Аса шайга багахь бийца вайнехан мотт хаьий шуна, боху моьттуш, «хаьа, хаьа» аьлла, маьхьарий туьйхира кегийрхоша.

– И дика ду. Вайнехан грамматика хаьий шуна? – хаьттира аса, стоьлана жимма тIе а таьIаш.

Аса и аьлча, хи чу гIаж тоьхча пхьидийн санна, тата дайра кегийрхойн. Жимма ойла еш а Iийна, цхьаммо-шиммо, гIийло, «хаьа, хаьа» элира.

Шиъ дилларна кхоьруш, «ца хаьа» ала цхьа а ца хIуттура. Церан дагахь дара, аса вайнехан маттахь хаьттинарг, оьрсийн матте а даьккхина, оьрсийн грамматикица дуста а дуьстина, суна жоп дала.

– Дика ду хIета. Шуна жоп дала халаниг аса хоттур а дац шуьга. Со хаттар дина ваьлча, шена жоп дала луучо куьг хьалаойур ду аша. Дика ладогIалаш! Дийцал суна, лач дожаршкахь чаккхе «чу» муьлхачу дожаршкахь хуьлу а, лаамаза сибатдешнийн мухаллин кепан чаккхенаш цIерниг дожарехь муха хуьлу а, масалниг, могIараллиниг муьлхачу терахьах олу а, уьрдошший, дакъалгашший гIуллакхдешнаш хилар гойтуш масал а даладе, легашна тIерачу аьзнех дерг а, ардаман заманах дерг а дуьйцуш, айдаран хьаьрк хIотторан бакъонаш йийцал суна, – аьлла, айа а луш, дIахьаьжира со кегийрхошка.

Со хаттар дина ваьлча, къаьрззина вовшашка а хьаьвсина, тIаккха соьга хьаьвсира кегийрхой. Церан бIаьра ма-хьаьжжинехь гуш дара, аса динчу хаттаро уьш цецбаьхна хилар. Вистхуьлуш стаг вацара, массо а, Iадийча санна, Iара.

НеIсагIехь хаба а хебна Iачу цхьаммо стешхо куьг ирхдахийтира.

– Хьо жоп дала воллу? – хаьттира аса куьг ирхдахийтинчуьнга.

– Ца воллу. Мегар делахь, дехар дан воллура со, – элира цо, хьала а гIоттуш.

– Дехар ду, боху ахьа? Дехар дан мегар ду, – элира аса, сайна хьалха Iохку кехаташ дIа а нисдеш.

– И ахьа хьаьттинарг хало дара, тарлахь, аттониг хаттахьа, – аьлла, жимха охьахиира.

– Дика ду делахь, кхин, аттаниг, хоттур ду аса. Дика ладогIалаш! Дийцал суна, коьчалниг а, доланиг а дожаршкахь дерг боху дош, цхьаллин, дукхаллин терахьехь дIаяздар бIогIамалгашца а долуш, муха легалур дара. Цул совнаха, дийцал суна, хандешан билгалзачу кепах а, тIеозаран сибатдашах а, омра саттамах а, цIога-тIадам тохаран бакъонех а шайна хуург.

И хаттар аса динчул тIаьхьа хьалхачул а тийна дара чохь. Сан хаттаре дукха чIогIа ладогIа гIиртина цхьаболчийн яьIнаш, гIезан санна, яхъеллера. Вуьш, лахара моччагIалш охьа а эгна, чIераша санна, багош а гIаттийна Iара.

Жимма хан яьлча, дIанехьо Iачу цхьаммо шен накъосте гIийло олу хезара суна: «Оцу хаттаршна жоп делчий бен со институте вохуьйтуш вацахь, со висна лара мегар ду-кх хьуна». Вукхо дуьхьал элира: «Ой, дIавала, чаппагIнаш ечунна а хуур дац цу хаттаршна жоп дала-м».

Чохь стагга а вист ца хуьлуш, гІеххьа хан елира. Аьрру агІор со дІахьаьжча, цхьаммо шен гоьла тІера куьг меллаша хьалахьош гира суна.

– Хьо жоп дала воллу? – хьаьттира аса куьг меттаххьадинчуьнга.

– Хаттар дара сан, – элира цо, хьала а гІоттуш.

– Хатта.

– Бехк ма биллалахь суна! И ахьа хоьттуш дерш вайнехан маттахь дуй?

Цо и аьлча, кегийрхошна юккъехь кІеззиг белар иккхира. Со а, Іан а ца велла, велавелира. Цул тІаьхьа, жимма соцунгІа а хилла, айса дегабаам бинацуха, тІе а чевхаш, элира аса:

– И хІун къамел ду, «и ахьа хоьттург вайнехан маттахь дуй» бохург? Ду дера-кх. Шайна кхин кІадда а хууш ца хилча, вайнехан мотт хаьа бохуш, маьхьарий хІунда хьоькхура аша?

Аса и аьлча, хьала а гІаьгтина, цхьаммо элира:

– Дера тхуна тхешан дайший, наноший буьйцуш болу мотт хаа а ма хаьа, вуьшта, цу кепара чолхе мотт буьйцуш ца хезна тхуна. Цу тІе, оха доьшучу хенахь ненан мотт хьоьхуш а бацара.

ХьалагІаьттина волу шиъ охьа а хаийна, йиш йоьхна Іачу кегийрхошка хьаьттира аса:

– Дика ду. Вайнехан маттахь газет деша хуур дарий шуна?

Аса и оллушехь, сакъераделлачу кегийрхоша: «Хуур дара, хуур дара!» – аьлла, маьхьарий туьйхира. ХІоранга, тІе а кхойкхуш, газет тІера цхьацца меттигаш ешийтира аса.

Цхьаболчара дика доьшура, вукхаьрга хецна дІа ца дешалора.

– Гой шуна, цхьаболчаьрга шерра газет ца дешало. И дика дац. Артистан гІирсашлахь коьрта коьчал цуьнан мотт бу. Цундела артистана а, артист воцчунна а шен къоман мотт, Димаев Іумарна «Салманан халхаран йиш» санна, дика хаа беза. Хуучунна къен мотт бац вайнехан мотт. ТІейогІучу ханна дика Іамо беза аша ненан мотт.

«Іамор бу, Іамор бу!», – аьлла, юха а маьхьарий туьйхира кегийрхоша.

Отметкаш а ехкина, кегийрхой дІабахийтира аса.

Бакъду, уьш дІабахначул тІаьхьа вехха ойла еш-м Іийра со, мухахІун дийр дара-техьа, ненан мотт хьехарца а, вайнехан грамматика хІотторца а долу гІуллакхаш кхин тІе а тодан бохуш.

*Бисултанов Апти*

## ГОЙ ШУНА, ДОТТАГIИЙ...

Гой, шуна, доттагIий, вайн наной къанлуш бу денна,
Хебарша кхелинчу яххьаш тIе къоьжалла оьгу.
ХIораннан вайн даг чу гIайгIане сахьийзар деъна,
Зама а сихъелла дIайоьду, некъ некъах тоьгуш.

Гой шуна, доттагIий, вайн наной къонлуш бу денна,
И нанойн дегнаш ду даккхийдеш кхуьучу кIентех.
ХIораммо теккийна ага а ца хилла-кх эрна,
Нахана дика дан кIант хилча хIора а цIен тIехь.

ХIора де – цхьа кIайн чо, хIора де – цхьа хазахетар,
Вайн нанойн баккхийбер кортош а кхелина къега.
Гой шуна, доттагIий, наношна мел чIогIа оьшу
Хилар шаьш баккхийбеш шайн кIентийн
дикане хьоьжуш.

## ЧУЛАЦАМ


Мотт бацахь, къам а дац ........ 3

*Бадуев Сулейманан СаьIид-Салихь* ........ 6
Олдам ........ 10
Исбаьхьаллин вастах кхетам ........ 19
*Мамакаев Iамин Мохьмад* ........ 21
Лаьмнийн дийцар ........ 26
Стихотворенин ритмах, рифмех, барамах а ........ 29
*Ясаев Данкин Мовла* ........ 32
Хьоме юрт ........ 36
*Хамидов Хьамидан Iабдул-Хьамид* ........ 55
ДIа – коч, схьа – коч. *(Дийцар)* ........ 56
Литературин произведенехь беламе долчух ........ 63
*Сулаев Абун Мохьмад* ........ 64
Цавевза доттагI ........ 66
*Сулейманов Сулаймин Ахьмад* ........ 68
Дахаран генаш. *(Поэма)* ........ 73
*Эдилов Эдалан Хасмохьмад* ........ 98
Сий делахь, Латта! ........ 101
*Арсанукаев Iабдулмуслиман Шайхи* ........ 105
Тимуран тур ........ 111
*Хасбулатов Iимранан Ямлихан* ........ 149
Дош ........ 152
«Стаг хила ваьллехь хьо ара...» ........ 155
*Гацаев Асламбекан СаIид* ........ 157
Кавказ ........ 161
БIаьстенца къамел ........ 163
*Сатуев Джунидан Хьусайн* ........ 165
Нашхахь. *(Поэма)* ........ 167
*Яшуркаев СайдаIелин Султан* ........ 178
МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх ........ 179
Символах кхетам балар ........ 244
*Шайхиев Хасмохьмадан Iалвади* ........ 245
Дарцан буса ........ 248
*Абдулаев Шарипан Леча* ........ 256
Маьлхан каш. *(Поэма)* ........ 259
*Бексултанов (Адамов) Мозин Муса* ........ 268
Дари ........ 271

*Ахмадов Мохьмадан Муса* ........ 283
Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош ........ 285
*Бисултанов Дибин Апти* ........ 315
ДегIаста ........ 317
«Шийла чилла йижна лайца...» ........ 321

ДЕШАРХО, АЙХЬА ЕША!
*Мамакаев Мохьмад.* Пондар ........ 324
Ахмадов Муса. БочIа. *(Дийцар)* ........ 327
*Гацаев СаьIид.* Чурт. *(Шира легенда)* ........ 338
*Бексултанов Муса.* Дика ду хьо волуш. *(Дийцар)* ........ 340
*Гадаев Мохьмад-Салахь.* РегIара поп ........ 345
*Хамидов Iабдул-Хьамид.* Экзамен хаттар. *(Дийцар)* ........ 347
*Бисултанов Апти.* Гой шуна, доттагIий... ........ 350

---

Учебное издание

**Ахмадов Муса Магомедович, Алиева Зарина Лом-Алиевна**

**ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА**

**8 класс**

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Редактор Бураева Т.И.
Технический редактор Бураева Т.И.
Корректор Бексултанова З.С.
Дизайн обложки Халиева З.В.
Компьютерная верстка Бицалова А.Т.

Подписано в печать 29.04.2019. Формат 60x84/16.
Бумага офсетная. Гарнитура Times New Roman. Усл.-печ. л. 20,46.
Тираж 4000 . Заказ № 0238 .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, Грозный, ул. Санкт-Петербургская,12/35

